# ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫНЫҢ АНТОЛОГИЯСЫ

**Қарақалпақ искусствосы ҳәм әдебиятының декадасы**

# АНТОЛОГИЯ КАРАКАЛПАКСКОЙ ПОЭЗИИ

**КАРА-КАЛПАКГОСИЗДАТ**
**Нукус – 1956**

**ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫНЫҢ АНТОЛОГИЯСЫ**

**Қарақалпақ мамлекет баспасы**
**Нокис – 1956**

**Дузиушилер:**
**I. Фольклор.**
**Қалли аймбетов (филология илимлеринing кандидаты)**
**Генжемурат Есемуратов (адебиятшы)**
**II. Октябрь революциясынан бурынғы қарақалпақ поэзиясы.**
**Марат Нурмухамедов (филология илимлерининг кандидаты)**
**Генжемурат Есемуратов (адебиятшы)**
**III. Қарақалпақ совет поэзиясы.**
**Кожабек Сеитов (жазушы)**
**Бабаш Исмаилов (жазушы)**

# ФОЛЬКЛОР

## Бесик жры

Айналайын аппағым,
Қозы жуни қалпағым,
Журт суймесе суймесин,
Озим суйген аппағым.

Айналайын айдасы,
Қашан тиер пайдасы,
Қарағым менинг ер жетсе,
Сонда тиер пайдасы.

Айналайын аймағым,
Суть устинде қаймағым.
Аш болғанда азығым,
Шоллегенде сусыным.

Айнанайын ақ бопе,
Ақ бесикте жат бопе,
Акенг келип қой сояр
Ет пискенше жат бопе.

Ҳайя-ҳайя ҳай қуслар,
Уйинг қайда сен қуслар,
Турсам саҳарь болыпты
Бопем уйқысы қаныпты.

## Ҳаужар

Қой суйеди баласын,
Қозым-ау деп яр-яр.
Ҳешнарсени кормеген

Бозым-ау деп ҳаужар.

Шмылдықтынг астында
Ушь ғана қыз яр-яр.
Иши баурым куйдирген
Кишкене қыз ҳаужар.

Жлама укем жлама,
Той сеники яр-яр.
Тоқсан баслы ақ орда
Уй сеники ҳаужар.

Бағда бедеу киснейди,
Ат болдым деп яр-яр.
Узатқан қыз жлайды
Жат болдым деп ҳаужар.

Текшедеги тутени,
Шанг басыпты яр-яр.
Кететуғын ойымды
Ғам басыпты ҳаужар.

Узатқанда қыз жлар,
Оксип-оксип яр-яр.
Қане менинг қыздағы,
Назым-ау деп ҳаужар.

Торғай суйер баласын,
Толғаным деп яр-яр.
Тобылғынынг басына—
Қонғаным деп ҳаужар.

Торде турған ғалынынг

Бир гулисенг яр-яр.
Атанг менен ененгнинг
Булблисенг ҳаужар.

Текшедеги қатықты,
Ким тогипти яр-яр.
Шғатуғын синглимди
Ким согипти ҳаужар.

Қазандағы қатлама,
Қатланады яр-яр.
Қызды алып женггелер
Атланады ҳаужар.

Торде турған глемнинг,
Бир қатысанг яр-яр.
Атанг менен ененгнинг
Сауғатысанг ҳаужар.

Қара мылтық, ақ мылтық,
Атқан акем яр-яр.
Малға қзып озь қзын,
Сатқан акем ҳаужар.

Узатқанда қыз жлар,
Оксип-оксип яр-яр.
Енди менинг қурайдай
Солғаным деп ҳаужар.

Қарабарақ дегенинг
Кепкен болар яр-яр.
Жаман адам ҳаялын
Тепкен болар ҳаужар.

Озь атамнынг есиги
Жпек есик яр-яр.
Кирсем шықсам шашымды
Сипар есик ҳаужар.

Қайнатамнынг есиги,
Шенггел есик яр-яр.
Кирсем шықсам шашымды
Жулар есик ҳаужар.

## Айтыс

Жгит:
Бзинг заман кемтаршылық заман-ба,
Жонь билместей қудашалар, жаман-ба?
Бир-брине қисайысып қараған
Кемпир янглы ғарры қызлар аман-ба?

Қыз:
Арба жолда суйретилип изингиз,
Куда бала қалай-калай созингиз,
Шангқай тусте жас қызларды кемпир деп,
Қарауытып келиппеди козингиз?

Жгит:
Кемпир дегениме арынг келмесин,
Сорпа алар деген еттинг есесин.
Кемпир демей, не дейин мен кудаша,
Суринип аласанг жгит кесесин.

Қыз:

Созь емес бизлердинг англығанымыз,
Аман болса болар шбын жанымыз,
Бизге ақыл бергенше озингди дузе,
Саған батыппеди жғылғанымыз?

Жгит:
Қарағым, батпайды жғылғанынгыз,
Хауипли болды-ма шбын жанынгыз?
Ушеуинг ушь жерден бақырып сойлеп,
Кемпир деген созге келди арынгыз.

Қыз:
Арымыз келмейди кемпир дегенге,
Кемпир ҳамь қадирли парқын билгенге,
Иркилместен тез жолынга тусе бер,
Созь зая етпеймиз сендей есерге!

Жгит:
Қарағым, қызлар-ау мен есер болсам,
Есерлик ҳасерменен касынгда турсам,
Иркилместен жолға тусип кетейин,
Қол қағысып брингменен дос болсам...

Қыз:
Ийнингде келте тон дзенг жаппайды,
Қатық, ашшы айранға миринг қанбайды,
Жети қат жайынгнынг барлығы қайда?
Жалғыз қатынынгыз тамақ таппайды!

Жгит:
Ҳарким барар ағайиннинг қасына,
Ашлықта қосылар туысқанына,
Мал жиып байымақ қиын емес-ғой,

Бахыт қонса ер жгиттинг басына.

Қыз:
Байман деген кеуилингнинг тоғына,
Турыдан сойлей бер создинг ҳағына,
Қай жерде айтсанг-да бизлер кепилмиз,
Ҳарамнан, ҳадалдан итинг жоғына.

Жгит:
Мал берсе қиынба бзинг талайға,
Отирикши батып олсин ылайға,
Бизде биик тлек уллы ден саулық,
Малы жоқ деп ҳаси болма қудайға.

Кыз:
Дуйым журтқа сондай болса қадиринг,
Катық ишип шғыппеди буйиринг,
Ушь мезгил саудырған ертели-кешли,
Тас булақтай бар-ма еки сиырынг?

Жгит:
Қызлар жуап айттым, алдынгды орап,
Кеуилим кетеди ҳарь жаққа тарап,
Тас булақтай еки сиыр бар болса,
Барайын деппединг асқатық сорап!

**Бет ашар**

Жгит:
Шапқан атлар суриншек,
Жалқау адам болады,
Жас басынан ериншек.
Аман-туел сорасайық

Амансыз-ба келиншек?

Келиншек:
Пирлёриме сиындым,
Аманбысанг дегенде
Шукир қуллық мен айтып,
Тажим берип иилдим.

Жгит:
Ҳасыл киим киинсенг,
Аманбысанг дегенде
Тажим берип иилсенг,
Орамалынгды улкен туй.
Айтқан гапке тусинсенг.

Келиншек:
Ҳаулықпа жгит, ҳаулықпа
Уйингнинг иши саулықпа,
Орамал деген қаденге,
Три болып мен журсем,
Белбеу етип буарман,
Басымдағы жаулықты.

Жгит:
Астыма минген қаракер,
Қаракерден ағар тер,
Тои тарқатар хызметкер
Сила силама озинг бил.
Жгитлик деген қзыл гул,
Ҳарбир жаққа кетеди,
Сайрап турған бзинг тил.
Айтым айтқан қайнингди,
Сила силама озинг бил.

Ҳауадан ушқан ушар қус,
Себеппенен бизлер дус,
Еки кунликте сенлер қыз,
Бугин келиншек болыпсыз,
Қутлы болсын келиншек!

Жаман адам жақсынынг,
Корки ашары келиншек,
Кеше шықсанг уйингнен,
Бет ашарынг келиншек.
Иилип тажим бермейсенг,
Неғып болдынг ериншек,
Еки жақсы бас қосса,
Брин бри қимайды,
Еки жаман бас қосса,
Бир елатқа симайды.
Адепли болынг келиншек,
Улкен болсын туйининг,
Қзық болсын жиынынг!
Белингде бар потангыз,
Анау турған атангыз,
Атангызға бир салем!

Анау турған ененгиз,
Қара жерден кеменгиз,
Қатты-қайырым созь айтса,
Сеники жонсиз деменгиз.
Ененгизге бир салем!

Анау турған қайнингиз,
Қуан, аттан байгингиз,
Қайнингизге бир салем!

Анау турған бикешинг,
Жпектен еди шуйкеси.
Енди сендей боламан деп,
Қуриды онынг жуйкеси
Бикешинге бир салем!

**Б а й и т**

Ақ ҳайуанда жатыр едим,
Ай менинг турымда тур.
Сескенип оянсам мен,
Ақ блек мойнымда тур.
Ақ блекке қос блезик,
Салынған зерли тамам,
Синенг устинде қзыл гул,
Яр сақлай-горь аман,
Бағымсанг бағманымсанг,
Етпе перилерден гуман,
Мен атынгнан айналайын,
Дуньяда журь бес кун аман
Эй, нгар саудигим,
Енди қашан кун батады.
Қалпағын қия қойып,
Бурыла берип наз етип,
Ғамзаменен созь қатады,
Мен озим ғаплетте жатсам,
Яр шымшылап оятады.

Мен ярыма хат жбердим,
Оқып, оқып, тынгласын,
Тынгласын, тынгламасын,
Арзын айтып жласын,

Енди бизден пайда жок,
Белини беккем байласын.
Эй, ярым қайда барасанг,
Орамалынгды паналап,
Мен саған алма қойыппан,
Жети бағды аралап.
Жети бағдынг арасы,
Қараман гужим саясы,

Бағангызды бунша гездим,
Алмасынынг нары жоқ,
Елингизди сонша гездим.
Бизге ылайық яры жоқ.
Беллеринг бир қылша жоқ,
Ышқымыз сизге тусипти,
Озгелер бир пулша жоқ.

Байит, байит бакия,
Басында мақпал тақия,
Бизлер байит айтқанда,
Қызлар қасын қақия.

**Жангылтпаш**

Айыр атанды жук қартайтар,
Семиз қойды май қартайтар,
Уй қартайтар, буй картайтар.

Адамға сок шопшеттирмесин,
Сок шопшеттирсе-де коп шопшеттирмесин.
Қаладан алғаным алты арба асқабақ,
Алты арбаға жеккеним,
Тарғыл ала, тайпақ муйиз,

Ақ боксе баспақ, ақ боксе баспақ.

Еркек ксиге жип келеплеттирмесин,
Жип келеплеттирсе-де коп келеплеттирмесин.

**Жумбақлар**

Туысқан еки ана бар,
Екеуинде он бала.
Харбрининг аты бар,
Озь исине марьдана.
*(Бармақлар)*

Бир парша патир,
Алемге татыр.
*(Ай)*

Биик оскен бир дарақ,
Онда бар он еки путақ,
Ҳарь путақта биргелки,—
Бар отыздан жапырақ.
*(Ныл, ай, кун).*

Бир ағаш, он еки путақ,ҳарбринде отыз жапирақ,
Ҳарь жапырақтынг бир жағы қара, бир жағы ақ.
*(Жыл, ай, кун, тунь)*

Ақ қалпағы басында,
Ҳамме отыр қасында.
*(Шра).*

Жер менен судан нарь алып,
Тез уақытта ер жетер.

Атасы ушь жасында,
Баласы базарға кетер.
*(Жузим).*

Ти десенг, тимейди,
Тиме десенг, тиеди.
*(Ерин).*

Бир жағы жигишке, бир жағы жуан,
Қос қазык, еки жип, он еки ноқта,
Ҳауазы жағымлы, тиллери ширин,
Брақ ундемейди ҳеш кси жоқта.
*(Дутар).*

Бир дарья, бар дамин татқан хор болмас,
Тармағы коп, еркин жузсенг, дым теренг.
Суыи ширин, ишсенг миринг қанады.
Қарағанда коз жетпейди, ени кенг.
*(Блам).*

Барьҳа ақ жолдан журеди,
Онынг иси бадамменен.
Аузы-да жоқ, тли-де жоқ.
Сойлесер адамменен.
*(Хат)*

Хай-ҳай жгит, ҳай жгит,
Абайлап сойле сен жгит,
Бул жгиттинг анасы,
Менинг анамнынг қайн енеси.
Сонда мен неси боламан?
*(Кзы).*

## Қазы-ишан

Ақтубанынг аққан суы ылайды,
Еки диқан унь салысып жлайды,
Қазы-ишанға шатқан бизди қудайды,
Диқан аштан олер болды, қазы-ишан,

Азанда айдадым шанглы арбангды,
Саскеде жеткердинг суйық жармангды,
Зордан атлап оттим тусте салмангды,
Диқан аштан олер болды қазы-ишан.

Қазы-ишан, киипсенг ареби телпек,
Тустеги бергенинг жалғыз патирек,
Диқан пақырларға ширин жан керек,
Диқан аштан олер болды қазы-ишан.

Қазы-ишан, мнипсенг жирен қасқа атты,
Бизлерди қатынынг аштан қақсатты,
Диқанды тойдырсанг, саған жақсы атты,
Диқан аштан олер болды қазы-ишан.

Тонг жармадан арпа, жазлық ектирдинг,
Қолыма бел берип, тогин токтирдинг.
Аметтей баланга не деп соктирдинг?
Зулымлығынг ҳадден асты қазы-ишан

Амет ағам келе берди қасыма,
Жудырықпенен ура берди басыма,
Қарамады козден аққан жасыма,
Диқан аштан олер болды қазы-ишан.

## Қыз Мнайым

Қыз Мнайым уйқынг қатты,
Жамбасынга гилтинг батты,
Келген ярынг суықка қатты
Оян енди қыз Мнайым.

Алма аттым ҳауаланды,
Қайтып озиме доланды,
Ҳаммененинг яры оянды,
Оян енди яр Мнайым.

Ушекке шықтым жатпаға,
Ширин лабингнен татпаға,
Козим қимас оятпаға,
Оян енди қыз Мнайым.

Аяғынгнынг ушын бастым,
Оятпақлық менинг қастым
Келҳа ярым есик ашқыл,
Оян енди яр Мнайым.

Танг сарғайып атар болды,
Шолпан жулдыз батар болды,
Келген ярынг қайтар болды,
Оян енди қыз Мнайым.

**Б а р м е к е н**
*(Қызлар қосығы)*

Басынгда орамал желбирер ярым,
Сен кетсенг козлерим телмирер ярым,
Қадирданым, менинг шын аҳу-зарым,

Екеумизди қосар кунлер бармекен.

Ана ҳаули, мна ҳаули бир болғай,
Арасында шарқы палек гул болғай,
Бизге қас душпаннынг гуллери солғай,
Екеумизди қосар кунлер бармекен.

Аспаны—заминнен дурлер шашылып,
Илаҳида ығбал, бахтым. ашылып,
Ғарип кеулим, дауран сурип, шад болып,
Екеумизди қосар кунлер бармекен.

Сенлер журсенг шолде манзил қияда,
Ашығымнынг айтқан сози зияда,
Арьманым жоқ қосылсам мен дуньяда,
Екеумизди қосар кунлер бармекен.

Залым душпан тотеледи, жол салды
Мен сорлыға панже салды, қол салды,
Дартиме дарть қосып жане мол салды,
Екеумизди қосар кунлер бармекен.

Сен-де мендей единг кеулди қосқан,
Еки ашық қосылса дарьядай тасқан,
Қосылса раҳим етер жер менен аспан,
Екеумизди қосар кунлер бармекен.

Жолынга телмирип сарғайып жузим,
Солғын тартты менинг бул қара козим,
Созимди еситсенг, жоқ болмас изим,
Екеумизди қосар кунлер бармекен.

Сени айтып козимнен тогилер жасым,

Саудаларға тусти бул ғарип басым,
Кеул қосқан қияметлик жолдасым,
Екеумизди қосар кунлер бармекен.

**Ақ боз ат**

Ҳалынан хабар бер суйген ярымнынг,
Жолдас болып, сапар шеккен ақ боз ат.
Жаныма жақынла, узат мойнынгды,
Дорбанг кок мақбалдан, жеминг "ақ набат"

Ақ баслы ер шоқлғыынга батыпты,
Қанжар суғып, қабақларынг қатыпты,
Қулағынг жрылып, жалынг жатыпты,
Қандай сургин корип келдинг ақ боз ат?

Жрылыпты қайшыланған қулағынг,
Қуйрығынг жулынған, аман аяғынг,
Таслар қағып, кетилипти туяғынг,
Қандай қиыншылық кординг ақ боз ат?

Қашсангдағы қуған шаққан жетипти,
Оне бойдан ҳал-дарьманынг кетипти,
Сау жерингнен қос оқ тесип отипти,
Қандай ис басынга тусти, ақ боз ат?

Жарақлар асынып, сауытын киген,
Душпанға озалда қабағын уйген,
Дангқы аскан батыр устинге минген,
Жан жолдасынг қайда қалды ақ боз ат?

Жасымнан қосылып ойнап, кулгеним,

Сол ушын сарғайып, отқа куйгеним,
Қушақ ашып, интизар боп суйгеним,
Қайда қалды, хабар бергил, ақ боз ат?

Қас жауынынг бир шетинен тиди-ме?
Дослар жлап, душпанлары кулди-ме?
Арьманменен жау қолында олди-ме?
Тлинг болса, сойле жаным, ақ боз ат?

Куып жетип, душпан найза салды-ма?
Сум ажел ярымнынг еркин алды-ма?
Арьманменен қула дузде қалды-ма?
Жай-жағдайды айтқыл маған ақ боз ат?

Тусь алдыма, мен кейнинге ерейин,
Ашығымнынг қалған жерин корейин,
Олген болса, мен-де бирге олейин,
Жеткер мени сол майданға ақ боз ат?

Орынлайын онынг арьман, тлегин,
Мойнына салайын жумыр блегим
Қула дузде қалдырмайын суйегин,
Ярым қалған жерге жеткер ақ боз ат.

Ярым олсе, кобейеди уайым,
Сени корип, кетти менинг қолайым,
Айрылмас қайғыға тустим найлейин
Бул қайғыға жардем еткил ақ боз ат.

Сени корип, куни-туни еттим зар,
Қия шолде қалса суйген сауер яр,
Кек алуға атланайын, бол таяр,
Бул талапқа комекши бол ақ боз ат?!

**Кеттим аръманлы**

Кеулин қимай атам менен анамнынг,
Жат еллерге сапар шектим арьманлы.
Таусылғандай жақын жердинг жгити,
Суймеген адамға кеттим арьманлы.

Бир қзыл гул едим хазан еттилер,
Айрылмас балеге мени шаттылар,
Миримсизлер мал-дуньяға баттылар
Қурған ауға тусип, кеттим арьманлы.

Жас басымнан мени ҳайран еттилер,
Бир намарть ериксиз алып кеттилер,
Мени сатып, мурадына жеттилер,
Омир гулим солды, кеттим арьманлы.

Ата-анам қарамады ҳалыма,
Неке қиған молла қалды "қаныма",
Аузы жунли гуржи келди жаныма,
Қзыл гулдей едим, солдым арьманлы.

Ата-анам напсине қасқыр шауыпты,
Елде жоқ наданды маған тауыпты,
Дунья малға еси дарти ауыпты,
Қайғыланып, елден кеттим арьманлы.

Ата-анам мени берди бир жатқа,
Қолдан услап салды лаулаған отқа,
Мен сорды жлатып, жетти "муратқа",
Мен найлейин, омирим отти арьманлы.

Қайғы қысты, симай турман қанама,
Менненсалем айтынг атам —панама,
Барып айтынг ақ суть берген анама,
Қзыл гулдей едим, солдым арьманлы.

Қой емеспен, қассапларға сатпаға,
Қус емеспен, мерген гозлеп атпаға,
Адам емес ойнап кулип журмеге,
Мен қзыл гул едим, солдым арьманлы!

Жламайын-ба?
*(Қыздынг зары)*

Улжан апа, дартимди айтсам аҳ урып,
Дартим зият болса, жламайын-ба?
Ким қауендер болар деймен телмирип,
Кетип баратырман, жламайын-ба?

Мереке, мажлисте болдым Арухан!
Атанынг дауринде мен сурдим дауран,
Ҳазир кормегендей, ҳаммеси ялған,
Кейним келиспесе, жламайын-ба?

Ауела дуньяға шықтым қыз болып,
Бағларда ашылған қзыл гул болып,
Ендн жетер-жетпеслерге созь болып,
Изим келиспесе, жламайын-ба?

Журип едим ел елатым бар деп,
Ағайин, туысқан,—жек жатым бар деп,
Булар менинг илажымды қлар деп,
Ҳеш илаж қылмады, жламайын-ба?!

Акем три болса, буйтип кетпес ем,
Суймегеннинг изине мен ермес ем,
Ондай пасықлардынг жузин кормес ем,
Акемнинг олгенине, жламайын-ба?!

Не қылсын, ол нашар—Гулимхан синглим,
Шағына жеткен жоқ Қалмурза иним,
Ағам Орах, Заит ҳамь Мамбеткерим,
Мирими туспеди, жламайын-ба?

Омирим отер жарасыксыз жаз кби,
Бағлардағы қазан урған гул кби,
Мени ертип жбердинглер гунг кби,
Гунг орнына кеттим, жламайын-ба?
Бизден салем айтынг ели -елатқа,
Қалдырдым бул созди жаздырып хатқа,
"Қутылған ағалар, жетсин муратқа",
Бимурат нашарман, жламайын-ба?

Улжан апа, енди хош бол коргенше,
Олген жақсы буйтип хор боп жургенше,
Ажел келсе буйтип омир сургенше,
Тағдир солай болса, жламайын-ба?

Тек три журиппен, қурыды дарьман,
Айтсам ада болмас иштеги арьман,
Укемлерге болынг қауендер — парьман,
Дауысы қулағымда, жламайын-ба?!

## Қырқ қыз

*(Узиндилер)*

Бурынғы откен заманда,
Саркоп деген қалада,
Аллаяр деген бай болды,
Душпаннан ошти алғандай,
Ғайратлы, кайтпас исине,
Халайық-ҳайран қалғандай.
Ақыллы, сақи, кенг феил,
Коргеннинг кеули толғандай,
Алты улы бар еди.
Тал шбықтай тауланған,
Алтын кби пуланған,
Қара қаслы, қоланг шаш,
Жаудыр козли, ширин созь,
Ерни жуқа—қаймақтай,
Аузы сулу—оймақтай,
Писте мурын, бадам қабақ,
Кенг қушақлы, ақ тамақ,
Ҳинжи тисли, дым сулу,
Дангқы тускен жаҳанға,
Ортасында алты улдынг,
Ерке болып ол оскен,
Алтын гауҳар басында,
Гулайым жалғыз қыз болды.
Жарқырайды онгирининг тумары,
Тарқағандай ер жгиттинг қумары,
Усы жасларына келип Гулайым,
Дуньянынг жузине тусти хабары.
Хабар жеткеннен сонг дунья жузине,
Ҳарким ашық Гулайымнынг озине,
Не жгитлер ширин жаннан кешкендей,

Кулип айтқан жалғыз ауз созине.
Корген жанлар келбетине тойғандай,
Арсар болып ақыл-ҳушын жойғандай.
Айсыз тунде шықса ол қыз далаға,
Қарангғы уйге ҳасыл гауҳар қойғандай.
Бақ ишинен ҳасыл гуллер тергендей,
Саулаты онынг кун орнына жургендей,
Кун шықпастан қырқ жыл қамал болса-да,
Аипақ жузи ай саулесин бергендей.
Айбатланса батырлар-да қорыққандай
Кулы болып есикте от жаққандай,
Назер салып келбетине қарасанг,
Турқын онынг сом алтыннан соққандай.

Усындай болып Гулайым,
Толысып абден ер жетти.
Теренгнен шыққан кундыздай,
Ерте туып, кеш батқан,
Омир зая жулдыздай,
Коргеннинг ишин жандырып,
Суймей мирин қандырып,
Дауран сурди Гулайым,
Қасына қырқ қыз алдырып,
Қарсы жаудан қайтпады,
Душпаннан тлин тартпады,
Майдалап шашын тарайды.
Жгитке кеул бурмайды,
Елден ерек болуға,
Қырқ қызбенен Гулайым,
Барьҳа болек туруға,
"Миуалы" деген атауын,
Атасынан сорайды,
Қзынынг етип қалеуин,

Атасы берди иркилмей.
Гулайымдай перизат,
Жаздырып енди татауын,
Атасы берген маканға,
Тиктирди санлеп отауын.
Атасынынг устасынан,
Он еки уста алдырды,
Айналасына атаудынг,
Қоладан қорған салдырды.

Полат пенен шойыннан,
Даруазасын ойдырды,
Қорғасын, полат қуйдырды,
Даруазанынг қапысын,
Бир жыл, торть ай соқтырды.
Сулу қлып сырт бетин,
Артық жерин қидырды.
Улкенлигин соннан бил,
Қапысынынг бир жағын,
Ушь жузь адам шақырып,
Зорға тиклеп қойдырды.
Нешше кунлер толғанда,
Қалғанын-да турғызды,
Бес гилтли улкен кулыпты,
Даруазаға урғызды,
Қорғанға кулыпты урған сонг,
Атаудынг тегис жерлерин,
Қос акелип сургизди.
Сор болып қалған жерине
Хасыл тогин токкизди,
Суға абден қандырып,
Гул бақшалар еккизди.
Бирнеше кун откенде,

Жыл отип, айлар жеткенде,
"Миуалы" атау бағ болды,
Жайнаған гуллер ашылды.
Ишинде булбил сайрады,
Миуалар псип жайнады,
Уллы тойды тойлады.
Кырқ қызбенен атауда,
Тартып ылақ ойнады.
Кеинине ертип бразын.
Жорта жғып суйретти,
Қлыш берип қолына,
Батырлыққа уйретти.
Ақыллы туған Гулайым,
Қырқ қызға етти зинетти,
Қаруланып қырқ қыз,
Атларына мнеди,
Беккем буып беллерин.
Еркекше киим киеди,
Торть болинип он-оннан,
Жау болып баққа тиеди.
Қарсы шғып жгирмасы,
Қара шашын туйеди,
Келгенлерди қырған болып,
Аударып алып атынан,
Бир жерге барин уйеди.
Буны корип Гулайым,
Шақалақлап куледи.

Алқысса созди еситинг,
Суртайшадай зулымнан,
Суртайшадай зулым хан,
Сауашлы уллы майданға,
Ширшықтан сзып отеди,

Ертип қырқ мынг лашкерин,
Саркопқа сапар етеди.
Алты ай журип арада,
Саркоптынг шғыс жағына,
Жасырынып жетеди.
Суртайшадай қалмақтынг,
Кеули судай тасады,
Кушин жинап ушь-тортъ ай,
Атауды макан етеди.
Бундай исти еткенин,
Суртайшанынг келгенин,
Саркоптынг халқы билмейди,
Билмейди-де сезбейди.
Кушин жинап қалмақлар,
Атауда жата береди.

Ендиги созди еситинг,
Миуалыны жайлаған,
Қырқ қыз ертип изине,
Сауашқа белин байлаған,
Гулайымдай перизат,
Бедеулерин алдырып,
Алтыннан ерди салдырып,
Қырқ куншилик жолларға,
Сапар тартып кетеди,
Кеткендеги мақсети,
Шнықтырмақ атларын,
Шнықтырып атларын,
Беркиттирмек бағларын,
Гулайымдай перизат,
Қлышын байлап беллерге,
Қорғанына қулып урып,
Бул ислерди етеди.

Миуалыны таслап ол,
Қия шолге кетеди.
Бирнеше кун откенде,
Анық қырқ кун жеткенде,
Бир биик тауға жетеди.
Қырқ қызбенен Гулайым,
Сол тауды макан етеди.

Ендиги созди еситинг,
Суртайшадай қалмақтан,
Суртайшадай зулым хан,
Шықты атау қамақтан,
Кеткенин блип қызлардынг,
Қутылды аур салмақтан,
Шанг шғарып далаға,
Қарамастан залымлар,
Шырқыраған балаға,
Гулеп кирди қалаға.
Саркоптайын қаланынг,
Бир шетинен тиеди,
Суртайшанынг лашкери,
Халқ уйқыдан турғанша,
Қан ағызды салаға,
Сол уақлары болғанда,
Аллаярдынг алты улы,
Ат белине минбеди,
Қлыш услап қолына,
Устине сауыт кимеди.
Саркопке келген жаулардынг,
Бир шетинен тимеди.
Қасқыр шапқан қойдайын,
Қрып ойға уймеди.
Басларыменен ғай болып,

Бойын жерге иеди.
Келген жаудан коп қорқып,
Окпелери сғылды,
Қустан қашқан қояндай,
Ҳарь тесикке тғылды.
Ане усы маҳалде,
Урыс болды шапресте,
Бас кесилди дасте-дасте.
Алты кун отти арадан,
Қзыл қанлар аққалы.
Саркоптайын қаладан.
Қамап алды келген жау,
Кре алмады ҳеш бреу,
Атлар шауып даладан,
Жети кун отти арадан,
Талай гелле кесилди.
Талай-талай геудеден,
Шбындай шықты ширин жан,
Кошелерден дарья боп,
Сарқырап ақты қзыл қан,
Суртайшанынг лашкери,
Келди тағы неше мынг.
Келди тағы неше сан,
Қалмақтынг ханы Суртайша,
Шақалақлап куледи.
Буны корип Аллаяр,
Ат белине мнеди,
Қоршалап келген қалмақтынг,
Қапталына келеди,
Келе сойлей береди:
— Ҳа Суртайша, Суртайша,
Алалмаған бурыннан,
Қандай кегинг бар еди,

Ойран еттинг қаламды,
Былғадынг қанға даламды,
Шырқыраттынг, сабадынг,
Кун кормеген баламды,
Ҳа, Суртайша, Суртайша,
Атанга налет ақылсыз,
Ақылынг болса геллеғар,
Адебинг болса енеғар,
Аттынг жалын ормединг,
Ашылғанда уақтында,
Бағда гуллер термединг,
Батырларын Саркоптынг,
Адам деп козге илмединг.
Хан емессенг, урысанг,
Уры демей не деин,
Салтанат дузеп келмединг,
Буннан ушь жыл бурынырақ,
Бизге хабар бермединг,
Қапылда келдинг Суртайша.
Жоқ екен сенде намыс-ар,
Қайсы брин айтайын,
Қай маниге тартайын,
Урыға мал коп деген бар,
Сен-де уры, геллеғар:
Атағы шыққан Саркопта,
Аллаяр-да ер еди,
Ел шетине жау келсе,
Есаплы ердинг бри еди,
Қозғалған сонг душпаны,
Ашуланды қарайды,
Ишине симай пушпаны,
Қарамады Аллаяр,
Қаны аққан жараға.

Урыспанглар батыр деп,
Туспедй ҳешким араға.
Суырып алып садағын,
Шаққан басты аяғын,
Қолындағы қалқанын,
Треп ердинг басына.
Айбатланған қалмақтынг,
Жетип келди касына.
Ажел майын ишеди,
Кепин тонын пшеди,
Олемен деген әйдағы,
Қайғыларын жояды.
Атысуға екеуи,
Араға бир-шарть қояды,
Ол-да болса арасы,
Ол он сегиз адымнан,
Қашығырақ турады.
Мерген болса ким-де ким,
Журекти байлап урады,
Тауекел етип усыған,
Буынлары бекиди,
Сузискен ғунан қошқардай,
Аллаяр менен Суртайша,
Кеинине шегинди.
Қалмақтынг ханы Суртайша,
Мерген еди геллеғар.
Адым атты ерекке,
Сары жайдынг оқларын,
Турылады журекке,
Окпеликтинг тусы деп,
Олер жеринг усы деп
Аруағы артады,
Шеберликпенен геллеғар,

Сары жайды тартады.
Қалмақтынг атқан оқлары,
Тусынан зулап отеди.
Асылып оған Суртайша,
Иши жанып барады.
Шайтан-ба, бул жин-бе деп,
Жан-жағына қарады,
Ашуланып, бурқырап,
Қолындағы сары жайды,
Жерге тартып урады,
Аллаярдай байларға,
Гезегингди ал дейип,
Аттынг басын бурады.
Сол уақлары Аллаяр,
Қалмақтынг шықты орине,
Қабақлары қатады,
Қаҳарине шдамай,
Астындағы қара аты,
Қайысып жерге батады,
Байлап турып Суртайшанынг,
Манглайынан атады,

* * *

Қара тунди қақ айырған жулдызым,
Су тубинен шыққан ҳасыл қундызым,
Олдим бугин Суртайшанынг қолында,
Хош аман бол Гулайымдай жан қзым.
Найзаларға илгек етип санымды,
Бул қалмақлар қинады коп жанымды,
Арьманменен кетти батыр ауладым,
Қалмақлардан тез алагор қанымды.
Козди жумсам мен шақақлап кулмеспен,

Бул сапардан енди қайтып келмеспен.
Суртайшадан бул қанымды алмасанг,
Перзентлерим, сра разы емеспен.
Суртайшадан бул қанымды алынглар,
Айрылмас басына қайғы салынглар,
Отер болдым бул дуньядан арьманда,
Хош болынглар, ҳамме аман болынглар.

Аллаярдай адил бай,
Бул созлерин айтқанда.
Қалмақтынг ханы Суртайша,
Белин аптен қсады,
Аллаярдан жан кетип.
Қзыл қаны жосады,
Қалмақтынг ханы Суртайша,
Белин беккем байлады.
Қарсы шыққан адамды,
Су ишимге қоймады.
Саркоптайын қалада,
Озинше тойды тойлады,
Лашкерлери жанында,
Барлық жерди жайлады,
Бас котерген адамды,
Бастыдағы байлады.
Балтаменен урғышлап.
Қазине аузын ашады,
Нарсе қоймай ишинде,
Мейлинше олжа алады,
Саркоптағы халқтынг,
Еркеклерин қул етип,
Ҳаялларын кунг етип,
Алдына салып айдады,
Озь еркинше қоймады,

Киын етти ҳалларын,
Нарсе қоймай қолында,
Тартып алды малларын
Саркоптайын қалада,
Қбырлар бир жан қалмады,
Қалмақтынг ханы Суртайша,
Жай қалдырмай ортеди.

Уй қалдырмай коширди.
Уайран салып орнына,
Заҳарь-уды иширди,
Айдын колден ушқан ғаз,

Қанатынан қайрылды,
Не бир ғана жуйириклер,
Туяғынан майрылды.

* * *

Жау шаўып, уайран еткен елди коргеннен кеин жлап турған қызларына тасел- ле берип, Гулайым мна созлерди айтты:

Сунгқардайын қанат қағып қияға
Коз салмасақ жақсы менен жаманға,
Елимизди ерликпенен бақпасақ,
Адам болып неге шықтық дуньяға.
Женг туринип белди беккем буамыз,
Кеткен кекти оле олгенше қуамыз,
Сауашларда елдинг арын алмасақ,
Адам болып неге анадан туамыз.
Коп сарсылып жлағанды қояйық,
Женгди турип белди беккем буайық.
Елимизди уайран еткен душпанды,

Ҳарып-талмай куни-туни қуайық.
Аққан судан атты айдап отейик,
Қашқан жаудынг кеининен жетейик,
Ели-халқты уайран еткен душпанды,
Қрып, шауып, кмин бенде етейик.
Жламанглар, не болғанын блейик,
Беккем етип белге қлыш илейик,
Кетсе дослар, Суртайшанынг қолында,
Қарсыласып халқ ушын олейик,
Суртайшаға елди бенде еткеннен,
Елсиз, сусыз бунда омир сургеннен,
Ойланынглар, олген артық, дослары́м,
Бул дуньяда патша болып откеннен.
Халқ бизге қайрқомлық етти-де,
Халқ бизге батыр атақ берди-де,
Сол атақты ақлау ушын, дослары́м,
Умытпайық сол халқты бизлер-де.

Ендиги созди еситинг,
Гулайымдай батырдан,
Гулайымдай батыр қыз,
Қрық қзын ертип изине,
Тулки жортпас тунлерден,
Тунде журип киятыр,
Сағал журмес сайлардан,
Сарғайып отип киятыр,
Жоллар тауып отеди,
Астрахандай тенгизден,
Жоллар тауып откен сонг.
Бир таслақ тауға жетеди,
Бул таслақтан откенде,
Дарбент тауға жеткенде,
Қапылда қызлар қалады,

Суртайшанынг аскери,
Алдын орап алады,
Сол уақлары Гулайым,
Қара шашын туйеди,
Қаҳерленип қайтпастан,
Қабағын тастай уйеди.
Палуан, батыр қырқ қзы,
Кеинине ереди,
Тунь тунегин қақ жарып,
Қарсы жауға тиеди.
Саридан олген аттай ғып,
Геллесин кесип жаулардынг,
Бир тобе қлып уйеди.
Батыр қызлар қайтпастан,
Батырлығын етсе-де,
Жердинг жузи қар екен,
Дунья сондай тар екен.
Дарбент таудынг қасында,
Сансыз лашкер бар екен.
Алдын қырдық дегенде,
Арты толып барады,
Артын қырдық дегенде,
Алды толып барады.
Атағы асқан қырқ қыз,
Қрып-шауып жауларды,
Башарталмай барады,
Кызды сауаш майданы,
Занггиге зангги қағылды,
Бедеу аттынг мойнына,
Қаннан қзыл жағылды,
Атыс-шабыс кушейди,
Шахмақтай отлар шағылды,
Тиди ушы найзанынг,

Кести жузи қлыштынг,
Адамзаттынг геллесин.
Не бреуи, қулады.
Шдай алмай жарағa,
Тунименен сауаштa,
Қанлар ақты далаға,
Арьманменен сол жерде,
Ақты коздинг жаслары,
Қаршыға ушпас қалынгнан,
Қарайып отип киятыр,
Небир-небир таулардан,
Небир-небир сулардан,
Иркилмей отип келели,
Қул болған елдинг изинен,
Душпанды қуып жонеди.
Астрахандай тенгизден,
Атыс-шабыс кушинен,
Гунгренди таудынг таслары,
Топ орнына қағылды,
Адамзаттынг баслары,
Сарғайып танг атқанша,
Блекке-блек айқасты,
Душпаныменен батырлар,
Арьмансыздан шайқасты,
Бул шайқасу устинде,
Кушлерин аптен байқасты,
Тунименен болғансауашта,
Гулайымнынг ушь қзы,
Жаннеттен орын алады.
Суртаишанынг лашкеринен,
Кырқ мынг қаза табады.
Сайлар менен шуқырлар,
Қзыл қанға толады,

Қырқ мынг адам олсе-де,
Сургайшанынг лашкери,
Кеинине қайтпады,
Сонда-да батыр қызларға,
Тислери онглы батпады,
Жаулар қару салса-да,
Қызлар кеин қайтпады.
Болдырса-да майданда,
Шаршадық деп айтпады.
Қызлардынг батыр екенин,
Қалмақяар анық бледи.
Бес жузь лашкер қалғанда,
Тағы алып келеди.
Келген барлық лашкерлер,
Олгенлердинг орнына,
Сауашқа баслап креди,
Гулайымдай батыр қыз,
Батырлығын билдирди,
Лашкерлердинг бразын,
Таспенен урып олтирди,
Бразларын балықтай,
Найза ушына илдирди,
Сарбиназдай батыр-да,
Сургайшанынг лашкерин,
Аттан жықты, суйреди.
Он-онбесин қосақлап,
Найзаға бир туйреди,
Атылған мылтық сестинен,
Шабылған қлыш жузинен,
Батырлардынг дастинен,
Кайрақ болған қара тас,
Қауын кби сзылды,
Сзылып шдам бералмай,

Пыт-шты шықты, бузылды,
Қанлы сауаш тоқтамай,
Азғана уақыт дем алмай,
Бул урыстынг салдары,
Жети кунге созылды,
Бразлардынг кеулине,
Симады қайғы арьманы,
Жетиспеди буларға,
Бир алланынг парьманы,
Жети кун сауаш удайы,
Кетти бойдан дарьманы,
Сегизинши кунинде,
Алдынгғы откен тунинде,
Гулайымнынг еки қзы,
Найза тиип майрылды.
Қарсыласқан қалмақлар,
Қанатынан қайрылды,
Елли алты мынг лашкерден,
Тап сол куни айрылды.
Қан сасыды жарадан,
Оликтинг ииси мунгкиди,
Сусыз таслақ даладан,
Айне сауаш болғанға,
Он кун отти арадан.
Арадан он кун откенде,
Он бринши ол куни,
Анығыменен жеткенде,
Қалмақлар қарсы туралмай,
Найзаласып барынша,
Қлышты қнап уралмай,
Қайта қашты қалаға,
Гулайымдай батыр қыз,
Қолға услап қлышын,

Қушағын абден ашады
Қуып қашқан жаулардынг,
Барып жетип кейнинен,
Балық кби шаншады,
Кози қорққан қалмақлар,
Аманлары анг-танглап,
Козининг алды қанталап,
Оннан сайын қашады,
Гулайымнынг қызлары,
Алдын орап жаулардынг
Қанын судай шашады,
Қарсы ғана шыққанын,
Гулайымнынг қызлары,
Аждархадай жалмады,
Он екинши кунинде,
Қарсы шғар қалмақтан,
Ҳешбир жан-да қалмады,
Қас душпанға батырлар,
Ҳешбир сая салмады.
Усылай болып досларым,
Қалмақлар қашып кеткен сонг,
Дарбент таудынг қасында,
Батыр қызлар қалады.

* * *

Алқысса созди еситинг,
Суртайшадай қалмақтан,
Суртайшадай сум қалмақ,
Болмас servislar болғап сонг,
Лашкери қашып барған сонг,
Ашуы абден келеди,
Халқын қамап қалаға,

Шғармады далаға,
Азаптағы халқтынг,
Жерине абден жетеди,
Барине хабар етеди,
Шбын жанын қинайды,
Қорғаншасын бериктен,
Бар қаруын жинайды,
Бенде болған халқты,
Қарангғыға қамайды,
Жазықсыз бенде халқты,
Кунде малдай сабайды,
Қайғыға қайғы жамайды,
Қалмақтынг ханы Суртайша,
Хиянет исти баслайды.
Жап-жас ғана балаларды,
Жанған отқа таслайды.
Азғана кун ол залым,
Кеулин абден хошлайды,
Жласа-да халқтынг,
Козининг жасын кормейди.
Бенде болған адамларға,
Бир жутым су бермейди,
Усылай етип Суртайша,
Азап берип халққа,
Таярланды сауашқа,
Екеу болса тауығы,
Бреуин тартып алады,
Екеу болса ылағы,
Оған зорлық қлады.
Жалғыз малы болса-да,
Ушығы деп лашкердинг,
Жалғыз малын шалады.
Сексендеги ғаррыны,

Аскерликке алады,
Басына қайғы салады,
Басын тартқан адамды,
Қарқыратып шалады.
Корип бундай зорлықты,
Суртайшадай калмақтан,
Халқ бизар болады,
Пақырлардынг кеулине,
Қара қайғы толады.
Бенде болған адамлар,
Асте жлап пақырлар,
Куни-туни зарлайды.

Гулайым менен Сарбиназ,
Айдан ару бота коз,
Қиылған қас, қара коз,
Актамкер атты келтирди,
Ғамға кеулин толтырды,
Озинг корген Гулайым,
Алдына дабыл боктерди,
Кейнине қалқан боктерди,
Ақтамкер атқа жем берди.
Гулайым менен Сарвиназ,
Енди атқа мнеди.
Арыслaндай бул батыр,
Сары-ала атты келтирип,
Бул-да атқа мнеди.
Енди қалған қызлары,
Арысланға тенгге шашады,
Уақты енди хош болып,
Алты топты суйретип,
Шықты булар қаладан,
Бергенекти майлатып,

Аур лашкер айдатып,
Жанглатып кернай тарттырып,
Алтын туды қолға алып,
Алтын тажы басында,
Қырқ-та қзы қасында,
Гулайым менен Сарбиназ,
Шашын таллап ореди,
Лашкерге талим береди,
Кунлерменен таласып,
Таудай болып қозғалып,
Хорезмнинг елине,
Лашкерменен жонеди.
Лашкерининг алдында,
Гулайымдай батыр қыз,
Жанында бар Сарбиназ,
Саркоп атлы елине,
Ғарры менен жасына,
Қарап созди сойледи:

— Сауаш куни ойнар басымда қалқан,
Атадан мен қалған жалғыз бир ншан,
Сапарым бар Хорезмнинг елине,
Хош қалынгыз туып-оскен Туркстан.

Ат шапқаным Саркоп елдинг даласы,
Ажелге болмайды бенде шарасы,
Барысым аман-да, келисим гуман,
Хош қалынгыз меннен Саркоп қаласы.

Коз жасына ерир таудынг таслары,
Жасы он бесте келер жгит йошлары,
Бугин меннен қаласыз ғой Туркстан,
Хош қал Саркоп елдинг ғарры-жаслары.

Ушар болды колдинг сона ғазлары.
Кеулимде қалмайды жаманнынг зарлары,
Мен атландым Хорезмнинг елине,
Хош қалынгыз елдинг ҳаял-қызлары.

Қаза жетсе сонер мёнинг шрағым,
Ат ойнатсам кокке ушар думаным,
Гул ишинде гулгин шарап ишилген,
Гулайымнан хош қал енди гулбағым.

Тау болса-да коринеди жауған қар,
Намартлерге жаусыз куни дунья тар,
Хорезмге аттынг басын бурынглар,
Он бес мынгдай бизге ерген лашкерлер.

Журегимде жаман сози дарть болар,
Қайғылансам минетлерим артылар,
Қайғы қылманг Саркоп елдинг жгити,
Хорезмге ат ойнатынг палуанлар.

Бул гаплерди айтқан сонг,
Гулайым менен Сарбиназ,
Атқа қамшы басады,
Жгирма қыз онгында,
Жгирма қыз солында,
Сарвиназ онг жағында,
Лашкерлердинг алдында,
Топты айырып Гулайым,
Кулип-ойнап барады.
Халқы ҳайран қалады,
Ширин жанын қинады,
Арыслан деген бул батыр,

Лашкерлердинг изинен,
Бул-да кетип барадь!
Куни-туни жол журип,
Азғана емес, мол журип,
Аттынг бели бугилди,
Небир қосжақ жгитлер,
Жол узағын бледи,
Билгеннен сонг жгитлер,
Шыққанына окинди,
Гулайым менен Сарбиназ,
Атларға салды ҳукимди.
Таудан-тауға тулпарлар,
Динг-динг ойнап шғады,
Қсыр жлан қурсақлы,
Сахтияндай қабақлы,
Гулайым минген Ақтамкер,
Аямай урды туяқты.
Миримсиз аққан Ақ-дарья,
Тауланып қайнап ағады,

Гулайымнынг лашкери,
Мири қанып ишеди,
Бир ақшам жатып солманда,
Ертенг тағы кошеди.
Неше манзил журген сонг,
Хорезмнинг қаласы,
Булдыр-булдыр коринди.
Қорық деген колменен,
Ол тоғайдынг арасы,
Алты ай Тапсанг колинде,
Аттан тусип жайласты,
Гулайымнынг лашкери,
Гулайым жатқан жерлери,

Қорық колдинг майданын,
Кормегенге зар еди,
Билердинг кози тар еди.
Қорық деген коллердинг,
Қорықшысы ҳамь елшиси,
Надиршанынг адамы,
Қодар деген бар еди,
Ат қуйрығын ореди,
Бул лашкерди кореди,
Есабы жоқ жылқынынг,
Жайылғанын бледи,
Атқа мнип ол Қодар,
Лашкерлердинг атларын,
Қуалап ане сол уақта,
Гулайым курған шатырға,
Жақынласып келеди.
Келип енди бул Қодар,
Зарлап сойлей береди:

— Озим Қодар сайлап миндим ареби ат
Халқым ушын шектим жуда коп азап,
Ат жберген ким боласанг колиме,
Қайсы жерден келгенсизлер хабар ет.

Қарасам козлеринг жайнар бота-коз
Бул қорықты қорығаннан мен жалғыз
Ат жберген бундай жерге биинсап,
Қай жерлерден келген, кимлер боласыз

Ашуланды сол маҳалде Гулайым
Сойлеген созлери еди мулайым,
Ози батыр ҳамь-де палуан болған сонг
Ҳеш адамнан қорқып шекпес уайым

Қулға қарап ат салды,
Кози оттай жанады,
Ат устинен Қодарды,
Аударып аттан алады,

Еки қолын артына,
Беккем қлып тангады,
Сойтип сойлей береди:

— Мен аруман жузлеримде бар-ды қал,
Сен олгенде мендей қызлар қуанар,
Туркстанда батыр қыз—дер атымды,
Айтканымды сен ханынга айтып бар.

Адам олмей қан болмайды бул дунья,
Мен болайын басларынгнан садақа,
Келди деп айт Туркстаннан батыр қыз,
Сауаш қылса шықсын берман Надирша.

Батыр қызбан бул дуньяда коп жанан,
Марть кеулине салған дейди ол арьман,
Шықпаса егер бул Надирша қаладан,
Онынг елин мен қламан тас-талқан.

Сен сойлединг қорққандай сол қадер,
Бурынғыдан қалған онда ошим бар,
Мартлер болса шықсын ханынг далаға,
Ғайратымды корсин сол кун залымлар.

Бул созди айтып Гулайым,
Гулгин шарап ишеди,
Аттан сулу туседи,

Қулақ-мурнын Қодардынг,
Сымпитып енди кеседи.
Ширин жанын қинады,
Қалаға қарап Гулайым,
Қодар қулды айдады.
Гулайымнан айрылып,
Кодар деген залым қул,
Қалаға қарай жол тартып,
Ат ойнатып барады,
Кулағы жоқ, мурны жоқ,
Қодарды корип халайық,
Тангланып ҳайран қалады,
Ат қуйрығын ореди,
Тахт алдына барғанда,
Азрейли келди деп,
Атанга налет Надирша,
Орнынан ушып турады,
Қодарды анық билген сонг,
Бул қалай деп Надирша,
Қодардан сауал сорады.

— Ашық болған машығым деп зар урар,
Намарть болған ширин жанды қайғырар,
Мен қарасам тура алдынгда мурнынг жоқ,
Кимлер келди қулағынгнан айырар?

Аттынг басы боялыпты болып кан,
Қаза жетпей шықпайды екен ширин жан,
Бағып журдинг сен қорықтынг коллерин,
Кимлер сени қулағынгнан  айырған?

Айбатымнан қорқпай-мекен ҳеш адам,
Жақсылар коп-пекен дуньяда жаман,

Жау-ма, ел-ме батыр туған марть Қодар,
Ким айырды балам сени мурнынгнан?

Сонда турып бул Қодар,
Жлай берди зар-зар,
Хай Надирша, Надирша,
Созиме қулақ сал деди,
Айрылғанман мурнымнан,
Айрылғанман қулақтан,
Қорқпасангыз бардеди,
Ели екен Туркстан,
Жанында бар коп лашкер,
Хорезмнинг елине,
Шетинен тажжал дарыған,
Онг жағында—Арыслан,
Сол жағында —Сарбиназ,
Хызметкери Ботакоз,
Аты екен Гулайым,
Батыр екен геллеғар,
Ози болса қыз екен,
Қос басыпты Қорықта,
Қорық дегендалада,
Айналдырып ол мени,
Атқан еди ҳауаға,
Кыз болса-да дуньяда,
Бундай палуан кормедим,
Ози екен шаҳзада.
Қас еткени Надирша,
Кутыла алмассанг дуньяда,
Журтларынгнан бер закет,
Алып шғып алдына,
Қырқ нар менен торть жорға,
Тағы бер енди таж жға.

Сен қылмасанг оларды,
Онг жағында бар Арыслан,
Қутылмағынг шаҳ гуман.
Айттым енди мен саған,
Ойлан-да қой Надирша.
Сонда турып Надирша,
Ат басындай сум журек,
Алтын тахтатулады.
Ел-халқым деп зарлады,
Лашкерлерин топлады,
Топлап турып лашкерин,
Надирша турып сойледи:
— Хай еллерим еллерим,
Солар уақтым жеткен-ди,
Саусап менинг гуллерим,
Танглар куни болғанда,
Адам болған бендеге,
Қурылмай-ма ол тарез,
Туркстаннынг елинде,
Гулайым менен Сарбиназдай
Батыр қызлар бар деген
Еситип едим созлерди,
Сонда батыр палуан қыз,
Қарқашықтынг журтына,
Сурша қалмақ елине,
Қырғын салды дегенди,
Еситкен едим халайық,
Сондай улкен ханларды,
Зар-зар қлып жлатты,
Келген болса Гулайым,
Дунья болар маған тар,
Жиналған топ халайық,
Бизге кенгес беринглер,

Сонда олар сойледи,
Сойлей берип не деди:

— Ҳей Надирша, бул созиме қулақ сал,
Мунда келип неғып алар ол нашар,
Сени патша деип ҳарь ким айтады,
Қатынлардан биз тартпаспыз қайғы-зар.

Бул бағымда ашылады лалазар,
Абад дейди Хорезм елде қалалар,
Бир қатыннан қайғы тауып бағынсақ,
Сендей ханға болмай-мекен намыс-ар.

Бул созлерди еситип,
Озинг корген Надирша,
Жар урдырды қалаға,
Қайғы тусти сол уақта,
Катын менен балаға,
Ширин жанды қинады,
Қалада атлар ойнады.
Алты жасар баласын,
Жетпистеги ғаррысын,
Три жан қоймай Надирша,
Аскер қлып айдады.
Патша атқа мнеди,
Зер жғасын киеди,
Блекке кушин жияды,
Аскерлерин жинатып,
Кетик топты суйретип,
Есабы жоқ, саны жоқ,
Коп аскерди айдатып,
Қара мойны қан сасып,
Аузы-мурнын тук басып,

Бир мезгилдей журеди,
Аттынг басын бурады,
Қарсы алдында желбиреп,
Турған жалау кореди,
Надиршадай ханлардынг,
Басына кунлер туады,
Қайғыланып Надирша,
Капаланып турады,
Сол маҳали болғанда,
Абдираман маҳрем,
Оған қарап сойледи:

Қулақ салкыл бул созиме Надирша,
Не себептен тар келген-ди бул дунья,
Жалау корип жан-жағынга қарадынг,
Не себептен ханым қалдынг сен ойға.

Жанынгда бар Абдираман маҳремлер,
Алты мынг лашкеринг он жети сарьдар
Туды корип қайғыланба Надирша,
Қарсы алдынгда корген туынгдалтырар.

Сонда турып Надирша бул сойледи:
— Ҳай беглерим, сизге айтар созим бар,
Коринген ту бизге енди хауп болар,
Ол бир тулар майданда егер ойнаса,
Туралмайды оған қарсы патшалар.

Ҳарь патша болмай-ма еллерге қуат,
Басымнан кетпегей таж ҳамь мурад,
Шықса егер туды алып майданға,
Журтымды айлейди менинг бимурат.

Ойланынглар мнау жатқан коп лашкер,
Биз таппасбыз буннан енди қасиет.
Дастинде гулдиреп кернай тартылар,
Надиршаға яр болмаса ҳикимет.

Бул гаплерди айтқанда,
Батырлардынг ойнағы,
Ендилер майдан-далаға,
Батыр туған Арыслан,

Қасына алып қырқ жгит,
Бауыр кол менен Шағыр кол,
Деген жерди аралап,
Аянбай кушти салады,

Шағыр колди жағалап,
Киятырса Арыслан,
Айне песин уактында,
Кол бойында ағалап,
Жлап турған бир дауыс,
Кулағына келеди,
Буны еситип Арыслан,
Журди алға бихабар
Он алты огиз, он бир мал,
Алдына болип салыпты,
Арқасында шопшеги,
Шашлары жунь боп қалыпты,
Мал изинде ол нашар,
Ағам деп жлай береди,
Кумар козден аққан жас,
Жунь-жунь болған қара шаш,
Арыслан елден кеткенде,
Бул бир сулу қыз еди,

Мал изинде гунг болып,
Алтынайдай қарындас,
Жлап журген досларым,
Алтынай зарлап жлайды,
Жлай берип сойлейди

Залым журген ҳарьзаманда бегликке,
Жеткизбеген залым бизди тенгликке,
Арысланнынг бар уақтында ай едим,
Надиршадай залым салды гунгликке.
Заманымда болып едим Алтынай,
Алла қарғап қулады-ма каруғай,
Кернай тартып келди дейди коп лашкер,
Гунгликте болғанда менинг баурым қан,
Гунглигимнен қадир қудай қутқарғай.
Надиршадан қутылмағым та гуман,
Кернай тартып келген болса коп лашкер,
Тримекен, олимекен жан ағам.

Сонда Арыслан сойледи,
Сойлегенде не деди:

— Биз кеткенде еллер еди бул аман,
Айралық қурысын бендеге жаман,
Анг емес-ти менинг қайғым сенединг,
Аға деген тиллерингнен Алтын жан.

Дағ салған-ды биз кеткенде душпанлар
Козде жасынг бул кунлерде сел болар,
Аға деген тиллерингнен шрағым,
Кел қарағым кара баурым қан болар.

Болмайды екен батырларға ханлар дос,

Нашарларға жалғызлық ғой мушкил ис,
Сен сойлединг беллер енди бугилди,
Айнанайын берман келгил қарындас.

Ағасынынг дауысын,
Еситип сонда Алтынай,
Қанлар жлап сол заман,
Жан-жағына қарады.
Қушағын ашып жлады,
Беллери жайдай бугилди,
Хорлығы келип бул қыздынг,
Козининг жасы тогилди,
Мунглы нашар болған сонг,
Ағасына жете алмай,
Жети жерге жғылды,
Козинен жасы моншақлап,
Ағасын кыз қушақлап,
Коргеннинг ақылын алады,
Жанындағы жгитлер,
Арыслaндай палуаннынг,
Айрылығын бледи,
Қосылып бари жлайды,
Гейпара уақ ҳаммеси,
Қуанысып куледи,
Арыслан менен Алтынай,
Бир-бреуин корген сонг,
Кушақласып суйисип,
Абден мири қанады,
Киим алып қоржыннан,
Кииндирди Алтынды.
Ҳасыл киим киген сонг,
Ҳурь қзындай доланды,
Тауыс қустай сланды,

Тулымшағы салбырап,
Ағасыменен қосылып,
Шатырға қарап журеди,
Коргеннинг ақылын алады,
Буны корип Гулайым,
Уақты жуда хош болып,
Алтынайдай аруды,
Аттан суйеп тусирди.
Жақсы тағам иширди,
Сол маҳаллер болғанда,
Ертенг менен танг атты,
Озинг корген Гулайым,
Алтынайдай арудынг
Шашын таллап ореди,
Алтынайдай аруға,
Ат миндирип Сарбиназ,
Жақсы талим береди.
Озинг корген Алтынай,
Сары жайды алады.
Жайларға оқты салады,
Ушқан қусты назерлеп,
Динг аспаннан атады,
Жети кун, жети тунлерде,
Алтынайдай аруынг,
Озь қаддине келеди,
Аяқка етик киеди,
Кози оттай жайнады,
Белине қлыш байлады,
Тоғыз кундей бир жерде,
Жатқаннан сонг Алтынай,
Иши ғыж-ғыж қайнады.
Кеули дартке толады,
Алтынайдай перизат,

Гулайым менен Арысланнынг,
Касларына келеди,
Буларға қараи сойледи:
— Аға сизге арзым бар,
Надиршадай патшадан,
Болмай кетти ҳеш хабар.
Ат ойнатып аға жан,
Мен барайын устине,
Бикешинге женгге жан.
Рухсатты берингл ер.

Журген жерим тақыр майдан далады,
Коп отырсам ишим оттай жанады,
Қайғырмайды енди бизди Надирша,
Атлан аға, женгге соған барайық.

Гунглигинде фда болды бул жаным,
Ошимди алсам болмас еди арьманым,
Рухсат бер айнанайын жан аға,
Елшиликке жалғыз озим барайын.

Мен болайын аға сеннен садаға,
Гунгликпенен куйип оттим дуньяда,
Ашық еди мени алмаға залым хан,
Танып қалсын барғанымда Надирша,

Бул созлерди еситип,
Болды султан сонда шад,
Алты сауыт кидирди,
Бикешине перизат.

Қуса изинен жеткёндей,
Қашса қутылып кеткендей,

Бикешине Гулайым,
Миндиреди тулпар ат.

Атқа мнип Алтынай,
Кеули қайнап тасады,
Алты жгит қошшы алып,
Майданға сапар қлады,
Атқа қамшы басады,
Мезгиллик жол журген сонг,
Ханлар курған ақ шатыр,
Ақ шатырдынг алдына,
Тартынбай батыр келатыр.
Аттан туспей Алтынай,
Ханларға салем береди,
Сол маҳаллер болғанда,
Абдираман маҳрем,
Марттен хабар алады,
Жақынлап келип Алтынай,
Ханға сойлей береди:

Қулақ салып, арзым есит Надирша,
Майданға шық бойды корсет шатырдан,
Устинге мен токтим аскер Надирша,
Котер басты қутқарайын қайғыдан.

Он тортимде болып единг талабан,
Бахтым келди саған уайран саламан,
Танырмысанг мендей ару қызларды,
Алтынайман бир уақлары гунг болған.

Ағамнынг атыдур батыр Арыслан,
Кетер Надир басынгыздан бул дауран,
Мен Алтынман Шағыр колде гунг болған,

Қайғыланып жатпа енди Надир хан.

Душпан едим мен ойнаттым атымды,
Саске уақта берер сенинг дадынгды,
Ойлан Надир босат алтын тахтынгды,
Айтайын деп келдим тилден хатымды.

Шоры қлып сарғайдырдынг жузимди,
Ағам ояр саскеде еки козингди,
Майданға шық аброй барда Надирша,
Айтайын деп келдим усы созимди.

Бул гаплерди еситип,
Орнынан турды Надирша,
Тут-ҳа тут деп карады,
Абдираман ол маҳрем,
Атқа енди мнеди,
Қара атты ойнатып,
Қайтармай куа береди,
Сол уақытта Надирша,
Бул-да атқа мнеди,
Лашкерлер атқа мнеди,
Хорезмнинг беглери,
Блекке кушти жияды,
Муны корип ер Арыслан,
Бул-да атқа мнеди,
Гулайым атқа мнеди,
Сарбиназ атқа мнеди,
Туркстаннынг ерлери,
Булар-да атқа мнеди.
Қолға алтын ту алып,
Гулайым атлы перизат,
Креди сонда сауашқа,

Душпаннынг гули солады,
Коргеннинг ақылын алады,
Абдираман маҳремди,
Батыр туған Арыслан,
Трилей тутып алады.
Артына қолын байлады,
Ат алдына салады,
Алтынайдай батыр қыз
Басына қамшы урады.
Сол маҳаллер болғанда,
Неше таудан асады,
Арыслaндай батырдынг,
Иши оттай жанады,
Коргеннинг ақылын алады,
Сол мезгиллер болғанда,
Батырлардынг кеуили,
Дарьядай болып тасады,
Надиршадай патшанынг,
Аруағы қашады.
Лашкери қырғын тапқан сонг,
Надиршадай сум патша,
Журтым меннен қалсын деп,
Ози турған журтларға,
Иран-Туран қалаға,
Астында ат ойнатып,
Хорезмнен қашады.
Сол уақытлар болғанда,
Батыр туған Арыслан,
Хан қашқанын бледи,
Блекке кушти жияды,
Арыслан қуа береди,
Арыслан жақын барғанда,
Атанга налет Надирша,

Еки жақлап тулпарға,
Атқа қамшы урады,
Зым ғайып болып козинен,
Жете алмай Арыслан қалады.
Арыслан батыр қалғанда,
Сарбиназ атлы перизат,
Торыша атты айдады,
Шбын жанын қинады,
Астындағы Торыша ат,
Жер танабын куырып,
Надиршаға жетеди.
Жанга жеткен уақтында,
Сарбиназ найза салады.
Надирша онынг найзасын,
Қалқанменен сындырды,
Сарби атлы нашарды,
Жарағынан тындырды,
Қлышты қолға алады,
Сарби келип шалады.
Сарби қыздынг қлышын,
Қалқанменен қындырды,
Жарағынан тындырлы.
Сол маҳаллер болғанда
Надиршадай бул патша,
Бул изине қарады,
Қара кормей Надирша,
Қызға қарай сол уақта,
Қайтадан атты салады.
— Талау боллы бул дунья,
Патша болып бул елге,
Мен жетпедим муратқа,
Бзингдей дангқлы патшаға,
Жетиспейди ҳешуақыт,

Буннан артық коп олжа,
Ышқы отына жаналы,
Сарбиге панже салады,
Ошинг корген Надирша,
Аттан котерип алады,
Ақша жузин солдырды,
Ғамға кеулин толтырды,
Сарби деген сулуды,
Атанга налет Надирша,
Ат баурына алады,
Қумалынынг журтына,
Ат ойнатып Надирша,
Сонда кетип барады.
Қарап турса Гулайым,
Хеш жерде жок Сарбижан,
Хеш жерде жоқ Арыслан,
Коз ушында коринди,
Батыр қызға енди шинг.
Сарби менен Арыслан,
Душпанда бул олди деп,
Бахтым қара болды деп,
Ақтамкердсй тулпарға,
Қайрылып қамшы басады,
Ақтамкердей тулпар-да,
Сулық шайнап ойнайды,
Қаршылдатып шайнайды,
Коринген шангнынг изинен
Қуалап енди барады,
Қуырмаштай қуырды,
Жер танабын суырды,
Ақтамкердей жануар,
Ар намысын бермеди,
Аянбай тулпар шабады,

Коргеннинг ақылын алады,
Қуып жетип Арысланға,
Сарби қайда-қайда деп,
Ахырзаман салады.
Сонда Арыслан сойледи;
— Жете алмадым изинен,
Озалмадым озинен,
Қарап қалдым кейнинен,
Деген маҳел гезинде,
Екеуи бирден ат қойды,
Бағдынг гули солады,
Ақтамкер ат жануар,
Сулығынан шайнады,
Ҳарь мезгилде ойнады,
Қарсы алдына қараса,
Гулайымдай перизат,
Надиршанынг артында,
Қоян-кок аттынг устинде,
Сарби кетип баратыр,
Надиршанынг қолында,
Бозлап жлап баратыр:

— Бенде болдым залымларға мен жалғыз,
Қосып едим саған мен-де ақыл-созь,
Алмадынг ғой Сарбиден сен ҳеш хабар,
Қайда кеттинг бул кунлерде батыр қыз.

Бул залымға сала алмадым уайранды,
Кормегим ғой сендей мартти гуман-ды,
Арьманменен олжа болдым залымға,
Кормек бар-ма сендей батыр Арысланды.

Деген созди айтқанда,

Арыслан менен екеуи,
Буларға жақын келеди,
Екеуи атты қояды,
Биик таудан асады,
Буларды корип Надирша,
Қарамай сол кун қашады
Гулайым менен бул Арыслан,
Қутқармай жетип барады,
Изинен қуып барады,
Керилип найза салады,
Ханға найза салдым деп,
Сарбиге найза урады.
Сарби деген арудынг,
Сауытлары согилди,
Козинен жаслар тогилди.
Бели жайдай бугилди,
Алдынан шғып Гулайым,
Найзаны қолға алады,
Атанга налет Надирша,
Сарбини тартып қолынан,
Ол алдына тутады.
Сарби деген аруға,
Гулайым найза урады,
Сауытлары согилип,
Айнанайын Гулайым,
Арьманменен олдим деп,
Надиршанынг қолында,
Сорлы Сарби жлайды,
Сол уакытта Сарбини,
Алдына Надир тутқанын,
Гулайым енди бледи,
Сонда Арыслан бледи,
Арыслан деген бул батыр,

Тимесин деп Сарбиге,
Надиршадай патшанынг,
Желкесинен урады.
Надиршанынг опкесинен,
Отип онынг найзасы,
Сарби деген ол қыздынг,
Ақ коксинен тиеди,
Сонда Сарби жлайды,
Жлай-берип сойлейди:
— Ҳай Гулайым, Гулайым,
Неден болды гунайым,
Найзаменен урасанг,
Жаныма отлар саласанг,
Жбермейди бул капир,
Арьманменен олтирди,
Ҳилеси коп азазил,
Солдырар болды гулимди,
Ауел маған дос болып,
Салдынг маған зулымды,
Найзанг тести буйримди,
Айырып алғыл залымнан.
Бул гаплерди еситип,
Гулайымдай батыр қыз,
Кози оттай жанады,
Сарби деген сулуға,
Буркиттей панже салады,
Надиршанынг қолынан,
Сарби деген сулуды,
Қзыл қанға боятып,
Зорға бир тартып алады.
Сарбини тартып алған сонг,
Озинг корген Арыслан,
Атанга налет патшанынг,

Мойнына жипти салады,
Надиршанынг қолларын,
Артына беккем байлады,
Сарби қыздынг жарасын,
Беккем қлып тангады,
Атқа қызды мингизип,
Шатырға алып барады,
Атанга налет патшаны,
Ат алдында айдады,
Коргеннинг ақылын алады,
Залымлардынг жанына,
Гулайым атты салады
Айне песин уақтында,
Арасына лашкердинг,
Ханды тутып барады.
Ширин жанын қинады,
Озинг корген батыр қыз,
Жанында Алтын, Сарбиназ,
Сол мезгили болғанда,
Хорезмнинг елининг,
Беглерине ат койды,
Бир шетинен Арыслан,
Бул-да атты қояды,
Сғасқан ханнынг лашкерин,
Болек-болек қлады,
Ане сол бир уақтында,
Озинг корген батыр қыз,
Арысланнынг минген атынынг,
Дизгининен тутады,
Сойтип сойлей береди:
— Хай, Арыслан, Арыслан,
Озинг болсанг торесенг,
— Ат қуйрыгын оресенг,

Наҳақтан адам олтирсенг,
Тангла машҳар кунинде,
Сорауларын бересенг,
Нешелерин олтирдинг,
Нешенинг гӳлин солдырдынг,
Қарындасынг, сен озинг,
Ширин жанды қинадынг,
Надиршадай патшанынг,
Аскерлерин айдадынг,
Озининг қолын байладынг,
Созимди енди тынгласанг,
Сенинг менен бизлерге,
Булардан қарсы турарлық,
Ишлеринде жоқ душпан.
Сонынг ушын Арыслан,
Насиҳатым бул саған,
Наҳақтан қанды токпенгиз,
— Сол уақытлар болғанда,
Арысландай батырдынг,
Қоллары суып қалады,
Еки аскер қосылып,
Жгитлери топ қурып,
Патшаны айдап алдында,
Калаға олар креди,
Гулайым менен Сарбиназ,
Қарсылық еткен душпанды,
Хорезмде қоймады,
Тоз-тоз қлып душпанды,
Алдына салып айдады,
Гуналысын олтирип,
Тамаша болсын халққа деп,
Надирша менен маҳремди,
Озлери турып суйреткен,

Кетик топқа байлады.
Душпанларын олтирип,
Онынг гулин солдырып,
Хорезмнинг еллерин,
Батыр қыз шадлық қлады.
Патша тажын жоқ қлып,
Арыслан менен Гулайым,
Халқын қылды гулистан,
Залымлардынг басына,
Хорезмнинг қаласын,
Кылды дейди змистан,
Гулайымдай перизат,
Азат қлып еллерди,
Тенггереди ағалар,
Жақсы менен жаманды
Таулардынг басы далады,
Залымлардынг басына,
Гулайым отты салады.
Хорезмнинг еллерин,
Гулайымдай перизат,
Адилликпенен сорады.
Он еки ай, он кундей,
Хорезмнинг халкын,
Гулайым қылды гулистан,
Қулағынг сал ағалар,
Жаманға болды дунья тар,
Озинг корген Гулайым,
Таллай бойын таралы,
Киын кунге калғанда,
Жоқ бенденинг шарасы,
Қулақ салып тынгланглар,
Қсуметлик корген жок,
Хорезмнинг баласы,

Ели-халкын жинатып,
Оларда сауал сорады:
— Қулақ салып тынгланглар,
Биз кетермиз бул елден,
Ханлар болған журтынга,
Залым еди Надирша,
Залымлығын откизди,
Қатын менен балаға,
Кун коре алмай коп адам,
Хорезм атлы калада,
Зарлап ели бишара,
Уйран болды ол залым,
Жоқ зулымлық елатым,
Али даулет хан болса,
Ихтиярын мен бердим,
Қатын менен балаға,
Бизлер кетпей тайынланг,
Ханынг менен биингди,
Сонда турып ел халқ,
Гулайымға зарлады,
Зарлай берип сойледи:
— Гулайым менен Арыслан,
Қутылдық залым патшадан,
Тудырып елге шадлықты,
Халқты қылдынг абадан,
Сизлердей адил ер болса,
Биздей халққа не арьман.
Кетер болсанг бул елден,
Туркстаннынг журтына,
Устимизге хан қойсанг,
Журтымыз болар змистан,
Аузы арнадай ашылып,
Аузынан отлар шашылып,

Азапка салар бир куни,
Сонынг ушын Гулайым,
Ихтиярынг озинг бил,
Қутқарынг бизди Гулайым.
Гунглик пенен зинданнан,
Деин халқы зарлады,
Бул созлерди еситип,
Арыслан батыр сойледи:
— Журтым болған торть миллет
Енди патша болса-да,
Жаздым оған коп налет.
Патшалық болса халкынгда,
Қайтадан артар коп минет.
Қарақалпақ халқынан,
Енди болсын Али би,
Ол озбектинг халқынан,
Болсын енди Алим би,
Ол казактынг халқынан,
Болсын енди Коксе би,
Сейлханнынг елинен,
Болсын енди Сақыр би,
Елге адил қарасын,
Адилликпенен сорасын,
Сорамаса халайық,
Мнау турған Туркстан,
Туркстанға бер хабар,
Аман келсем бул елге,
Мен коймаспан оны аман.
Бул гаплерди айтып хамь,
Гулайым менен Арыслан,
Аскерлерин жидырып,
Хорезмди шад қлып,
Қайтып кетти Гулайым.

Салтанатпенен жол журип,
Азғана емес, мол журип,
Ерлигин елге билдирип,
Туркстан деген журтына,
Саркоптағы бағына,
Аман-есен барады.
Ози жақсы болған сонг,
Халқ изине ереди.
Гулбағынынг ишинде,
Гулайым деген сол бир қыз,
Салланып гуллер тереди,
Жетим ул менен тул қатын,
Абад болып елинде,
Кайғырмай дауран суреди.
Жарлы-жақыбай пақырға,
Гулайымдай перизат,
Аяусыз дунья береди.
Туркстаннынг журтында,
Гулайымдай перизат,
Бирнеше жыллар, жгитлер,
Арьмансыз дауран суреди.

## ЖИЕН ЖРАУ

Жиен жрау усы уақытқа шекем бизге белгили бринши қарақалпақ шаиры. Ол XVIII асирде жасаған. Қарақалпақлардынг Туркстаннан Амударьянынг томенги тарепине посып кошуине қатнаскан адам. Ол халқтынг усы булгиншиликке ушырап, посып кошуинен алып озининг колемли шғармасы— "Поскан ел" толғауын жазады. Онда жрау поскыншылардынг басынан откерген кайғылы ҳамь

арьман ға толы кунлерин жане халқтынг усы посуына себепкер болған бай, казы-ишанларға, жаугершиликке налет айтады. Ал Жиеннинг "Қош болынг дослар" шғармасы қарақалпақлардынг жанга қоныс басқан жерлерде-де кун корисининг кеулдегидей болмағанлығын созь ете келип, сол жанга маканыменен кошласқанлығына бағышланған.

## ПОСҚАН ЕЛ

Ата журты Туркстан,
Онда-да паян етпеди,
Куни-туни қиналып,
Он еки айда тапқаны,
Қыс азыққа жетпеди.
Тангдар болды сулары,
Ексе егин питпеди,
Жаугершилик коп болды,
Сансыз адам қрылып,
Ғарға жеген оликке,
Жылға-сайлар топ болды.
Зулымға дады жетпеди,
Адам олди қан тогилди,
Бигуна гелле кесилди,
Ақ денели арудынг,
Бурымлары есилди.
Қолы жеткен шоштыйып,
Улгисиз тон пшилди.
Сағиралардынг қанлары,
Су орнына тогилди,
Атаға бала қарамай,
Балаға ата қарамай,
Киерине киим жоқ,
Ишерине тамақ жоқ,
Жол журуге жарамай,
Жасы қайтқан ғаррылар,
Бугилген бели аналар,
Кошкен кошке ералмай,
Жолда қалды бразы.
Далада қалды комусиз,

Қзыл қумды асалмай,
Дарьманы кетти ашлықтан,
Аяғын қия басалмай.
Перзентлери жлады,
Олген ата-анасын,
Қауимине қосалмай,
Булиншилик бул болды,
Қарақалпақ посқан ел,
Хорезмге жетуге,
Ҳаммелери буды бел,
Ата журты Туркстан,
Омирлик жайлау болмады.
Ғарип пенен қасерге,
Жетим менен жесирге,
Саясын ҳешбир салмады
Алды менен басшысы,
Еки иинин жалмады;
Бузық болды ишаны,
Адилсиз болды қазысы,
Гунасыздан бразды,
Гуналы деп қинады.
Еки жақлап, ушь жақлап,
Куннинг жузин корсетпей.
Кеулге қайғы жамады,
Хай, ағалар, ағалар!
Постық сонда сандалып,
Арқаландық арбанглап.
Ахырет кордик олимлик:
Ишерге су болмады,
Козимизден жаудырап,
Ашлықтан қаттық қақпаштай,
Қол-аяқлар қалтырап,
Кун тунерип қар жауды,

Турмады ҳешбир жадырап.
Сонда-да бизде киим жоқ,
Жаланг аяқ, жаланг бас,
Киятырмыз қалжырап.
Баз бреудинг қолында,
Қундақлаулы баласы,
Анасынан суть шықпай,
Тамшылайды коз жасы;
Оны корип оксиди,
Неқылсын ғарип анасы,
Оған берер нарсе жоқ,
Тек шрағым панасы,
Казан-табақ арқалап,
Киятыр байғус атасы.
Уай бишара аналар,
Уай бишара жас қызлар,
Бугилисип беллери,
Жасы қайтқан ғаррылар,
Таянып ақ таяғын,
Беллери абден бугилип,
Басалмайды аяғын,
Отырады дем алып,
Он-онбеси қуралып.
Унь қосысып жлайды,
Кайғы менен пақырлар,
Козининг жасын булайды;
Далада қалдық дослар деп,
Кой-қозыдай шулайды,
Киын болып ҳаллары,
Таслап оны кеталмай,
Келеди қайтып баллары,
Брин-бри жетелеп,
Онбейди сра жоллары,

Уай пақырлар, аналар!
Перзентине суйенип,
Ари-бери журеди,
Ондадағы болмайды;
Оны корип баллары,
Қушақлайды мойнынан,
Атасы менен анасы,
Арьман менен сарғайып,
Дартке иши жанады,
— Қошболынгыз балам!- деп,
Зорға иек қағады.
Дейди олар ахырында:
"— Ашылсын балам бахтынгыз,
Болмағайсыз бизлердей.
Хошболсын барьҳа уактынгыз,
Душпанларды женггейсиз,
Сынбағай ҳешбир сақтынгыз"
Деп пақырлар ахырын,
Жанын таслим етеди,
Жлап-жлап баллары,
Басына белги салады.
Кепинлерге кепин жок,
Орап гоне киимге,
Апарып ойға комеди,
Комген менен пакырлар,
Кози қимай анасын,
Таслай алмай атасын,
Тогеди козден қан жасын,
Жасқа толып козлери.
Куп-ку болып жузлери,
Онгменингнен отеди.
— Анам!—деген созлери,
Аҳ жгитлер-жгитлер!

Аҳ досларым-досларым!
Оннан-да отип барамыз,
Куннен-кунге тарықтық,
Гуман болды жан сақлау,
Қия шолде шалықтық.
Балалы ҳаял коп еди,
Бирге шыққан бизбенен
Посқыншылар тағы коп,
Киятырған избенен.
Киын болды баринен,
Емизули балларға;
Шырқырайды жлайды,
Оны еситип менинг-де
Тобе шашым жулады.
Анасы пақыр қимайды,
Озинен дарьман кетсе-де,
Кушақлайды тасламай,
Анасы олген коп баллар,
Кундағында инггалап
Жол бойында коп қалды,
Қарға-қузғын семирди,
Жас жанлардынг қанына,
Қудай сая салмады,
Олардынг шбын жанына.
Уай пақыр, жас жан нетейин!
Сени алып журерге,
Озимде-де дарьман жоқ.
Усынып саған берерге,
Қолымда шерек наным жок.
Болғанда наным жас жанлар,
Бермеспе едим сизлерге,
Адам болсанг аман-сау,
Ертпеспедим излерге,

Шрақларым сау болсанг,
Болар енг қуат бизлерге.
Онгарынгды гозлеренг,
Ерип туры излерге.
Шрақларым не пайда,
Жетпедингиз ниетке!
Бул сияқлы айрылмас,
Келдингиз душар минетке.
Жас басларынг туспеди,
Бир ғана кун зинетке.
Уай, жас ғана жанларым!
Шымшырқадай улларым!
Қзыл гулдей солдынгыз,
Бул ниетке жеталмай,
Қула дузде қалдынгыз.
Бул дуньяға шыққанда,
Не кордингиз шрағым,
Бир кун ойнап куле алмай,
Гулдей болып солғанынг,
Жаман батты жас жанлар,
Қула дузде қалғанынг,
Қарақларым не пайда?
Коликли колик бермеди,
Сулы суын бермеди,
Жласақ-та удайы,
Коздинг жасын кормеди.
Малы бар малын бермеди,
Қрылсақ-та топ болып,
Неге олди демеди.
Шрақларым сизлердинг,
Бахтынгызға не болды?
Адамға адам қарамай,
Кетти бари жонине,

Адам емес адамлар,
Ғарипке ҳешбир қарамас,
Озь малына масайрап,
Аш деп ҳалын сорамас,
Далада бреу олсе-де,
Олигине қарамас,
Миримсиз залым заманда,
Дуньяға шғып шрағым,
Не корип кеттик дейсизлер?
Аҳ жгитлер, жгитлер!
Аҳ досларым, досларым!
Қайсы брин айтайын...
Жолдағы корген хорлықтынг,
Кайсы брин айтайын,
Ондағы корген зорлықтынг?
Ушь кун отти арадан,
Туркстаннан шыққалы,
Соннан бери санасам,
Тоқсан торть адам олипти.
Жасы ҳамь-де ғаррыдан.
Немиз қалды ойланглар!
Тоқсан торть адам кеселден,
Тосегинде олген жоқ,
Ауел бастан елинен.
Онгғылықпенен келген жоқ,
Ушырады қсымға,
Шдамады тутымға,
Ишерге нарсе таппады,
Ертели-кеш жутымға.
Байлардынг посып кошуи,
Жери жетпей кошкен жоқ,
Буяққа кеткен ашларға,
Жер берместинг ҳилеси,

Толтырып козди жасларға,
Оннан-да етпек олеси.
Сонынг ушын ол байлар,
Ерте кошти ашлардан,
Хорезмнинг жерине,
Олардынг неси кетеди,
Сауарына сауын бар,
Ишерине тамақ бар,
Киерине кийм бар,
Тосерине тосек бар,
Жамыларына корпе бар,
Усылары тап-тайын,
Олардынг кимнен зары бар,
Уай досларым, досларым,
Байға бир пул олгенинг,
Қарауытып, қан жутып,
Коздинг жасын ишкенинг,
Досларым бир пул оларға,
Оттай сонип ошкенинг,
Мне бугин жгитлер,
Тортинши кун болып тур,
Туркстаннан шыққалы,
Олди бир жузь қырқ адам,
Буларды корип мен сорлы,
Куймейин нағып отларға,
Адира қалған туған жер,
Болмаған сонг абадан,
Ойнап кулип жатарға,
Киятырмыз мнекей,
Қай жерлерге барамыз,
Кайерде жай табамыз,
Олдағы бизге уайым,
Қайғы жамап қайғыға,

Кеул толды дартлерге,
Аур салмақ тусип тур,
Блетуғын мартлерге.
Ал жгитлер мен сорлы,
Посқан елдинг ишинде,
Қобызымды қолға алып,
Қайғылы нама шаламан,
Неге қапа болмайын,
Қобызымды не ушын,
Қайғылы етип шалмайын?
Мна олген жас жанлар,
Мна олген аналар,
Анау олген аталар,
Козлерин ғарға шуқыйды,
Таппаған сонг паналар,
Ынгранбайын мен неге,
Мнау халқ шубырған,
Барарына жери жоқ,
Батарына коли жоқ,
Атақлы етип барарға,
Маканлы жайы, жери жоқ.
Соны корип мен сорлы,
Қураған қу қобыздынг,
Қулақларын бурайман,
Кеулим дартке толған сонг,
Қайғыларды жырлайман,
Туысқан қалды далада,
Тугаи қалды далада,
Аналар қалды далада,
Аталар қалды далада,
Ақ суть берген жан анам,
Адулеген жан атам,
Келермен қайтып қасынга,

Ырза бол бизден бахытсыз,
Сорлы парзент улынга,
Бизлерди жанга туғанда,
Усындай болар деп-бе единг?
Асырығанда жан ата,
Раҳатин корсет деп единг,
Хор болмасын балларым,
Ата солай деп единг,
Олмесликке ашлықтан,
Озалдан ғамын жеп единг,
Не пайда болды ол исинг,
Негизинен болмады,
Жайқалып егин егерге,
Сенде бир жер болмады.
Жазында қатық ишерге,
Сенде сауын болмады.
Алыс жолға мнерге,
Сенде жорға болмады.
Косилип еркин жатарға,
Сенде ақ уй болмады.
Емин-еркин ишерге,
Сенде тамақ болмады,
Жайнап бир кун киерге,
Сенде кийм болмады,
Жыл он еки ай жургенде,
Қабынг данге толмады,
Бул кунинг-де коп болып,
Постырды бизди зулымлар,
Оскен жерде қоймады.
Сонынг ушын аналар,
Сонынг ушын аталар!
Кошкен кошке ердинглер,
Ярым кунлик жолларға,

Зордан-зорға журдинглер,
Оннан сонгғы кунлерде
Беллерингиз бугилип,
Кабырғангыз согилип,
Козингиздинг жаслары,
Тас буршақтай тогилип,
Қалдынг қула далада,
Қарға менен қузғынға,
Қасқыр менен шағалға,
Тойғанынша жем болып,
Аҳ аналар, аналар,
Аҳ аталар, аталар,
Сенлердинг бул қалғанынг,
Озегимди ортеди,
Журегимди жандырды,
Бул дуньяға шыққалы,
Есимди блип инггалап,
Етегимди жапқалы,
Кайғынынг суы қандырды,
Туркстаннан шыққалы,
Сегиз кун отти арадан,
Олди ушь жузь қырқ адам,
Жолдынг бойы қуры емес,
Қушақласқан олимтик,
Коргенде қуйқанг жулайды.
Бул дуньяға шыққанға,
Пушайманлар қласанг,
Қылтиып қуры жургеннен,
Олимге ырза боласанг.
Усы дартке шдамай,
Кобызларды қолға алып,
Далада қалған дағдарып,
Туысқанларды ойға алып,

Зарлы нама шаласанг,
Туғанынг тусип ойынга,
Оксип-оксип жлайсанг,
Ал досларым досларым,
Олгенлерди қояйын,
Олгенлер санын айтуға,
Тлим жетпес гурмелип,
Басқадан гапти қозғайын,
Қобызымды қолға алып,
Айып корменг ағалар,
Созимнинг болса қатеси,
Кеширерсиз қиналмай,
Кеткен шғар коп қате,
Айтқан браз созимде,
Ойткени дунья кормедим.
Жаслар турды козимде,
Қайғы менен сарғайып,
Қан қалмады жузимде,
Айтқанларым болмады.
Коп душпан журди изимде,
Енди мне созь қлып,
Айтайын деген дасьтаным,
Усы ашлықта атадан,
Ҳамь айрылып анадан,
Жетим қалды Мнайым,
Арылмастай қайғыны,
Оған берди қудайым.
Сол жлы тап сол жетим,
Жетип еди он ушке,
Ози сулу қыз еди,
Коргеннинг мири қанғандай
Қаслары қара қиылған,
Аузға урип салғандай,

Жетим еди бишара,
Қайрқомы жоқ еди;
Туркстаннан шыққан сонг,
Атасы менен анасы,
Олип еди бир кунде,
Арба жолдынг бойында,
Калып еди пақырлар,
Қзыл қумнынг ойында,
Соннан бери бул қызды,
Қасыма ертип алпешлеп,
Ишпесем-де озь басым,
Тапқанымды берип ем,
Кейнимнен қалмай олдағы,
Журер еди ағалап,
Ата-анасын айтады.
Томен қарап тунжырап,
Мен-де оған жлайман,
Сай суйегим сырқырап,
Баз-да ол қыз бишара,
Тынбай жлап шырқырап.
Мне бугин жгитлер,
Он кун отти арадан,
Олим орын алғалы,
Ата журты Туркстан,
Биз сорлыдан қалғалы,
Бес кун болды анықтан,
Қасымдағы жетим қыз,
Маған жолдас болғалы,
Ал жгитлер қулақ сал!
Баслайын мне созимди,
Тунименен бир куни,
Астық талай биикти,
Оннан-да бетер қыздырып,

Иштеги дарть куйикти.
Танг саз берип атқанда,
Бир бай кошке илестик,
Отыр екен дем алып,
Тусирип бардық жуклерин,
Қурсақларын қампайтып,
Қаҳарленген туклерин.
Оннан-да бетер узайтып.
Жетим қызды жетелеп,
Нан берер деген умитим,
Оннан басқа ойым жоқ,
Болады деген бундай ис.
Бул бир асқан бай екен,
Торть тулиги сай екен,
Бдым-бдым бет аузы,
Бир баласы бар екен,
Отыр екен торинде,
Тамақ ишип тамсанып,
Ози байдынг баласы,
Ерке екен енеғар,
Мойнын созды умтылды,
Қасымдағы жетимге,
Қарады-да жутынды,
Сол уақлары бизлер-де,
Кейнимизге шегиндик,
Қайтайық деп кейинге,
Шатпақланган затларды,
Қағып салдық иинге.
Кетейин деп атқанда,
Услап алды шалғайдан,
Жангағы байдынг баласы,
Ози бай болғаннан сонг,
Жетти бизге ҳаласы.

Маған айтты жекирип,
Тойғаннан сонг тамаққа,
Қайта-қайта кекирип;
— "Қасынгдағы жас қызды.
Қайда алып барасанг?
Қайерлерге апарып,
Оны малға сатасанг?
Маған бер мна қзынгды,
Хаяллыққа аламан,
Жаман болса негизи,
Қой котине саламан;
Айтқанымды кылмаса,
Қарқыратып шаламан,
Қане сойле жолаушы,
Бересенг-бе бул қызды?
Бермейсенг-бе бул қызды?
Қандай жуап айтасанг?" —
Деген уақытта мен-де айттым:
— Жетим еди шрағым —
Ғарип еди бул нашар,
Ата-анасы жолда олип,
Ҳалы қиын болғансонг,
Ертип едим изиме,
Қондырмайын деп қарғаны,
Ушығадай жузине,
Ойлап едим шрағым,
Деп айтсам-да зарымды,
Тынгламады есер соқ.
Жуырып келди қасыма,
Салып кетти басыма.
Қарамады мен сордынг,
Козден аққан жасыма;
Қолымдағы жетимди.

Зорлықпенен алуға,
Умтылысты анталап,
Хаммелери умтылды,
Айтайын десем арзымды,
Торде отырған байы-да;
Ол-да келип қасыма,
Таяқ урды аямай.
Озим болсам аш адам,
Айқасуға жарамай,
Ари-бери жладым,
Коздинг жасын буладым,
Бермеймен деп жетимди,
Узыныма қуладым,
Тағы тиди бир таяқ,
Козим тынды тунжырап,
Есим ауды сол маҳаль
Қол аяғым қалтырап,
Жетим кетти қолымнан,
Аға деген дауысы,
Қулағымды жарып шырқырап,
Ҳарь қайсысы урған сонг,
Ауды есим таяққа,
Неғып кушим жетеди,
Сол секилли саяққа,
Қолымнан кеткен жетимнинг,
— "Олдим!" деген дауысы,
Зорға келди қулаққа,
Ари-бери журуге,
Келмесе-де ҳалларым,
Тырбанглайман сояққа.
Туралмайман орнымнан,
Зреклеп қан ағады.
Тынбай ғана мурнымнан,

Қолымнан кеткен жетимге,
Баруға ҳалим жетпеди,
Садыраған аяғым,
Тургелейин десем-де
Айтқанымды етпеди,
Тағы ауды еслерим,
Барлық ғана денемнен,
Сап болғандай кушлерим,
Сол жетимнинг зарында,
Жанды оттай ишлерим,
Қайғы менен қападан,
Қайралды менинг тислерим,
Куни менен тағыда,
Онгбаған сонг омирде,
Еткен ҳадал ислерим,
Дуры келди буларға,
Кешеги корген туслерим,
Аур жара улғайып,
Ауды енди еслерим.
Азап болды удайы,
Корген мна кунлерим,
Уай жгитлер, жгитлер!
Аҳ досларым, досларым!
Бир уақлары болғанда,
Козимди ашып карасам,
Баяғы жерде нарсе жоқ,
Кошипти бай қалмастан,
Олимдар болған мен сорға,
Раҳимин салмастан,
Кеткен екен зулымлар,
Жетим қызды шырлатып.
Козди салып қарасам,
Еки адам отыр басымда,

Оннан басқа бир жан жок,
Қбырлаған касымда.
Бул отырған ким десем,
Таласып емшек емискен,
Тай қулындай тебискен,
Белғанама қуатым,
Еки бирдей қанатым,
Мени таслап кетеалмай,
Қалған екен кошлерден,
Басымды олар сипалап,
Аузыма су тамызды,
Жатқанымды қайғылап,
Козинен жаслар ағызды,
Айттым сонда оларға,
Менинг ушын жламанг,
Коздинг жасын буламанг,
Тауекел етип ҳарь иске,
Марть болынглар қайтпастай,
Қарсы келген жаулардан,
Аттынг басын тартпастай,
Деп оларға сойерде,
Насият бердим астелеп,
Билгенимди коп айттым,
Созь маржанын кестелеп,
Олардағы бул созге,
Қайта-қайта қуанды:
— Айтқанынг ырас, аға деп,
Жлағаннан жубанды,
— Тез журейик турсанг деп,
Аузыма су тамызды,
Есимди жыйдым соннан сонг,
Орнымнан зорға тургелдим,
Асылдым-да оларға,

Кейнине тез мен ердим,
Тунь кеш екен ол уақта,
Жулдызлар тур жмынглап,
Қара булттынг қасында,
Ай тур тағы қарайып,
Уркерлердинг тусында,
Дауыл есип тағы тур,
Сараtаннынг жазында,
Киятырмыз биз сонда,
Ушеу болып жолменен,
Арқаланып жай журип,
Еки бирдей бауырым,
Бетиме менинг қарайды,
— Сау болғайсанг аға,—деп
Ҳал-жайымды сорайды,
Озлери жемей береди,
Бир тислем нан қалды деп,
Ҳалленемен мендағы,
Емин еркин оны жеп,
Шықпас жанға жгитлер,
Болады екен ҳарь ис сеп,
Қасымдағы қуатым,
Еки бирдей қанатым,
—Дем алайық, аға деп,
Таза жерге отырды,
Адым атып журеди,
Ҳали қалмай болдырды,
Ашлық қурсын арсыз жау,
Қзыл жузди солдырды,
Қайғы менен қапалар,
Жас журегин талдырды.
Мен-де отырман қасында,
Еки бирдей жаслардынг,

Қарауыл болып басында.
Болинип турды коп дартке,
Аққан коздинг жасы-да,
Еринлери қбырлап,
Қасларын зорға қағады,
Греуленип козлери,
Шахмақтынг отын жағады,
Аға деген дауысы,
Зордаң-зорға шғады,
Милери жаман айналып,
Окпе аузына тғады.
Жас журеги ҳаулирип,
Шалқасына жғады,
Қатты ескен ол шамал,
Бетлеринен қағады,
Ургин урип шанг шғып,
Ахыр заман болады,
Ҳауадағы қара булт,
Дуньянынг жузин шалады,
Жмынгласқан жулдызлар,
Жерге карап сарқады,
Бул сарққан жулдыздай,
Жас жанлардынг ошкени,
Қайғы менен қан жутып,
Ахыретке кошкени,
Қағылысқан қара булт,
Олимнинг суын ишкени,
Буршақ пенен жауынлар,
Ескен қатты дауыллар,
Жлай-жлай мунглынынг,
Хорлықта куни кешкени.
Аҳ досларым, досларым,
Шолпан жулдыз батқанда,

Тунги қуслар оянып,
Жапалақлар жатқанда,
Танг-да атты сарғайып,
Қзыл-жасыл доланып,
Кун шықпады уядан,
Алмадай болып қзарып,
Коринеди қиядан.
Ол неге қзыл болмасын?
Ол неге шықпай турмасын?
Қан тогилип атқанда,
Жазықсыздан жанларды,
Қарға шоқып жатқанда,
Адамнынг услап баласын,
Мал орнына сатқанда,
Мейримсиздинг қоллары,
Қзыл қанға батқанда,
Кун шғып неге ай тусын,
Ай туып неге кун шықсын?
Қиянкески болғанда,
Хал дарьманым жоқ болып,
Жылға, сайлар коп болып,
Кзыл гуллер солғанда,
Аҳ жгитлер, жгитлер!
Танг атып кун шыққанда,
Қасымдағы қуатым,
Еки бирдей қанатым,
Турмақшы болды орнынан,
Сол уаклары ағалар,
Кеинимизден сап болды,
Бирге шыққан жолдаслар,
Курбы менен курдаслар.
Олар қорип бизлерди,
Қушақласып жлады,

Шдай алмай бразы,
Бойын таслап қулады,
Дарьманы кетип бразы.
Ақ теректей сулады,
Бауырларым жыйналып,
Козининг жасын булады,
Қасымдағы аштан-аш,
Қалып атқан екеуге,
Тарақтайдан нан берди,
Қолына олар тиюден,
Қатып қалған нанларды,
Қтырлатып кемирди.
Маған-да берди азғана,
Бир устақан бир тал ет,
Мен-де оны жеп алдым,
Жеп болғансонг буларды,
Қуат енди бойыма,
Онгалдым деп ойладым,
Қуанышым сыймай қойныма,
Сонда тусти ойыма.
Тикке турдым орнымнан,
Исенип озь ҳалыма,
Коз жберип қарасам,
Еки бирдей жолдасым,
Аш озекке тусипти,
Жангағыларды жегенсонг,
Не болғанын билмепти,
Еси ауып талыпты,
Басларын зорға шайкайды,
Қасларын зорға кағады,
Хамме дослар жиналып,
Бри қалмай қиналып,
Су тамызды аузына,

Суйеп атыр басларын:
— Жазыл бауырым жас жан деп,
Жаудыр қара козинен,
Ағызады жасларын,
Бир уақлары болғанда,
Есин жиды екеуи,
Шықпай қалды жанлары,
Тамақ болып треуи,
Бурынғысынан озгерди,
Козлерининг греуи,
Сойлеуге тли гурмелди,
Аманласты кейнинен.
Келген хасыл досларменен,
Кушақласты қайтадан,
Бетлеринен суйисип,
Тентиреклеп турдылар,
Бир тислем нан жегенсонг,
Олмеске жетти қоллары,
Ағайин жетип кейнинен,
Ашылды саррас жоллары,
Апа, аға деп бақырып,
Куаныcты баллары,
Сол отырган жерлерде,
Дем алдық тағы азғана.
Бар тамақты болип жеп,
Базар қлып барына,
Жетеклесип сойерден,
Тустик тағы жолларға,
Қасық, шомиш табақты,
Мықлы услап қолларға,
Бир-бреуге ҳаль болып,
Астық браз жерлерди,
Қайбир қумды асалмай,

Манглайдан токтик терлерди,
Арқаланып итинип,
Жинадық барлық кушлерди.
Ортамызда бир есек,
Корпе тосек артулы,
Бари гоне олардынг,
Жангасы жоқ жартулы.
Ортаға бала мингизип,
Жук артқан ешегимиз.
Ол-да арық олеси.
Кыстап азып шықтылар,
Паналап от жеп турарға,
Болмағансонг толеси,
Кара козим жаудырап,
Баяғы жерлен шыққаным,
Ушь кун отти арадан,
Соннан бери досларым,
Тауыстық барлық ауқатты,
Енди жаман тарықтық,
Олер болдық ашлықтан,
Кесиртке менен тасбақа,
Услатпады жеу ушын,
Тасбақа менен ҳаккелер,
Қолымызға туспеди,
"Аштынг ауы журмейди"
Дегендей-ақ досларым,
Ағаштан басқа нарсе жоқ,
Оны жеуге тамсанып,
Танглайға татыр нарсе жоқ,
Кемиремиз ағаштынг,
Қия шыққан тамырын,
Ол-да ашшы у екен,
Шғарамыз қамырын.

Сексеуилдинг жаслары,
Болады екен зақарь-у.
Шоплерди жеп ашшыдан,
Исти бет ҳамь аузымыз.
Тамақларымыз гуп болып,
Карлықты ҳамь дауысымыз.
Олерге мумкин куп болды,
Ол ашлықта бир кеште,
Ортадағы есекти,
Отынлы мол жерлерге
Жеткеннен сонг жақсылап
Сойдық оны буршалап,
Уйитпе қылдық ҳаммесин,
Зая етпей брисин,
Бир жангқадан болистик,
Псирип отқа терисин,
Тағы тойдық етине,
Қалғанларын болисип,
Салдық тулып қалтаға,
Есектинг жуги бизлерге,
Доҳмет болды тағыда.
Гоне корне шапанды
Тырмыш алып аркалап,
Арадмн еки кун откенде,
Қуладық бир тенгшге,
Айыршанынг устинен,
Тусу менен бул изге,
Қонысластық сойерге,
Азғана кун маканлап,
Шалшық сулар бар екен,
Онда балық мол екен,
Мунгайтпас деген атауы,
Коныс бастық сол екен.

Онынг батыс жағында,
Тербенбес деген бар екен,
Олда биик кум екеи,
Еки жағы қамыслык,
Шбыны-да мол екен,
Жатқармайды түнименен,
Журесенг еплеп кунименен.
Енди қаза тоқыдық,
Услайық деп балықты
Адам бойы жерлерге,
Апарып салдық қазаны,
Балық туссе казаға,
Қарнымыз тойып балыққа
Ашлықлардан қутылып,
Шықтық аз кун жарыққа,
Жаз кунлери еди бул,
Жангаша  жалпы елеусиз,
Журе бердик етпенен,
Қаза салып шалшыққа,
Жумыс қлып копненен,
Жазлар отти бир куни,
Қлышын суйреп қыс келди,
Қара бултлар тиркелип,
Ушқын карлар бурқырап,
Жаз жайлаған үйреклер,
Жайыққа ушты шырқырап,
Тоқпақтан ести қатты жел,
Жаман болды шақылдап.
Енди бизге киим жоқ,
Киннип ау саларға,
Жаман да болса етик жоқ,
Аяққа енди тартарға.
Камыстан басқа нарсе жоқ,

Тунде қалып жатарға,
Топырақтан басқа тосек жоқ,
Тамақ ушын татарға,
Коз жберсеиг нарсе жоқ,
Бала-шаға тағыда,
Баяғыдай шуласты,
Қыс жаман келди тағыда,
Дартлер дартке уласты.
Енди биз неғылармыз,
Қаяқтан тамақ табармыз,
Аҳ досларым, досларым!
Олмеуге себеп табылды.
Қарабарақ мол екен,
Кебирге питкен қалып бос,
Табалмасанг тамақты,
Ишерлик ас сол екен,
Басындағы данесин,
Зиян кылмай қағамыз,
Қағып алып ҳаммесин,
Куншуаққа жаямыз,
Кепкеннен сонг данесин,
Туйерге бизде кели жоқ,
Диирманлар тағы жоқ,
Уқалаймыз қолменен,
Кауылдырығын кетирип,
Аузымызға қуямыз,
Шарлап алған тазасын.
Заҳарьден ашшы бразы,
Ишимизди жандырды,
Иш аурудан адамлар,
Бурынғыдан-да коп олди.
Дартке дауа болмады.
Ашшы ишип ишлер жиды,

Оннан сонгғы бир талап,
Ат шоқай болды, қазбаға,
Булда болса адира,
Ызғар жерге шыққансонг,
Қатып қалған тас болып,
Алынбайды жуықта,
Излей алмайсанг бой жазып,
Қақаман қатты суықта.
Барсақта излеп атшоқай,
Гада тапсак, гада жоқ,
Қазарға тубин бел-де жоқ,
Сонынг ушын ат шоқай,
Алынбайды тартсанг-да,
Жерлери тонг болған сонг,
Онбейди ол жуықта.
Аҳ досларым, досларым,
Аҳ жгитлер, жгитлер,
Он қос болдық жиналып,
Посып келген посқыншы,
Арасынан солардынг,
Кунде екеу оледи,
Кунде ушеу оледи.
Кыс отпей-ак қасымыз,
Қойымшылық болды бирталай,
Бирме-бирге келгенде,
Биз буйерге келгснде,
Ушь жузден аслам жан еди,
Оле-оле солардан,
Қалды бир жуз елли адам,
Олардынг-да журерлик,
Денлери-де сау емес,
Кми жотел ауыру,
Кимлерин суык қағыпты,

Кимлери искен ашлықтан,
Карауыткан жузлери,
Шықпай журген жаны бар,
Жаудырайды козлери,
Халыслық пенен шғады,
Ҳарбир айтқан созлери,
Ынгранады бразы,
Коп қайралып тислери,
Аҳ досларым, досларым,
Бул қыс отип усылай,
Кимлер олип далада,
Кимлер олип салада,
Қазасы жеткен бенделер,
Кунде-де олди, тунде-олди,
Қалғанымыз жетистик,
Келер жылғы жазларга,
Кыстағы қалған қазаны,
Онгластырдық тағыда
Бир кунлери дузетип,
Апарып салдық шалшыққа,
Калынг муз кетер-кетпесте,
Шешинип тустик суларға,
Денемиз қақ-қақ жарылды,
Табанымыз айрылды,
Салғанда, қазаға,
Тлеймиз тлек ҳаммемиз,
Жаз шыққан сонг қыс отип,
Хаммемиз-де куандық,
Балық мол тускей деп,
Кумалақтан пал аштық;
Бир палшы балық жоқ дейди,
Балық жоқ деген палшыны,
Жеп қойғымыз келеди,

Балық мол деген палшыны,
Қушақлағымыз келеди.
Тартыс болды кунменен,
Не тусер екен ертенг деп,
Уйқламай шықтық тунменен
Тунименен уйқы жоқ.
Алыс жерге байраққа,
Ат жберген ксидей,
Жатырмыз сонда ойланып,
Уллы қайғы тускендей,
Ала геугим уақытта,
Аланглап турдық ҳаммемиз,
Балық коп деген ойменен,
Солай болды дамемиз,
Марданды салып иинге,
Журип жеттик ҳаммемиз,
Қаза салған жерлерге.
Қол аяғымыз қалтырап,
Азанғы тускен ақ крау,
Исиреди аяқты,
Ызғырып ескен желлери,
Кзартады қулақты,
Қолға алған шжым жип,
Талдырады бармақты,
Қара суық қайқайып,
Салады бизге салмақты,
Барсақ колдинг жағасы,
Қаймақласып қатыпты,
Салған бзинг казамыз,
Коринип тур узақтан,
Баралмай турмыз жағада,
Суық деген азаптан,
Айтыстық турып жағада,

Я олейик, калайық,
Жағада буйтып турғаннан,
Қазаға тамам барайық,
Қазада болса бир нарсе,
Беккем услап алайық,
Алып шғып жағаға,
Ақ марданға салайық,
Апарып уйге аман-сау,
Қазанларға асайық,
Отжағып тезден псирип,
Сорпасына тояйық!..
Аҳ жгитлер, жгитлер!
Бул турғанды кояйык!—
Деп ҳаммемиз ғалаба,
Киимлерди тасладық,
Қаза салған жерлерге,
Иркилмей жол басладық,
Бардық қаза қасына,
Хаммемиз-де ентелеп,
Қияқ музды как жарып,
Бир-бримиз-ди жетелеп,
Таяқ алып қолымызға,
Қисық жолды тотелеп,
Барып корсек қазаға,
Ақшабақ пенен ақ сазан,
Сыйғанынша толыпгы,
Қуанғаннан ҳаммемиз,
Дауыслап-та жбердик.
Ҳарь балықты бир услап,
Сағағына кол огирдик,
Ала-ала балығын,
Тап тубине жетирдик.
Марданға салып шғардық,

Баяғы турған жағаға,
Айне саске уактында,
Қазайы қарап биз болдық,
Ишинде қоймай бир шабақ,
Қадаларын суырдық,
Марданларды толтырып,
Жағаға карап жуырдық,
Шғарып корсек жағаға,
Санап корсек балықты,
Тоқсан бри тусипти,
Ириси ҳамде майдасы,
Шобиреси болса-да,
Копти бизге пайдасы,
Ем еди бизге ол кунде,
Сасық колдинг тортасы,
Сонынг ушын биз онынг,
Шлымындай жалаймыз,
Арқаладық қалдырмай,
Балықлардынг  барлығын,
Умытты сонда жгитлер,
Бул дуньянынг тарлығын,
Арқалауменен аулға,
Алып келдик кун бата,
Отыр екен жол қарап,
Қатын менен баллар-да,
Ауға балық туспесе,
Қиын деп бул ҳаллар-да,
Коргенде бизди қуанып,
Алдымызға жуырды,
Балықты корип пақырлар,
Қуанғаннан жлады,
Ағажанлап кмиси,
Шабақларды услады,

Алдық болип балыкты,
Қапа кеулди хошладық,
Балықлардынг ҳаммесин,
Уйме-уйге тенг болдик,
Брине қлап қылмастан,
Ҳарь үйге келди бес сазан,
Бир сазаннынг озине,
Кайнайды толып бир казан,
Аз болса-да коп корип,
Сорпа иштик тойындық,
Қарынымыз қампайып,
Тныш уйқлауға карадық,
Уртларымыз томпайып,
Косларда жаттық шалқайып,
Мазь-майрам биз болдық,
Токшылықлар улғайып,
Бригип ҳамме ойнадық,
Азанда усы тойғанға,
Булбил болып сайрадық!
Аҳ жгитлер, жгитлер,
Жуктнңг корки аршады,
Туйенинг корки наршады,
Байдынг корки малменен,
Қундыз тутқан наршады,
Адамнынг корки киимди,
Асресе ишимди,
Ишерге тамақ болмаса,
Киимингди сатасанг,
Тоқ болса тамағынг,
Жақсы киим табасанг,
Мне коринг жгитлер,
Кеше кошип келгенде,
Куни кеше жургенде,

Қандай едик ашлықтан,
Ауға балық тускели,
Қандай болдық абадан,
Бир кун жутар тамаққа,
Қаншелли мазь болдық,
Жайша жгит жатар-ма,
Дегендей-ақ жгитлер,
Ерте турып тағы-да,
Арқаға барып жол шектик,
Ҳаммемиз барып коллерге,
Кешегиден кун жыллы,
Қатпаған екен қара су,
Қарқылдасып шағала,
Ушқан екен аппақ қу,
Бардықдағы жағаға,
Тасладық гуллан киимди,
Мардан алып барданглап,
Асте басып арданглап,
Жеттик қаза басына,
Қазаны барып қарасақ,
Кешегиден бес бетер,
Қазаға балық толыпты,
Қуанып тағы Ҳаммемиз,
Канамызға симадық,
Салдық жекен марданға,
Балық коп болған сонг,
Қалмады исте арьман-да.
Усылай болып жгитлер,
Қарын тойды анықлап,
Қамыс қостан қутылдық,
Ықпана еткен шыптадан,
Купку уйден қутылдық,
Шапан кидик анықлап,

Ал жгитлер, жгитлер!
Қоныс басқан жеримиз.
Мунгайтпас деген бул атау,
Белгили макан еттик биз,
Ал жгитлер, жгитлер!
Енди олимнен кутылдық.
Жайнап, жаснап халқ болдық,
Ақ дарьянынг бойынан,
Шалшық сулы ойынан,
Жекен ордық жасында,
Жақсы шыпта тоқуға,
Жазыменен жекенди,
Тынбастан ордық орақлап,
Шыпталарды тоқыдық,
Шлымтал есип қатынлар,
Шыпталарын жуырды,
Усылай болып жгитлер.
Қослардынг ишин жақсылап,
Аул болдық, халқ болдық,
Ешки алдық сауынға,
Кетпен урдық қауынға,
Усылай болып кун кеширдик
Ал жгитлер, жгитлер,
Тағы бир созди баслайын,
Қулақ салып тынгланглар!
Кешеги откен кунимнен,
Бир толғауды баслайын,
Қобызымды қолға алып,
Тағы нама толғайын,
Қолымнан кеткен ол нашар,
Куйик болды арьманлы,
Ойымнан шықпай кун-туни,
Уйқымды шайдай ашады,

Ол козимнинг алдында,
Елеслейди турады;
Аға! деген дауысы,
Ана! деген созлери,
Ата! деген созлери,
Жаудыраған козлери,
Ойымнан шықпай барады;
Ойлайман-да жлайман,
Козимнинг жасын булайман,
Шдай алмай дартине,
Узыныма қулайман,
Қарағым-ау қайда деп,
Бармағымды шайнайман,
Излегим келип сол қызды,
Ҳарь нарсени ойлайман,
Досларымменен ойластым,
Бразларыменен сойлестим,
Бразы айтты олардынг:
— Ол кыз ушын ҳалек боп,
Несине онынг барасанг,
Ойлауымша ол нашар,
Аман емес бул кунде,
Бай қолына тускен сонг,
Жлай-жлай бишара,
Қайғыда олип кеткенди.
Жаслығына қарамай,
Қабырғасын соккенди,
Қадесиз клып тағдирдинг,
Журегине тепкенди,
Жарамаса жумысқа,
Қзыл қанын токкенди,
Аман емес ол қзынг,
Излеме жора ҳалек боп,

Енгбегинг куйер қияда,
Қаларсанг сойтип далада,
Олерсенг кеуип салада,
Излеме жора ол кызды,
Деп бреуи айтады.
Бунынг айтқан созлери,
Унамады, жақпады;
Қолымнан кеткен жетим қыз,
Ядымнан сра шықпады.
Екинши достым ол айтты,
Аз ғана емес, коп айтты:
— Излесенг жора озинг бил,
Қолдан кеткен жетим қыз,
Манисин билсенг кзыл гул,
Заманы келсе пақырдынг,
Сайрап турар жас булбил,
Сорастыр, жора сорастыр!
Три болса бишара,
Ырза болар озинге,
Мири қанар пақырдынг,
Айтқан арнап созинге,
Қайғыда журсенг блемен,
Себеби жора сол қызды,
Жан ауырар жерине,
Калғаннан сонг ол қзынг,
Залым байдынг қолында,
Тақатынг сра болмады,
Жалғызбан деме жоражан,
Ерейин мен изинге;
Қдырайық екеумиз
Қолдан кеткен жетимди,
Три болса трисин,
Оли болса олисин,

Козимиз бенен корейик.
Олген болса ол пақыр,
Хаққына дуа етейик,
Екеулеп излеп жоражан,
Қздынг турған жерине,
Саррас журип кетейик,
Асқар таулар келсе-де,
Ушан тенгиз келсе-де,
Иркилместен отейик.
Хабарын билсек ол қздынг,
Шаршамайық узақ деп,
Жаныл турған от болса,
Тағынбайық дозақ деп,
Три корсек пақырды,
Енгбектинг шын кайтқаны,
Орынланғаны қалдықсыз,
Баяғыда айтқаны,
Три болса бишара,
Ырза болар бизлерге,
Ырзаман деп ози айтар,
Излеп келген бизлерге,
Кетейик жора кетейик,
Қонсақтағы дузлерге,—
Деп айтқанда достымнынг,
Қушақладым мойнынан,
Мирим қанды еситип,
Ойлаған онынг ойынан,
Айландым деп ақлынгнан,
Тағы суйдим аузынан,
Айтқанынг ырас жан достым,
Берекет тап сол ушын,
Етер болсанг хызмет,
Бир ғана емес жоражан,

Жузь мартебе рахмет,
Қайыл қлып жегимли,
Тигизсенг маған даремет,
Достым мынг рахмет.—
Дедимдағы достыма,
Енди анық исендим.
Уаделестик екеумиз,
Кетер кунди белгилеп,
Журер болдық тотелеп,
Тағы қайта ойластық,
Азғана емес кобирек,
Бирнеше кунлер кенгестик.
Етиклерди жамадық,
Азықларды тақладық,
Бас қосқан досларым,
Еки қаза қаладық,
Оған шбын қондырмай!
Қадирли етип сақладық,
Бар нарсени аз кунде,
Тақластырып болған сонг,
Колге салған қазаны.
Кейинде бала-шағаны,
Қалғанларға тапсырдык.
— Аман болсақ келермиз,
Тез арада айналып,
Излеп журменг бизлерди,
Келмей қалсақ қиналып —
Деп оларға коп айтып.
Кетеримизди билген сонг,
Мойнымыздан қушақлап,
Алған саудик ярымыз,
Қушақлайды ағалар,
Улымыз бенен қзымыз,

Дауысына олардынг,
Жасқа толды-ау козимиз,
Кеталмадық сол куни,
Аул менен хошласын,
Ертенгине азанда,
Тустик уллы сапарға,
Ҳешким иркиниш етпеди,
Жазымсыз жерге тоқтарға,
Уйреншикли мен сорлы,
Қобызымды тасламай,
Алып журдим арқалап,
Қасымдағы жолдасым,
Арқалады азықты,
Жетим ушын екеумиз,
Кордим бундай жазықты,
Ара-тура екеумиз,
Унди қосып майданда,
Айтамыз мунглы қосықты.
Арман жолға шыққан сонг,
Қушақласып қайтадан,
Беккемледик дослықты,
Арамыздан аразлық,
Жоқ қылдық тағы қаслықты,
Жол тарттық енди екеумиз,
Узақ қия шоллерге,
Назеримиз туспеди,
Жалтыраган қоллерге,
Жеталмадық жуықта,
Атағы шыққан еллерге,
Ушқан кус бизге еристи,
Сол журисте бизлерге.
Шангқай тусге қсынып,
Тер тогилди козлерге,

Сол далада екеумиз.
Келемиз мна созлерге:
— Кулки болмай душпанға,
Тапқаймыз ол жетимди,
Ишимиз толмай пушманға,
Жеткеймиз онынг жерине,
Корсек оны козбенен,
Арьманымыз сра жоқ,
Сыртқа қарап тебеди,
Шоль устине шоль болып,
Ол-да жбин жебеди,
Алартады козингди,
Қубартады жузингди,
Сү-да жаман ашлықтан.
Ашлық жаман суынгнан,
Екеуи-де жоқ болса,
Кетеди куат бойынгнан,
Енди бизлер ой таптық,
Кундиз уйқлап жатамыз,
Салқынменен сауирлеп.
Аяусыз аяқ басамыз,
Салқынменен жол журдик,
Азғана емес мол журдик,
Қарангғылар болса-да,
Адаспай жол табамыз,
Қабаққа қуйған аз кем су,
Ушинши кунде тауыстык,
Қақбашымыз молдирлик,
Жеуге оны қорқамыз,
Сонынг ушын жол журип.
Аш-та болып барамыз,
Олеримиздинг кушинен,
Бир жанкадан кақбашты,

Танглайымызға басамыз.
Тойдырып болып тимақты,
Алға қадем басамыз,
Торть күн болды биз елден,
Сапар тартып шыққалы,
Соннан берли жгитлер,
Су қарасын кормедик,
Мииримиз қаныып ҳазь етип,
Бир уртлам су ишпедик.
Бундай қенг шоллерде
Енди абден шолледик.
Танг сазгерип атқанда,
Коринди бизге жарқырап.
Амударья сулары,
Қара тауга жакынлап,
Жеттик Хожа колине,
Сонда кордик суды биз,
Енди олдик дегенде,
Қасына судынг келгенсонг,
Баяғыдай қуандық,
Туске деин дем алып,
Артықша суға шомылдық,
Тустен кеин кешлетип,
Тағы жолды баспаға,
Котердик биз кеулди,
Дарьядай болып таспаға,
Қолайландық сол уақта,
Қара таудан аспаға,
Сол уақлары болғанда,
Кун-де батып баратыр.
Намазлыгер уақ отип,
Намазшам жақын киятыр,
Суға тойдық қайтадан,

Қабағымызды қолға алып,
Толтырдық суга жангадан,
Қутылдық сонда қуанып,
Шоль деген жазадан.
Марьдана болып марданглап,
Тойып алдық кақбашқа,
Колға алып таяқты,
Қиялап басып аяқты,
Ормеледик басына,
Кара таудай таулардынг,
Қасқарайған маҳальде,
Шықтық онынг устине,
Аяқ соқпақ жолменен,
Тунде журип келемиз,
Адыр-будыр кок таслар,
Аяғымызды қағады,
Таслар қаққан жеринен,
Қзыл қанлар шғады,
Аяққа киген гоне етик.
Табаны тусти тас қағып,
Жалбырады ултаны,
Касымдағы ол жгит,
Жгитлердинг султаны,
Шешип алды етигин,
Жаланг аяқ болды-да.
Арқасына арқалап,
Алдыма тусти арбанглап,
Мен-де шешип етикти,
Арқаладым тырмышлап,
Аяғымды сонда тас,
Киятыр барьҳа жырғышлап,
Небир таслар батады,
Табанымызды айғышлап,

Сол маҳаллер болғанда,
Уркердинг шықты жулдызы,
Жмынгласып ҳаммеси,
Коринди ҳауа қундызы,
Жақты тусти азғана,
Турғандай-ақ ҳурь кзы,
Бир унггирге тускенде,
Арқа жақтан ақырған,
Тынбай барьҳа улыған,
Жаман сеслер еситилди;
Қулақты турип тынгласақ,
Шыннан қасқыр екени,
Сол уақлары блинди,
Бурыннан малим бизлерге,
Урсангдағы порсықтай,
Таяқларынг отпейди,
Болмаса қолда мылтығынг,
Оған дадынг жетпейди.
Сонынг ушын жгитлер,
Жаман қорқып алақлап,
Дарьман кетти бойлардан,
Қол аяқлар садырап,
Жғыламыз ҳарь уақыт,
Кара тасты қушақдап,
Козимизден жас ақты,
Жангбыр қусап буршақлап,
Баратырмыз жуырып,
Бир қуысқа жеткенше
Жанымыз қалмай асығып,
Жан-жағымызға қаранглап,
Бул қуысқа жеткенде,
Басқа пана еткенде,
Келе қалды ушь қасқыр,

Қутырғанлай жаланглап,
Бизлерди корип қасқырлар,
Шонгқайысып улыды,
Оннан басқа сол уақыт,
Онлаған қасқыр жиылды,
Жиылып алып ҳаммеси,
Таудынг устин тырнады,
Домалаған тасларды,
Табанына жинады,
Тасты сойтип ҳарь жақтан,
Жанымызды қинады,
Сол уақлары қасқырлар,
Жақынлады қасымызға,
Атқан оқтай ҳарбир тас,
Келеди тиип басымызға,
Жейтуғын болды қасқырлар,
Раҳим етпей ол сурлар
Козден аққан жасымызға,
Бизлер-де қарап қалмадық.
Қарастырып қасымызды,
Онг қолымызға тас алдық,
Пана қлып ой-жарды,
Бурынғы жерден тайсалдық,
Қолымыздағы таспенен,
Урдық гозлеп қасқырды,
Ылақтырған тасымыз,
Ҳешбир зая болмады,
Барып тиди қасқырға.
Ажел оқ болып жабысты,
Қамаған қара басқырға,
Бирден урған тасымыз,
Буйирине тиипти,
Тиген тасқа шдамай,

Иши жанып куйипти,
Шалқасынан бир қасқыр,
Аузын ашып олипти,
Енди бизлер тынбастан,
Ылақтыра бердик тасларды,
Ылақтырған тасымыз,
Кағып турды басларды,
Анталаған қасқырлар,
Бизлер беттен басылды,
Тастан олген олиги,
Бир-брине қосылды,
Жейди деуге бизлерди,
Окпелери осылды,
Манглайлары жарылып,
Кзыл қаны жосылды,
Тиген тасқа денеси,
Азымшыл емес ысылды,
Қашарына жай таппай,
Касқырлар жаман қсылды,
Коз жберип қарасақ,
Бзинг атқан тасымыз,
Манглайларын қақ жарып,
Алты қасқыр олипти,
Озимизге қарасақ,
Қасқырдынг атқан таслары,
Шекемизге тиипти
Зардабынан солардынг,
Қабырғамыз исипти,
Тула бойымыз зил болып,
Бойға қанлар қатыпты,
Қасқырдынг атқан таслары,
Денеге жаман батыпты,
Сау басымызды саудаға,

Усылай етип шатыпты,.
Тунименен уйкламай,
Қабағымыз қатыпты,
Дорбадағы қақбашты,
Оны-да шанг басыпты,
Қасымыздағы қасқырлар,
Батқанда тегис жулдызлар,
Тангнынг атар алдында,
Таралы жайлы-жайына,
Турып бизлер сол уақыт,
Таяқтан олген қасқырдынг,
Бардық жетип қасына,
Барсақ онынг қасына,
Козлери шғып далаға,
Беккем жайып қушақты,
Шалқасына жатыпты,
Терисин алуға трыстық,
Қолға алып пшақты,
Аударып ҳамь тонгкерип,
Терисин алдық қасқырдынг,
Сойерде турып аз ғана,
Кунге жайып кептирдик,
Қасқырлардынг терисин,
Сабақ алып қолымызға,
Шақлап кесип шаққылап,
Бурип алдық аяққа,
Талайман деген қасқырдынг,
Озин бизлер олтирип,
Шаштық қанын қияға,
Жазасын бердик усылайша,
Жеймен деген шунаққа,
Калдырдық гошин далада,
Қайтып келер конаққа,

Кабақтағы суды ишип,
Тойып алдық қақбашка,
Журип кеттик жолменен,
Киятырмыз тез журип,
Тез журсек-те иркилмей,
Аякты кия басалмай,
Харып талдық жгитлер,
Қара таудан асалмай.
Бир уақлары болғанда,
Таудан тустик томенге,
Киятырмыз тек журип,
Тағыда буннан орлеуге,
Арқамызда аркалаулы,
Ушь қаскырдынг териси,
Томен тустик бир уақта,
Қарап едик коз салып,
Қалынг қамыс коринди,
Атирапында аул жок,
Кенг майданлык жер екен,
Оннан-да отип барамыз,
Бул жерлерден откенде,
Кол жағасы қамыслық,
Сол жерлерге жеткенде,
Бир шопанға жолықтық,
Аманластық користик,
Аз ғана емес, браз уақ,
Отырып бирге сойлестик,
Создинг басын қурадық,
Мушкил кунге жарадық,
Ереке байдынг ауылын,
Бул шопаннан сорадық,
Жетимди айтып тағыда,
Оксип, оксип жладық.

Сол үақлары ол шопан,
Бетимизге қарады.
Хал-жағдайды анықлап,
Қайтадан ол сорады,
— Онлай болса ағалар,
Ереке байдынг ауылын,
Блемен анық ағалар.
Не жумысынгыз бар еди?
Қапа шеккен усайсыз,
Ереке байдынг ауылы,
Бир майдан жол журсенгиз,
Коринеди алыстан,
Биик қумла жайлауы,—
Деп сол қойшы сонерден,
Зорлық қылған зулымға,
Силтеди бизди анықлап.
Енди абден куандық,
Блип алдық ол байдынг,
Қайерлерде турғанын,
Басқа жаққа кошеалмай,
Дингкесининг қурғанын,
Тағы аз ғана жол журдик
Аз ғана емес мол журдик,
Коринди байдынг ауылы,
Мнарланып алыстан,
Жакынлағанда аулға,
Отырып ғана дем алдық,
Аулға туры бармадық,
Коринбедик ҳешкимге,
Жата бердик сойерде,
Кун ауып песин болғанда
Қайғыменен қан жутқан,
Гунгиренген сес шықты,

Еситкей деп бул сести,
Ериксиз козден жас шықты,
Қулақ салып тынгласақ,
Бунынг мүнгин тынгласақ,
Байқастырып қарасақ
Деп келеди ол бир сес,
Зейин қойып байқасақ,
Аҳ қудайым, қудайым,
Атадан мени айырдынг,
Анадан мени айырдынг,
Қанатымнан қайырдынг,
Ата-анамнан айрылып,
Жолда жалғыз қалғанда,
Еки козим аланглап,
Арба жолда турғанда,
Кетуге кози қимаған,
Жлама деп шрағым,
Манглайымнан сипаган,
Жиен атлы ағамнан,
Айырды оннан қудайым,
Жеткенде жасым он ушке,
Дарть устине дарть қостық,
Ереке байдынг баласы,
Тартып алды мен сорды,
Қайырхом ағам қолынан,
Айырдынг қудай айырдынг,
Хаммесинен айырып,
Қанатынан кайырып,
Енди неғып қойыпсанг,
Алмай менинг жанымды,
Токпей кзыл қанымды?
Қойыпсанг неге қудайым.
Хаммесинен айырдынг,

Болмас еди арьманым,
Корсетии алсанг козиме,
Қайырхом болған ағамды!—
Деген зарлы сеслерди,
Еситкенде анықлап,
Кайғылы онынг сестине,
Туралмадық биз шдап,
Алдына шықтық астелеп,
Корди ол қыз бизлерли,
Коргенменен бизлерди,
Танымады анықлап,
Анг-танг қалып қарады.
Козининг жасы моншақлап,
Қанлы жас толған козине,
Бизлер булдыр кориндик,
Сонынг ушын бүл пақыр,
Танымады жуыкта,
Қарай берди алақлап,
Сол уаклары шдамай,
Жуырып бардым қасына,
Қасына барып қарасам,
Сарғайыпты жузлери,
Қанлы жасқа қарайып,
Толған екен козлери,
Қолынан услап турдым-да:
— Ауел елден шыққанда,
Атанг олип қалғанда,
Ананг жолда олгенде,
Кейнингнен жетип қарағым,
Қайырхом болған ким еди?
Жлама деп шрағым,
Насият берген ким еди?
Кейнине ертип еки гул,

Тапканын берген ким еди?
Атанг менен анангнынг,
Басына барып шрағым —
Белги салған ким еди?
Адам олип атқанда,
Бразлар аунап жатқанда,
Киырлы кия шоллерден,
Шоллетпей сени откерген,
Аҳ қарағым ким еди?
Оннан бери откенде,
Бир бай кошке жеткенде,
Нан сорарға барғанда,
Таяқ жеген ким еди?
Ерки кетип басынан,
Ҳайран болған ким еди?
Байға куши жетеалмай,
Уайран болғап ким еди?
Бай баласы бассынып,
Қайга-қайта урғанда,
Таяқ жеген ким еди?
Сарғайтып еди жузингди,
Жас қылмайын деп козингди,
Бер дегенде Ереке,
Қарағым бермей озингди,
Тартыста қалған ким еди?
Он ушь жасар уағынгда,
Мени сеннен айырып,
Сени меннен айырып,
Қанатымызды қайырып,
Аямай урып басларға,
Қула дузде млйырып,
Азап бергсн ким еди?
Есимди менинг талдырып,

Таяққа басты жардырып,
Сен секилли жетимди,
Шырқыратып қолымнан,
Алып кеткен ким еди?
Блесенг-бе қарағым
Билмейсенг-бе қарағым?!
Билмейсенг-бе шрағым?!
Дегенимде ол пақыр,
Не болғанын билмеди,
Сен единг аға дерине,
Гурмелип тли келмеди,
Ауып қалды еслери,
Ҳещбир таҳат етпеди,
Мойынымнан қушақлап,
Коздинг жасын моншақлап,
Узынына қулады.
Мен-де оны қушақлап,
Коздинг жасын тимадым,
Коргенде излеп келгенди,
Қанама ҳешбир симадым,
Мен-де оны қушақлап.
Не боғанымды билмедим,
Қасымдағы жолдасым,
Басымызды суйеди,
Бир уақлары болғанда,
Қолымнан кеткен жетимим,
Есин жиды елеулеп,
Есин жиып болған сонг,
Бетиме менинг қарады,
Ыраспа аға, тусим бе, деп,
Мойнымнан тағы қушақлап,
Касымдағы жолдасым,
Сүртип коздинг жасларын,

Сипап қыздынг басларын,
— Аҳ шрағым, шрағым,
Қолымыздан кеткели,
Тримединг карағым,
Сен кеткели бизлердинг,
Ишкенимиз заҳарь болды,
Сени ойлап қарағым,
Кақырығымыз қан болды,
Алле қайда журь екен
Алле қайда зарь екен?
Деп сени қарағым,
Три емес- деп едим,
Сондадағы қарағым,
Жиен менен екеуимиз,
Излемеге кристик,
Шықтық бизлер шрағым,
Мунгайтпас деген атаудан,
Арқаланып азықды,
Қамыс қос деген отаудан,
Арқаланып азықды,
Астық биик ол таудан,
Жолға шғып шрағым,
Кордик талай азапты.
Кореалмадық коллерди,
Кореалмадық еллерди,
Ауқатымызға қақбаш жеп,
Астық браз жерлерди,
Енди олдик дегенде,
Жеттик Хожа колине,
Хожа колге келген сонг,
Суға қандық ҳазь етип,
Жатып сонда дем алдық,
Қара таудан асуды,

Сонда жатып ойладық,
Сонынгменен қарағым,
Кун батар батпаста,
Арқаланып арсанглап,
Ормеледик сол тауға,
Шғып едик бул тауға,
Адамды талап жейтуғын,
Қасқырлары мол екен,
Қас қарайған уақытта,
Шулап бизди қамады,
Кеулдеги қайғыға,
Тағы қайғы жамады,
Олместинг еттик ҳилесин,
Камап келген қасқырдынг,
Бразларын сол жерде,
Таспенен урып олтирдик,
Қонин жайып далада,
Манисине келтирдик,
Кунге жайып терисин,
Шыжлаған кунге кептирдик,
Шарық қлып аяққа,
Оны тағы биз бурдик,
Аман-есен қарағым,
Таудан астық тарығып,
Томенге тустик тағыда,
Қанлар жутып зарығып,
Хабарынгды қарағым,
Бир шопаннан сорадық,
Сонынгменен карағым,
Сени излеп биз келдик,
Алдымыздан дус келдинг,
Мнау аулға баралмай,
Жар жағалап жургенде,

Келди сенинг зарларынг,
Халлас еткен дауысынг,
Аҳ қарағым, қарағым,
Қайсы брин айтайын!
Соннан бери зар болған,
Қиын қыстау жерлерде,
Манглайынгнан сипаған,
Қосылдынг бугин ағанга,
Коз айдын шрағым, коз айдын!
Ахыры болғай бул истинг,
Коз айдын енди қарындас,
Куткенинге қосылдынг,
Коз айдын мунглы бас,
Қарағым енди жлама,
Козингнинг жасын булама,
Беккем байла белингди,
Деген уакта ол қыз-да,
Ушып турды орнынан.
— Ғамхорымнынг ғамхоры,
Излеп келген ағамнынг,
Жардемшисимединг деп,
Қушақлады мойнынан,
Қосылып тағы жыластық,
Мен-де айттым ол қызға,
Корген хорлык азапты,
Басты қосып ҳаммемиз,
Белди беккем байладық,
Жаксы ойды ойладық,
Бриккен сонг ушеуимиз,
Қайта-қайта ойластык,
Хешкимлерге коринбей,
Қашар болдық тунменен,
Сонда турып қыз айтты:

— Жаяу қашып ағалар,
Баралмаймыз ҳеш жерге,
Қашқанменен биз жаяу,
Услап алар душпанлар,
Кмимизди олтирер,
Кмимизди трилей,
Услап алып ксенлеп,
Бенде қлар ағалар,
Сонынг ушын ағалар,
Жанымды отқа жағайын,
Белимди беккем байлайын.
Байдынг уйир жылқысын,
Тунименен жайлайын,
Жеткермейди қуғанға,
Қуып жетер қашқанға,
Дал бедеуден ағалар,
Терлик салып тербетип,
Ушеумизге ушь атты,
Туни менен сазлайын,
Ойткени ағалар,
Жылқы баққан жылқыман,
Таныс еди озиме,
Ауел баста ағалар,
Коринип еди козиме,
Сонынг ушын ол енди,
Ушь ат сазлап алуға,
Коп жардемлер береди.
Дегенинде бизлер-де,
Ондай болса шрағым,
Болады деп мнайымға,
Биз таярмыз сен ушын,
Басты тиктик олимге,
Деп уаде берип екеумиз,

Қалдық қалынг тоғайда,
Кешке жақын бизлерге,
Шопшек терген кси боп,
Коп тамақлар жеткерди,
Тойдырды бизди тамаққа,
Исимизди птирди,
Жата бердик бизлер-де,
Қыздынг тлеп тлегин,
Байқадық сонда серледик,
Жаудан қайтпас журегин.
Азамат екен қарындас,
Биз қусаған мунглы мен,
Байланысы мол екен,
Билдик тағы тлегин,
Тлеги мол болған сонг,
Жетирипти керегин,
Кун кзарып батқанда,
Аул аймақ тырс етпей,
Шырт уйқыда жатқанда.
Ушь бедеуди жетелеп,
Келди жетип қасымызға,
Қасында бар бир жгит,
Келбетлери келискен,
Жылқыман дегени-де.
Мнайымнынг сол екен,
Саспайды сондай кунлерде.
Ер жгит екен марть екен,
Қушақласып кoристи,
Олдағы ҳамь бизбенен,
Жолларынг болсын кетсенг! — деп
Жуап берди сойерден,
Сол уақлары биздағы,
Таярландық қайтуға,

Коз жберип қарасақ,
Мнайым атлы жетим қыз,
Киипти жақсы киимди,
Қолға алып жарақты,
Белине беккем илипти,
Откен қайғы ошлерин
Душпанынан алыпты, —
Усы болсын уаде!—деп,
Бизлерге берди еки атты,
Жолдасынгыз болғай деп,
Дослар кулип удайы,
Душпаннынг гули солғай деп,
Мнип алдық торы атқа,
Қатарласып жол тарттық,
Душпанынан ошь алдық,
Жетим қыз жетти муратқа,

## КУНХОЖА

(1799-1880)

Кунхожа Жиемурат—XIX асирдеги белгили кушли қарақалпақ шаиры. Омири жоқшылықпенен откен. Шаирдынг "Шопанлар", "Орақшылар", "Ақ қамыс" ҳамь т. б. шғармаларында Хиуа ханлығынынг қоластында езилген халқтынг ауыр турмысы шеберлик пенен баянланады. Онынг "Умытпаспан", "Туйе екенсенг", "Елменен", "Менинг балам", "Бай баласы" кусаған қосықлары классլық қарама қарсылықты суретлей келип, устем езуши классты ашкаралайды. Сияси, жамиетлик лирика шаирдынг поэзиясынынг тикарғы жанры.

Кунхожа шын манисиндеги халық шаиры.

**Жайлауым**

Ата журты Туркстаннан келгели
Ата-бабам қоныс басқан жайлауым.
Анадан туғалы, есим билгели,
Ойнап қатар оскен қалынг жайлауым,

Кол бойына байыр етип турақлы,
Мен кетермен арьманменен жрақлы,
Камыс орып, алтау-жетеу орақлы,
Терис тобе, Узын қайыр жайлауым.

Олим хабарынан келмегей саза,
Енди айтайын созди аманлық таза,
Ержан атау менен шғысы Ырза,
Тенгизлерде макан еткен жайлауым,

Балық аулау Тоқтас, Мантик бойынан,
Балық шаншып жазда журген ойынан,
Шаншып жайлап журип жайын мойнынан
Ата бабам макан еткен жайлауым,

Абдимурат молла Ибрайымменен,
Жане қапталымда Измурат геренг,
Қтай, қунграт ҳамь-де қалынг елменен,
Ата-бабам макан еткен жайлауым,

Жайлауым Жалайыр копир ҳамь богет,
Су келер-ме деген бизде бар умит,
Шақақ урар ахыр бир кун қыз жгит,
Арьманменен қайғыда оскен жайлауым.

Кызларменен суҳбат етип билгенше,
Дослық миҳрибанлық етип олгенше,
Сен ары тур, сен бери тур дегенше,
Арьман менен арзу оскен жайлауым.

Бекпан шағыл жанга судынг бойлары.
Шарқырауық муйтен богет бойлары,
Жайылған байлардынг сансыз қойлары,
Козиме тотия туғаи жайлауым.

Кол жаға Айырша, Тербенбес тенгиз,
Асресе, Айыршада оскенбиз,
Бриккенде кокейлерин кескенбиз,
Арьман блен айра тускен жайлауым,

Дартим қозғалады айтқанда сени,
Арзу-арьманменен куйдирме мени,
Сау болса ахыры адамнынг дени,
Саубет қурар бирге оскен жайлауым,

Бул дүньянынг шар тарепин саир еттим,
Минети, улфети, азапты куттим,
Бул азаптан ойлангызлар не еттим,
Арьманменен саугиликли жайлауым,

Бес токсан муйтеннинг ата-бабасы.
Аны туған миҳрибаны анасы,
Ойнап-осип жалшымаған баласы,
Устингде олар да оскен жайлауым.

Бир нешшени мақсетине жеттирип,
Бир нешшени қайғы қапа еттирип,

Бир нешшелер азап-ахырет корип,
Мажнун кби арьманда откен жайлауым

Орақшылар

Полат орағы қолында,
Журген талаптынг жолында,
Атыздынг онгы-солында,
Кун-туни журь орақшылар.

Иининде кунлик шапаны,
Пақалға тырналып саны,
Барқулла киналып жаны,
Атызда журь орақшылар.

Беллери еки бугилип,
Оннан-да бетер иилип,
Козинен жасы тогилип,
Зар жлап журь орақшылар.

Туған жерлерин сағынып,
Қайғыдан ҳайкел тағынып,
Хал сорасқанға шағынып,
Қайғыда журь орақшылар.

Оскен жерине жете алмай,
Жумысты таслап кете алмай,
Асқар қумлардан оте алмай,
Қайғыда журь орақшылар.

Тапқаны жетпей тиынға,
Иси айналып қиынға,
Келе алмай тойға-жиынға,

Зар жлап журь орақшылар.
Коп ислейди, аз алады,
Тангы жаны қиналады,
Жипсиз кби байланады,
Азапта журь орақшылар.

Не қылсын олар қиналмай,
Жумыс қлады бир тынбай,
Аул елине қайталмай,
Журген анау орақшылар.

Қарасанг жузлери сары,
Орғанлары пискен тары,
Бул captions ислерге келип ары,
Журген мнау орақшылар.

Аулға аман қайтқайсыз.
Балларынгды куантқайсыз,
Душпанларды мунгайтқайсыз,
Хош аман бол орақшылар.

Шопанлар

Сарылып куни-туни қойдынг изинде,
Қан қалмай сарғайып кзыл жузинде,
Қанлы жас қапланып еки козине,
Қула дузде журген мна шопанлар.

Ииниинде жумыры сарғайған торға,
Меслерин арқалап, қозғалып зорға,
Тослери қайқайып, шға алмай қырға,
Асқар қумды аралаған шопанлар.

Шарықтан шырмалып еки аяғы,
Аур болып талдан кескен таяғы,
Аур созге ҳамь сарсылып қулағы,
Қула дузде қайғыда журь шопанлар.

Устинде шапаны битлери ағып,
Қанын сорып, арқасына от жағып,
Ткен крип, аяғынан қан ағып,
Етиксиз тоғайда журген шопанлар.

Кмининг арқасын таяқлар тилген,
Бразынынг қолы отларға куйген,
Жасы жетпей қыпша бели бугилген,
Сансыз қой кейнинде журген шопанлар.

Ата-аналары олип жасынан,
Таз болып, торағы ағып басынан,
Кзыл қум сел болып коздинг жасынан,
Жай табалмай журген мнау шопанлар.

Аш болса кейнине ермей итлери,
Тарыққанда тарғыл болып бетлери,
Қус туткендей тилким тилким етлери,
Азаптан шға алмай журген шопанлар.

Жетим қалып шарға болған бойлары,
Артық ҳаммелерден ақыл-ойлары,
Қайысып бaққаны байдынг қойлары,
Бир ылаққа ушь жыл журген шопанлар.

Қайнаған ыссыда қумларды басып,
Аланглап козлери ақылдан сасып,
Қойы жайылғанда арқасын қасып,

Куни ушын журген ғарип шопанлар.

Беллери бугилип, козлери тнып,
Жаталмай дем алып бир майдан жлып,
Топыраққа былғанып, терлери ағып,
Тосексиз далада жатқан шопанлар.

Умытпаспан

Омиримде бир ис кордим,
Буны ҳешуақ умытпаспан.
Жанга едим ҳамь гонердим,
Оны ҳешбир умытпаспан.

Хиуа ханнан адам келди,
Шулатып ҳамь барлық елди,
Кайыстырды мықлы белди,
Буны ҳешбир умытпаспан.

Айдады бизди Хиуаға,
Қоймай бир заман сауаға,
Дартьлер салды дауаға,
Буны ҳешуақ умытпаспан.

Қайыққа миндик дарғада,
Коп ойландық ол жағада,
Жласты ини, аға-да,
Буны ҳешуақ умытпаспан.

Дарғадан оттик ар жаққа,
Интизар болдық бержакқа,
Журесенг деди сол жаққа,
Онызағы умытпаспан.

Бес-алты бақсы қуралды,
Бул истинг жони соралды,
Кеул ҳарь иске таралды,
Омиримше умытпаспан.

Коз жас тогилип далаға,
Қарамай бала-шағаға,
Келдик атақлы қалаға
Буны ҳешбир умытпаспан.
Ушь ағаш тур кенг майданда,
Орынласып кзыл қанға,
Киылып ҳамь шбын жанда,
Турғанларын умытпаспан.

Бул дар еди коринген,
Коп адамлар илдирилген,
Табанлары тилдирилген,
Буларды ҳеш умытпаспан.

Адам олген жайып кушақ,
Коздинг жасы моншақ-моншақ,
Қолларында откир пишақ,
Жалладларды умытпаспан.

Кирдик қалаға тез журип,
Анталады итлер урип,
Тахт устинде дауран сурип,
Турған ханды умытпаспан.

Ертенгине ханға бардық,
Жай-жағдайды ҳамь-де айттық,
Етти бизлерге жаманлық,

Буларды ҳеш умытпаспан.

Жиылыпты гуллан бақсы,
Кми жаман, кми жақсы,
Жасауыллар болып сақшы,
Снады сонда бизлерди.

Хамь-де дауысы шыққанлары,
Жақсы болса айтқанлары,
Босанг ҳамь-де шаққанлары
Деп снады Хиуа ханы.

Сонгғы куни келди гезек,
Жаз кунлерим болды гузек,
Болдым сонда жетим гожек,
Ақ бетимнинг қашты қаны.
Шерттим дутар, айттым қосық,
Кеуилимде қайнап қосық,
Табылмады ҳешбир дослық,
Кобейди коптинг душпаны.

Бақсыларға байрақ берди,
Жаксыларды жаман корди,
Лапкой деп шауқым котерди,
Мен оларға ҳеш жақпадым.

Акелди алдыма туйе,
Жағылды бетиме куйе,
Олимтикке болдым ие,
Буны ҳешбир умытпаспан.

Хиуа ханы келди қасыма,
Салды заулимди басыма,

Қарамай аққан жасыма,
Аққан терди тынгламады.

Қотыр туйе байрақ алдым,
Басқасынан қуры қалдым,
Умытпаска ойға салдым,
Омирликке тамға етип.

Менинг арым келди оған,
Келеалмадым тамыр туған,
Бизди буған несип кылған
Умытпаспан олгенимше.

Мен ойладым сол уакытта,
Хан ақылсыз деп тахтта,
Озь исиме болып пухта,
Қупиялап қосық айттым.

Хиуада алған сиым сол,
Аулға қарап тарттым жол,
Байланды абден еки кол,
Бул хорлықты умытпаспан.

Қайтып Хиуаға келмеспен
Созь айтты сра демеспен,
Озь еркимди ҳеш бермеспен,
Хорлықларын умытпаспан.

Хорлығы отти озиме,
Жаслар толтырды козиме,
Қалғанлар қарап созиме,
Бунидағы умытпаспан.

Түйе екенсенг

Шок дегенде шогермисенг,
Коп жасаған туйе екенсенг,
Тоқтамыстан аррағырақ,
Шынгғыс ханды блермисенг.

Сизге айтаман туйе жора,
Бир козинг кор, арқанг жара,
Прингиздур Ойсылқара,
Оларды ҳамь блермисенг.

Жанлық при Шопан ата,
Малдынг при Зангги баба,
Жылқы при Жылкышы ата,
Оларды ҳамь блермисенг.

Патшалық жол буннан қалған,
Қусты жинап зауал салған,
Жер жузине патша болған,
Сулайманды блермисенг.

Туйе болса малдан озған,
Бура корсенг арқанг қозған,
Шилпе-шилпе козинг тозған,
Барин туйем корермисенг.

Козғалмайсанг тигендей оқ,
Мойнынгызда ажел қурық,
Айтқанымнан хабарынг жоқ,
Бир жуабын берермисенг.

Шылбыр емес, буйданг аур,
Қуртлар жеген қатпа бауыр,
Озинг арық, арканг жауыр,
Туғанынгды блермисенг.

Шынгғыс ханнан беррегирек
Мадеминнен аррағырақ,
Киип откен зер-зер барақ,
Мадреим ханды блермисенг.

Адамзатпенен исинг жоқ,
Иелер сени ксинг жоқ,
Аузынгда жалғыз тсинг жоқ,
Жантақ жеуди блермисенг.

Ойлап-ойлап ойлап турсам,
Шахарге пайтақ жар урсам,
Тобелеп ет қлып сойсам,
Наспай пулы болармысанг.

Патшанынг сенсенг жас малы,
Уқсаған малға дусмалы,
Мадемин ханнынг бас малы,
Жети атасын блермисенг.

Жаҳаннынг келген апаты,
Шанынг берген бизге аты,
Хиуа ханнынг зияпаты,
Жол харажет болармысанг.

Семирсин деп жем берди-ме,
Жем берсе-де кем берди-ме,
Қангтарып-та дем берди-ме,

Буны нарым блермисенг.

Кел дегенде келермисенг,
От жеймен деп журермисенг,
Козинг соқыр сусармысанг
Усы уақытта олермисенг.

Сенде қурап қалған ткеш,
Ат қошшылар буйдасын шеш,
Қара бура, қисық оркеш,
Заманынгда туйе екенсенг,
Оспей, шықпай қалған жунинг,
Ози жасық арық етинг,
Харам олип дузде конинг,
Қалатуғын туйе екенсенг.

Кулки болып ярға, доска,
Шежиредеги қалған нусқа,
Буннан жақсы кеткен босқа,
Коп жасаған туйе екенсенг.

Айры оркеш, келбетинг зор,
Коп жас мнип, қурыпты тор,
Қартайғанда болыпсанг хор,
Заманынгда туйе екенсенг.

Сеннен туған тайлақ болса,
Бул-да берген силық болса,
Толингменен байрақ болса,
Онип-осер туйе екенсенг.

Коп жасаған туйе олжа,
Мақтумқулдай алдынг болжа,

Ауере болған Кунхожа,
Заманынгда туйе екенсенг.

### Елменен

Перзентсиз муминге тил тигизбенглер,
Перзентсиздинг куни кешер зарменен,
Шын ашықтынг тарип етсек мсалын,
Кем ой толар қсылғанда жазбенен.

Бирнешшелер кииип қамқа паршалар,
Алтынменен толтырса-да аршалар,
Халқынгды сораса залым патшалар,
Қассап янглы куни кешер дарменен.

Адамға қаст етип мирими келмес,
Ким жаман, ким жақсы парқыны билмес,
Жласанг-да коздинг жасыны кормес,
Патшанг жаман болса кунинг зарменен.

Уламаға керек дуры сойлемек,
Хақ жолменен шараятын гозлемек,
Халқтынг онгар жағын барьҳа излемек,
Байланысып туйин шешу елменен.

Бир-бреуге туысқанлық берип қол,
Қара тунде сарьдар болып таппақ жол,
Пту ушын удайына онглы, сол,
Ислеу керек барлық жағын елменен.

Аспанға ушарсанг болса қанатынг,
Шад боларсанг шадлы болса елатынг,

Халқынгменен болса тлек-мурадынг,
Омир сурсенг удайына елменен.

Алдынгда жол баслар ағанг ҳамь болса,
Жапқа туры ағар сағанг ҳамь болса,
Ексенг гулинг ғумшаласа, солмаса,
Кеулинг шадланады узақ жылменен.

Опасыз дуньяда ашылған гуллер,
Қапестеги сайрап турған булбиллер
Дуньядағы бағу-ҳарем шаменлер,
Анынг рауиши, корки елменен.

Атқа мнип дангқын кокке жетирген,
Қсымлығын куннен-кунге отирген,
Озине жақсынынг исин птирген,
Олардынг ҳамь куни кешер елменен.

Ғазине толысы алтын ақшанынг,
Хаули-ҳарем жане бағу-бақшанынг,
Халқты сорап турған хан ҳамь патшанынг,
Шалқығаны ғарип-қасер елменен.

Маруерттен салынған ширкеу жайлардынг,
Аспандағы жақты жарық айлардынг,
Малы коп дуньяда мунгсыз байлардынг,
Шалқуына себеп сорлы қулменен.

Адамнынг коркейип адам болмағы,
Адамнынг шалқылап шадлы болмағы,
Адам болып уллы атақ алмағы,
Есигинде уйир-уйир малменен.

Халқтынг халқ болып адам болуы,
Қарангғы тунектинг жарық болуы,
Кокрегининг шадлыкқа толуы,
Талап етсе, ҳужим етсе елменен.

Дуньяға биқарар келгенин билмес,
Я алыс болса-да жургенин билмес,
Узақ жолға журсе олгенин билмес,
Ғошшақ жгит жолдас болса қызбенен.

Арьманынг жоқ бул дуньяға шыққан сонг,
Арьманым коп қайғыға ишим толған сонг,
Хаслынг адамизатсенинг болған сонг,
Уақтынгды откерсенг жақсы ярменен.

Мақтумқул Мағруфи [1], отти дуньядан,
Арьманменен жоллар салып қиядан,
Отелмай богетсиз тенгиз дарьядан,
Омиринше куни отти зарменен.

Мен жларман корип заманнынг турин,
Барьҳа баян етсем созимнинг барин,
Душпанларым сезер созимнинг зарин,
Козим греуленди барьҳа туньменен.

Мен жлап кимлерге налыш етермен,
Бул дуньяда, бул қапесте нетермен,
Арьманменен дауаласып кетермен,
Олгенимше ырзаласып елменен.

Мақтумқул, Мағриптей алдынгды болжа,
Олген сонг аларсанг тлингнен олжа,
Қысқарт енди сорқайнаған Кунхожа,

Хошласып кет олгенингше елменен.

Мағруфи—туркмен халқ шаири.

Қамыс

Жапырағынг сарғышланып,
Коринеди козиме.
Қайғыменен коп қиналып,
Уйғараман озиме.

Жапырағынг жасыл емес,
Сарғайыпты ҳаммеси.
Бойларынгда бир тенг емес,
Қаплапты қайғы немеси.

Коп шоллепсенг, су ишинде,
Батып-шумип турсанг-да.
Қалтырайсанг жел ескенде,
Сонша тамыр урсанг-да.

Тамырынгнынг пайдасы аз,
Беркисбеген ылайга.
Тоқсан тусип болмады жаз,
Биз не кылдык қудайға!

Ескен шамал сени қозғап,
Қайыстырды белингди.
Ушырады ер жетпестен,
Ғумшаланған гулингди.

Козди салып, қарап турсам,
Сарғаймаған жеринг жоқ.

Ислерингди ойға алсам,
Жақтыға шғар кунинг жоқ.

Қара берман қамыс сен-де,
Курама су ишинде.
Сендей болып турман мен-де,
Кок тайғақтынг устинде.

Неге керек

Сайраған булбил болмаса,
Иши ҳауазға толмаса,
Барқулла жайнап турмаса,
Ашылған гул неге керек.

Сарқырап суы ақпаса,
Еккен егинлер қанбаса,
Уақтында тасып тынбаса,
Аққан сулар неге керек.

Узақтан козге туспесе,
Шамалы қатты еспесе,
Тобеси бултқа тимесе,
Асқар таулар неге керек.

Корген нарсесин алмаса,
Патленип қанат қақпаса,
Жоқ жерден ангды таппаса,
Қаршыға қус неге керек.

Қарасын узип кетпесе,
Артықмаш қару етпесе,
Жуйрик қоянға жетпесе,

Қайынг тазы неге керек.

Озалда тосин кермесе,
Танглап жемлер жемесе,
Байрақтан озып келмесе,
Дал бедеулер неге керек.

Беллерин беккем бумаса,
Откен ошлерди кумаса,
Анадан артық тумаса,
Пасық перзент неге керек.

Бойы кун сайын оспесе,
Душпан кокейин кеспесе,
Таймай гуреске туспесе,
Қорқақ палуан неге керек.

Халқтынг арын арламаса,
Бары-жоқты барламаса,
Аш ҳамь тоққа қарамаса,
Ауан басшы неге керек.

Халққа адил болмаса,
Жлағанды жубатпаса,
Халқ татқанды татпаса,
Тахт иеси неге керек.

Еки жақты тенг кормесе,
Дуры адиллик бермесе,
Халқпенен ойнап кулмесе,
Катқудалар неге керек.

Халқ ушын пайда болмаса,

Қорасы малға толмаса,
Дуньянынг жузин шалмаса,
Аса байлық неге керек.

Халққа сози жақпаса,
Дарьядай болып ақпаса,
Елди жаулардан бақпаса,
Қуры батыр неге керек.

Ата-анасын кутпесе,
Айтқанларын ҳамь етпесе,
Ата-анам демесе,
Жаман перзент неге керек.

Кундей кулип жайнамаса,
Булбил болып сайрамаса,
Қуанысып ойнамаса,
Ку омирлер неге керек.

Не болдым

Шықтым дуньяға не кордим,
Жасап дуньяда не болдым,
Қайғы қаплады жер болдым,
Қсым болды шбын жанға.

Жасым жетти, исим питти,
Аз дауран басымнан отти,
Хорлық камалына жетти,
Енди бул уақта не болдым.

Қаранглар менинг жузиме,
Қапа жетисти озиме,

Қулақ қойынглар созиме,
Бурыннан сонгға не болдым.

Тоным дземе жетпеди,
Жламай куним отпеди,
Ойлаған ойым питпеди,
Хазир қартайып не болдым.

Козим тынды греуленип,
Ғаррылық ншаны енип,
Қабырғамды қайғы согип,
Қайғы қаплады не болдым.

Анадан жетим қалыппан,
Қангғырған жетим болыппан,
Аздырды мени коп душпан,
Хорлықта ҳазир не болдым.
Бағларда журдим сайрадым,
Харь нарселерди ойладым,
Қайғыда исте қайнадым,
Ахыры халқым не болдым.

Жасым жетпей питти исим,
Нарсе қалмай тусти тсим,
Жоқшылықтан кетти есим,
Шғып дуньяға не болдым.

АЖИНИЯЗ

(1824-1878)

Ажинияз Қосыбай улы хал-аукатлы семьяда туылған. Онынг "Бозатау" қусаған шғармалары озь

заманындағы ири социаллық уақияларға арналған. Бунда шаир 1858-1859-жыллары болған Бозатау котерилисининг басылуынынг акыбетиндеги халқтынг посуын, ат алдында айдалуын, қуллыққа сатылуын, котерилисшилердинг туған жерден айра тусуин кайғылана жырлайды. Ажинияз откен асирдеги озь уақтынынг ири лирик шаиры. Онынг қосықлары формасы жағынан сулу болып келеди.

Бозатау

Кетер болдық, енди бизлер бас алып,
Хош аман бол, бизден қалдынг Бозатау.
Хошласалы қара козге жас алып,
Хош аман бол, бизден қалдынг Бозатау.

Ел ҳамь жерблендур, жер ҳамь ел блен,
Жерсиз елдинг омири дарьбадар блен,
Омир отер журектеги шер блен,
Қадиринг сенинг бизге отти Бозатау.

Жоқ едим, бар болдым, камалға келдим,
Ареби атлар мнип дауранлар сурдим
Нанынгды коп жедим, раҳатинг кордим,
Хош аман бол, бизден қалдынг Бозатау.

Нешше уақ жерингде хамь суҳбет қылдым,
Шады-қуррам болып ойнадым, кулдим,
Душпанлар жабиринен кетермен болдым,
Хош аман бол, бизден қалдынг Бозатау.

Сен бағ единг, булбил ушты, зағ қалды,
Путкил денем жанды, иште дарть қалды,

Қисық Порқан атау сени жау алды,
Басы қутлы, сонгы қашкын Бозатау.

Кимсенинг анасы, кимнинг аммеси,
Кимсенинг ағасы, кимнинг иниси,
Кимсенинг кыз-уғлы, кимнинг синглиси,
Атрек, Гурген, Қажар асты Бозатау.

Кимсенинг қыз, уғлы, арзулы яры,
Кимнинг қасы қара кози қунқары,
Асир болып телмирисип ҳарьсары,
Йығлап ат алдына тусти Бозатау.

Атадан айрылып ғулпақлы уғлан,
Сатылып ҳурь басын айледи ғулам,
Кимлер Ирак кетти, кимлер кетти Шам,
Кимлер Гуржи, Тигран тусти Бозатау.
Қара коз, қыпша бел қыз блен жауан,
Жузлери гул кби, козлери масьтан,
Несип солай болып бардылар Балқан,
Қапелимде сеннен кошти Бозатау.

Кирпиги оқ анынг қашлары каман,
Жузлери қырмызы қуршиди табан,
Лайли, Злиқадай не гоззал жанан,
Асир болып қолға тусти Бозатау,

Саҳарь уақта қырлы дупенг атылды,
Бенде болып тустим, қолым шатылды,
Перидек кыз шоры болып сатылды,
Канизлик басына тусти Базатау.

Қала бузып, туркпен баурым дағлады,

Кимсени дупенглеп, кимди бағлады.
Сенде коп бигуна улы жлады,
Залымлықлар сонда ости Бозатау.

Кимсе қаза тапты, жаннан айрылды,
Кимсе гада болды, малдан айрылды,
Кимсе кози қунқарынан айрылды,
Басына аур ис тусти Бозатау.

Тағдир кимлердики себеп қонграттан.
Бираҳим Сеилқан деген елаттан,
Айра тустинг ашамайлы-қияттан,
Елатсыз, жайлаусыз қалдынг Бозатау.

Ер жгит басына мушкил ис тусти,
Журек баурым ғамнынг отына писти,
Елатынг устингнен серпилип кошти,
Хош аман бол, бизден калдынг Бозатау,

Кози жаслы мен кетермен шарам жок,
Бир озимнен басқа пушту панам жоқ,
Ҳамме кетти, сенде турар адам жоқ,
Хош аман бол, бизден қалдынг Бозатау.

Қала басы болдынгсен молла прим,
Озинг талип илим, кеулингде кринг,
Қонграт балангды алса ол ҳамь озь бринг,
Душпанларға олжа тустинг Бозатау.

Мамбетмурат диуанбеги қул болды,
Жан-иманы, муддааси пул болды,
Ел қарап болмаққа сол себеп болды,
Хош аман бол, бизден қалдынг Бозатау,

Зиуарынг хошласа рқадирингди блип,
Козини жасартып, бағрыны тлип,
Аман болса ҳал сорасар бир келип,
Хош аман бол, бизден қалдынг Бозатау.

### А й р ы л с а

Тулпар деген ябы янглы болмайды,
Таудан қайтпас, дойнағынан айрылса,
Дарть кобейсе, ишингнен дарть қалмайды,
Жер таяныпп қанатынан қайрылса.

Адам улы не ушын ғапыл болмасын,
Қзыл гули ғуншаланып солмасын,
Ақ жузине сарғыш қайғы толмасын,
Ҳалы қиын қанатынан қайрылса.

Бул дуньянынг корки адам баласы,
Адамнынг-да кокке жетер наласы,
Кеулимнинг коп болып қайғы жапасы,
Хош қлықлы суер ярдан айрылса.

Булбил қапесте тур сайрарға тезден,
Шешенлер утылса дурылық созден,
Коргишлер айрылса ол еки козден,
Қиын болар ғапилетте айрылса.

Бул дунья бетердур ойлаған жгит,
Жас улкенге ҳешуақ берменглер согит,
Жақсы-жаман болар ис болса биқут
Анынг парқы адам естен айрылса.

Бул дунья отерлер енди басынгнан,
Қатар яранынгды алып қасынгнан,
Заҳар-заққым етип ишкен асынгнан,
Арьман блен бул дуньядан айрылса.

Елинен айрылған диуана болар,
Ярынан айрылған бигана болар,
Харрелер ушып ҳамь парьмана болар,
Уясы бузылып палдан айрылса.

Алғыр қус хор болар парден айрылса,
Ер жгит хор болар малдан айрылса,
Жасы алпыс ушке шыққан мамалар,
Бахтым қара дейди шалдан айрылса.

Ғош жгиттинг даулети бар басында,
Ҳамь ағасы ҳамь иниси қасында,
Ҳарким озь елинде тенги тусында,
Жгит қадири болмас елден айрылса.

К е р е к

Баҳадыр ғошақ жгитке,
Халққа малим батыр, мартке,
Ислер корсеткен жгитке,
Жанажан қардашы керек.

Жгит шықса узақ жолға,
Жау жарағын алып қолға,
Сермеп қлыш онглы-солға,
Жол баслар сарьдары керек.
Уақтым отти сарьдар деген,

Сауаш болса қардар деген,
Бул гапимнинг парқын билген,
Удайына айту керек.

Согис келтирип атаға,
Исин жберип қатаға,
Аулдағы катқудаға,
Саны жоқ қара пул керек.

Халқ сораған аталыққа,
Исин журитип қаталыққа,
Куш берип онбес салыққа,
Халқты постырған шул керек.

Озини сатып ақшаға,
Адамын комип бақшаға
Халқты сораған патшаға,
Кунде-кунде урыс керек.

Сорлы пухара халққа,
Қол созып барьҳа жарыққа,
Конбей бир неше салыққа,
Жайнап-жаснар заман керек.

Омиринше жарымаған пулға,
Иси баспай барьҳа онгға,
Сорғайнаған сорлы қулға,
Жайнап-жаснар заман керек.

Шад болып дауран суруге,
Паянлы дунья коруге,
Қатар-қурбыменен журуге,
Ажиниязға заман керек.

# БЕРДАҚ

(1827—1900)

Бердақ Қарғабай улы — қарақалпак поэзиясынынг енг уллы ҳамь корнекли шаиры. Онынг коплеген майда лирикалық шғармаларында хамь ири колемли поэмаларында қарақалпақ халқынынг XVIII хамь XIX асирдеги сияси, жамиетлик турмысы кенг орын алған. Ол озининг шғармаларында езилген халқтынг аур турмысын суретлейди, эксптуататорларды (хан, бай, ишан, ақун. молла т. б ) откир созлерименен аяусыз ашкаралайды, халқтынг бахытлы келешегин жырлайды Тарихи темаларға арналған шғармаларында қарақалпақ халқынынг турмысындағы коп ғана социаилық уақияларды дурыс бахалайды. Шаирдынг "Ахмақ патша", "Халқ ушын", "Жақсырақ", "Салық", "Болған емес" хамь т. б. шғармалары қарақалпақ поэзиясынынг маржаны болып есапланады.

Бердақ творчествосынынг колемлилигименен, шғармаларынынг идеялылығы хамь коркемлилигименен қарақалпақ адебиятынынг тарихынан улкен орын иелейди.

## Халқ ушын

Жгит болсанг арысландай туылған,
Хызмет еткил удайына халқ ушын,
Жгит болса арысландай туылған,
Ҳеш қашанда жумыс етпес ози ушын.

Ози ушын етеди ақылға зайыл,
Болып усындай заманға қайыл,
Ел қдырған қдырымпаз сол жаҳыл,
Ҳеш уақытта жумыс етпес халқ ушын.

Ойлан Бердимурат, айтқыл созингди,
Котермейлап етип қуры озингди,
Қзартпағай бреу сенинг жузингди,
Қолдан келсе хызметисле ҳалқ ушын.

Жетерсенг муратқа хызметлер етсенг,
Елатынг силтесе қайрымға кетсенг,
Душпаннынг ҳарьқашан басына жетсенг,
Аямағыл хызметингди халқ ушын.

Жгит болар жгит адам ертеди,
Айтқан созин палдан ширин етеди,
Айтса бир созь ықрарына жетеди,
Соған мегзес хызмет етер халқ ушын.

Залымлар тынгламас муҳминнинг зарын,
Олар ойлар озлерининг онгарын,
Ҳеш уақытта залым қолында барын,—
Жаратпаслар бар болса-да халқ ушын.

Ойлы жгит жақсы, блимпаз келер,
Айтқан гаплеринге тусимпаз келер,
Ақылсыздынг қасиети аз келер,
Ахмақлар ҳеш хызмет етпес халқ ушын.

Ақыллы адам созлер ертпес изине,
Шопь салмас ярынынг ҳаргиз козине,

Бақмас намаҳремнинг ҳасла жузине,
Солар хызмет етер барьҳа халқ ушын.

Хызмет етер адам озин дад етип,
Душпанын мунгайтып достын шад етип,
Кеше-кундиз ата-анасын яд етип,
Хызмет етер ата-ана, халқы ушын.

Жақсы ермес пассықлардынг созине,
Коп берилмес озь басынынг ҳазине,
Ғайрат берип олгенинше озине,
Хызмет етер мудам уллы халқ ушын.

Жақсынынг уйине адам коп келер,
Жаман болса онынг кози жеп келер,
Отириктен "аға"-"аға" — деп келер,
Қасиети болмас онынг халқ ушын.

Пухта етип ислейтуғын исини,
Жинасақ деп елатпенен есини,
Изине ертер барьҳа жасы кшини,
Ахыры озине тенгер халқ ушын.

Бори арығын ҳешуақытта билдирмес,
Жақсы адам душпанларын кулдирмес,
Қолдан келсе оған дауран сурдирмес,
Сол жгиттинг жаны қурбан халқ ушын.

Ақ кеулим, ойлан, асилик етпе,
Менменлик айлеп сен наҳакқа кетпе,
Хасла сырды душпанынга билдиртпе,
Сонда исинг барьжай табар ел ушын.

Адам уғлы бари бирдейин болмас,
Брининг гули солса, бриники солмас,
Жақсы болса, би адеплик ис қылмас,
Жақсы болса хызмет етер халқ ушын.

Ғош жгитке намыс керек, ар керек,
Қадди бойлы, назлы нгар яр керек,
Узақ жолға кетсе, қатар нар керек,
Жақсы жгит хызмет етер халқ ушын.

Сойлейин болажақ ислерди байқап,
Хасла ис етпенглер намақул ойлап,
Коргенлердинг ишин-сыртыны жайлап
Бар тапқанын сарп етерлер халқ ушын

Исингде жгитлер, қамлық болмасын,
Гуншаласа гулинг ҳаргиз солмасын,
Блек кушли болып, қолынг талмасын,
Хызмет исле қолынгызда бар ушын.

Дослықпенен ҳарбир иске тақ турсанг,
Жан аямай ел-журт ушын ис қылсанг,
Қайғыланбай уллы иске кол урсанг,
Сонда менинг кеулим осер халқ ушын.

Жақсы адамнынг аяғына бас урар,
Жаманлар дарғазап етип, тас урар,
Марть жгитлер халқ исине тақ турар,
Сонынгдайлар хызмет етер халқ ушын.

Не яран жгиттинг кеулинде болса,
Барьҳама халқ ушын хызметлер қылса,
Ойланып елинде барьҳа тақ турса,

Аны яран дермен туған халқ ушын.

Ғош жгитке марьдан болса елаты,
Кун-куннен артады онынг куаты,
Изинде қалады жгиттинг аты,
Сонынг ушын хызмет ислер халқ ушын.

Бул заманда жабру-жапа шегермен,
Қара козден қанлы жаслар тогермен,
Залымлардынг зулымын корип согермен,
Куйгенликтен жаным ашыр халқ ушын.

Болмады ҳеш жерде манзил маканым,
Заҳарь-заққым болды ишип-жегеним,
Болмады айтсам-да менинг дегеним,
Кеул жубатаман текте халқ ушын.

Бердимурат, ҳақиқатты излединг,
Мудамы озинг туры гузар гозлединг,
Жауызлардан қорқпай созди созлединг,
Коп пайдасы бардур бунынг халқ ушын.

Қуат бергейдағы назик беллерге,
Мадет бергей таза ашылған гуллерге,
Бахыт келермекен бзинг еллерге?
Олгенше айтарман созди халқ ушын.

Жгитлер, айтайын, тынгланг зарымды,
Мен баян етейин арзы ҳалымды,
Азаппенен алар болды жанымды,
Бердимурат айтар дағын халқ ушын.

Ажел жетип олсем бул кунде озим,

Кейнимде қаларлар тартип боп созим,
Корди бир нешени три-де козим,
Парқын билген хызмет етер ел ушын.

Душпанларды бул заманда зор еттинг,
Сол себепли бизлердейди хор еттинг.
Ишанлардынг бразларын уры еттинг,
Онынг зардаплары зиян халқ ушын.

Мойын бурып, кеулим қапа болмағыл,
Қайғыланып сарғыш тартып солмағыл,
Биадеплик исти ҳасла қылмағыл,
Сонда рауаж табар исинг халқ ушын.

Жаман адам билмес созининг парқын,
Барқулла жаманлап ағайин, халқын.
Котермекши болып озининг дангқын,
Удайына зиян етер халқ ушын,

Жақсы адам созь манисин англайды,
Жаман адам пасық созди тынглайды,
Жаман адам ҳаргиз ақыл алмайды,
Кеулим менинг ойран болар сол ушын.

Жақсы адам жағар ширин жанынга,
Жаман адам бояр қзыл қанынга,
Қол саларлар жане сенинг нанынга,
Жаман адам сондай болар пейли ушын.

Ағалар, болып тур кеулим пара,
Қапылған дуньяда шегермен нала,
Етпе достым, созлеримди ауара,
Мен-де хызмет етер едим халқ ушын.

Аға-беглер, тартса жат журтқа несип,
Душпанлар қуанар кокейинг кесип,
Журер кунлер барма кеуилим осип?
Барлық омирим бағыш менинг халқ ушын.

Жаман жолдас найзасына илдирер,
Жақсы жолдас адамгерлик билдирер,
Душпанды мунгайтып, досты кулдирер,
Солар хызмет етер уллы халқ ушын.

Ағалар, созимди корменглер айып,
Ксини айтпайман сыртынан сайып,
Менде тлегеннинг бри қол жайып,
Менинг кеулим шадланар-ма халқ ушын?

Душпаннан ғаплетте таппадым сауа,
Курғақ созди айтып журменглер ауа,
Жас улкенлерингнен алынглар дуа,
Пайдасы болар-ма ғарип ел ушын?

Бир яратқан бергей маған саадат,
Тағагорме бул жургенде жаман ат,
Тань-де журсе бес алты кун аманат,
Сарп етермен бар кушимди халқ ушын.

Ер жгиттинг ҳаял атын шғарар,
Жаманы гез болса, жгит не қлар,
Жаман жолда жаман срын алдырар,
Олардынг кереги болмас халқ ушын.

Ҳей, кеулим, ойланып хаққа сабыр ет,
Душпанынга қолдан келсе жабир ет,

Қолдан келсе, ишлерине толтыр дарть,
Пайданг тиер сонда сенинг ҳалқ ушын.

Ҳей, яратқан, мурадыма жеткеринг,
Қыснақтан аман-сау бизди откеринг,
Я болмаса қияметти жеткеринг,
Бар кушимди сарп етермен халқ ушын.

Жақсы жгитлердинг пейли тар болмас,
Ар боларда жаман ислер кар болмас,
Биадеплик ислер ядында болмас,
Соннан кеулинг толар ҳарь уақ халқ ушын.

Бердимурат, дурыс айт, сойлеме ялған,
Бул дунья узақ жол, атангнан қалған,
Жақсы журер бул заманда ақыл алған,
Жақсылар хызмет етер халқ ушын.

Апам айтар адамгерлик созлерин,
Малим етпес натурыға излерин,
Корди сонынгдайды мна козлерим,
Ҳарбир исинг маған бугин яд ушын.

Ақыллы адам блер созлердинг парқын,
Хор қылмаслар ондай жгитлер халқын,
Блер ақылменен алыс ҳамь жақын,
Сондай адам ислер барьҳа халқ ушын.

Ойлансам, созь келер изме-из ози,
Ози емес, дузетер адамнынг тези,
Жойылмас жақсынынг айтқан ҳарь сози,
Шад болады кеулим ҳарь уақ сол ушын.

Хақ исин яд етип бул Бердимурат,
Таусип етип, аз емесдур жазды хат,
Айттым бирнеше созь етип насиет,
Онынг парқын ойлағанлар ел ушын.

Шаир едим козим коргенин жаздым,
Кеулимнинг блип, сезгенин жаздым,
Заман қысметинен сарғайдым, аздым,
Болар-ма депжақты кунлер халқ ушын.

Силайман олгенше ғарип анамды,
Қолдан келсе буздырмайман қанамды,
Хурметлеймен мени осирген панамды,
Бар хызметим панам—уллы халқ ушын.

Жақсыны памь айле сойлеген созден,
Жақсы-жаман парқ болмас рентки жузден,
Ишки срын айырып болмайды козден,
Соны снау пайда уллы халқ ушын.

Ғарипке бергейлер узақ жыл омир,
Омир шад болмаса, боларлар комир,
Созлерим маруертдур айтылған ҳарбир,
Жаздым созди озим ушын —халқ ушын,

Атым Бердимурат, мен хақтынг қулы,
Саҳрада сайраған зарлы булбли,
Он гулинен ашылмады бир гули,
Дегенине жете алмады халқ ушын.

Жақсырақ

Ақ будайы турып сули сепкеннен,
Таза салы турып, шгит еккеннен,
Жонсиз қырқ кун қайғы уайым шеккеннен,
Денсаулықта бир кун шадлық жақсырақ.

Дуньяға шыққансонг бахтынг ашылса,
Душпанларынг аяғынга бас урса,
Жау бағынып, еки қолын қаусырса,
Козди алартқаннан, иззет жақсырақ.

Жумыс исле, туылған сонг ел ушын,
Жанынгды аяма елде ер ушын,
Киндиктен қан тамып, туған жер ушын,
Олип кеткенингше хызмет жақсырақ.

Хешуақыт досларынг болмасын ҳайран,
Қолдан келсе салынг душпанға уайран,
Ел-халқынг бир болып, айленгиз сайран.
Туылған жер ушын ҳурмет жақсырақ.

Ғайры бреулерди етип қурдасынг,
Журме ағызып дилбарынгнынг коз жасын.
Жаман болса-да ол омирлик жолдасынг,
Уақытша қол берген ҳурден жақсырақ,

Адам баласында болсын ар-намыс,
Енг кеми мынг болсын коз корген таныс,
Магер, билмей қолды қиса бир қамыс,
Сол уақ қанын тиған ардан жақсырақ.

Ер жгитке намыс пенен ар керек,

Хақ кеул, қалем қас сауер яр керек,
Миман келсе, кутип алар ҳал керек,
Соймаға бир ешки, малдан жақсырақ.

Хош келдинг деп аттан тусирилген қонақ,
Отырған болмағай сол уйди снап,
Козли ҳамь аяклы, тилли бир шолақ,
Онерсиз, блимсиз қолдан жақсырақ.

Хиуа хан қаст етип, посты журт қангғып,
Малсыз жарлыларға тусти коп салғырт,
Узыны келискен жуан бир арғыт,
Саны жузь, сапасыз талдан жақсырақ.

Тургелип ертеден жумысқа шғып,
Қолынгды қабартып, белингди бугип,
Дзенгди сызлатып, минетин шегип,
Жеген бир зағаранг палдан жаксырақ.

Теренг ақыл керек созди дизбеге,
Тнық қиял керек барин сезбеге,
Су ишинде уайымсыз гезбеге,
Бир қайық алты жузь салдан жақсырақ.

Ауел берермен деп, сонгра бермеген,
Минеткешке ҳақы толеп кормеген,
Созин жутып, отирик айтып олмеген,
Нурмураттан балки ҳайуан жақсырақ.

Бул созимди тынгла, Нурмурат ақун,
Орайсанг салленгнинг ҳарритип шақын,
Алдап минеткештинг коп жейсенг ҳақын;
Сеннен қайта ала ғарға жақсырақ.

Орымбет, Нурымбет, Жалал Сулайман,
Сапар, Мырза, Арзу, Еримбет миман,
Халқтынг қанын сорған гленг би иман,
Барингнен биздей бир гедей жақсырақ.

Анау отырыпты Қулмурат, Муса,
Кеули хеш ағармас, кырқ шайып жуса,
Жарлыларға бахыт, нурлы кун туса,
Ошимди алмасам, олген жақсырақ.

Басқа кемлик келип тусти, уайым,
Себепсиз таяқ жеп, недур гунайым?
Жерди, кокти халқ айлеген қудайым,
Бул журистен, ажел келген жақсырақ.

Бир ақшам айттырып урды жазықсыз,
Не шара, байлауда турмыз қазықсыз.
Қарақалпақ, кунинг отти жарықсыз
Бул откен омирден зиндан жақсырақ.

Не ҳасыл созь айттым, отти паянсыз,
Не хызметлер еттим, кетти аянсыз,
Мен-де бир жан едим журтқа зиянсыз,
Хорлық кордим, тек олгеннен жақсырақ.

Бердимурат айтар, коралмай жақты,
Олип кетер болды, ашылмай бахты,
Бердимурат—халқты, халқ—Бердақты,—
Жалғызындай корер жаннан жақсырақ.

## Болған емес

Бул дунья-дунья болғалы,
Патша адил болған емес.
Шаирлар қалем алғалы,
Хатқа жақсы салған емес.

Инағу, бектинг баллары,
Барқулла жетти қоллары,
Қисық болса-да жоллары,
Хешуақ ҳарып-талған емес.

Кетпен урсанг-да тамырына,
Қара ҳарь истинг сабырына,
Қол салсанг-да дабырына,
Ҳаргиз гули солған емес.

Болмады айтқан ниетим,
Хор қлып мнау умметин,
Жлай-жлай барлық жетим,
Жламас уақ болған емес.

Қадирсиз ғариптинг жаны,
Сурмеди зауқы-сапаны,
Иштеги қайғу-жапаны,
Жоқ қлар уақ болған емес.

Кеулге қайғы толтырып,
Жетимнинг гулин солдырып,
Озлерин наймыт болдырып,
Хешуақытта қалған емес.

Озлерине жақынлардан,

Кауми-кардашы туғаннан,
Табиғасы бақылынан,
Батырып ҳеш алған емес.

Бзинг халқтынг билери,
Саздур жаҳанда уйлери,
Таймастай ҳешуақ гуйлери,
Дуры жуап айтқан емес.

Басқанда уллы қонысты,
Еткенде барып жумысты,
Ҳамь мақтап Кулен болысты,
Ағанг сарпай алған емес.

Қолда барды тартып алды,
Бале-матер артып алды,
Айтысқан жоқ жатып алды,
Оны ҳешким билген емес.

Сондай болса-да жумыр бас,
Жарылмады бул қара тас,
Козимнен ақты қанлы жас,
Ҳешким келип сурткен емес.

Менинг бул айтқан созлерим,
Созим емесдур озлерим,
Жумылғанша козлерим,
Ҳешуақ жассыз болған емес.

Зая откердим омиримди,
Коп тледим журимимди,
Бастан откен кунлеримди,
Ҳешбир адам билген емес.

Бразлар жуда зор болды,
Бразлар жуда хор болды,
Лашынға қурған тор болды,
Торды ҳешким узген емес.

Қарағай емес, сокит болдым,
Қартанг емес, жгит болдым,
Таудан ушқан буркит болдым,
Қонар жерим болған емес.

Жарғанат болдым пари жоқ.
Жлан болдым зари жоқ,
Жансыз болдым кари жоқ,
Оны адам билген емес.

Сбызғы болдым, саз болдым,
Уним шықпады, аз болдым,
Палапан емес, ғаз болдым,
Қонарға кол болған емес.

Узын емес, ырғай болдым,
Барлық созди шырғай болдым,
Дань жоқ жерде торғай болдым,
Оны ҳешким билген емес,

Гул болдым, гул жайнамадым,
Ойшы болдым, ойламадым,
Булбил болдым, сайрамадым,
Ҳадисе аз болған емес.

Мурыны жоқ пушық болдым,
Мағызы жоқ ушық болдым,

Қырғидан қашқан шымшық болдым,
Қашарға жер болған емес.

Қарағай емес, қайынг болдым,
Бақшада лаладай солдым,
Семсер алып сермер болдым,
Оны ҳешким билген емес.

Қаршыға болдым қарықтым,
Томаға болып, тарықтым,
Тастай тунекте жабықтым,
Ҳешким қадирим билген емес.

Мал отысы боян болдым,
Қустан қашқан қоян болдым,
Досларыма зиян болдым,
Оны ҳешким билген емес.

Селсиз куни жауын болдьым,
Сансиз ескен дауыл болдым,
Туйнек салған кауын болдым,
Шошқасыз кун болған емес.

Аузын урадай ашқаны,
Абройынынг қашқаны,
Ҳешуақытта шошқа шошқаны,
Азуласып жарған емес.

Шошқа шайнап блегимди,
Жарып менинг журегимди,
Барьҳа туйип туйнегимди,
Урқанды жайдырган емес.

Кокейимди кеспесе-де,
Қайғы-уайым жеспесе-де,
Мени сорып теспесе-де,
Тескеннен кем қылған емес,

Базирген отти дуньядан,
Горуғлы кеткен жутып қан,
Ахыры ажел болды зиндан,
Горине ҳешким кирген емес.

Залымлардынг жабири отти,
Жлай-жлай есим кетти,
Неге бунша сорлы етти?
Жақты куним болған емес.

Бразлар аш, бразлар тоқ,
Тоқ адамнынг қайғысы жок,
Аш адамнынг уйкысы жоқ,
Оны тоқлар билген емес.

Аспанды қара булт басып,
Ғаплетте бенделер сасып,
Ғариплердинг бахты асып,
Хешуақта шалқыған емес.

Бауырлас бауырканамда,
Ғамхорым менинг панамда,
Туған ғарип ол анамда,
Қалынг мал ҳеш болған емес.

Ата-бабам малды жинап,
Шбын жанын барьҳа қинап,
Шақақласып кулип ойнап,

Ашлықтан жалшыған емес.

Қарақалпақтынг халқы булип,
Конгсы отырған ели кулип,
Бразлары жолда олип,
Жузь жыл қоныс басқан емес.

Қарақалпақ халқ болғалы,
Халқ атағын алғалы,
Хақтағала жол салғалы,
Бир тенгликти алған емес.

Булген ел қарақалпак болды,
Қрылса-да урпақ болды,
Бердимурат—Бердақ болды,
Дағын ҳешким билген емес.

Ишанларда мурубет жоқ,
Бай, билерде сақауат жоқ,
Бул кунде сау-саламат жоқ,
Халқ саламат болған емес.

Бразлардынг кеули хошты,
Залымлар шалқыды, йошты,
Қанат байлап, кокке ушты,
Олар ҳеш зар болған емес.

Мен-менликтен зауал таптым,
Кем-кемликтен камал таптым,
Залым созин ғауал таптым,
Ықрарын ол билген емес.

Аға беглер, сыртым путин,

Ишим жанып болды тутин,
Асырып залымлар ҳаддин,
Хешбир раҳим қылған емес.

Болған емес жақты брақ,
Жақын жерим болды жрақ,
Астымдағы ғашырым прақ,
Атқа тенг келген емес.

Бул дуньяға келген адам,
Қайғы-ҳасиретке берип шдам,
Бой жазалмай кеттик мудам,
Билмей ҳешким қалған емес.

Бул дунья-дунья болмады,
Арьмансыз ашлар болмады,
Душпаннынг гули солмады,
Тлегим ҳеш болған емес,

Бердимурат менинг озим,
Алды-артымды кормес козим,
Тақих шежиредур созим.
Брақ қадирим болған емес.

Досқа дослар зиян етпенг,
Уапасызды паян етпенг,
Жолдан шғып ҳаргиз кетпенг,
Жолдан шыққан онгған емес.

Етсем-де халқка ылайық,
Желкемди қиды бидайық,
Бул созь кеулиме пайық,
Буны ҳешким билген емес.

Эй, яранлар, мусылманлар,
Дуньядағы мумин жанлар,
Қаумы-қардас дос-яранлар,
Хешуақ тлек болған емес.

Тлек қабыл болар қашан?
Кимлер қара, кимлер ишан,
Кетермиз-бе биз биншан?
Паяны ҳеш болған емес.

Бул дунья қайғу, ғаплетти,
Адамларды ауере етти,
Нешелердинг басына жетти,
Ҳеш адиллик болған емес.

Ғарип-қасер пақырларға,
Кормейтуғын соқырларға,
Хешуақыт мумин қулларға,
Бир жақтылық болған емес.

Олген олди, олмегенлер,
Бул дуньяға келмегенлер,
Ахрет-азап кормегенлер,
Ҳеш уайым қылған емес.

Бул дуньянынг дарти жаман,
Қуан, басынг болса аман,
Тусти басқа ақырзаман,
Инан дослар, ялған емес.

Бул заманнынг тури бетер,
Ҳарким бастынг ғамын етер,

Қара думан қашан кетер,
Сонген шрақ жанған емес.

Дуньяға келдим не кордим?
Қайғы-ҳасиретте коп журдим,
Ада болмас иште дартим,
Ҳешким козин салған емес.

Бердимурат менинг озим,
Кунхожаны корди козим,
Еситтим Ажинияздынг созин.
Олар-да шад болған емес.

С а л ы қ

Былтырғыдан биыл жаман,
Қалай-қалай болды заман?
Ғарип-қасер қалмай аман,
Он тилладан келди салық.

Буны салды Нурымбет "жан"
Буйырды деп аталық, хан,
Ҳалқ поссын деп неще сан,
Он тилладан келди салық.
Маған ҳеш гап, ешегим бар,
Сатып берермен бир базар,
Аттенг, жарлы, аш Ерназар,
Оған қиын болды салық.

Ол пақырдынг нарсеси жоқ,
Емес тағы қарыны тоқ,
Ҳадалға бир тауығы жоқ,
Албыратты оны салық.

Уйинде бар жетим баллар,
Қазанға асқандай жаслар,
Козден ағып қанлы жаслар,
Жуда қиын болды салық.

Морь услаған Баҳауаддин,
Бизлерде жоқ қара тиын,
Гленг ашқа болды киын,
Жуда аур келди салық.

Анау жатқан Палым лаққы,
Онынг журтта бар-ма ҳаққы?
Берер едим оған дакки,
Ҳаль-дарьманды қуртты салық.

Анау журген Елмурат,
Астында жаман ала ат,
Оған не деген салтанат,
Кси қаны болды салық,

Ондиреди аш халқтан,
Жетим жлайды сонлықтан,
Бай аман қалды салықтан.
Доҳмет толеу болды салық.

Анау отыр Қулымбет бай,
Таяр алдында аппақ май,
Аш халқ жүрь табалмай жай,
Доҳмет болды усы салық.

Анау мешит мунарланған,
Басларында шрақ жанған,

Қуран ашып халқты сорған,
Ишанларға жокдур салық.

Ақ узикли улкен отау,
Озь алдына бопып атау,
Ерман ақун отыр анау,
Оғандағы жоқдур салық.

Анау журген Прим шолақ,
Егип журь ол жалақ жулақ,
Салық десе таяр ол-ақ,
Бизлер ушын киын салық.

Уақтым отти қайғыменен,
Жас айрылмай козим сеннен,
Сорасангыз буны меннен,
Усылайынша болды салық.

Жаз келерме

Дауыл болды, ургин урди,
Косымнынг қамысын турди,
Думан басты аспан, жерди,
Пухараға жаз келер-ме?

Жанымды алды сран суық,
Зарпынан жарытды уық,
Омиринше корген хорлық—
Пухараға бақ келер-ме?

Тамағым жоқ ишерге,
Колигим жоқ кошерге,
Тосегим жоқ тосерге,

Биз сорлыға жаз келер-ме?
Журген жерим айырша атау,
Аяғыма салды матау,
Қай уакытта тарқар татау,
Бул хорлықтан ҳазь келер-ме?

Ағалар, бул ис абести,
Қашан жинар адам ести,
Тенгизлер сенгге срести,
Бул уақытта жаз келер-ме?

Тенгиз ащы, су сорлақ дуз,
Қостынг иши болып тур муз,
Енг жаман болып тур гуз,
Қыслар отип жаз келер-ме?

Арқам тоқтас суы теренг,
Адам бармас улкен озен,
Аур минет женшип журген,
Пухараға жаз келер-ме?

Жалайыр копир бойында,
Кун кешер ҳал қиында,
Адамнынг усы ойында,
Қыслар отип, жаз келер-ме?

Қара суық қысты елди,
Бултлар басып тенгиз, колди,
Аближамидинг улы олди,
Биз сорлыға жаз келер ме?

Аспан, жерди бастылар булт,
Среспе болды дунья журт,

Етемен еле-де умит,
Биз сорлыға жаз келер-ме?

Бизлерде болмады жарақ,
Ауқатымыз қарабарақ,
Қудай болды жалғыз шабақ,
Усы уақта жаз келер-ме?

Аулда маллар қалмады,
Сран суықлар жалмады,
Сран тарқар уақ болмады,
Аласатта жаз келер-ме?

Асресе Қтай олди,
Қонгсылас Конграт ҳамь булди,
Крар болды суық елди,
Биз сорлыга жаз келер-ме?

Елиме жаман дус болды,
Менинг айтарым қыс болды.
Алтын-гумислер мыс болды,
Пухараға жаз келер-ме?!

Қзыл тлим болды айғақ,
Аяқ бассам, бар жер тайғақ,
Коз саламан екен қаяқ,
Биз сорлыға жаз келер-ме?

Косилип жатар уйим жок,
Иинге тартар кийм жоқ,
Тоқтан бизлерге буйым жоқ,
Биз сорлыға жаз келер-ме?

Бул ялғаншы дунья қайда,
Табалмадық излеи пайда,
Бундай азап барьҳа ойда,
Шықпай отер жаз келер-ме?

Қаранглар ҳаслы затыма,
Фарьяд еткен шын дадыма,
Келиси болмай елатыма,
Ахыры болды жаз келер-ме?

## Заманда

Шаққан аяқ басып хызмет етпесенг,
Кун кору қиындур бундай заманда,
Ойлап-ойлап максетинге жетесенг,
Кунлер кору қиын бундай заманда.

Азаматлар аяғынгды шаққан бас,
Шаққанлап баспасанг, козден ағар жас,
Менингменен болмасанг-да шын жолдас,
Назер салынг сумы шыққан заманға.

Аман журинг қолынгыздан келселер,
Адам болып ар, намысты билсенглер,
Душпаннынг қолынан бреу олселер,
Тек айтеуир қайғырарсанг заманда.

Жолда душпан орды қазып жатарлар,
Қолынан келсе, қапеслерде тутарлар,
Ози тимегенге кесек атарлар,
Қарангғы қаплаған қайғы заманда.

Коллер жуда болды ордек, сонадан,

Ерлер жуда болды қатын-баладан,
Кыз-жауан айрылды ата-анадан,
Қарангғы каплаған қайғы заманда.

Суға сауле салған, кокте жулдызлар,
Саяда отырған назалим қызлар,
Ядыма тускенде, бауырым сызлар,
Қайсы бағдынг анары бар заманда?

Шежиреден кордим откен кунлерди,
Ғарип-қасер азап корген тунлерди,
Азан берип душпан езген еллерди,
Қарангғы қаплаған қайғы заманда,

Душпаннан ҳешуакыт алма аманат,
Котерерсенг ахырында жаман ат,
Бул заманлар болып атыр аламат,
Кимсе ғамгин, кимсе шад бул заманда.

Сапар етсенг, аман-есен келгейсенг,
Ар-намысты олгенингше билгейсенг,
Журт тимесе озинг қарап жургейсенг,
Қиын болар ҳаллар бундай заманда.

Байлаулыдур бул заманда қолларынг,
Бердимурат қиын сенинг ҳалларынг,
Ашылмады сенинг журген жолларынг,
Арьманменен кетер болдынг заманда.

Залымлар езип журь халқларды сансыз,
Бетинде қаны жоқ, гленг имансыз,
Мумин қуллар отыр телмирип нансыз,
Душпанлар жабири отти заманда.

Бул дуньяда жургенменен пайда жоқ,
Шадланармыз деген енди ойда жоқ,
Ғариплерге ҳайт-мереке, той-да жоқ,
Кеулинг зинет таппас бундай заманда.

Жылдан-жылға заман териске айналды,
Жол табалмай ақыллылар ойланды,
Жуйрик, шешен тиллеринен байланды,
Қарангғы қаплаған қайғы заманда.

Қыз жауанлар еркин дауран сурмеди,
Шағлап кулип, тенгименен журмеди,
Шарият деп оларға жол бермеди,
Қарангғы қаплаған қайғы заманда.

Мен олмеспен, созим журер барьҳама,
Туысқаны коп адам жаудан қорқа-ма?
Залымлардан қорқпай сен ҳамь бир шағла
Шағлауға жол болмаса-да заманда.

Дутарымды шертип, қосық айтаман,
Нама салып дутарыма қосаман,
Азаппенен ел журтыма кайтаман,
Қарангғы қаплаған қайғы заманда.

Бердимурат қойғыл, болмағыл ҳаси,
Аяққа кимединг бир жақсы маси,
Шаппаттай нан болды созингнинг баси,
Нан табалмай кеттинг қайғы заманда.
Ойласанг бул дунья би паян екен,
Душпан иси халққа коп зиян екен,
Байлар—қасқыр, тулки, халқ—қоян екен

Қарангғы қаплаған қайғы заманда.

Озь басыма отырып арьман етермен,
Созимди оқысам, фарьман етермен,
Қосық айтып, арьманменен кетермен,
Бир жазылып айта алмадым заманда.

Ҳасиге кетпейин, тоба етейин,
Ҳей ағалар, отирик айтып нетейин,
Олсем созим қалар, айтып кетейин,
Созим орын алар қайсы заманда?

## Ахмақ патша

Откен кунлерге қарасам,
Билгенлерден ҳамь сорасам,
Айтқан созлерин тынгласам,
Коп аламат болған екен.
Бреулер жлап удайы,
Қрын қараған қудайы,
Болмай кобининг уй-жайы,
Иши дартке толған екен.
Шағына жетпей шалығып,
Шбын жанын отқа жағып,
Козинен қанлы жас ағып,
Омири зая откен екен.
Душпанына срын айтпай,
Келген жерде созден қайтпай,
Досты кулдирип, мунгайтпай,
Не бир мартлер откен екен.
Қаруланып кушин жиып,
Ары ушын жанын қиып,

Мартликте коз жасын тиып,
Не ҳасыллар откен екен.
Алынбай адам есапқа,
Шдай алмай бул азапқа,
Налет айтып би инсапқа,
Халқ шулап откен екен.
Ала жип салып мойнына,
Коз жасы толып қойнына,
Тусип сайыллық жолына,
Неше омир откен екен.
Қап-қара болып жузлери,
Жаудырап еки козлери,
Тынгланбай айтқан созлери,
Қзыл гуллер солған екен.
Қайғы болып ханнан сиы,
Қазан кби қайнап мии,
Ишерге тамақ жоқ уйи,
Сансыз халқ посқан екен.
Тенглик таппай, хорлықпенен,
Корер куни тарлықпенен,
Ерки кетип зорлықпенен
Коби айдауда журген екен.
Сол хорлық азап арылмай,
Залымнынг тангы тарылмай,
Қара булт қаққа жарылмай,
Бул заманға жеткен екен.

* * *

Ауелҳа болып атадан,
Тудым қадирли анадан,
Шықтым сақлаулы қанадан,
Ата-ана қуанған екен.
Шықтым коз ашып дуньяға,

Қарадым қиыр қияға,
Кеткен енгбеклер заяға,
Кордим оны бастан аяқ.
Бир ғарры айтса анггиме,
Ол созь пайдалы кимге,
Деп тынглап отырек ҳамме,
Насиҳатқа қойдым қулақ.
Ғарры, кемпирлер қосылса,
Бардым оған жақынласа,
Душпаныма еттим таса,
Озь исиме болдым қунақ.
Коп корди козим тарлықты,
Арқаланған аш халқты,
Сойледим ҳарьуақ анықты,
Еткеним жоқ жалақ-жүлақ.
Досты мунгайтқым келмеди,
Брақ душпан жол бермеди,
Оссем қлышын сермеди,
Артымда коймасқа туяқ.
Қлыш кесип путағымды,
Орбитпеди урпағымды.
Сорлақ етти топырағымды.
Шолге шыққан болдым кияқ,
Козимнен ағып қанлы жас,
Қайғыда турды қара бас,
Жайнап-жаснап ишеалмай ас,
Қия шолге болдым қонақ.
Кордим козбенен нещени,
Жлап откердим кешени,
Болдым дуньянынг шешени
Бул басымда болмады бақ,
Менде болды енг жуйрик тил,
Ашылмады бағымда гул,

Сансыз сайрап болдым булбил,
Козим соқыр, болдым олақ.
Сондадағы кеин калмай,
Сайрадым мен талай-талай,
Арьманменен басты былғай
Сазбенен ойнады бармақ.
Халқым ушын етип арды,
Дуседим қайтып қатарды,
Зарлы сеслерге дутарды.
Айттым қосып ҳарьуақ ҳарьуақ.
Жургенимде бундай болып,
Коп аралап, халқты шолып.
Кетти ишиме дарть толып,
Тусип басқа аур салмақ,
Қарасам жасым жетипти,
Тис тусип, исим птипти,
Жтитлик бастан отипти,
Геугим тартып ояқ-бuяқ.

* * *

Қолыма дутар алғанда,
Ақдарья бетке барғанда,
Бир қыссаны оқығанда,
Бир уақия билген едим.
Оқып шықтым қайта-қайта,
Журдим оны айта-айта,
Коп ойладым деп-пе хате?
Тарихын билмеген едим.
Коп жыллар ойлап журген сонг,
Жақсы-жаманын билген сонг,
Жасым еллиге келген сонг,
Бул қыссаға кеул болдим.
Бикар кетпесин созим деп,

Дасьтандағыны озим деп,
Кейнимде қалсын созим деп,
Бул қыссаға кеул болдим.
Болип усыған ойымды,
Жасырып ҳамь-де бойымды,
Сойып жеп жалғыз қойымды,
Бул дасьтанды жаздым баслап.
Аур иске еттим сабыр,
Куннен-кунге кордим жабир,
Табылды бале мынг-да бир,
Кеткеним жоқ брақ таслап.
Жаздым бир жыл—он еки ай,
Тапсам тамақка жедим май,
Қапалы кеулим хош болмай,
Журе бердим козди жаслап.
Қадиримди халқ блер,
Халқ билмесе балық блер,
Олмеген созимди корер,
Ҳамь қадирлер қолына услап.
Алтын ҳарбир айтқан созим,
Созим емес олдур озим,
Жумылмаған еки козим,
Ҳарьуакытта турар жайнап.
Хате болса сокпенг дослар,
Қурбы ҳамь-де қурдаслар,
Бердимурат созин баслар,
Мағнасын коринг ойлап!

I

Ие болып алтын таққа,
Заҳарин жайып сонша халққа,
Салып бразды қуллыққа,
Неше қанлар откен екен.

Барьҳа қиналып ширин жан,
Омир отип алуан-алуан,
Атағы асқан ғарры хан,
Коп жыллар сораған екен.
Хаммеден уллы қаласы,
Қан болған шоли-даласы,
Аллаға жетип наласы,
Қатты залым болған екен.
Кунлерден кунлер откенде,
Жыл отип, айлар жеткенде,
Жасы сексенге келгенде,
Хан ауырып олген екен.
Ғарры хан дуньядан отти,
Тажи-тахтын таслап кетти,
Улына патшалық жетти,
Алтын тахқа минген екен.
Минди бала алтын тахқа,
Коп қуанды келген бахқа,
Ай балтаны услап колға,
Ата жолын қуған екен.
Келди сонда онсегизге,
Тусти зулымлық мнезге,
Таяқпенен туртип козге,
Кута зулым болған екен.
Қаҳарленип белин буды,
Тындырды ҳамь аққан суды,
Атасынынг жолын қуды,
Оннан-да откерген екен.
Коп болды уазир-султаны,
Умытты ата-ананы,
Урды тамырға балтаны,
Ақ терек қулаған екен.
Болды қасында ақылгой,

Тлеги онынг—адам олгей,
Арзы айтқанлар коп келгей,
Деп тлек тлеген екен.
Салдырды тастан медиресе,
Оқыды онда неще кси,
Турмады алдында кесе,
Озь билдигин еткен екен.
Оқыды патша жасынан,
Кетпеди молла қасынан,
Таймады даулет басынан,
Талабы орлеген екен.
Тартты бала атасына,
Ахрет берди анасына,
Симады ҳамь қанасына,
Кута менмен болған екен.
Қансыз суп-сур болды жузи,
Заҳарь болды айтқан сози,
Даулетке тоймады кози,
Кута горқау болған екен.
Келди сонда он тогызға,
Зейни кетти сулу қызға,
Айтты бул ойын бразға,
Ашықлыққа тускен екен.
Барлық халқын жидырып,
Хукимин жонсиз сидырып,
Сыртынан неке кидырып.
Қырқ бир қатын алған екен.
Халқтан сайлап қыз алды,
Уллы тойларды баслады,
Барынша кеул хошлады,
Аруларды суйген екен.
Жас еди барлық алғаны,
Сыртынан неке салғаны,

Жлады зорлық қылғаны,
Коби азапта олген екен.
Тоймады халқтынг сулуына,
Кейнинде ат қалуына,
Тағы қызды алуына,
Патша талап еткен екен.
Шғарып исин аныққа,
Жол сарьдар ози қаныққа,
Адам жберип халққа,
Сулуды танглатқан екен.
"Сулу болса журттан асқан,
Рауиши айдай тасқан,
Тез хабарын беринг маған",
Деп оларға айтқан екен.
"Сулу жолына дунья мал,
Айтқан созиме қулақ сал,
Бермесе зорлап тартып ал"
Патша амири деген екен.
Айтқанынынг барин тынглап,
Созь жуйесин блип англап,
Аламыз деп қызды танглап,
Булар халққа шыққан екен.
Патша қалды мақул корип,
Ақ отаудынг артын турип,
Кырқ қызбенен дауран сурип,
Ретме рет қушқан екен.

II.

Қосын тгип сасық колге,
Қосыла алмай ботен елге,
Шжым жбин байлап белге,
Макан етти бир балықшы.
Жаман қосы болып қалқа,

Ушырасып бундай ҳалға,
Мнип алып жаман салға,
Колге ауын салған екен,
Буны талап еткен екен,
Атасынан корген екен,
Омири сонда откен екен.
Атасы балықшы екен.
Жастан қуып ата жолын,
Суық суға малып қолын,
Бирден қармап онглы-солын,
Колге ауын салған екен.
Суы тасып болса ойын,
Ақ балықтынг корип тойын,
Онлап, жузлеп буға мойын,
Сол ауынан алған екен.
Қулатауға қоныс басып,
Дарти дартлерге уласып,
Гейде ашықлықтан шуласып,
Қырқ жыл омир сурген екен.
Қара қаслары қиылған,
Сулулық дангқы жайылған,
Аузы оймақтай ойылған,
Жалғыз қзы болған екен.
Ренг берген қоймай минди,
Шағылыстырған ай ҳамь кунди,
Жарық қылган кара тунди,
Мсалы гауҳар болған екен.
Омири зая жулдыздай,
Теренгнен шыққан қундыздай,
Паллары тамған саққыздай,
Корген мири қанған екен.
Шашы ҳасыл жупқа додақ,
Бели бир қсым, ақ тамақ,

Узын бойлы ҳамь кенг қушақ,
Пери кби болған екен.
Келбетленип келген бойы,
Артық ҳамь-де ақыл-ойы,
Бир ден саулық уллы тойы,
Омири зая болған екен.
Атасына комек болып,
Бунынгменен колди шолып,
Жасы жетпей гулдей солып,
Коп азаплар корген екен.
Бир кеше ойнап-кулеалмай.
Жайнатып кийм киеалмай,
Адым атып ҳамь журеалмай,
Коп азанлар корген екен.
Дарттинг устине дарть болды,
Қаплады қайғы кеулди.
Он жасында шешеси олди,
Гулим жетим қалған екен.
Жетим қалды анасынан,
Айрылды бул панасынан.
Кол қан болып коз жасынан,
Қайғыменен журген екен.
Озинен бетер атасы,
Ағады тынбай коз жасы,
Симай кеулине қанасы,
Ғарип аҳ урған екен.
Атасына қосып зарын,
Айтып жлап иште барын,
Қайғы қуртып дмарын,
Қыз азапты корген екен.
Жлай-жлай куни отти,
Жолдас қлып қайғы-дартти,
Толысты Гулим, ержетти,

Атасы қартайған екен.
Кеулде қайғы арьманы,
Бундай болып даураны,
Қурып барлық ҳальдарьманы,
Атасы гор болған екен.
Атасынынг шғып кози,
Суп-сур болып қзыл жузи,
Бир атауда жалғыз ози,
Сол атасын баққан екен.
Атасы ғарип кси еди,
Қзы ушын кайғы жеди,
Три емес кунде олди,
Ис ахырын куткен екен.
Ғарип пақыр отырып ол,
Отырғанменен таппай жол,
Жалғыз шрағым аман бол,
Деп тлегин тлейди екен.
Улым-да усы, кзым-да усы,
Алла болғай жалғыз досы,
Отырман ғарип мунглысы,
Жлатпағай дейди екен.
Қзымнынг бахты ашылғай,
Устине дурлер шашылғай,
Озь суйгенине косылғай,
Деп ғарры тлейди екен.
Ғаррынынг усылай тлеги,
Ҳамь зары усы кундеги,
Уйқласа туси тундеги,
Ғарип коп сарсылған екен.
Қзы кирлетпей киимин,
Сорап кунде билмегенин,
Уйретип бул-да билгенин,
Қадирданлы болған екен.

Қайыл болып ҳақ исине,
Сарғыш ендирип тусине,
Салдырып ақыл-есине,
Коп ислер ойлаған екен.
Қзы салып ау-дузағын,
Алды колдинг ақ шабағын,
Ҳеш аш қылмады тамағын,
Ғарры разы болған екен.
Тиып ғарры коздинг жасын,
Шаждесине иип басын,
Берип қызға патиясын,
Коп алғыслар айтқан екен.
Кыз атасын қадирледи,
Соқырлығын билдирмеди,
Кесе шопке илдирмеди,
Коп зияда еткен екен.
Кыз тоқып жекен шыптаны,
Дузеди қамыс шатпаны,
Таслады гоне латтени,
Озь исине пухта екен.
Бузды гоне қамыс қосын,
Маканлап колдинг жағасын,
Тоқыған барлық шыптасын,
Сол қосына тутқан екен.
Шлымтал есип акеси,
Усы болып етер иси,
Қосып кушлерин ҳаммеси,
Коп шыпта тоқыған екен.
Бул исинен пайда тапты,
Қамыс қосқа шыпта жапты,
Удетти усы талапты,
Кыз кута уқыплы екен.
Солайынша қыз кунелтти,

Атасын ҳамь жақсы кутти,
Аянбай хызметин етти,
Кута ақыллы болған екен.
Қол-аяғы матауда,
Уллы байлық дени сауда,
Алты жыл усы атауда,
Атасыменен турған екен.
Қас қарайып, кун батқанда,
Жапалақ қанат қаққанда,
Ел-халқ орнына жатқанда,
Ханнан адам келген екен.
Бул ханнан келген жасауыллар,
Сайлап қызды алушылар,
Жонсиз зорлық қлушылар,
Бул атауға келген екен.
Бурыннан бул қыздынг барын,
Хамь-де ҳал-жағдайларын,
Еситкен еди хабарын,
Соны излеп келген екен.
Сол маҳалде айдай ару,
Денесине жинап қару,
Бул жерлерге душпан дару,
Қиын болар деген екен.

III

Блегине жинап кушин,
Душпанынан алып ошин,
Жарық қлып қостынг ишин,
Жатыр еди шырт уйқыда.
Хақтан бир тлеп тлегин,
Котерип ғарип иегин,
Дастық қлып ақ блегин,
Қыз қосында жатыр еди.

Булк-булк етин ақ тамағы,
Келбетленип кенг қушағы,
Батып тулымынынг моншағы,
Қрын қарап жатыр екен.
Озинен басқа уйинде,
Еки аяғы горинде,
Акеси байғус торинде,
Уйқламастан ояу екен
Байқаранынг қарап тусын,
Ай қарангғы болғаннан сонг,
Табалмай булардынг қосын,
Жаушы адасып журген екен.
Жоқ еди қыздынг есинде,
Я намазлигер, я песинде,
Корди мнаны тусинде,
Қыз кута ҳаулыққан екен.
Оратылып қыз мойнына,
Қсым етип жас жанына,
Бир қара жлан қойнына,
Шубатылып кирген екен.
Кетпестей етип есинен,
Қаны қашып тусинен,
Шақты сур жлан тосинен,
Сыз шоршып оянған екен.
Қур жлан мойнын созды,
Қыз шоршып уйқысын бузды,
Битакат етти бул қызды,
Журеги жарылған екен.
Буны жақсы ис демеди,
Не боларыны билмеди,
Жатса уйқысы келмеди,
Сур жланнан қорққан екен.

Билди атасы бул исти,
— Қзым, ойынга не тусти?
Кординг-бе жаман хадисти,
Неге турдынг орнынгнан?
Уйқынгнан шоршып ояндынг,
Аур гурсиндинг, ойландынг,
Алле нелерге қиналдынг,
Хабар бер балам ҳалынгнан?
Блемен балам тусингди,
Гуллердей солған жузингди,
Қияға кетпей исингди,
Еситейин озь аузынгнан?
Дегенинде жлап қзы,
Тоқсаннынг тоғысты музы,
Манглайындағы жулдызы,
Корген тусин айтқан екен.
Сонда атасы енгкилдеп,
Аппақ сақалы селкилдеп,
Унь қосысып жлады кеп,
Бир бале барын билген екен.
Деди атасы: уай балам!
Аямады бизди аллам,
Усылай сызғанды бир қалем,
Қалай болды истинг тури?
Козим жоқ, мен бир соқырман,
Жерди қармалап отырман,
Пайманам толған пақырман,
Дарть болмағай оннан ири.
Қалар болсам тағы жлап,
Соқыр козимнен жас булап,
Бендем ғой деп мени аяп,
Бир жаратқан қойма три.
Тағы-да азап коргеннен,

Кармалап омир сургеннен,
Ахрет созь еситкеннен,
Қара жердинг жақсы гори.
Бергил қолынгды жалғызым,
Қадирданым, ҳасыл қзым,
Қашып тур менинг-де ҳазим,
Қайғы тусип ири-ири.
Усы куннен ушь ай бурын,
Туси суық, кейки мурын,
Қаршығама қурды торын,
Аяқ бауын тағу ушын.
Кол дарья қып коздинг жасын,
Бир қайғыға салып басын,
Қаршығама тумағасын
Кигизбекши болған еди.
Қаршыға озин алдырмай,
Тумағасын ҳамь салдырмай,
Болсын дегенин болдырмай,
Жерге тартып урған еди.
Қусыма азап бергенде,
Қанатын жайып, кергенде,
Сол азапларын коргенде,
Ҳаль-дарманым қурған еди.
Кун отип, айлар киргели,
Атауда омир сургели,
Сол жаман тусти коргели,
Балам, атанг олип еди,
Зарлай-зарлай питти уним,
Табылды тарлықтан мним,
Жалғызым, не болар куним,
Жас алпысқа келип еди.
Деген уақта атасын,
Қушаклады барып басын,

Суртти тогилген коз жасын,
Ата жаным мунгайма деп.
Кормермиз несип болғанды,
Арқалап алла салғанды,
Алсадағы ширин жанды,
Душпан исин етпеспен жонь.
Озингнен олмесем бурын,
Бул исим кетпесе крын,
Жан ата табарман орын,
Қайғырды деп жлама коп.
Хор қылмаспан жаным сауда,
Арқаларман асқар тауда,
Қалдырмаспан сени жауда,
Қайғы жеме ата жудеп.
Бир кун шғыппан дуньяға,
Тустим балалық уяға,
Кетти енгбегим заяға,
Басымда ерк болмады деп.
Котер атажан басынгды,
Ағызба қанлы жасынгды,
Олгенде корген қзынгды,
Усыншама етпе қапа.
Деп атасын орынына,
Жатқызды сайлап барына,
Келип ози жапсарына,
Дастығына басын қойды.

Шақырысқан брин-бри,
Ажептауир онынг тури,
Шапқан атлардынг дубири,
Келди сонда қулағына.
Тикке турды тобе шашы,
Корген тусь келмеди қайшы,

Жаюлы калды қулашы,
Жегти салдар аяғына.
Дурилдесип ушқандай кус,
"Ха қайдасанг, берман ауыс,"
"Қыз мында" деген дауыс,
Келип турды анық ғана.
Сол уақта кыз бетин бурды,
Бир бале боларын билди,
Есигин ҳамь иштен илди,
Турды ози бержағында.
Орынынан ушып турды,
Есик бетке мойнын бурды,
Хамь аяды ғарры сорлы,
Қарады ояқ-буяғына.
Қоймай бекитти тесикти,
Жинады тағы тосекти,
Тепти жаушылар есикти,
Бузып-жарып крер болды.
Қыздағы кушин жинады,
Шбын жанын қинады,
Уйинде нарсе қоймады,
Есигине трер болды,
Соқыр ғарры-да букшиип,
Салды қаруын кекшиип,
Бойын таслап, басын иип,
Услап турды босағасын.
Коп екен келген зулымлар,
Ай балтасын урды олар,
Иште қорқып турды булар,
Кол дарья етип коздинг жасын.
Шдам бермей сонша кушке,
Енгбеклери кетти ешке,
Манглайша қулады ишке,

Етти душпанлар қласын.
Бакырады: есикти аш,
Ашпасанг еттик қуырмаш,
Тез олерсенг жайып қулаш,
Деди олар итергишлеп.
Билди қыз жауды ап-анық,
Ханнан келгенине қанық,
Тағы кушин жинады нық,
Есигин бекитти беккем.
Сол уақытта жғылды қос,
Бул енгбеклери кетти бос,
Табалмады жанашыр дос,
Атасы жлаған екен.
Бирден баслап бузық жолын,
Қарады - да онглы-солын,
Сулу қызға салды қолын,
Бир исти ойлаған екен.
Сонда қыз қатты жекирди,
Торине қарап секирди,
Қолына балта котерди,
Қатты қаҳари келген екен.
Қорқты сол уакта келгенлер,
Қосты бузып ҳамь киргенлер,
Кози аларған мен-менлер,
Самсаз болып турды сонда.
Деди қыз: —қане айтынгыз,
Бар еди не жумысынгыз,
Болмаса кеин қайтынгыз,
Мен жетимди ауере етпенг.
Сонда бреуи сойледи:
— Бизлер ханнан келдик,—деди
Патшамыз жберип еди,
Сулу қызлар табу ушын.

Еситтик сенинг дангқынгды,
Ҳаммелер айтты атынгды,
Блемиз ҳаслы затынгды,
Саған патша болды ашық.
Озинг бир излеп келипсенг,
Кеулингди ҳамь-де берипсенг,
Ханнынг тусине енипсенг,
Апарамыз уйингнен шық.
Ашық болды сизге патша,
Созь айтпангыз айым-қанша,
Белингизден тезден қушса,
Ханымыздынг кетер дарти.
Дзеден комип жолынгды,
Бантъ қлып онглы, солынгды,
Байлаймыз еки қолынгды,
Талқасаулық етсенг ҳазир.
Ким шдайды ҳалымызға,
Ертемиз биз қасымызға,
Апарамыз ханымызға,
Тезирек киининг деди.
Деди кыз сонда:—уятсыз,
Жузлери қара имансыз,
Ата-анасы қадирсиз,
Не дединг атам алдында.
Менинг атам алдымдағы,
Кормейсизлер онызағы,
Еситти буны қулағы,
Ханнан келген миримсизлер.
— Хан деген халқтынг атасы,
Бизлер қайырқом анасы,
Жласа биздей баласы,
Кулимсиреп турсыз сизлер.
— Шақыртқан екен ханымыз,

Керек болып бизлердей қыз,
Шыққанша бул жаным жалғыз,
Мен бармайман ҳаяллыққа.
Айтынгыз барып ханынга,
"Жуап бермейди онынга,
Ким ҳаял болар сонынга"—
Деп айтты дегейсиз барып.
Созим усы ҳарбир уақыт,
Сынсадағы смир сахыт,
Кетсе-де басымнан бахыт,
Олтирсенгде ертенг жарып.
Буны еситип ғарры пақыр,
Айланды косын ғыр-ғыр,
Тағы жуырып зыр-зыр,
Арман-берман барып кеп журь.
Ханнан келгенлер қайтадан,
"Қару етип шықтынг қайдан,
Копти бизде сендей шайтан,"
Деп умтылды ҳаммелери.
Қолға услап жау жарағын,
Салып булар айбарағын,
Силтеди барлық жарағын,
Қызды байлап алмақ екен.
Кмиси шғып алдына,
Бразы шғып артына,
Қарамай қыздынг жайына,
Ғауырласып салды кушин.
Кыздынг қолында балтасы,
Онг жағында тур атасы,
"Усы емес-пе ортасы?"
Деп бреуин урды мықлап.
Балта тигенде басына,
Қарамай ол жолдасына,

Ҳамме тусип шалқасына,
Қалды кми жер қушақлап.
Сонда бир жуан қарыны,
Алмақ ушын ол арыны,
Бир урды соқыр ғаррыны,
Қыз абайсыз турған екен.
Ғарры пақырда не ҳаль бар,
Сум елимнен келди хабар,
Ахрет болып бир сапар,
Сылқ ете қалды торине.
Қулатпай қыз қушақлады,
Козден жасын моншақлады,
Душпан сол уақта қамады,
Ҳаль берисип бир-брине.
Атасынынг басын суйеп,
Жатқызды торге ҳилелеп,
Қалды атасы журелеп,
Тиген екен жан жерине.
Кете алмай қыз басын иди,
Устине қараны киди,
Бир таяқ сарт етип тиди,
Билмей қалды недерине.
Айбатланып сулу сонда,
Ағып кетти қзыл кан-да,
Аяр из қалмады жанда,
Кози жетти олерине.
Урды керилип бреуин,
Таяқ қлып жан треуин,
Ендиги қалған екеуин,
Усламаға етти талап.
Олар сонда есикти ашты,
Қорққанынан қанын шашты,
Атларына мне қашты,

Алалмады сулу услап.
Қасында қалды жаралы,
Қаны тиылмай қаралы,
Кетип дмары бар ҳалы,
Жатыр сонда демин алып.
Тпыршылап адепкиси,
Бир таяққа ауған еси,
Сонынгменен птип иси,
Сол маҳалде қалды олип.
Екиншиси бойын тиклеп,
Турмақ болды тентиреклеп,
Мурнынан қаны зирдеклеп,
Қояды ҳаруақ жотелип.
Барды қыз сонда қасына,
Карады тумлы-тусына,
Пшағын салып астына.
Жатыр екен ол букленип.
Бир ойқанды қылмақшы екен,
Қызға пшақ салмақшы екен.
Сойтип ошин алмақшы екен,
Жатыр екен қайрап тсин.
Билди сулу бузық ойын,
Тап сойерде етти тойын,
Гурилдеди-де жуан мойын,
Қолын байлап птирди исин.
Сойттидағы еси ауған,
Зулымлардан жара тартқан,
Торинде ҳалсиреп жатқан,
Атасына барды асте.
Атасы аман олимнен.
Хабары бар мол журимнен,
Айтты "шықтым" деп горимнен,
Шғып сести дасте-дасте.

Жлама коп жалғыз балам.
Ҳарбир иске бергил шдам,
Бундай тарлық болмас мудам,
Жатырман мен болып қасте.
Мен ушын уайым жеме,
Жан атам оледи деме,
Олмей еркингди берме,
Шер келмейди он онбесте.
Берди қзына насият,
Корди оны мынгнан зият,
Ойланды сонда ҳасыл зат,
Не болар деп бунынг сонгы.
Қашып кетти еки атлы,
Қалды қасымда жаралы,
Қалай болар атам ҳалы,
Зулым хан олтирсе мени.
Келеди ханнан коп адам,
Оларға берместен шдам,
Қайтер сонда сорлы атам,
Қалай кешер екен куни?
Копти кеулде арьманым,
Қурыды тенде дарьманым,
Азапта шғама жаным,
Қалай кешер атам куни?
Еситкенде бунынг сесин,
Коремен дуньянынг несин,
Не қларман ендигисин,
Хайран етти усы мени.
Деседағы жламады,
Коздинг жасын буламады,
Узынына қуламады,
Ғыж-ғыж қайнап турды иши.

IV

Арадан отти алты кун,
Қайғылы болып кара тунь
Қайғы қаплады шықты унь,
Қыз қосында турған екен.
Атасы-да тауир болды,
Кеули тағы дартке толды,
Кози корди жалладларды,
Патшасы жберген екен.
Келди патшадан жаллатлар,
Менменсинген жауыз олар,
Гулимди услап алдылар,
Коп азаплар берген екен.
Қаратпады жағдайына,
Тикти қара талайына,
Сойлесе урды манглайына
Кута азап берген екен.
Атаудынг ишин жайлады,
Жалладлар озин сайлады.
Қолын артына байлады,
Қызға азап берген екен.
Қолын созды, урды, керди,
Ағызды манглайдан терди,
Атасына азап берди,
Қыз зар жлап кеткен екен.
Жаллатлар жолды баслады,
Қызды беккемлеп услады,
Атасын дузге таслады,
Гулимди алып кеткен екен.
Атасы қалды атауда,
Қолы-аяғы матауда,
Жалғызы кетти байлауда,
Ахрет, азап корген екен.

Қарамастан бунысына,
Салып балени басына,
Жинап от берип қосына,
Ғарры дузде қалған екен.
Айрылды ғарры жалғызынан,
Манглайындағы қзынан,
Паналап отқан қосынан,
Патша жуда еткен екен.
Гулим оли емес три,
Кеулинде дарти ири,
Ҳеш болмады қауендери,
Сол уақтында кеткен екен.
Апарды уллы шаҳарине,
Патшанынг улы заҳарине,
Қосты тутқыннынг брине,
Қыз зинданға тускен екен.
Оне бойы қанға батқан,
Коп балеге басын шатқан,
Ерксиз матауда жатқан,
Ол-да озиндей бир қыз екен.
Қызға танысты Гулим,
"Сизге кетип тур кеуилим,
— Яки қурдас, яки синглим,
Неден болды гунайынгыз?"
— Апажан сорама оны,
Айтпайын еситпе буны,
Зулым ханнынг қызған жоны,
Елден танглап сулу жыйды.
Қойдай шулатты халқты,
Ҳамь-де корсетпей жарықты,
Тусирди басқа тарлықты,
Браздынг желкесин қиды.
Мен бир жарлынынг қзы едим,

Ата-анамменен журь едим,
Хан шақыртты, бунда келдим,
Ит кормесин коргенимди,
Хан айтты маған-тиесенг.
Не қылғаныма конесенг,
Бугин қойныма кресенг,
Деди бирден уялмастан.
Келесенг деди сол кеште,
Кресенг деди қарангғы ишке,
Жасым апажан он беске,
Биыл ғана жеткен еди.
Арзымды айттым усылай деп,
Хан тынгламады солай деп,
Азаплар берди урды коп,
Ата-анам келген еди.
Душпанларды коп кулдирди,
Зулымшылығын билдирди,
Ата-анамды олтирди,
Сарайына кирген еди.
Ата-анам олгеннен сонг,
Қзыл гули солғаннан сонг,
Жалғыз озим қалғаннан сонг,
Денемди бағыш етпедим.
Ҳешбир тлимди тартпадым,
Тайынып созлер айтпадым,
Қарсы турдымда кайтпадым,
Бул зинданға салды суйреп.
Ушь кун болды тамақ ишпей,
Бул зинданда жатқаныма,
Жламай бир куним кешпей,
Қзыл қанға батқаныма.
Олсем олемен зинданда,
Былғанып бул қзыл қанға,

Ахыры шғар шбын жан-да,
Патшаға болмайман зайып.
Буннан-да бетер капылып,
Устиме темир жабылып,
Қалсамдағы естен танып,
Басты имеймен мунгайып.
Ане, апа менинг жайым,
Козим жетти олим тайын,
Халқтынг хан алды айын,
Дартлер кун сайын улғайып.
Дегенинде бул-да айтты,
Болған барлық аламатты,
Ханнан корген хиянатты,
Бастан баян еткен екен.
Жасқа толтырып козин,
Елеслетип сол уақ озин,
Гулимнинг айтқан ҳарь созин,
Аҳ урып тынглаған екен.
Еки қыз қолы байлаулы,
Устинде тур қарауылы,
Аяққа ксен салулы,
Коп хорлық корсеткен екен.
Сол уақытта келди бреу,
— Ханға журесиз дарру,
Болды хан қызларға зару,
Деп буларға айтқан екен.
Бурынғы қызды қалдырды,
Тағы бир ксен салдырды,
Гулимди хан алдырды,
Сулулығын кормекши екен.
Хан корди қыздынг келбетин,
Қаслары қияқ зинетин,
Болдырмақ ушын ниетин,

Бир жайға апарған екен.
Қызға айтты патща,
— Келипсиз батыр бул манға,
Айтарлығынг барма ханға?
Деп бир сауал қойған екен.
Қыз айтты сонда: ханымыз,
Қиналды шбын жанымыз,
Ҳамь-де жеткен жоқ жасымыз,
Маулет беринг бир еки жыл.
Жаспыз еле ондай иске,
Оиланг ханым, алынг еске.
Айтарым жоқ оннан озге,
Етпеймен денемди бағыш.
Сол уақытта хан бақырды,
Барлық жаллатын шақырды,
Олар келип қызды урды,
Қатты азап берген екен.
Хан баслады бузық жолын,
Қыздынг тартты аяқ қолын,
Жонсиз артып омырауын,
Жаллатлары комек болды.
Қол аяғын керип услап,
Бузық ислерин баслап,
Хан қызға онгменин таслап,
Жлан кби шаққан екен.
Қыз жатты балықтай тулап,
Оне бойы дир-дир жулап,
Жаллатлары қолын таулап,
Хан билдигин еткен екен.
Қыз туралмады орнынан,
Қан ақты заулап мурнынан,
Босатты патша торынан,
Озь мақсети питкеннен сонг.

Қыз жатты ушь кун еси ауып,
Қойды устине ақ жауып,
Патшаға болды бул қауип,
Қызды жақсы корген екен.
Келер тортинши куни,
Шықты кыздынг зорға уни,
Жастынг жайрап қалды мни,
Дартке дарть уласқан екен.
Жара жанларын қинлды,
Қыз есин зордан жинады,
Отырып сонгын ойлады,
Атасын қайғырған екен.
"Болмас ислер енди болды,
Қзыл гулим ерте солды,
Зулым хан билгенин қылды,
Аярлық нем қалды менинг.
Атам оли-ме три-ме,
Я жлап-жлап олди-ме?
Келсем бурынғы қаддиме"
Деп қыз ойлаған екен.
Барды патшанынг алдына,
Тахтында тур еди хан-да,
— Не деп сорады сонда?
Қыз арызын айтқан екен,
— Ағыздынг судай қанымды,
Жастан қинадынг жанымды,
Усындай еттинг ҳалымды,
Сизге айтарлық бир созим бар.
Бар еди атам қария,
Етейин соны жария,
Патша соған салғыл сая,
Олмесин ол қу майданда.
Қарамадынг жағдайыма,

Қара тиктинг манглайыма,
Қсым еттинг жас жаныма,
Мирими жоқ сур екенсенг.
Қол-аяғымды байладынг,
Заҳардей болып жайладынг,
Қан ишип тойлар тойладынг,
Мирими жоқ сур екенсенг.
Билгенингди еттинг маған,
Ойлан, не деин саған,
Козлеринг жаллат усаған,
Тлинг ашшы заҳарь екенсенг.
Басыма салып олимди,
Солдырдынг жастан гулимди,
Сындырдынг қыпша белимди,
Миримсиз бир сур екенсенг.
Зорлық еттинг жас жаныма,
Тоймадынг қзыл қаныма,
Оралдынг келип мойныма,
Нақ сур жлан сен екенсенг.
Тусимде корген сур жлан,
Дос емес еди ол душпан,
Ишиме толтырған пушпан,
Қара бетлер сен екенсенг,
Усынша етип зорлықты,
Корсеттииг абден хорлықты,
Салдынг мойныма қурықты,
Жаслығыма қарамадынг.
Қырды, шапты барғанларынг,
Уайран салды жаллатларынг,
Ханлығынга ылайық-па?
Усындай ис қылғанларынг.
Алдынг мени ҳаялыққа,
Ким шдайды бундай дыққа,

Хан емессенг, қанлы аузсанг,
Уайранлар салдынг халққа!
Атамды алдыр атаудан,
Қутқар озимди матаудан,
Ошимди бируақ аларман,
Сен усаған қарсы жаудан!
Дегенинде патша кулди,
Қыздынг ҳасылыны билди,
Атауға адам жберди,
Атасын алдырған екен.
Атасы пақыр аштан-аш,
Манглайына туспей қуяш,
Қула дузде жайып қулаш,
Олерменлер болған екен.
Шықпаған ғана жаны бар,
Жлайды қзым деп зар-зар,
Жалғыз қудайым болғыл яр,
Деп қақсап жлаған екен.
Жуырып барды жалғыз қзы,
Манглайындағы қундызы,
Жайнаған ай ҳамь жулдызы,
Қушақлады мойынынан.
Кориcти ата-перзенти,
Айрықша корген минети,
Қосылды ҳамь қайғы-дарти,
Хаммеси бриккен екен.
Қызға патша неке қиды,
Хаял етин бирден алды,
Барынша кеулин хошлады,
Сойтип дауран сурген екен.
Усылай етип зулым патша,
Сулу қызға қушақ аша,
Суйди коп сайлап барынша,

Қырқ бир қызды алған екен.
Патша сайлап сулуларды,
Олтирди урып бразларды,
Ушь тоқсан етти жазларды,
Улы заҳарин жайған екен.
Ксылды халқы азаптан,
Адиллик таппай бул тахтан,
Жермен кобейди жан-жақтан,
Коп жанларды қиған екен.
Халқ конбеди зорлыққа,
Барьҳа тускенсонг тарлыққа,
Шдамады бул хорлыққа,
Ҳамме кушин жиған екен.
Патшаға арыз айттылар,
Тенглик табалмай қайттылар,
Бразы басын қостылар,
Ханға қарсы болған екен.
Ханға айтты: ҳей, адилсиз!
Олер болдық ашлықтан биз,
Ушыраттынг бале мынг-да жузь,
Деп патшаға айтқан екен.
Патша жаман қаҳарленди,
Уын жайды заҳарленди,
Қарсы келгенин олтирди,
Дарды беккем қурған екен.
Арыз айтқанды услап алды,
Мойынына буғау салды,
Қарқыратып малдай шалды,
Халқты жаман қысқан екен.
Жылға, сайға ақты қанлар,
Қиылды гунасыз жанлар,
Отқа қарылды мынгсанлар,
Темир тамға басқан екен.

Қарсы шыққанын олтирди,
Табанларын тилдирди,
Ушь ағашына илдирди,
Халқ шулап посқан екен.
Адам олди, қан тогилди,
Бигуна гелле кесилди,
Жпектей шашлар есилди,
Мал орнына қосқан екен.
Адамзатты қосып қосқа,
Омирин откерип босқа,
Сонлықтан халқ тум-тусқа,
Жайын таслап кеткен екен.
Созди қысқартып айтқанда,
Тағы дартти молайтқанда,
Адиллик жоқ патша-ханда,
Усылай халқты қысқан екен.
Патшанынг қырқбир зайыбы,
Перзент болмады айыбы,
Тлеклер тлеп ғайыбы,
Перзентке зар болған екен.
Дуньянынг жузи тар болды,
Патша перзентке зар болды,
Кеулин кернеген ар болды,
Жасы еллиге келген екен.
Келгенше усы жасына,
Перзент келмеди қасына,
Дарть симады қанасына,
Патша ашу еткен екен.
Перзентсиз жаман озиме,
Ким қулақ салар созиме,
Сепкиллер тусти жузиме,
Деп патша налыған екен.
Япырмай-ау, кудайым-ай,

Отер болдым перзент болмай,
Бреуин козим кореалмай,
Откеним-бе бул дуньядан?
Келдим мне елу жасқа,
Перзентли болды меннен басқа,
Отти қаҳарим қара тасқа,
Деп патша ойлаған екен.
Алдым елден ару танглап,
Оймақ ауз қумар козден.
Коп ишинен сайлап-сайлап,
Брин суйдим сайлап жузден,
Синементлеп миндим жуйрик,
Жеталмастай қуған изден.
Тау, тоғайға салдым туйғын.
Аяқ бауын безеп жезден.
Қас еткенди асып дарға,
Малыма мал қостым дузден.
Бразларын комдим три,
Кара жерди қазып дизден.
Патша болып дауран сурип,
Оттимекен ҳешким бизден?
Сонынг ушын ендиги ой,
Хақ жарылқап уллы болсам.
Қырқ кун удай берейин той,
Жане кокмар шаптырайын,
Қоналқаға сойдырып қой,
Улды туған ҳаялымды,
Ақ мамыққа оратайын,
Қызды туған қатынымнынг,
Басын кесип туратайын.
Қыздан маған перзент болмас,
Озим олсем тахта турмас,
Онындағы олтирейин.

Сом денесин етип бой-бой.
Бундай исти етип журген,
Озалдан ақ мен еди марть,
Уллы болсам той берейин,
Қызлы болсам олтирейин,
Деп патша еттилер шарть.
Патшанынг бул еткен сертин,
Англамады ҳешбир адам,
Умытпасқа кеулине,
Журди туйип патша мудам.
Тау-тоғайға қусын салып,
Қиынлыққа берди шдам.
Патша буны ойлағалы,
Ушь жыл отти еки арадан.
Келди мне тортинши жыл,
Қсы отип, жадырап жаз.
Музлар ерип айна колден,
Ғангқылласып уштылар ғаз.
Қулпы донип жердинг жузи,
Тунги айға еткендей наз.
Сайрап колди жанглатады,
Дутар алып шерткендей саз.
Келбет коркли, орта бойлы,
Жасынан-ақ ақыл ойлы,
Гулим сулу жукли болды,
Болар деди абройлы.
Буны билди қырқ бир қатын,
Тумай атып қойды атын,
Жайын ҳаммеси қанатын,
Тлегин тлеген екен.
Аяғынан илдирмеди,
Душпанына сыр бермеди,
Басын қосып қырқ бри-де,

Патшасына билдирмеди.
Арадан жауды куғандай,
Беккемлеп белин буғандай,
Хаммеси бирден туғандай,
Дос болып басын қосқан екен.
Қуанды сонда ҳаммеси,
Артықша еди дамеси,
Усылай еди корген туси,
Ҳеш алалық болған емес.
Бир куни бари жиналды,
Отырып ҳамме ойланды,
Бреуи созге сайланды,
Мнаны ол айтқан екен.
— Қане, досларым бурын биз,
Журь едик жлап перзентсиз.
Тлек тледик мынгда жузь,
Қабыл болмаған еди.
Мне бугин ортамыздан,
Айлар туды арамыздан,
Ғарры емес жасымыздан
Бир ншаннынг хабары бар.
Жукли болды мна Гулим,
Тлек усы—бергей журим,
Енди сизлерге дерим,
Сездирмейик патшамызға.
Сездирмейик ҳешбир жанға,
Айтпайық ҳамь буны ханға,
Еситпесин бала-шаға,
Деп ойласық қылған екен.
Ханнынг мнези жап-жаман,
Ашуланса тусер думан,
Ақ жарылкап туса аман,
Билдирермиз деген екен.

Ақ жарылқап аман туса,
Гулимжан ҳамь уллы болса,
Олмей жаны аман қалса,
Билдирермиз деген екен.
Бреуи айтты сол уақытта:
— Болайық биз берк, пухта,
Жатыр бул перзент қурсақта,
Патша оны сезбес-пе екен?
Патша серлейди буны.
Сипап кореди оны,
Той берип қзады жоны,
Зар болып журь бир перзентке.
Тап кеше маған келгенде,
Тунде койныма киргенде,
Қолы аяғымды кергенде,
Қурсағымды корди байқап.
Ҳалынг қалай, баланг бар-ма?
Перзентсиз оттим сорыма,
Недермен қырқ бир ярыма,
Деп хан ишимди шайқады.
Сондай боп Гулимге келсе,
Баласынынг барын билсе,
Той береди кеули оссе,
Ол жағын-да ойлап қаранг.
Мен айтып едим патшаға,
"Жеткергей қудайым кызға"
Ыссыны салғандай музға
Қаҳарленди, ашуланды.
Патша қызды жақтырмайды,
Оны аман-да қоймайды,
Қан ишер қанға тоймайды,
Ығбалын-да кордим серлеп.
Сонынг ушын ҳиле табынг,

Гулимге корпени жабынг,
Ауыру деп жақсы бағынг,
Патша ҳешбир келе алмайды.
Ауырудан коп қашады,
Басқа есикти ашады,
Сонда ис жақсы болады,
Креалмайды қойынына.
Ауыру дейик Гулимди,
Бергей бир қудайым журимди,
Тауыстым айтын созимди,
Деп ахырын қойған екен.
Буны тынглап ҳамме қатын,
Билди бунынг ҳаслы затын,
Женгер дуньянынг зулмағын,
Деп ҳамме қуанған екен.
Дурыс болды бунынг айтқаны,
Гулим жатсын куни-туни,
Усылайынша шғып уни,
Жуда мақул корген екен.
Жатсын Гулим туғанынша,
Сезбесин буларды патша,
Буған қарап турсын Айша,
Деп уадени еткен екен.
Сол куннен баслап ақ тамақ,
Шашы қира жупқа додақ,
Қуанышта болып қунақ,
Жатты Гулим ақ отауда.
Арадан он кун откенде,
Жума ақшамы жеткенде,
Айсыз қарангғы тунде,
Жиналысты ҳамме қатын.
Алып душпаннан ашуын,
Блип кимлердинг қашуын,

Баслады қурсақ шатпуын.
Аппақ май шайнаған екен.
Хызметкери еди Зару,
Шақырды ол келди дарру,
Тамақты ҳазирлеп беру,
Онынг иси болған екен.
Зару буларға дос еди,
Ози жгигтинг басы еди,
Брақ уазирлзр қас еди,
Жаста жетим қалған екен.
Қырқ қатын буған аямай,
Берзди кунде аппақ май,
Болып пақырдынг кеули жай,
Коп жыл омир сурген екен.
Қырқ бри-де аяр еди,
Бар тапқанын берер еди,
Жуда жақсы корер еди,
Зарудағы солай еди.
Келди Зару, хызмет етти,
Айтты ҳаяллар раҳметти,
Аянбай қылды хызметти,
Қадирданлы болған екен.
Ярым ақшамда сойды қой,
(Еркин емес жасырын-ғой),
Танг атқанша баслады той,
Ҳаяллар бирлескен екен.
Қазан қайнады ас писти,
Гезек-гезек оттан тусти,
Зару баслады бул исти,
Қатар табақ тартқан екен.
Қалды қазанда ауысып,
Ким жесин оны тауысып,
Қасық, шомишти жуысып,

Зару комек берген екен.
Қатынлар кеулин хошлады,
Табақты уйге таслады,
Гулимди ҳамь алатлады,
Коп ырымды еткен екен.
Бреуи киндик шешемен,
Бреуи озим кесемен,
Озим бесикке болеймен,
Деп тартыслар болған екен.
Тағы үшинши қатын,
Мен қояман онынг атын,
Коргеймиз ҳамь-де раҳатин,
Деп тлек тлеген екен.
Қатынлар усылай қүанды,
Жламай ҳамме жубанды,
Ақ Гулим треп табанды,
Анық алты ай болған екен.
Ақ денели аппақ ару,
Жгер кушли питкен қару,
Куни ушын болып ауыру,
Тосек тартып жатқан екен.
Сарғышланды аппақ жузи,
Жаудырады еки кози,
Ақыл берип озине-ози,
Ис ахырын куткен екен.
Неше бир ойды ойлады,
Теренгге тусип бойлады,
Қиынлыққа бел байлады,
Мартликке исенген екен.
Қырқ қатын шықпай қасынан,
Артық болды анасынан,
Қолын тусирмей басынан,
Недегенин берген екен.

Толды мне жети айға,
Таубе етингиз қудайға,
Аз кун қалды уллы тойға,—
Деп ҳамме ойлаған екен?
Алле кыз-ба, алле ул-ма?
Корерге оны кун бар-ма?
Бир қудай бизди аяр-ма?
Деп тлек тлеген екен.
Ане сондай болды тлек,
Уллысы еди Ақблек,
Гулимди қадирлеп болек,
Ақ отауда баққан екен.
Билдирмеди басқа жанға,
Хабар бермеди ханға,
Туар болды келер тангға,
Хаммеси жиналған екен.
Жиналды келди қырқ ҳаял,
Қурды бақанды дарьҳал,
Айтып Гулимге арзы-ҳал,
Ҳалдан хабар алған екен.
Бақан берди ақ отауға,
Етпеди ҳамь артық-ғауға,
Салды жуен асылуға,
Ҳаммесин тақлаған екен.
Жуен қыстырды бақанға,
Асылды кеп Гулимжан-да,
Жаман батты шбын жанға,
Толғақ қатты болған екен.
Еки аяғын косилди,
Жпек шашлары есилди,
Гезек-гезек тартты белди,
Қырқ қатын отырған екен.
Гулим тулады сазандай,

Кайнады журек қазандай,
Қзыл гуллери солғандай,
Сарғыш енди ақ жузине.
Қатты болды усы толғақ,
Жарылды ерни қақ-қақ,
Қырқ қатын жаюда қушақ,
Паль-паль болып турған екен,
— Мен шықпайман бул дуньяға,
Нем бар куйикли дуньяда,
Тныш жатаман уяда,
Дегендей иштеги перзент.
Мен куйикпен сенлер ушын,
Куанбанглар менинг ушын,
Кеткеним жақсы-да қыршын,
Дегендей тулады иште.
Маған дунья горден-де тар,
Шықтым дуньяға шектим зар,
Қайғы-қапесте нем бар,
Дегендей тулады иште.
Қадирли, ғамхор аналар,
Менинг ушын қуанбанглар,
Омирингизше шегерсиз зар,
Дегендей тулады иште.
Гулим есинен талды,
Қырқ қатын қорқып қалды,
Бир уақта зорға дем алды,
Толғақ қатты болған екен.
Нур саулели шашып нурды,
Пери кби бир қыз туды,
Еси тусти, белин буды,
Жерден котерип алған екен.
Жерден котерди Ақблек,
Корип атыр гезек-гезек,

Орынланды перзент тлек,
Суйинши сорап бир-бринен.
Салды жоргегин Ақжузик,
Кенг пейилли, бели назик,
Киндигин кести Гулжузик,
Киндик шеше болған екен.
Жубанбады, шырлады қыз,
Ыссы суға басқандай муз,
Алтын кби қасы қундыз,
Қыз келбетли болған екен.
Қатынлар қайғыны жойды,
Қызға кеуили жуда толды,
Шашуына коп қой сойды,
Зару жетип келген екен.
Гулим-де жинады есин,
Корди перзенттинг тусин,
Не болар деп ақырғысын,
Коп ойланып куткен екен.
Болды сонда туннинг жарпы,
Ел тныш тапты шала шарпы,
Гулимнинг бурынғы қалпи,
Ҳеш озгермей турған екен.
Қыз тудым деп қиналмады,
Ул емес деп ойланбады,
Брақ қзы жубанбады,
Шырқырады оннан бетер,
Неге шықтым сум дуньяға,
Мен не қылдым бир аллаға,
Жеткердингиз усы ҳалға,
Дегендей қыз жубанбады.
Қырқ қатын-да ҳайран қалды,
Корген сонг бундай ауҳалды,
Жолына деп дунья малды,

Бир тлек тлеген екен.
Қыз жатыр сонда шырқырап,
Гейде булығып, бырқырап,
Сай суйеги сырқырап,
Қырқ бри қиналған екен.
Қызды орады мамыққа,
Қойды гауҳарды жабыққа,
Салып алтынды табаққа,
Шашу ырым еткен екен.
Қырқ қатын турып ойласты,
Гулимменен қосып басты,
Тогип козинен жасты,
Коп ойланып турған екен.
 — Ендиги созь мнау болсын,
Душпанлардынг гули солсын,
Досларымыз аман болсын,
Тлегимиз усы бзинг.
Не болса-да корейик,
Тынг-тынглап қулақ турейик,
Патшаға хабар берейик,
Деп ойласық еткен екен.
Бреуи турып сол уақыт,
Саль жерде сынбасын сахыт,
Перзент деген уллы бахыт,
Мақул болар хабар берсек.
Енди бир тасил етейик,
Бақанға жуен керейик,
Азанда хабар берейик,
Деп ойласық еткен екен.
Патша қуанар перзентке,
Жетер бугин ниетке,
Ие болдық зор ниетке,
Деп Гулимге айтқан екен.

Қызды ортаға алды,
Кырқ қатын назер салды,
Саубетине ҳайран қалды,
Пери кби болған екен.
Туған уақытта анадан,
Шыққан бир қзыл қанадан,
Сондадағы артық екен,
Откен Юсип-Злиқадан.
Аппақ бети, алтын шашлы,
Оймақ ауз, қара қаслы,
Перилерден артық ҳаслы,
Оннан-да зияда екен.
Келбетининг кемиси жоқ,
Тимесе егер ажел оқ,
Хаяллардынг кеуили тоқ,
Қыз мирин қандырған екен.

V

Танг атуға шамаласты,
Кун шғуға жақынласты,
Қатынлар тағы ойласты,
Ендиги ис мнау болсын.
— Патша тағына мингенде,
Кимде арыз бар дегенде,
Уазирлер ҳамме келгенде,
Суйинши сорап Зару барсын.
Туды деп буны айтпасын,
Қорқып жоллардан қайтпасын,
Уйқлап жатса оятпасын,
Хабар алып келсин барып.
Деп Заруди шақырып алды,
Тусиндирди болған ҳалды,
Солай деди итималды,

Ханнынг ҳазир хабарын ал.
Оған-буған қулақ турип,
Патшаға бар асте журип,
Созь қылмасын бреу корип,
Деп тусиник берген екен.
Бар патшанынг сарайына,
Қара онынг райына,
Перзентли болдынг дегенде,
Не енер екен шрайына.
Аяғына басынгды ура,
Ширин-ширин созлер қура,
Ҳазир барып суйинши сора,
Деп Заруге айтқан екен.
Зару буны мақул корди,
Дарьҳал етек, женгин турди,
Хан жатқан сарайға кирди,
Тезден шғып кеткен екен.
Қатынлар айтты кетерде,
Абайлап бар жетерде,
Жаза таппа саль-паль жерде,
Деп Заруге айтқан екен.
Патшадан болса жаманлық,
Кетсе басынгнан аманлық,
Бар кушингди салда барлық,
Тез хабар бер деген екен.
Бул кетистен Зару кетти,
Уазирдинг қасына жетти,
Келгенлигин баян етти,
Ол-да қуанған екен.
Барды-да патшаға айтты,
Сойттидағы кеин қайтты,
Уазирди ҳамь ишке тартты,
Сорамақшы болған екен.

Басында қундыз жғасы,
Жарқырап гумис жағасы,
Ҳамь қолында айбалтасы,
Патша тахта турған екен.
Қайта-қайта таулап муртын,
Дем алғандай урип уртын,
Халққа қаратып сыртын,
Патша тахта турған екен.
Устинде сары меллеси,
Бир қулаш болып саллеси,
Қазы, хожасы ҳаммеси,
Арыз сорап турған екен.
Қарап онынг жағдайына,
Таубе етип қудайына,
Жиып уазирин сарайына,
Патша тахта турған екен.
Бир "гуналы" батып қанға,
Хош айтысып шбын жанға,
Темир ис қадалып санға,
Ол байлауда турған екен.
Козден ағып қанлы жасы,
Томенге салбырап басы,
Коз алдында ата-анасы,
Елес-елес турған екен.
Арқан қсып қолын, белин,
Солдырып бул сары гулин,
Ҳамь кореалмай туған елин,
Қапалықта турған екен.
Алалмай коз жасын тиып,
Арқа, мойнын арқан қиып,
Тарығып, тар жерге сиып,
Кута азап шеккен екен.
Иегинен жоқары илип,

Мойнынан қамшы тлип,
Три емес, енди, олип,
Жан алқымда турған екен.
Бар екен ата-анасы,
Бузылғаннан сонг ханасы,
Жетип аллаға наласы,
Жетеклесип келген екен.
Оны патша киргизбеди,
Жалғыз улын коргизбеди,
Бир қасық су бергизбеди,
Қсым етип қойған екен.
Ата-анасы жлады,
Козининг жасын булады,
Узынына ҳамь қулады,
Жалғызына келген екен.
Ата-анасы келгенин,
Босат перзентти дегенин,
Трилей жатып олгенин,
Жалғызы-да сезген екен.
Шықты ананынг зары,
Кетти перзенттинг дмары,
Бугеженглеп жлап ғарры,
Ханға арыз етуде екен.
Патша арызын тынгламай,
Гунасыз жанды аямай
Жанына раҳим қылмай,
Перзентин қинаған екен.
Патша сонда мойнын бурды,
Жаллатлары тикке турды,
Ғарры менен кемпирди урды,
Қолларын байлаған екен.
Қан акты ғарры кемпирден,
Тиди бир таяқ саль жерден,

Шықты жанлары бирден,
Таяқ жаман тиген екен.
Жолатбай оны қалаға,
Еки оликти далаға,
Қарға жиналған салаға,
Сол маҳаль таслаған екен.
Байлаудағы гунакар,
Оннан-да бетер етти зар,
Енди олмеске нем бар,
Деп ол ойлаған екен.
Енди бала қаҳарленди,
Кушин жинады шренди,
Арқан узилди, шешилди,
Қолы босаған екен.
Қолы еркин босаған сонг,
Ғаррылардынг алып тусын,
"Саған силық усы болсын",
Деп бреуин урған екен.
Бир қлыш қолына тусти,
Кушленди дауылдай ести,
Уазирдинг геллесин кести,
Ҳешким тутып ала алмады.
Қзыл қанын судай шашты,
Патша турып тахтан қашты,
Кушағын олимге ашты,
Қатты қорқып қалған екен.
Тутқын жгит куш бермеди,
Откир қлышын сермеди,
Ҳешбир жан шдам бермеди,
Озь басын қорғаған екен.
Қырды отырған жаллатты,
Тобесине урды қатты,
Тобеде қлыш ойнатты,

Душпаннан ошь алған екен.
Бар еди озиндей болған,
Гуналы болып байланған,
Дарға асуға тайынланған,
Бир жолдасы турған екен.
Қарады аққан жасына,
Барды жуырып қасына,
Берди қлыш жолдасына,
Байлаудан босатқан екен.
Ол жолдасы қасында еди,
Қлышты қнапта корди,
Келген жауға соққы берди,
Булдағы қарулы екен.
Келген жауды шдатпады,
Аяқ-қолын байлатпады,
Душпаны ҳешбир батпады,
Алақласып турған екен.
Куш бермей барлық адамға,
Шықты жуырып майданға,
Туспеди қайтып зинданға,
Олимнен қутылған екен.
Қыстырып белге полатты,
Мнип алды жақсы атты,
Аралап сбай елатты,
Булар қашып кеткен екен.
Қуды кейнинен коп жан,
"Усла" деп барьҳа шулаған,
Кетти лашкерлер неше сан,
Сап тартып урысқан екен.
Женгилместен еки батыр,
Музды шайнап қатыр-қатыр,
Қашып душпан сатыр-сатыр,
Шаҳарине тғылған екен.

Қолы байланған жгитлер,
Жауын женгип сонда мартлер,
Ханға тусип қайғы дартлер,
Олар азат болған екен.
Суйинши сорап келген Зару,
Қайтты кейнине дарру,
Қиын болды дауран суру,
Патша қапа болған екен.
Айта алмады Зару созин,
Қубартты-да қзыл жузин,
Блип патшанынг мнезин,
Қырқ қатынға келген екен.
Болған барлық ҳадисени,
Еки батыр еткен исти,
Қайғыда қайралған тисти,
Ҳаммесине айтқан екен.
— Барып едим ханынгызға,
Ай балталы шаҳынгызға,
Жаллат қойды қасымызға,
Шдап сонда туралмадым.
Қасында адам коп екен,
Ханынг кута зулым екен,
Хореги онынг жан екен,
Қорқып соннан айталмадым.
Тағыда қайтып баруға,
Шдай алмадым қарауға,
Айтқанларынгды айтуға,
Сарайына баталмадым.
Ҳайран қалды барлық ҳаял,
Енди блай болды қиял,
— Зару мнаған қүлақ сал,
Деп созлерин айтқан екен.
— Тағы бар патша қасына,

Кир жаллаттынг арасына,
Даулет қонған хан басына,
Ҳазир барып баян еткил.
Анық айт қызлы болдынг деп,
Алдында онынг турма коп,
Озь озинге еткил еп,
Бир ис болса жылдам келгил.
Патша суйиншини коп берер,
Қуанғаннан кейнинге ерер,
Келип бизлерди корер,
Коп қадирлеп жақсы куткил.
Хан қуанар перзентине,
Қарамас тах зинетине,
Жеткеннен сонг ниетине,
Тезден келер деген екен.
Зару бул созге ойланды,
Тағы баруға қиналды,
Дослықта жипсиз байланды,
Тағы бармақ болған екен.
Басына тускендей доҳмет,
Кетти ханға екинши рет,
Ақ отаулардан шғып шет,
Патшасына жеткен екен.
Патша ашулы заҳарленип,
Муртын таулап, қаҳарленип,
Айбатпенен тахқа мнип,
Сол уақытта турған екен.
Кеше олген адамларын,
Тарк етип қолда барын,
Ҳаркимлерге айтып зарын,
Қапа болып турған екен.
Олгенлерди ақ кепинлеп,
Моллалар келип бримлеп,

Сол кун уазирин жерлеп,
Патша қапалы екен.
Барды Зару, басын иди,
Арыз айтқанын патша билди,
Қасындағылар не?—деди,
Ҳаммеси тусинген екен.
Усынып сол уақта Зару,
Келгенлигин айтты дарру,
Ойланарлық бул билдиру,
Кейни жаман болған екен.
— Хей патшаҳым, келдим сизге
Қаҳарленбе ханым бизге,
Қулақ салынг айтқан созге,
Деп Зару баслаған екен.
— Перзентсиз еди айыбынг,
Жарылқады бул ғайыбынг,
Қыз тапты кши зайыбынг,
Суйинши бер ханым, суйинши.
Хақ корди козингнинг жасын,
Аяды сиздей бендесин,
Кординг перзенттинг қарасын,
Суйинши бер ханым, суйинши.
Он бес кунлик айдай толдынг,
Перзентсиз коп уақлар солдынг,
Ақ жарылкап қызлы болдынг,
Суйинши бер ханым, суйинши.
Келгенде усы жасынга,
Даулет жетип тур басынга,
Келдим қуанып қасынга,
Суйинши бер ханым, суйинши.
Қапа кеулди хошлангыз,
Табақлап алтын шашлангыз
Уллы тойларды баслангыз,

Суйинши бер ханым, суйинши бер.
Деп Зару созин тауысты,
Ханнынг қиялы ауысты,
Қатты шғарды дауысты,
Жаллат жетип келген екен.
Журеалмастай қлып жолын,
Байлап алды еки қолын,
Таяқтан узилди жулын,
Зару азап шеккен екен.
Қанға толтырып орнын,
Патша қарады қрын,
Зарудынг тилдирди мурнын,
Кута азап берген екен.
Урды жаллатлар таяғын,
Кесеудей етип аяғын,
Хамь-де кестирди қулағын,
Сойтип журдай еткен екен.
Тау суындай ағып қаны,
Ҳеш болмады қадирданы,
Геудеден шықпады жаны,
Зару олмей қалған екен.
Патша жаман ашуланды,
Қарт бурадай қатуланды,
Жутқандай три жланды,
Сондай заҳарин жайған екен.
Деди жаллатларын жинап:
— Қатынларға барынг жайлап,
Туғанын олтиринг қинап,—
Деп буйрығын берген екен.
Қызды туған сол ҳаялды,
Алып келинг қарсы алдыма,
Онынгдай бузық қиялды,
Салайын бул салдарыма.

Дегенинде жаллатлары,
Кетти ҳаяллар жайына,
Қан жалау ҳаслы затлары,
Қарамады райына.
Зару турды орнынан,
Қаны ағып манглайынан,
Қақырық туспей танглайынан,
Қатты азап шеккен екен.
Қия жерден аса алмады,
Қзыл қанын тыя алмады,
Адым атып журе алмады,
Ҳаль-дарьманы қурған екен.
Сондадағы жанын қинап,
Халы кетип кози жайнап,
Кеулинде қайғы қайнап,
Коп азапты шеккен екен.
Зару сонда зарланады,
Кеулине дарть торланады,
Зорға зорға қозғалады,
Сарайынан шыққан екен.
Суйретилип қаны ағып,
Киынлыққа жанын жағып,
Манглайынан тери ағып,
Тезден журмек болған екен.
Олдим-талдым дегенде,
Жалығып жанын жегенде,
Арадан аз уақ откенде,
Ҳаялларға жеткен екен.
Қатынлар отыр хабарсыз,
Қызды қушақлап қайғысыз,
Болдық деп барьҳа арьмансыз,
Кеулин хошлаған екен.
Қатынлар корди бреуди,

Тани алмады Заруди,
Бунынгдай азап беруди,
Ҳешбир ойламаған екен.
Қатынлардынг туси қашты,
Заруге қушағын ашты,
Қой козыдайын шуласты,
Хаммесин сораған екен.
Жаллатлар кетти адасып,
Ғайра-ғайра жерди басып,
Ойер буйерди сорасып,
Буларды таппаған екен.
Булар отырған сарай,
Еди бурыннан таса жай,
Буннан ҳешким ҳабар алмай,
Таса болып турған екен.
Сонынг ушын излегенлер,
Қдырып буны- жургенлер,
Қайдан табамыз дегенлер,
Буларды кормеген екен.
Зару сонда есин жиып,
Ҳаулығып коз жасын тиып,
Басын котерип қилтиып,
Бул созди баслаған екен.
— Бардым ханға суйинши сорап,
Айттым создинг басын қурап,
Булбил кби турдым сайрап,
Патша миримсиз екен.
Аштым ҳамме болған исти,
Сол уақта озгертти тусти,
Қаҳарленип, қайрап тисти,
Патша кута зулым екен.
Сизлерге адам жберди,
Тезден алып келинг деди,

Қзын ол олтиринг деди,
Патша кута зулым екен.
Қалмайын деп қанынгызға,
Келгеним сол қасынгызға,
Берк болынг жалғыз қызға,
Деп Зару жлаған екен
Ҳаяллар билди сол уақыт,
Билди тайғанын бахыт,
Баледен болуға сахыт,
Бир илажын еткен екен.
Ашып козининг греуин,
Отирик қлып треуин,
Тумаған басқа бреуин,
Мсал жукли еткен екен.
Гулимди тезден турғызып,
Қурменен белин бутызып,
Бети қолларын жуғызып,
Хеш түмаған еткен екен.
Ҳаяллар ақыл асырды,
Қызды бир жерге жасырды,
Ҳешкимге билдирмей сырды,
Бир ылажын корген екен.
Айры бақанды қурды,
Оған брин асылдырды,
Қасына жуен илдирди,
Бир ырымды еткен екен.
Заруди орап корнеге,
Жасырды купия жерге,
Енди ҳешким туды дерге,
Бир белги болмаған екен.
Қатынлар шақақлап кулип,
Не болғанын иштен блип,
Сарайдынг қапысын илип,

Уағыр-шағыр болған екен.
Келди сол үақыт жаллатлар,
Турды орнынан ҳаяллар,
Даруазаны ашып олар,
Ишкериге кирген екен.
— Қызды туған қайсы ҳаял,
Алдымызға тусинг дарьҳал,
Асармыз дарға, итимал,
Деп хабарын берген екен.
Сол уақытта ҳамме қатын,
Бреуининг айтты атын,
— Дузен ырым салтанатын,
Мна исти етип едик.
Бреуимизди жукли еттик,
Ойнап соған толғат дедик,
Не кылсангыз озинг блинг,
Азын-аулақ ойнап кулдик.
Инанбасанг қарап коринг,
Тапсанг бизге азап беринг,
Қыз туғанды алып журинг,
Деп қатынлар айтқан екен.
Сол уақытта келген жаллат,
Қалды мойнына аманат,
Енди етпеди қиянат,
Кейнине қайтқан екен.
Қарады ояқ-буяқты,
Суқты ҳарь жерге таяқты,
Ертип кейнине саяқты,
Жолларына тускен екен.
Қсым етип шбын жанға,
Қыл бурауын салып санға,
Ҳамме жаллат барып ханға,
Бул-ислерин айтқан екен.

— Бардық тақсыр ҳаялларға,
Коп зорлық еттик оларға,
Қорқып, уркип соқты жарға,
Ҳешким тумаған екен.
Етип кеулин жрым-жрым,
Болып журген прым-прым,
Озлеринше етип ырым,
Брин жукли еткен екен.
Жилли-ме, сау-ма кешеги,
Суйинши сорап келген кси,
Хызметши екен сойердеги,
Апалақлап келген сизге.
Хаяллар билмейди оны,
Таяқ жеуге қызған жоны,
Сылтау етип оны-буны,
Сизден коп зат алмақ екен.
Билдик ол отирик екен,
Жангағыны корип келген екен,
Бикарын билмеген екен,
Тағы барып келдик, тақсыр.
Дегенинде, ойланып хан,
Деди: исендим саған,
Айтқаным ауел бастан,
Жарамлысанг достым маған.
Анау журген қырқбир қатын,
Мен айтайын атап атын,
Солардынг айналып сыртын,
Ертели кеш қулағынг сал.
Қыз туса егер бреуи,
Гелле қыл қлыш греуи,
Бреудинг болса реуи,
Жеткер озиме дарьҳал.
Еткен ислерин жасырса,

Бикар аяққа бас урса,
Айтысып билдигин қылса,
Қурбан болсын қырқ бир ҳаял
Достым буны есингде тут,
Қыз туғанын сол уақта қурт,
Кун жоқ оларға ымырт,
Бул созь рас, емес қиял.
Дегенинде басын иип,
Манглайы ҳамь жерге тиип,
Кеули осип коркейип,
Жаллат қуанды қатты.
Таубе қлып болғаннан сонг,
Бул талабым болғай деп онг,
Мен едим ғой қаҳарли тонг,
Деп турып мнаны айтты:
— Ондай болса патша—ханым
Сзинг ушын ширин жаным,
Болсын усы ис талабым,
Орынлайман аманатты.
Жуда мақул усы ойынг,
Ден саулықты уллы тойынг,
Қан ишип ауел-де бойынг,
Осип еди тақсыр, ханым.
Хауа, кыз перзент болмайды,
Олсенгиз тахта турмайды,
Олсенг-де мойнын бурмайды,
Деп баян еткен екен.
Усы болсын енди уаде,
Қан ишу бизлерге қаде,
Сақ болып журемен енди,
Деп ханға айтқан екен.
Ханға айтты: сақ боламан,
Қызды туғанды шаламан,

Ордасын уайран қламан,
Деп уадени берди сонда.
Бул гаплерди айтып-айтып,
Патшанынг кеулин байытып,
Келген изименен қайтып,
Англушысы кеткен екен.

Еситинг созь ҳаяллардан,
Бари бирдей болып ҳайран,
Болды хабары булардан,
Кута сақлық қылған екен.
Жаллатлар келип кеткели,
Хайуанлық исин еткели,
Арадан бир тунь откели,
Озь ғамларын еткен екен.
Сол куни тунде келип Зару,
Исине кристи дарру,
Бул баледен аман журу,
Мнау себеп деген екен.
Зару айтты ҳаялларға,
Насиҳат берип оларға,
Пана қлып жан сақларға,
Блай деп жол салған екен.
— Билдик ханнынг етер исин,
Сырттан қайраған тсин,
Онынг жазасын кақ берсин,
Озимиз болайық пухта.
Пухта.болсақ ҳеш бале жоқ,
Болады ҳамь кеулимиз тоқ,
Бул журектен отпейди оқ,
Бирлик болса ҳарьуақытта.
Теренгнен шыққан сағызды,
Жарқыраған ай-жулдызды,

Манглайдағы жалғыз қызды,
Жаллат тауып олтирмеске.
Жер астынан салынсын жай,
Ол болсын келбетли сарай,
Ишине қойылсын ғауҳар-ай,
Крисейик усы иске.
Аузын қиялап ояйық,
Тобесин беккем қлайық,
Торине гауҳар қояйық,
Жарық болсын кунде кеште.
Ишине егейик гуллер,
Сайрасын сонда булбиллер,
Отсин сонда браз кунлер,
Деп Зару сойлеген екен.
Салып бул қызды бесикке,
Қоймайық санглақ тесикте,
Тураман барьҳа есикте,
Қиланбайман ҳешуақытта.
Ертели-кеш барып Гулим,
Емизип турсын жлатпай,
Мен тербетип отыраман,
Хайялап оны оятпай.
Таймасын баслардан бахыт,
Хешуақта сынбасын сахыт,
Қапа жоқ хош болсын уақыт,
Ис ислейик астен ғана.
Душпанларға коринбестен,
Журсин олар еситпестен,
Айрылмайық усы истен
Жердинг астын етип пана.
Душпан сезсе аямайды,
Дуньяда три қоймайды,
Айтқанларынгды қылмайды,

Олтиреди асып дарға.
Биз коргенлерди ит кормей,
Аз ғана кун дауран сурмей,
Суйегимизди копке бермей,
Шоқытады қарғаларға.
Сол уақытта кырқбир ҳаял,
Мақул корди буны дарьҳал,
Буны ислеуге жетеди ҳал,
Деп уадесин берди бари.
Деп ҳаммеси кушин қосты,
Блип алды душпан, досты,
Қарап коз салып тум-тусты.
Бул илажды еткен екен.
Айтқанынг рас дос Зару,
Бул исти етемиз дарру,
Булай етип кунди кору,
Бизлерге болмайды айып.
Бар еди бурын банть болған,
Иши жемиске толған,
Жер астынан санлеп салған,
Хаяллардынг кенг сарайы.
Ҳарь жумада барып соған,
Суйер еди суйгенлерин.
Ҳешбир адам билмес еди,
Бундай болып жургенлерин.
Ане сол жайды жақсылап,
Иши, сыртын хамь нағыслап,
Қырқ бир қатын кеулин хошлап,
Бул талапты еткен екен.
Бурыннан жақсы ақ сарай,
Оннан бетер енди шрай,
Онг жағынан туғандай ай,
Гауҳарларды қойған екен.

Қызды орады мамыққа,
Бағу ушын май, қаймаққа,
Билдирмей аул-аймакқа,
Озь ислерии еткен екен.
Ашып тобеден есикти,
Киргизди алтын бесикти,
Бекитти қоймай тесикти,
Уллы гауҳар қойған екен.
Жарқыратып аппақ жузин,
Жаудыратып еки козин,
Жас сулудынг жалғыз озин,
Салды алтын бесигине.
Жасынан болсын деп зирек,
Қушақлады гезек-гезек,
Жпек жауып, мамық жоргек,
Сол бесикке салған екен.
Буған Зару коп қуанды,
Женгдик деп енди душпанды,
Ишинде қоймай пушпанды,
Кеулин қошлаған екен.
Жиылды ҳаяллар тағы,
Таймай бастан даулет-бағы,
Сойлескен сози сондағы,
Блайынша болған екен.
Орамал туйди, қой сойды,
Душпанлардынг козин ойды,
Гулзар деп кызға ат қойды,
Ҳаммеси жиналған екен.
Жиналғандағы ҳаммеси,
Усылай болған дамеси,
Гулзар қоюдынг маниси,
Ол мнадай болған екен:
— Бул шыққан еди таза гул,

Қош ҳауазы артық булбил,
Усы уақыттан байланды тил,
Деп буны бойлаған екен.
Дуньянынг жузи тар болды,
Жаз куни қрау-қар болды,
Кеули қош емес, зар болды,
Десип Гулзар қойған екен.
Жиналысып ҳамме қатын,
Усылай етип қойды атын,
Дузеп сонда салтанатын,
Бул сарайға қойған екен.
Атын усылай деп қойды,
Жуыртты-да ақыл-ойды,
Озлеринше уллы тойды,
Сол жайында еткен екен.
Шешен еди жастан Зару,
Котерди кеулин дарру,
Усылай деп кеул котеру,
Шермеп дутар шерткен екен.
Қайта-қайта басын былғап.
Қайғы сести қайтып толғап,
Козинен жасы сорғалап,
Блай деп баслаған екен.
— Келдим мне усы жасқа,
Бауырым тиди қара тасқа,
Копдур меннен-де басқа,
Усылай болып журген екен.
Ханнан корип хорлық-азап,
Гунасыздан шегип азап.
Ахретте жургенлер коп.
Неше сапар қалдым қулап,
Дос болдым мне сизлерге,
Коптен бери кеул бирге,

Кирдим кунинде қара жерге,
Кайғы дарть ишимди улап.
Олтирди патша атамды,
Ортеди комбей анамды,
Озалдан бузды ханамды,
Барьҳа ханда журмен тулап.
Усыдан олип кетермен,
Олеғойсам не етермен?
Олмесем буны корермен
Коз жасымды бир тиярман.
Озалдан қастым хан еди,
Жастан жанымды жеди,
Неше сапар азап берди,
Желкесин бир уақ қиярман!
Усы ханнан ошимди алсам,
Таймай тахтында шалсам,
Жлағанға раҳим қылсам,
Болмас еди кеулде арьман.
Деп Зару қатты зарланды
Кеулине дартлер торланды,
Қардай борап қаҳарленди,
Кута ашуы келген екен.
Ҳаяллар тынглады созин,
Жаспенен жудылар козин,
Ол айтқан жоқты бир озин,
Ҳамменинг басында еди.
Зару коп мунгланды-да,
Ойлап оны бир қияда,
Қыздырды тағы тойды-да,
Қуанышқа кошкен екен.
Булбил кби тли сайрап,
Хан исине тсин қайрап,
Хаялларға туры қарап,

Тағы буны айтқан екен.
— Жеттингиз бундай бахытқа,
Шадыман болған уақытқа,
Айтпанг сырларды жатқа,
Коз айдын дослар, коз айдын.
Бир-бреуге етип зинет,
Коп жыл бойы шектик минет,
Козлерингиз корди перзент,
Коз айдын дослар, коз айдын.
Жиып кушлерди блекке,
Ҳарь кунинде турып тикке,
Жеттингиз бундай тлекке,
Коз айдын дослар, коз айдын.
Ахмақ патшангыз не билсин,
Илайым тутқында олсин,
Қыз болсадағы сау болсын,
Коз айдын дослар, коз айдын.
Узақ омир бергей буған,
Хамме тлек тленг соған,
Он торть кунлик айдай болған,
Коз айдын дослар, коз айдын.
Сизлердағы жастан жлап,
Зулымлық жанга қсылып,
Бриктингиз бундай болып,
Коз айдын дослар, коз айдын.
Аузы ала, ҳарь уақ ала,
Еткен иси болар шала,
Дослық керекти барқулла,
Коз айдын дослар, коз айдын.
Қуртынг арадан қаслықты,
Кушейтингиз бул дослықты,
Ойланг ҳамь-де жақсылықты,
Коз айдын, дослар коз айдын.

Бердим сизлерге кеулимди,
Тлеймен барьҳа журимди,
Тогемен ҳадал теримди,
Коз айдын дослар, коз айдын.
Ҳамме қатын қушақ ашып.
Ҳурметледи гуллер шашып,
Дослық дослыққа уласып,
Беккем бирлик еткен екен,
Сол куннен баслап сарайға,
Қарауыллап Гулзар қызға,
Зару пақыр турды барьҳа,
Манглай штып қиналмады.
Жласа қызды тербетти,
Анасындай хызмет етти,
Мамыққа орап коп кутти,
Қартайдым деп ойланбады.
Зару қасында тур жемис,
Ҳешнарседен емес кемис,
Жарқырап ҳамь алтын гумис,
Шағылысты гауҳарменен.
Гулим келип ертели кеш,
Емизеди ай Гулзарын.
Душпанынан алғандай ошь,
Ағытады иште барын.
Коп уақ қзын қушақлайды,
Козде жасын моншақлайды,
Ынгранады, солқылдайды,
Қатты қапа болады екен.
Геугим тартқан тунгё жақын,
Тынг-тынглап басып аяғын,
Салып ҳарьжаққа қулағын,
Ҳаяллар келеди асте,
Ретме-рет келеди,

Гулзарды қатты суйеди,
Тлегин ҳамме тледи,
Алалық болмаған екен.
Ауилдейди, куледи қыз,
Еригендей қыстағы муз,
Болғандай бари арьмансыз,
Уақты хош болған екен,
Қыз келбетли, мсал пери,
Айдан, куннен зият нуры,
Брақ тусип қапес торы,
Жузи сарғыш болған екен.
Енгбеклейди арман-берман,
Оны корип қлады арьман,
Куннен кунге птип дарьман,
Бойын тиклеп турады екен.
Ғаз-ғаз турды тиклеп бойын,
Озь алдына етти ойын,
Балалықтынг корип тойын,
Жас кеулин хошлаған екен.
Гулзар екиге келгенде,
Арадан кунлер откенде,
Муддетли уақты жеткенде,
Зиуар жукли болған екен.
Ол Гулимнен ушь жас кши,
Артық еди қару-куши,
Кун сайын томпайып иши,
Бул ис анық болған екен.
Ҳамме қатын блип оны,
Сылтау етти оны-буны,
Узилмесин деп жулыны,
Гулимдей қып баққан екен.
Буны Заруге билдирди,
Тамаша созге кулдирди,

Ҳаммесине суйинши берди,
Зару қуанган екен.
Зару-де қатты қуанып.
Журди тағыда ойланып,
Қойды ҳарьуақыт қиналып,
Ис ахырын куткен екен.
Буны сездирмей ҳешкимге,
Жетти есаплы кунге,
Толғатты келии бир тунде,
Айы, куни толған екен.
Ендирип буны шрайға,
Апарды ҳасыл сарайға,
Шукир етисип қудайға,
Ҳаммеси жиылған екен.
Бақан қурды, жуен салды,
Белине турмесин шалды,
Қиын қылмай усы ҳалды,
Тарбиялап турған екен.
Зару барып есик жапты,
Жарқ еттирди атрапты,
Он торть кунлик айдай болған,
Зиуардай ҳасыл қыз тапты.
Адамда жоқ бундай болу,
Ортасы перзентке толу,
Бул Гулзардан сулу,
Шын келбетли болған екен.
Буны-да салып бесикке,
Орады мамық жоргекке,
Гулзар сулу болмай жекке,
Бул жолдасы болған екен.
Бурын бреу, екеу болды,
Кеуллери жупты шолды,
Жиылып турып ҳаммеси,

Бунынг атын Анар койды.
Ашып тағы еки козин,
Дослықта танытып озин,
Зару баслады созин,
Кеули хош болған екен.
— Қане досларым, қулақ сал,
Қиын болмасын бзинг ҳал,
Еки қыз болсын дунья мал,
Осирейик шарға қылмай.
Сездирменгиз ҳеш душпанға,
Билмесин басқа бир жан-да,
Сиынып Омар Оспанға,
Аяқ баспанг ҳеш ойланбай.
Сарайды кунде жағалап,
От жаққан жерди сғалап,
Бунидағы етип талап,
Ханнынг тынгшысы келип журь.
Сизлерге панди-насият,
Туры журинг етпенг уят,
Болынг мартликке зият,
Сыр билдирменг душпанларға.
Душпанлар билсе усыны,
Олтиреди қрып шауып,
Ертенг дарға илдиреди,
Бугинги кун алса тауып.
Қысқарады узын бойынг,
Бузылады бундай ойынг,
Бунидағы блип қойынг,
Ҳешбреуге сыр билдирменг.
Илмесин душпан тырнағы,
Болмасын олим ойнағы,
Тимесин қлыш дойнағы,
Бул cлерди сезип қойынг.

Ойланг буны ақыл қойып,
Журменг қайғы дартке толып,
Егер сезсе козди ойып,
Астырады ертенг дарға.
Бизди патша аямайды,
Олтирмей сра қоймайды.
Ишсе қанларға тоймайды,
Шоқытады қарғаларға.
Аҳ, досларым, досларым,
Не кормеди басларым,
Айрылмай козден жасларым,
Шбын жаным қалды зорға.
Туйғын едим қанат жайған,
Буны айтайын енди саған,
Отер болды омирим жалған,
Жаслайымнан тустим торға.
Жастан солып қзыл гулим,
Гунглердей байланды тлим,
Қайысты қайғыдан белим,
Дуз артқандай қуба нарға.
Тамақ таппай ишериме,
Колик таппай кошериме,
Етик-те жоқ киериме,
Қыстынг куни баттым қарға.
Тамақ таппай зарығып,
Куни тунлери тарығып,
Сом денемди жлан шағып,
Далбыдым мен ойға, қырға.
Ишимнен шықты от жалын,
Ол денемнинг қуртты ҳалын,
Солдырды жастынг қиялын,
Қайғы дарттен тақтым сырға,
Қой бақтық бирнеше адам,

Ханға қарсы болдық мудам,
Дарға асылып олди атам,
Денесин таслады орға,
Кайғыланып сонда анам,
Анам олмеске етти ғам,
Жаллатлар сонда болып жамь,
Оныдағы тықты орға.
Ата-анамнан айрылдым,
Қанатымнан ҳамь қайрылдым,
Жасларым жетпей майрылдым,
Олжа болдым зулымларға.
Тамақ ушын талап еттим,
Тыртық болды куйип бетим,
Жалғыз бас, қангғырған жетим.
Деген азап батты жанға.
Шыққан сонг он тоғыз жасқа,
Аур ислер тусти басқа,
Козим толды қанлы жасқа,
Қойшы болдым Алымбайға.
Жасымда бақтым ылағын,
Тайдырды жаслықтынг бағын,
Кетпейди ҳеш кеул дағым,
Туси қара суық еди.
Қабағы жабық қап-қара,
Туссе маған бреу ара,
Кеспелтекти servicesлап тура
Каҳарленип урар еди.
Шашырап судай қзыл қан,
Қиналады таяқтан жан,
Тилким-тилким болады сан,
Темир тамға басар еди.
Торть тулик мал шықса орип,
Қарар еди жабық турип,

Ақыранглап соны корип,
Кеули судай тасар еди.
Бреу етсе қурттай зиян,
Шағар еди болып шаян,
Қустан қашқан болып қоян,
Барлық малай сасар еди.
Жоқ болса жалғыз ылағы,
Тайын шоқмарлы таяғы,
Птирип исин ойдағы,
Бразларды асар еди.
Арқан қлып ескен қылға,
Қзыл қанға батып жылға,
Шопанларды торангғылға,
Асып коп олтирер еди,
Гунасыз жанларды киып,
Искенже қысқандай жиырылып,
Мойын териси сиырылып,
Торангғылда турар еди.
Шғалмай зулым торынан,
Арқан қиып алқымынан,
Қара қан ағып мурнынан,
Коп қиналып олер еди.
Коп қиналып калса олип,
Қуанар еди бай корип,
Копеги кейнине ерип,
Олимтикке барар еди.
Кетирип ол ақыл-есин,
Ахман қоймай ендигисин,
Азапта олген геудесин,
Сол копекке таслар еди.
Козин алартып копеги,
Сақылдап қайқы иеги,
Орынланып бул тлеги,

Сол денени жарар еди.
Птирип копек керегин,
Алып майданнынг ерегин,
Суырып жастынг журегин,
Шаян кби сорар еди.
Бурип тырпаққа геудесин,
Жыртып дененинг пердесин,
Суырып тағы окпесин,
Қайта-кайта шайнар еди.
Қасына барсанг ырылдап,
Ол кокреги срылдап,
Қзыл қан ишип прылдап.
Копек сонда жатар еди.
Ылақ бағудан қутылдым,
Қойды бағуға тутылдым,
Жетимликте жуда болдым,
Ҳаль-дарьманым қурып абден.
Келер жазда қойын бағып,
Отыраман отын жағып,
Тгимизге жерге қағып,
Баярымыз урысар еди.
Қарсы шғуға шама жоқ,
Тиеди келип ажел оқ,
Отеди бастан дунья...
Қеулимизди қаплап арьман.
Усти басым болып бой-бой,
Тамақ ушын бакқаным қой,
Таяқтан болды уллы той,
Кешпеди жламай бир кун.
Дартим кун сайын улғайып,
Қула дузге қушақ жайып,
Шықтым майданға қой жайып.
Семби емес, жума куни.

Зарымды айтып құдайға,
Налет айтып барлық байға,
Қойларды жайдым тоғайға,
Коп нарсенинг шықты уни.
Тоқтап жайылды қойларым,
Ауды ҳарь жаққа ойларым.
Елеслеп козге ҳалларым,
Табылды тарлықтынг мни.
Ата-анам тусти ядыма,
Келди екеуи алдыма,
Қолы тигендей қолыма,
Усылай болды бунынг жони.
Козим толып қанлы жасқа,
Аур ислер тусти басқа,
Омирим отти деп босқа.
Қарап отыр едим гонени.
Қайдан журген қара басқыр,
Қзыл қумды корип сасқыр,
Қойларыма еки қасқыр,
Келип тиди жатып жуни.
Қашты қойларым дуркиреп,
Жангбыр жауғандай сиркиреп
Қол, аяғым титиреп,
Жуырдым таяқты алып.
Салып ажелдинг қурығын,
Птирип онынг буйрығын,
Жалақласып еки касқыр,
Тартты қойлардынг қуйрығын.
Бақырғанымды қылмады,
Тартты қуйрығын жалмады,
Майлы қуйрыққа тоймады.
Етти қасқыр қласынды.
Қойлар қасыма жиналды.

Шбын жаны қиналды,
Қасқырлар сонда айналды
Келе алмады қасыма.
Қасқырлар исин ислепти,
Браз қойларды тислепти,
Алты қойды олтирипти,
Жаралапты бразларын.
Етер ислерин еткенсонг,
Муратларына жеткен сонг,
Браз қойды олтирген сонг,
Кетти қасқыр жонь-жонине.
Қойлар қорқып касқырлардан,
Аяқларын басты зордан,
Аяғы айрылмай тордан,
Урпейисип отламады.
Турбатларына толып ой,
Жатыр жарылып алты кой,
Ойлап-ойлап қурыды ой,
Не боларымды билмедим.
Козлердинг жасын буладым,
Узыныма тусип қуладым,
Алты қойды ҳадаллaдым
Қасымда бар еди пшақ.
Қалай болар енди ҳалым,
Бундай болды баққан малым,
Қалары гуман-ғой жаным,
Деп жанымнан гудер уздим.
Олтиреди мени асып,
Байдынг кеули судай тасып,
Дарьяға-да жақынласып,
Суға атпақшы болдым сонда.
Тағы озимди қимадым,
Дарья суына атпадым,

Қол аяғым байлатпадым,
Кормедим олимди жақсы.
Не ис болса-да корермен,
Болса журимим журермен,
Я қазам жетсе олермен,
Ден атпадым суға озим.
Қас қарайды кун-де батты,
Жағалап сбай елатты,
Соқпақ қлып ақсуатты,
Аулға-да жақынладым.
Тускендей басыма олим,
Солай дейди дартли кеулим,
Сойлеуге гурмелди тлим,
Греуленди, козим тынды,
Козим тынды, греуленди,
Зиллер басты барлық танди,
Қалайша корермен кунди,
Деп жладым турып сонда.
Денем қзып қалтырады,
Мпим қазандай қайнады,
Козлерим тнып жайнады,
Жғыламан анда-санда.
Ушырап қатты дауылға,
Акелдим қойды аулға.
Асыламан деп торангғылға,
Козимнен ақты қанлы жас.
Коп жасаған мақау пестей,
Қарыны айранлы местей,
Кеткеннен қайтып келместей,
Шықты баярым алдыма.
Қолында жуан таяғы,
Жолға симай еки аяғы,
Жабылып ҳамь-де қабағы,

Шықты сонда қарсы алдыма.
Сыррыйған муртын таулады,
Кеулимди қайғы улады,
Тоқтатты, қойды санады,
Қайта-қайта козин тгип.
Кемис келди алты қойы,
Ҳайран болды ақыл-ойы,
Биз пақырдынг болды "тойы",
Алды таяқтынг астына.
Сокти анамды-акемди,
Жарды таяғы шекемди,
Узе жазлады желкемди,
Бай геудеме мнип алып.
Урды сонда ол аузыма,
Халқ жлады дауысыма,
Келеалмады ол қасыма,
Байдан қорқты ҳаммелери.
Турғызбады сол орнымнан,
Қзыл қан ақты мурнымнан.
Жатқызып тағы қрымнан,
Бай косилтип урды мықлап.
Не ҳалым бар қозғаларға,
Тил байлаулы созь айтуға,
Қзыл гулди солытуға,
Қанхор залым етти талап.
Бир жаздырмай тақымымды,
Узер болды жас жанымды,
Қатты қысты алқымымды,
Есим ауып қалдым қулап.
Тасты толтырып қойныма,
Қоймай тағы бул ҳалыма,
Жипти салдырып мойныма.
Шанглағына барды суйреп,

Шанглақта коп уақ суйреди,
Денеме исти туйреди.
Басыма табан треди,
Шғар болды ширин жаным.
Қиналды коп шбын жаным,
Унеми бойдан ақты қаным,
Қурыды усылай дмарым,
Зулым етти зулымлығын.
Бай кеулин абден хошлады,
Арқаннынг ушын услады,
Суйреп жылғаға таслады,
Итлер жесин деп етимди.
Келди коп итлер жуырысып,
Бир-бреуимен урысып,
Аяққоллары трысып,
Жемеди корип бетимди.
Ойткени итлер бурыннан,
Ас ишип еди қолымнан,
Сонлықтан олар ҳалымнан,
Хабардар болып турған еди.
Мени олди деп миримсиз,
Жатты уйинде созсиз,
Мен сонда арьманлы ҳалсиз,
Болып жаттым сол жылғада.
Уркер жулдызы батқанда,
Ауллар тегис жатқанда,
Жапалақ қанат қаққанда,
Жетип келди еки адам.
Келип басымды суйеди,
Денсаулығымды тледи,
Жаным барлығын бледи,
Қушақлады мойынымнан,
Бреуи бетимнен суйди,

Иши дартке жанып куйди,
Қушақлады-да котерди,
Қан тогилди қойынымнан.
Булар екен жақын досым,
Бирге оскен тенг-қурдасым,
Тағы ақты козден жасым,
Қатты қуанғанымнан.
Олар-да бозлап ботадай,
Бизди аямады қудай,
Деп жлайды барьҳа тынбай,
Гудер узип ширин жаннан.
Котермелеп ол екеуи,
Алып келди қосларына,
Жатқарды мени торине,
Қойны толып жасларына
Аузыма сулар тамызды,
Жбитуге танглайымды.
Козимнен қанлар ағызды,
Сипап менинг манглайымды.
Екеуи бирден зарланып,
Кеулине қайғы торланып,
Бундай хорлыққа арланып,
Налет айтты би инсапқа.
Озгертип мен-де тусимди,
Қайрадым сонда тсимди,
Жинадым бируақ есимди,
Таяқ жаман тиген екен.
Қылтиып орнымнан түрдым,
Досларыма мойын бурдым,
Олгенше разы болдым,
Деп оларды қушақладым.
Олар-да мени қушақлап,
Козинен жасы моншақлап,

Жласты коп уақ бозлап,
Жаман қоста қосып унди.
Бастағы айтысып зарды,
Жаздынг куни бастық қарды,
Тағы ойладық арды,
Қайғы қаплап қара тунди.
Козимиз кормеди тангды,
Еситти қулақлар жангды,
Салды зулымлар ылангды,
Деп жластық сонда турып,
Усылай жлап тунименен,
Қутылмадық деп олимнен,
Жластық зарлы уньменен,
Тусип басқа аур салмақ.
Тангды досларым жараны,
Ҳеш қашырмады араны,
Киип устиме қараны,
Коп жласып туттым аза.
Дауа болар деп жаныма,
Ыслықлар басты жарама,
Разы бол деп досларыма,
Жаттым сонда артып иек,
Досларым-да қорқты жаман,
Буннан қалмас деп аман,
Жидым ести тангға таман,
Олардағы қуанды коп.
Мени олар деп арьманда,
Олер деп кайғы қапада,
Кетер деп зарлы заманда,
Отыр еди уайым жеп.
Тангға таман тауир болдым,
Ахырын орнымнан турдым,
Арман-берман асте журдим,

Таяққа таянып еплеп.
Қылтыйып шолпан ҳамь батты,
Артынан ашық танг атты,
Ҳамме жанларды оятты,
Мналарды кордим тағы.
Услап тағы блегимнен,
Қан тусирди журегимнен,
Айырды ол тлегимнен,
Ксен салды аяғыма.
Бағанағы досларымды,
Услап алды шырқыратып.
Ағызып коз жасларымды,
Шалды сонда қарқыратып.
Тақат етип туралмадым,
Ксенди узип бараалмадым,
Орнымнан туралмадым,
Денем фда болған екен.
Еки достымды олтирди,
Торангғылына илдирди,
Ол мени ханга билтирди,
Ҳақ дарына асынгыз деп.
Мени асуға уллы дарға,
Алып келди ғарры ханға,
Ол-да қсым етип жанға,
Коп созь айтты келгеннен сонг.
Дарға асуға тайынлап
Мойныма арқанды байлап,
Асайын деп атқанында,
Келди бреу сауға сорап.
Ол екен ханнынг инағы,
Бир жерден келген қонағы,
Сорап алып менидағы,
Қул қылмақшы екен кеули.

Ғарры хан созин жықпады,
Мени сол уақыт босатты,
Онынг қолына услатты,
Етип берди омирге кул.
Ане, досларым сонгында,
Ғарры хан-да олип кетти,
Олди менинг баярым-да,
Буған-да патшалық жетти,
Соннан бери мен қул болып,
Кеуилим ҳамь дартке толып,
Омиримше журмен бунда,
Жас кеуилим гулдей солып.
Дус болдым сиздей досларға,
Байгини тиктим басларға,
Келдим енди бул жасларға,
Қурбан сизлерге жаным.
Мне менинг откен куним,
Қайғыменен шықпай уним,
Табылды тарлықтан мним,
Ваян еттим бастан аяқ.
Дегенинде Зару ғарры,
Қырқ бир қатын коп аяды,
Мунглы екенсенг бурыннан деп,
Мойнынан кеп қушақлады.
Заруге берди аппақ май,
Гауҳар қойылған ақ сарай,
Онгалып пақырға шрай,
Сол куннен-ақ енген екен.
Жубатады еки қызды,
Коп согеди миримсизди,
Ҳарьуақыт усындай созди,
Коп уақ айтып береди екен.
Қатынлар қадирин билди,

Не керегин соған берди,
Ағасынан жақсы корди,
Сонынгдай дос болған екен.

VI

Кунлерден кунлер откенде,
Коп жыллар отип жеткенде,
Адам болар деп куткенде,
Қызлары ер жеткен екен.
Гулзар келди он бес жасқа,
Анар келди он ушь жасқа.
Қарады сонда тум-тусқа,
Қапеслигин билген екен,
Еки қыз келди Заруге,
— Не дейсенг ағажан бизге?
Бир созь бар айтарлық сизге,
Қулақ салып тынгланг буны.
Жарқыратып жастынг ҳазин,
Жаудыратып еки козин,
Корсетпей дуньянынг жузин,
Неден болды гунайымыз?
Туыппыз бизлер анадан,
Жатырмыз бунда сол уақтан,
Хабарымыз жоқ жан-жақтан,
Неден болды гунайымыз?
Бурыннан ырым болғандай,
Артықша зиян қылғандай,
Жер қабатында жатқандай,
Неден болды гунайымыз?
Сол уақытта Зару жлап,
Узынына тағы қулап,
Қызлар-да тезден анталап,
Ағасынан жуап кутти.

Тургелди Зару сойледи,
Бастан откен барлық исти.
Еки қызға баян етти,
Азап-ахырет корген тусти.
Еситип қызлар танг қалды,
Англады қиын бул ҳалды
Еки қайғылы унь салды,
Коп пушайман жеген екен.
Неге тудық ауел бастан,
Олмедик неге биз жастан,
Болған сонг бундай змистан,
Деп қызлар жлаған екен.
Келди барлық аналары,
Келсе жлап тур қызлары,
Корип қурыды ҳаллары,
Булардағы қорққан екен.
Жубатты сонда екеуин,
Тымсал қлып бир-бреуин,
Козининг ашып греуин,
Кеулин хошлаған екен.

Айдынлы ҳауыз сыртына,
Беккемлеп қала артына,
Сақлаулы қыздынг салтына,
Уллы бағ котерткен екен.
Женг салысып жургендей қыз,
Гуллер еккен неше мынг жузь,
Жайнаған гул жанларға ҳазь,
Жақсы болып питкен екен.
Ишинде қзыл гул жайнап,
Уллы дарақлар шақалап,
Куни-туни булбил сайрап,
Хош иисли болған екен.

Гауҳардынг нурын шашқандай,
Перилер дурлеп ушқандай,
Дарьҳал зейинди ашқандай,
Бағ камалға келген екен.
Хабар кутип тум-тусынан,
Кетпей Зару-де қасынан,
Қызлар бул бағда жасынан,
Купияда журген екен.
Қызлар сулу, жоқты мни,
Гауҳар болған ай ҳамь куни,
Уллы бағына бир туни,
Шғатуғын болған екен.
Сол тунь ел жатар-жатпаста,
Қырқбир қатын кирди ишке.
Шықпасын деп қызлар жаста,
Найлаж болды бундай иске.
Қызлар оны тынгламады,
Алып ушып жас журеги,
Истинг сонгын англамады,
Болды қуаныш треги,
Бугин шғамыз бағқа,
Деп жлап қоймады,
Шықса шықсын деди ҳамме,
Булардынг созин қимады.
Шғамыз деп қызлар бағқа,
Шаққан ғана тайынланды.
Тез киинип екеуи-де,
Ойнап, кулип коп қуанды.
Гулзар айтты сонда турып,
— Жуап беремен атама.
Ол қуанар мени корип,
Гунакар қылмас бул гунама.
Салем беремен бас иип,

Айтып бастан откен кунди.
Коп қуанар атам блип,
Жарқыратар ай ҳамь кунди.
Мақул корди ҳаммелери,
Гулзар қыздынг айтқан созин.
Усылай болды дамелери,
Билмеди не болар изин.
Сарайдынг қапысын ашты,
Жақты дуньяны кормеге.
Қызлардағы аяқ басты,
Уллы бағына кирмеге.
Шыққанда сарай алдына,
Жарқырады гауҳарлардай.
Адым атқанда бағына,
Жақты берди туған айдай.
Жатқанлар турды орнынан,
Танг атып кунлер шықты деп.
Еки ҳасылдынг нурынан,
Гауҳарлы жақты тусти коп.
Ҳайран қалды барлық адам,
Тунде куннинг шыққанына.
Жуырысты бермей шдам,
Қарамастан жан-жағына.
Жерди қушақлап бразы,
Донгес жерлерге жғылды.
Олуине болып разы,
Окпеси аузына тғылды.
Қызлар адым атқан сайын,
Халқ шулап кейнине ерди,
Алды-артын қамап бари,
Айдай келбетин корди.
Бағдынг даруазасын ашты,
Устине қзыл гул шашты.

Халқ танг қалды шуласты,
Сулулығын билген екен.
Сонда бреу Гулзар қызға,
— Сизкимсиз?—деп сорау қойды,
Сулу тезден жуап берди,
Келтирди-де ақыл ойды.
Айтты сулу ол адамға,
Патша қзы екенлигин.
Дым қуанды ол адам-да,
Кетти жуырып патшаға.
Патшаға барды жуырып,
Жерлердинг шангын суырын,
Айтты патшаға барып,
Булар қзы екенлигин.
Патша орнынан турды,
Уллы бағқа адым урды,
Тез жетемен деп жуырды,
Коргенше асыққан екен.
Бағқа келсе Гулзар сулу,
Тур екен доланып ойнап.
Қумар оған бундай болу,
Қосық айтты кушин жинап.
Дауысына ҳайран қалды,
Бир хан емес ҳамме халқ.
Корип қызды мири қанды,
Крип араға бир шадлық.
Келгенде патша бағына,
Қарады қыз жан-жағына,
Шықты бул истинг ҳағына,
Басып иип салем берди.
Патша қызға жақын келди,
Қыз ата деп басын ииди,
Болған ислерди айтты,

Ҳеш қулақ қоймаған екен.
Айырып қзыл гулинен,
Уялмай сонша елинен.
Гулзар сулудынг белинен,
Беккем қсып алған екен.
Қыз айтты, ата бул исинг,
Билгенге олимнен зият!
Ойлан тағы болса есинг.
Бле билсенг бунынг уят.
Ашуланды сонда патша,
Тиесенг деди қзына,
Озимнинг қзым болсанг-да,
Шын конесенг айтқаныма.
— Тиесенг-бе, тимейсенг-бе?
Жанынг барда тезирек айт!
Ойнап ҳамь-де кулесенг-бе?
Коп сойлеме тлингди тарт!
— Мен тимеймен олтирсенг-де,
Ертенг дарға илдирсенг-де,
Қандай бир азап берсенг-де,
Етпеймен денемди бағыш.
Атама ҳаял болғаннан,
Ойтип дуньяға шыққаннан,
Олгеним жақсы азаптан,
Ерте кетип бул ялғаннан,
Дегенинде патша турды,
Қызды котерип жерге урды.
Итке таслауға буйырды,
Жаллат алып кеткен екен.
Апарып итке таслады,
Итлер ҳеш зиян қылмады,
Қуйрығыменен сипады,
Қызды коп аяған екен.

— Налет болсын ахмақ патша,
Озь қзын алар болар-ма?
Гунасыз жанды қинап бунша,
Менинг алдыма таслар-ма.
Бул қыздынг не жазығы бар.
Озининг қзы бул Гулзар,
Етпеймен бундайға азар,
Деп ит жемей қойған екен.
Патша муртын таулады,
Ти деп қзынан сорады,
Қыз манглайына урады,
Қатты қаҳари келген екен.
Патша қапеске салды,
Есинен тансын деп сонда.
Жас сулу қапесте қалды,
Уни шғып анда-санда,
Сонда-да қыз атасына,
Денесин бағыш етпеди.
Ашуланып патша сонда,
Бул ислерине конбеди.
Жаман қлығын баслады.
Қызды ботадай бозлатты,
Суйреп тоғайға таслатты,
Олимши қлып урған екен.
Қайтты жаллатлар қалаға,
Таслап Гулзарды далаға,
Жоқ қылдық деп келип ханға,
Хабарын тез айтқан екен.
Хан ол созге қуанды,
Қырқ қатынды табалмады.
ҳешкимге жала жабалмады,
Ҳаяллар сарайда екен,

Анарды Зару алып қашып,
Бир тоғайға барған екен.
Сол тоғайда бир қақпаншы,
Омиринше болған екен.
Сол қосты барьҳа сағалап,
Таудынг етегин паналап,
Колдинг жиегин жағалап,
Баяғылар журген екен.
Босап тутқыннан қашқаннан,
Мартликке қушақ ашқаннан,
Ошь алу ушын патшадан,
Еки жгит журген екен.
Таныды Зару оларды,
Користи берип қолларды,
Берди брине Анарды,
Омирлик дос болған екен.
Тоғайды аралап ғарры,
Бир жерден тапты Гулзарды,
Берди буларға хабарды,
Жуда ҳайран қалған екен.
Зару-де барды жуырып,
Еси ауды оны корип,
Адам қуны ақ дари берип,
Гулзарды трилткен екен,
Гулзар-да жинады есин,
Патшаға қайрады тсин,
Батырға берди кеуилин,
Улкенине тиген екен.
Хаммеси уақтын хошлады,
Енди басқа созь баслады,
Патшаға қарсы атланды,
Жау-жарақты алған екен.
Алды-артына қарап барлап,

Онгшенг батыр кушин жинап,
Кошелерге кирди жайлап,
Зару бирге келген екен,
Ҳаммелери қосып кушин,
Аралады шаҳарь ишин,
Қызлардағы турип пешин,
Бир шетинен тиген екен.
Билдирместен басқаларға,
Қлыш урып шыққанларға,
Ҳешким шақ келмей буларға,
Қорқып басын иигeн екен.
Қарсы шыққанды олтирип,
Гулин-гулине келтирип.
Достын муратқа жетирип,
Азат етти ҳамме жанды.
Булар тенгликти алғаннан,
Аналар шықты қамаудан,
Шаҳарьде болып абадан,
Қзыл гул котерген екен.
Патша уйқлаған жеринде,
Бари бирден жетип барды,
Услап алды-да торинде,
Қарқыратып шалды ханды.
Сойтип булар ерлик етти,
Болды ойлаған ниети,
Мурат-мақсетине жетти,
Дасьтан тамам болған екен.

## ОТЕШ

Отеш Алшынбай улы—XIX асирдинг екинши ярымында жасаған ҳамь омири кемтарлықта откен шаир Ол озининг шғармаларында бир жағынан Халқтынг аур турмысын суретлесе, екинши жағынаи халқты езген эксплуатаюрларды сатиранынг кушименен қатты ашкаралайды. Бул идеялар, асресе, онынг "Шерменде," "Янглыды" "Нуратдин" қусаған шғармаларында айқын коринеди. Онынг творчествосында социаллык идеялар кенг орын алған.

### Дарькар

Бул дуньяға шғып сапа сурмесенг,
Ата-ана дидарыны кормесенг,
Шад болып, жайнап жаснап журмесенг,
Қара жер астына туспегинг дарькар.

Гуресип, беллесип душпан жықпасанг,
Қара жерге қазық қлып қақпасанг.
Еркин жайнап азатлыққа шықпасанг,
Қара жер астына туспегинг дарькар.

Аблатдин, Нуратдин сизлер ҳамь бизлер,
Корди аламатты шексиз бул козлер,
Коп узамай қыс кетер ҳамь жаз келер,
Тезлемесе тезден журмегинг дарькар,

Бизден бурын нешше адам откенди,

Жлай-жлай арьман блен кеткенди,
Бирнешшенинг пайманасы жеткенди,
Жетпесе дуньяда олуинг дарькар.
Бул дунья қысмати қандай хор айлер,
Залымлардынг ауҳалыны зор айлер,
Моминлерге қурған узбес тор айлер
Болмаса дупшанмен гуресу дарькар.

Ер жгитке намыс керек, ар керек,
Денесине қуат сауер яр керек,
Солардынг барине раҳбар керек,
Онынг- парқын блип умтылу дарькар.

Шаир Отеш айтты ҳақтынг созини,
Паске тутып тарип етер озини,
Халқы ушын тамам создинг изини,
Барқулла айтуға шаирға дарькар.

Шерменде

Ҳақысын бермей Оразбайдынг,
Молла Изимбет шерменде.
Бил манисин келер жайдынг,
Ҳақысын бермей шерменде.

Олейин деген кунинг жоқ,
Байлықтан хасла мнинг жоқ,
Ҳақы бермеуден басқа жнинг жоқ,
Изимбет болдынг шерменде.

Диқаннынг ҳақысын бермесенг,
Адам шелли сен кормесенг.
Раҳмет, хызметкер демесенг,

Адам журерме шерменде.

Шерменделик кута уят,
Бир исинг бринен зият,
Барқулла айтып озинг ғибат,
Билдирдинг озинг шерменде.

Жгит болсанг бир ынгғай журь,
Ойланып создинг парқын бил,
Зары-грияն болып Манаубай журь,
Ҳақысын бермей шерменде.

Жаз болса жединг қарамық,
Уят емеспе сорамақ,
Ишкенинг басалай бламық,
Бул исинг қалай шерменде.

Молла болсанг-да мазҳапсиз,
Адам екенсенг адепсиз,
Балларынг ости тартипсиз,
Бергил ҳақысын шерменде.

Ол шегип журь уайымды,
Бес жыл орды бидайынгды,
Ойла ахмақ қудайынгды,
Неғып журсенг сен шерменде.

Озинг болсанг талып илим[1]
Усы бугин сойле тлим,
Қайтарып кор менинг арим,
Неге бермейсенг шерменде.

---

1) Талып илим — илимли адам.

Шерменделик миясарма,
Азап бермек саған карма,
Еки мезгил бердинг жарма,
Хақысын бермей шерменде.

Баршасы еки аббазы[2],
Байға болмас коби-азы,
Болсын бишара разы,
Ҳақысын бергил шерменде,

Аларады еки козинг,
Былжырайды айтқан созинг,
Қалай-қалай бул мнезинг,
Ҳақысын бергил шерменде.

Сендей боп Карунбай отти,
Ҳайран болып жлап кетти,
Малы-мулкин ойран етти,
Сондай боларсанг шерменде.

Уят емеспе қылғанынг,
Алдап жумсап куш алғанынг,
Суйип дуньянынг жалғанын,
Ауере болдынг шерменде,

Сенинг исинг бари айып,
Тарипингди айтайын жайын,
Адамды алдап, қисайып,
Журсенг неғып сен шерменде.

---

2) Аббазы—бурынғы уақта ақшанынг аты. Бир әббазы—20 тиин

Ядымнан кетпес ислеринг,
Сындырайын-ба, тислеринг,
Басым болған сонг кушлеринг,
Болдынг-ба ҳайуан шерменде.

Сен залымды ким сақлады,
Қара бағрымды дағлады,
Котерген анамды боқлады,
Кунлик ҳақын бер шерменде,

Қарайсанг маған бултиып,
Жаман қатындай тылтиып.
Еркек ксидей жыртиып,
Бер ҳақысын сен шерменде.

"Жаз беремен, гуз беремен,
Яки ойланып коремен,
Еле бес жыл журдиремен"
Дединг Камалға шерменде.

Бермесенгиз ала жип кес,
Хақысы бар жгирма бес
Мени ҳамь кордингбе абес,
Ҳақымды бер шерменде.

Жумсадынг менинг инимди,
Қайерден таптынг мнимди,
Келтирер налет жнимди,
Ҳайуаннан жаман шерменде,

Қолыма алайын қобыз,
Қойшы болсам тартып сбыз,
Сеннен жақсы шошқа донгыз,

Ҳақысын бермей шерменде,

Сенинг созинг екен пасық,
Суйеги жаман ози жасық,
Қарызға қарызынг уласып,
Отырсанг-ба сен шерменде.

Берман қара, арман қара,
Иним, гаптинг парқын сора,
Кимлер екен гунакара,
Болдынг ғой ҳазир шерменде.

Мешкей деген жақсы ат емес.
Донгғал деген жақсы ат емес,
Донгыз деген жақсы ат емес,
Билмединг, болдынг шерменде.

Шерменделиктен мнинг жоқ,
Саюдан басқа ойынг жоқ,
Адам емессенг, уйинг жоқ,
Тентиреп журсенг шерменде,

Қатардан жақсы ҳалинг бар,
Торть тулик мулик малынг бар,
Қолда шукир ҳамалынг бар,
Не себеп болдынг шерменде.

Акенгиз еди сок санар,
Атанг Алламурат панар,
Айтқан гаптен барьҳа танар,
Касибингбе—еди шерменде!

Шерменделик жуда жаман,

Бул атақтан жургил аман,
Унтар едим келсе заман,
Бул неғылғанынг шерменде.

Молла Изимбет айтар созим,
Бул пейлингди корди козим,
Баян еткен менинг озим,
Не қласанг шерменде!

Айтқан гап каринге келмес,
Адамсанг-ба парқын билмес,
Бреу олер, бреу олмес,
Дуньяда болдынг шерменде.

Бул атынг жуда жаманды,
Басынга қурдынг заманды,
Неге етесенг арьманды,
Сокселер налет шерменде.

Айтқан созинг суйекке отти,
Пуқараға жабир етти,
Кем-кем пығлынг қашып кетти,
Жонинге жургил шерменде.

Ҳақтаала уммет десе,
Мен сорлыға уакыт келсе,
Баян айлер ҳарь не десе,
Бул дуньяда сен шерменде.

Дуньяда не қылдынг озинг,
Суп-сур болып сенинг жузинг,
Адамға жақпайды созинг,
Дуньяға болдынг шерменде.

Бишара камал не қылсын,
Бермединг онынг ҳақысын,
Сенинг-ақ мақсетинг болсын,
Дуньяда болдынг шерменде.

Бул дунья ҳамь отер кетер,
Сорлыға-да наубет жетер,
Айтып кетсек саған нетер,
Изимбет атлы шерменде.

Қисық болмасын қиялынг,
Ядынгда болсын сояғынг,
Егер ул туса ҳаялынг,
Жгитлер, Изимбет қойманг.

Козининг жасын тиялмай,
Несибенгди қиялмай,
Ҳақысын бермей уялмай,
Жолға шықтынг-ба шерменде,

Еткен исинг халққа жақпас,
Ҳақы беруге қошжақпас,
Акенг еди Қосым қақпас,
Қудайға болдынг шерменде.

Сенде бир таккаббир болдынг,
Акенинг нақ жолын қудынг,
Ҳарамлыққа белинг будынг,
Изимбет атлы шерменде.

Сенде бир қалған жамансанг,
Брақ даулетли байсанг.

Ашлардан жаман қусайсанг,
Пейли қашқан сен шерменде.

Ҳарамлыққа ишинг толсын,
Бара-бара гулинг солсын,
Шерменде атынг қутлы болсын,
Қуда урған сен шерменде,

Сен озинг ойлан ҳазирден,
Шықпассанг, иним, жабирден,
Не шғар женгил мнезден,
Болыпсанг халққа шерменле.

Қайтпайман айтқанымнан ҳеш,
Кошер болсанг кешуден кеш,
Ҳақы сорап сорлы Отеш,
Алдынгда отыр шерменде.

Янглыды

Бул заманда адамлардынг,
Бразы адам янглыды.
Бул заманда адамлардынг,
Бразы донгыз янглыды.

Бразлары тынглар созди,
Бразлары қзартар жузди,
Адамзатқа салып тезди,
Яқшылар атақ янглыды.

Бразлар қадирингди билмес,
Уадесине тайын келмес,
Яқшыменен бас қосып журмес,

Тымсал, такаббир янглыды.
Такаббирликти коп тутып,
Отирик айтып у жутып,
Қудайыны умытып,
Браз адам мал янглыды.

Балки алсақ Ермекбайды,
Назери кун менен айды,
Ойламас алай-булайды,
Еткен иси ит янглыды.

Уйинде сонша малы коп,
Қатардан асқан ҳалы коп,
Жеуге соншелли наны коп,
Сонда-дағы жоқ янглыды.

Уйиндеги еки шопан,
Жатақ жери гуди топан.
Омиринше кимеди шапан,
Солар жарғанат янглыды,

Устинде жақсы киим жоқ,
Ол бишарада буйым жоқ,
Мен сорлыны кутер уйим жоқ,
Мсал жарғанат янглыды.

Ермекбайдынг уйинде,
Уй ишн озь куйинде,
Аты қарақалпақ биинде,
Ермекбай ермек янглыды.

Еки жетимди иығлатқан,
Қара бағрыны дағлаткан,

Текке инсан қып ятратқан,
Ермекбай донгыз янглыды.

Қартайғанша еткен зина,
Қол-аяғы болар гуа,
Бес нарседе парқу-баҳа,
Ермекбайынг қош янглыды.

Ермекбай еринер барьҳа,
Журек-баурын езер барьҳа,
Салсанг шулатып гузарға,
Шаппат урсанг жин янглыды,

Асығып айтып созини,
Коргенсиз деп сокпе бизди,
Бес-алты кун корсенг дузди,
Ермекбайынг жин янглыды,

Нуратдин

Аулымызда данг молла,
Айтатуғыны барьҳа олла,
Жалған айтып неше жола,
Данг молламыз Нуратдин,

Отирик ғана окып қуран,
Ҳаркимге айттырып иман,
Уйине алмайды миман,
Данг молламыз Нуратдин.

Былжыратады созлерин,
Алартып еки козлерин,
Беглердей корип озлерин.

Мурт таулайды Нуратдин.

Адамға жараспас ойлы,
Томардай гужирейген мойны,
Кун ара алар бир қойды,
Данг молламыз Нуратдин.

Нуратдиннинг сози коп,
Корерге еки кози коп,
Дуньяда журсенг ози кон,
Сондай бале Нуратдин,

Жумалық нанынг жоқ болса,
Кешигип исинен қалса,
Берер нарсенг болмаса,
Оқытпайды Нуратдин.

Устинде бар елтир тоны,
Айта берсем копдур мни,
Қурбанлықтынг барлық кони,
Жинап алды Нуратдин.

Собырайған сопақ бойы бар,
Оллаған бузық ойы бар,
Ушь жузь отыз бес қойы бар,
Сонда-да аш Нуратдин.

Ҳарбир уйге тилсим кести,
Ҳарбреуге етип басьти,
Барқулла етти абести,
Мақсым "аға" Нуратдин.

Айтса гапти тынгламайды,

Браз адам англамайды.
Уйине адам жоламайды,
Пғылы қашқан Нуратдин.

Жас қызларға қолын салып,
Сулу онынг есин алып,
Ҳалын билмей ынтығып барып,
Зордан шыққан Нуратдин.

Сойлесе арқасы қозған,
Жуйрик болып кимнен озғаи,
Кемаллынг ҳаялын бузған,
Мақсым "аға" Нуратдин,

Нуратдин бале кси,
Адамменен жоқтур иси,
Қасқыр кби азу тси,
Азулыдай Нуратдин.

Нуратдиннинг нуры жоқ,
Оннан басқа уры жоқ,
Аймерекеден басқа мни жоқ
Қисық қиял Нуратдин.

Нуратдин кабаға кетти,
Баратырып урлық етти,
Бара-бара удетти,
Жолдан шғып Нуратдин.

Нурекенг халққа жақпайды,
Қудайдан ози қорқпайды,
Ҳарамнынг малы жуқпайды,
Бишараға Нуратдин.

Ойламастан олимингди,
Жою ушын блимингди,
Анау куни келинингди,
Ауерелединг Нуратдин.

Айтқаннан сонг бары жоқты,
Халқ қысты, сенгдей соқты,
Устингнен Кемал-да шықты,
Мақсым  "аға" Нуратдин.

Нардек болып созь билдингиз,
Қзыл корип бузылдынгыз,
Уйингде бар бир қзынгыз,
Ғарлық қылды Нуратдин.

Озингди озинг еттинг кулки,
Ҳаммелерге бердинг белги,
Бул исинг аулға улги,
Мақсым "аға" Нуратдин.

Кок ешегингди жетелеп,
Бейиштинг жолын тотелеп,
Келининге окпелеп.
Не бале болды Нуратдин.

Нуратдин жуда шатақ,
Усындайдан алды атақ,
Сонда-да жуда мақтаншақ,
Қудай урған Нуратдин.

Нуратдиннинг озине,
Ахырет туссин козине,

Пасық шуғылаынг созине,
Дараматдур Нуратдин.

Бузықтынг халқ жузин қорме,
Усындайға семсер серме,
Баяғыдай салем берме,
Бузылыпты Нуратдин.

Шаир созинен таяма,
Бузық олгенше қояма,
Қолынгнан келсе аяма,
Мақсым "аға" Нуратдин.

## ОМАР

Омар Сатиримбет улы—XIX асирдинг екинши ярымында жасаған белгили қарақалпақ шаиры. Омири кунликшиликпенен откен. Онынг шғармаларынынг тикарғы тематикасы—минеткеш халқтынг аур турмысы, асресе, байлардынг қолында жалланып ислегеи кунликшилердинг омири (мсалы. "Не пайда", "Гунайым", "Сенинг", "Елим", "Қайтаман", "Бибигулжан" ҳамь т. б.). "Бекпан". "Бар екен" "Айтпасам болмас" қусаған қосықларында шаир айқын класслық болшекленулерди созь етеди. Омардынг творчествосында устен классқа қарсылық корсетуге шакыру идеясыда ("Берермен") орын тапқан.

### НЕ ПАЙДА

Бул дуньяға шықтынг не кординг Омар,

Нешше жыл Изимге қопардынг томар,
Жгитшилик етип тарқалмай қумар,
Бул дуньяға шыққанынгнан не пайда?

Ойлан озинг ата-ананг не корди,
Кун корип аулда қалайша журди,
Бай болып Еденбай оған не берди,
Сонша жылғы жургенингнен не пайда?

Қазалыда журдик он сегиз адам,
Куни-туни ислеймиз жумысты мудам,
Бермеди залымлар таттырып тағам,
Жутым табалмасақ талап не пайда?

Жолға қарап отыр нешше адамлар,
Оларға берерге мен сорда не бар,
Қуры зар жлаған сойлер тли бар,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Журдим бес алты кун шоллерди гезип,
Ҳасиретте жанымнан гудерим узип,
Қарны местей байдынг уйлерин сузип,
Козлерим телмирип отыр не пайда?

Бердимурат, Атамурат, Жарымбет,
Куни-туни еттинглер ҳаммengиз хызмет,
Қалайда жаснармыз деген бар умит,
Жаснамасақ сум дуньяда не пайда?

Олди Мамай, оленг тубин су алды,
Олди Мамай, сай суйеги қурады,
Меннен бетер Ажимурат жаурады,
Аулдан шыққаннан бизге не пайда?

Отти омирим сум дуньяда азапта,
Сапар узақ демей айтып азапта,
Кун санап баратыр омир озып-та,
Сапар айсыз, шыққанымнан не пайда?

Тарези қурылды, тусипдур мизан,
Меннен азиз еди қарағым Нзам,
Онсегиз азамат қайнатпас қазан,
Бул дуньяға шыққанменен не пайда?

Омар ойлан, озинг ҳалынгды билгил,
Райынгнан қайтқыл хызметинг билгил,
Болмаса булманнан бас алып кеткил,
Бул дуньяға шыққанменен не пайда?

Қтай ағайиннен Атамурат иним,
Қалай кешер екен бул манда куним,
Унь қосысар адам барма менменен,
Бул дуньяға шыққанменен не пайда?

Котерилер қосық айтсам иегим,
Коп минеттен сырқырайды суйегим,
Табылмады бул дуньяда тлегим,
Бул дуньяға шыққанменен не пайда?

Созь айтсам баярым аузымнан қағар,
Бул қлығы онынг кимлерге жағар,
"Тентиреген сасық қарақалпақлар",
Деген атты алған бизге не пайда?

Қурысын бул дунья, заман тарылды,
Ғаплеттен ғой журегимиз жарылды,

Кеши-кундиз жумыспенен сарылды,
Қула дузде зарлағаннан не пайда?

Арьманменен олдим-талдым дегенде,
Умыт болар даулет-бахыт келгенде,
Бунынг парқын қарақалпақ билгенде,
Қайғы-ҳасирет еткенимнен не пайда?

Бердимурат единг қурдасым менинг,
Омиримше сыр айтар сырласым менинг,
Казалыға кеткен жолдасым менинг,
Бул дуньяға шыққанынгнан не пайда?

Қосық айтсам козде жасым айналар.
Миим зенгип куни-туни ойланар,
Коп сайрасам қзыл тлим байланар,
Зарланғаннан мен сорлыға не пайда?

Шаир единг айтқыл Омар созингди,
Жумғанша дуньяда еки козингди,
Коп сарғайтпа қайғы менен жузингди,
Коп уайым еткенменен не пайда?

Усындай болғаннан қурсын бул омир,
Қарауытып қарайып, болдық-қой комир,
Бул не деген хорлық, не деген амир,
Бул дуньяға шыққанменен не пайда?

Қараспан қапылып тунерип турған,
Гардиши заманнынг бул палек урған,
Басқа ахырзаман саудалар қурған,
Бул дуньяға шыққанменен не пайда?

Ҳаял алып суйген барып улым жоқ,
Жумыс ислеп ол-да журь ғой, тным жоқ,
Қалтамда бес жылда қара пулым жоқ,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Барма енди бундайлардынг ишине,
Қарамағыл донгызлардынг устине,
Басыма тунерген қайғы тустиме,
Бул дуньяға шыққанменен не пайда?

Жолға шапсам неден атым суринди,
Гоя "ахырзаман" жақын коринди,
Кеулим-де созим коп айтпаға енди,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Даует қалем алып жазбадым созди,
Хатеси кетти деп сокпенглер бизди,
Сарғайттым дуньяда ғаплетте жузди,
Бул дуньяға шыққанменен не пайда?

Сен-де созь қозғап тур ермек болғандай.
Кейнингизге уасият боп қалғандай,
Бул дуньянынг ози мсал жалғандай,
Козиме коринди дунья не пайда?

Зарлауменен мнау болып қалғаным,
Ғумшаланған гуллер едим солғаным,
Ушь қара пул торть-бес жылда алғаным
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Баярымнынг корсенг, тислери кетик,
Шуғыллыққа шайтан-иблистен жетик,
Аяққа киип аппақ пушга етик,

Бул дуньяға шыққанменен не пайда?

Даулети барларға бул дунья қзық,
Кунелтер заманда қайерде бузық,
Ала жипти кесип атларлар сзық,
Қуры турған таажжиптен не пайда?

Аспаны-заминнинг асты қапылып,
Залымларға пулсыз диқан табылып,
Кеше-кундиз жургенменен сабылып,
Бизлерге пайда жоқ, байларға пайда.

Қурсын бул омирим келиспей қалды,
Аманатын қудай азапта алды,
Қара басқа жаман азаплар салды,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Етпеди залымлар кеулимнинг хошын,
Жедик барьҳа байдынг думпишин-мушын,
Корсеттилер бизге қолынынг кушин,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Шаирлар қалемин қолына алса,
Менинг ҳасиретимди қағазға салса,
Кеингилер оқып улгилер алса,
Ар-намысын алмаспекен ол қайда?

Озим меиинг едим анамнан жалғыз,
Анамнан алып ем бирнеше алғыс,
Байдынг ҳаялынан алдық бир қарғыс,
Ата-анамнынг алғысынан не пайда?

Аспаны-заминде қапылған екен,

Бзинг ықбалларға табылған екен,
Қарақалпақ қырқ жола шабылған екен,
Тентиреген атты алғаннан не пайда?

Жгитлер, адамды намыс олтирер,
Ол намыс жгиттинг арын билдирер,
Келгинди деп ар-намысты келтирер,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Бул дартимди ҳамме адам бледи,
Ар-намыстан ер жгитлер оледи,
Қара бағрым меннен соны тледи,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Бир алла қаратып дарья дегишин,
Алды муминлердинг еккен егисин,
Еситип жаманнынг журмен согисин,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Ерисин дағлардынг қары ерисин,
Ерисин айтқанда бағры ерисин,
Атамурат сен-де сордынг брисенг,
Бул дуньяға шыққанынгнан не пайда?

Анау куни кеште Қодарға барсам,
Салем берип барып қолынан алсам,
Капталына барып жане қол созсам,
Қолды қақты, ауз бақты не пайда?

Жаман екен айралықтынг дартлери,
Қайтсақ қайтер Қонграттынг мартлери,
Омардынг бар еди айтқан сертлери
Бул дуньяға шыққанынгнан не пайда?

Неше кунлер журип корип сургинди,
Мен аталдым бул елатта "келгинди",
Ҳаялынан еситип кунде "ширкинди".
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Бул елатта менинг қангғырды басым,
Болмады ишерге азық ҳамь асым,
Кимлер суртер екен козимнинг жасын,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Омар сойле, қайғы етпе, қамықпа,
Қия шолде арьманменен жабықпа
Қиын болды бизлердей аш-арыққа
Қадирли ширин жан сеннен не пайда?

Бул дуньясы қурсын бизди алдады,
Қусам жеткермейди дунья алдады,
Аҳ урсам жетерме бенденинг дады,
Бул дуьяға щыққанымнан не пайда?

Неғылайын мен тауекел етейин,
Жаным барда елатыма жетейин,
Журсе яранларды алып кетейин,
Коп окингенменен маған не пайда?

Баратырма баярымыз қағынып,
Куним ушын журмен зордан жағынып,
Бес жыл болды ата-анамды сағынып,
Коре алмасақ сағынғаннан не пайда?

Барма насип қосар ағайинлерим,
Бирге журген соларменен кунлерим,

Аманбекен менинг аул-еллерим,
Бул дуньяға шыққанменен не пайда?

Келдим неше кунлер елден бел байлап,
Айралыкқа қара баурымды дағлап,
Аулға бармақ жоқ бизлерге шағлап,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

Таусылмас бахытқа болыппан қумар,
Бағ болса керекти алма ҳамь анар,
Жырла шаир, олгенингше сорлы Омар,
Бул дуньяға шыққанымнан не пайда?

## Елим

Уйрек ушып, ғазлар қонған коллерим,
Қатар қонған жаз жайлауда еллерим,
Тенг қурдасларменен журген кунлерим,
Ядыма тусип тур, менинг найлейин.

Бул майданда созь айтаман бир озим,
Жеткейсенг деп елатыма бул созим,
Лақабы жеримнинг аты—Хорезм,
Ургенч ядыма тусти найлейин.

Бизлер аман барып қуыссақ елге,
Ғайрат-кушти жинап умтылсақ белге,
Он сегиз жгит боп шғып ек бирге,
Айрылып баринен қалдық найлейин.

Ҳарь бале коринер кози қлапқа,
Ахыр сонгы айланырлар қарапқа,

Шыққаннан сонг озал баста талапқа,
Ҳарким ҳарь жерлерде қалды нлйлейин

Жолдасымнынг аты ели Еримбет,
Бирге журдик, бирге еттик биз хызмет,
Еллерди сағыну бул жақсы адет
Қатар-қурбым ядқа тусти найлейин.

Шын қобыздынг жағар нама сазлары,
Ышқы отына куйип ҳамь-де назлары,
Елатымнынг тусти ядқа қызлары,
Қатар-қурбым ядқа тусти найлейин.

Тенгге тапсам елге қарай қайтқанда,
Бундай ашшы калам заҳрин тартқанда,
Создинг туби, бары-жоғын айтқанда,
Ата-анам ядға тусти найлейин.

Бир заман қасында турмасам болмас,
Сойлессем ишимде уайым қалмас,
Мен десе басқаға қулағын салмас,
Қатар-қурбым ядқа тусти найлейин.

Талабымды қойып елге кетпесем,
Аулда-ақ барлы-жоқлы жумыс етпесем,
Егер айтқан мурадыма жетпесем,
Арьманменен мен отермен найлейин.

Бибигулжан

*(Яринг қазаланды десек журеги жарылып кетер деп жгитлердинг тымсал етип айтқаны)*

Талап етти қсыменен,
Елге қайтты бзингменен,
Жол журип едик кунименен,
Қалды жолда Бибигулжан.

Жери жайсыз шашылған у,
Озинг марть бол, белингди бу,
Жолығысып бир теренг су,
Жолда қалды Бибигулжан.

Кеин қарап турдық ҳамме,
Жетер-ау деп еттик даме,
Теренг судан болмай кеме,
Кеин қалды Бибигулжан.

Келмеген сонг гудер узип,
Арман-берман журдик гезип.
Теренг судан бизлер жузип,
Аман оттик Бибигулжан.

Биз жағалап улкен колди,
Беккем буып алдық белди,
Шақырсақ-та еситпеди,
Суда қалды Бибигулжан.

Кол бойында коптур жекен,
Аяғына кирди ткен,
Ози жузу билмейди екен,
Қалды аржақта Бибигулжан.

Бар екен

Қдырып барсам Қарақумнынг елине,

Ажайып бир мақсымлары бар екен.
Инсап бермей катқудалар пейлине,
Кси ҳақысын коп жегени бар екен.

Мақсымы болса-да молла адепсиз,
Молласы болса-д-а жуда адепсиз,
Қыз жауаны қадири жоқ ҳурметсиз,
Қайыр-сақауатсыз жери бар екен.

Ас толтырып асып шулен қазанға,
Жабылып жеп қалдырмайды азанға,
Онгбаған адети барды озь алдына,
Сонынгдай тартипсиз иси бар екен.

Садақа бергенге ҳурмет етеди,
Бермегенлер босқа шғып кетеди,
Айткан сози суйегингнен отеди,
Мииримсиз шайықлар сонда бар екен.

Раиси иблистей қуры пир екен,
Азазилдинг, Макайилдинг бри екен,
Сырты ақ-та иши толы кир екен,
Сонынгдайын мақсымлары бар екен.

Алтын корсе алғанынша қызғандай,
Бреудинг некели ярын бузғандай,
Ахыры унатар қазу казғандай,
Ядтан қалмас ажеп иси бар екен.

Мен қолымды берсем қолын бермеди,
Мен салемим берсем-де салем бермеди,
Жумабайдай мен сорлыны кормеди,
Жумабайдынг жуп қошқары бар екен.

Шомиштинг аласы тангир балеси,
Сол айтқандай кеулинде коп муддеси,
Шырриған, сырриған адам қаттеси,
Уллы мешит, мадресеси бар екен.

Қуры қолын жайып, мойны созылған,
Тағдирин тағрип етип жазылған,
Қзыл корсе жолдан шғып бузылған,
Бринши рет ахунлары бар екен.

Берген садақаға кеули тоймаған,
Жан-жағасын жалмап жутып қоймаған,
Қасты екен онынг жанлық соймаған,
Аузын ашқан уралары бар екен.

Ап-аур созь айтса ойынгнан кетпес,
Сасық ойларына ақылынг жетпес,
Садақа бермесенг гунангды отпес,
Пайғамбардынг шарияты бар екен.

Батыр болсанг бар кушингди жауда бер,
Тулпар болсанг туяғынгды тауда бер,
Садақаны баслап денинг сауда бер,
Деп отырған алымпазы бар екен.

Дос екенсенг қарнынг барьҳа тоқ болса,
Қас екенсенг шубҳасы жоқ ҳақ болса,
Оған берер қара пулынг жоқ болса,
Сырт корсетер сыртланлары бар екен.

Қуры алланынг атын айтып алдаған,
Қзыл қуқыл тлин халққа жаллаған,

Озине жақынды ҳақтай қоллаған,
Карун кби, қарын байы бар екен.

Адам жоқ гунасын мойнына алғандай,
Булардынг исине ҳайран калғандай,
Журген жолы мегзер етек шалғандай,
Сауатсыз сум сақилары бар екен.

Адамнан жасырын насыбай атып,
Копшигин жымпитып жамбаслап жатып,
Бразларды гунасыздан қақсатып,
Муртын таулап отырғаны бар екен.

Халққа жақпастай ырымды баслап,
Ҳарамлық жолында кеулин хошлап,
Еки кун болмай алған ҳаялын таслап,
Азазилдей шайтанлары бар екен.

Ол исининг кимге болар саясы,
Отырғаны жин-жпирдинг уясы,
Ҳаммеге жайылсын бул уақиясы,
Умитсиз бузықлық иси бар екен.

Аулынынг арқа жағы жап екен,
Айтқаны отирик, пығлы "сап" екен,
Киыстырған текте қуры лап екен,
Болмаса бул қылуа бегде бармекен?

Тарипи сонынгдай атқа шыкқаннынг,
Таразуға қарап жолға шыққаннынг,
Мен-де бреу едим ауз бақханнынг,
Айтпасақ-та болмас ис бар екен.

## Бекпан

Бекпан муйтеннинг байы еди,
Маканы тенгиз жайы еди,
Коргенсиз бзинг дайы еди,
Аулына қдырып бардым.

Қарамай онынг куйине,
Бардым қдырып уйине,
Қарадым-да жуйине,
Қасына жақынлап бардым.

Келипсиз демеди маған,
Мен айтайын енди оған,
Хызмет барды ҳамь-де саған,
Бекпанына созь басладым.

Уйингизге келдим дайы,
Жоқпеди Қонграттынг жайы,
Алынғандай қонақтан айы,
Туксидинг-бе молла Бекпан.

Молла Бекпан малынгыз коп,
Келип едик дайымыз деп,
Қойшынынг ҳақыларын жеп,
Туксиесенг дайы Бекпан.

Бекпан аға уят керек,
Сенде бар қайырсыз тлек,
Ол исингде барма трек,
Бзинг дайы, молла Бекпан.

Бекпан аға малим исинг,
Қонақ тутынг болса есинг,
Менбеди-ғой алдар ксинг,
Олгир дайы, молла Бекпан.

Бекпан сенинг ойынг қалай,
Малды берди саған қудай,
Адетинг сизлердинг блай,
Қулақ салынг, молла Бекпан.

Шаирлардынг алдына,
Қарамай алды-артына,
Бул айтқан создинг салтына,
Қарамадынг дайы Бекпан.

Балық болса бергил қарма,
Олетуғын кунинг барма,
Бергенинг суп-суйық жарма,
Пейли жаман дайы Бекпан.

Айырша

Ау салсам колинге балық туспейди,
Тамағым аш, шарға бойым оспейди,
Пирман байдай неге бахтым кеспейди,
Ау салған маканым қурған, Айырша.

Мен барсам колингнинг иши блағай,
Колге кетти тақиям менен малақай,
Бир ангқылдақ шортан жане ылақа,
Он кунде алғаным усы Айырша.

Жғыламан дарьманым жоқ, жаным жоқ,
Балығым болмаса, жерге наным жоқ,
Еки бетим қуарыпты, қаным жоқ,
Неге сенинг тухымынг қурды Айырша.

Бекпаннынг баллары тамағы тоқ ғой,
Олардынг бизлердей қайғысы жоқ ғой,
Олер болды, аштан қрылды журт ғой,
Айтқанға тусинсенг енди Айырша.

Мнау пғылынг болса бермей балықты,
Қрасанг жағалап откен халқты,
Алағат коресенг ашу-арықты,
Ау салғап суатымнынг аты Айырша.

Жоқшылықтан ағарды-ғой бзинг шаш,
Қыс куни ҳауада қыппа жалангаш,
Бала-шағам олер болды аштан-аш,
Енди олер болды баллар, Айырша.

Кемал

Ҳарь уртында батпан шамал,
Нияздан алдынгба ҳамал,
Тоқтатпайсанг гуррингингди,
Бастырасанг молла Кемал.

Сымбатынг кескен теректей,
Бетинг окпе ҳамь журектей,
Тандырға жапқан шоректей,
Қзарыпсанг "аға" Кемал.

Сенинг исинг алға кетти,

Қара атынг байгиден отти,
Кимнен еситтинг бул гапти,
Кескинсиз донгыздай Кемал.

Билмейсенг ҳасла орнынгды,
Котерип еки қолынгды,
Жанга тауыпсанг жолынгды,
Терис қайтқан молла Кемал.

Кол шетинен алсанг салық,
Салығынга алсанг балық,
Сени корсе жлар халқ,
Донгыздай кескинсиз Кемал.

Кемал сенинг исинг бузық,
Айта берсем жуда қзық,
Алдынгда бар уллы сзық,
Аны "достым" ойла Кемал.

Қамшыға қолды узатпа,
Пуқараны шулатпа,
Салық саған зор мурат-па,
Кескинсиз донгғалдай Кемал.

Кемал сенинг ойынг сондай,
Адетти етпенглер ондай,
Шуғылға ергенинг қалай,
Халқты жлатиа, ойлан Кемал.

Пуқаранынг ҳақын жесенг,
Би мақсети питти десенг,
Бизден салық алуға келсенг,
Ондирерсенг ахыры Кемал.

Сенинг озинг пейли жаман,
Салма басқа ахырзаман,
Халқты бузар сендей адам,
Оны ойла "ақыллы" Кемал.

Нақ жайлауым Узын Қайыр,
Жақсы жаманларды айыр,
Деп жазады Омар шаир,
Оны ойла молла Кемал.

Гунайым

Ҳақымды бермединг куйдирип Ораз,
Туесилмес барма менинг гунайым.
Берсенг-де болады пулымды аз-маз.
Налет Ораз[3], барма менинг гунайым?

Қолы жеткенлердинг иси ақыбет,
Еткил, беглер, азаматқа сен хызмет,
Берген бир жаратқан таниме мадет,
Неден болды сол заманда гунайым?

Амир етип Кок озекти билерсенг,
Ҳалын билмей шақақ урып сойлерсенг,
Ойла ладан ҳақы бермей не дерсенг,
Налет Ораз, неден менинг гунайым?

Маған азап бердинг кейнинге қарап,
Душпанларым отыр кулип насақлап,
Қара пулды қырққа болип усақлап,

---

3 Ораз -қолдаулы аталық.

Неден болды аты жаман гунайым?

Сойлеген созимди илмей қулаққа,
Қол жетпейди айтысарға узаққа,
Уақты келер, илинерсенг дузаққа?
Ораз менинг неден болды гунайым?

Сақла деген спайынынг ойынан,
Гунанг бир деп кессенгдағы мойнымнан,
Шғыппедим мен кзынгнынг қойнынан,
Неден болды Ораз "аға" гунайым?

Еткен менинг минетимди кормединг,
Инсап етип дуры жолға журмединг,
Ахыретледиng, енгбегимди бермединг,
Сорғайнаған недур менинг унайым?

Гуркирейсенг колде журген қабандай,
Негизинде, суйегинде жамандай.
Онглы жуап қайтармайсанг ладандай,
Неден болды, ойлан залым, гунайым?

Акенг Нияз еди донгыздан семиз,
Сен-де солай бопсанг мсалы огиз,
Жгитлер, онгбаса азелден негиз
Неден болды, Ажимурат, гунайым?

Ораз халқтан асқан болыпсанг жаман,
Негизги адетинг озинге аян,
Фаны дунья ақыр саған би паян,
Залым Ораз, неден болды гунайым?

Бер ҳақымды жлатпағыл мени сен,

Сау болса ал аларман ахырында тенг,
Не кыламан бугин барып уйге мен,
Неден болды Ораз "аға" гунайым?

Гунамды айтсангшы алдыма қойып,
Арман қарайсанг-да "аға" бултиып,
Қазақы қаптайын турсанг тылтиып,
Неден боллы Ораз "аға" гунайым?

Жолдасымнынг аты еди Отемис,
Пул бермесенг елимизге кетемиз,
Бес тоқсан боп тубингизге жетемиз,
Болмаса гурт компек, неден гунайым?

Озинг ауел исле единг исингди,
Сындырсам деп ойлайсанг-ба тсимли,
Тауыпсангда зангғар алдар ксингди,
Неден болды қабан, саған гунайым?

Мен ғариппен, жалған созди айтпайман,
Айтсам ҳазир лебизимнен қайтпайман,
Енди сенинг лебизингди тутпайман,
Неден болды Ораз, саған гунайым?

Мна пғылынгнан сен кормессенг қайыр,
Создинг билгир болсанг манисин айыр,
Олгенше жаманлар бул Омар шаир,
Мииримсиз залымға недур гунайым?

Козимнен ағып тур мангзули жасым,
Саудалярға тусти бул ғирит басым,
Уйимде ишерге болмады асым,
Уай, яранлар, неден болды гунайым!

Кеулимде бар еди сансыз андише,
Азап шектим олгенимше бир неше,
Бундай ахырзаман дайым кешсе,
Неден болды таусылмастай гунайым!

Гумшаланған гул едим қурадым, солдым,
Адамзат айтқысыз ғаплетте болдым,
Бул дуньяда қапа шектим, не қылдым,
Уай, ағалар неден болды гунайым!
Айле кеулим енди пурсатлы сабыр,
Кординг душпанынгнан олгенше жабир,
Қолда куш болмайтур, болып мусапир,
Бул залымға неден болды гунайым?

Менинг жургенимди ҳамме-де блер,
Бреулер жлар-да, бреулер кулер,
Бир тенглик келмесе қанесте олер,
Ораз "аға", неден болды гунайым?

Жолынг улкенликтен аға болыпсанг,
Арьманменен айра тусип қалыпсанг,
Сен озингди қисық жолға салыпсанг,
Неден болды Ораз, саған гунайым.

Айтпасам болмас

Болысқа сайланған, томпайып урты,
Таяқ тислегендей серрейген мурты,
Салықтан шаласқан сораған журты,
Қошымнынг хорлығын айтпасам болмас,

Қас корип бес тилла салыпсанг маған,

Ҳамели қолында не деин оған,
Би орын қсып халқты жлатқан,
Қошымнынг хорлығын айтпасам болмас

Хиуа ханнан келди биыл Жанибек,
Ушь ағашын қурды, салық ондирмек,
Адамды асуға болды қол комек,
Қошымнынг хорлығын айтпасам болмас.

Жазықсыздан ушь ағашқа илдирген,
Басын жарып табаныны тилдирген,
Алтай сорап сонша халқты булдирген,
Қошымныиг хорлығын айтпасам болмас.

Усынша халқ шдай алмай салыққа,
Оскен жерди таслап, кошти, балыққа,
Жанибек ыдайсанг салды халққа,
Онынг хорлықларын айтпасам болмас.

Берермен

Адамға миримсиз, шаққан шаянға,
Тангла бир кун жазаларын берермен.
Заҳарли қастиян қара жланнынг,
Ордаларын бузып уайран етермен.

Жерин басып алып егин еккеннинг,
Жазықсыз гуналап жанды соккеннинг,
Озингдейдинг абройын токкеннинг,
Тангла бир кун мен созайын берермен.

Ғариплердинг мулкин алып жлатып,
Коз алдымда итлерине талатып,

Сау денесин таяқ урып қанатып,
Азап бергенлерге ғазап берермен,

Жетимди жетелеп жумыс еттирип,
Басып урып ақлы-ҳушын кетирип,
Ыза берип, суйекке азап жеткерип,
Пақырды қысқанға азап берермен.

Кси жумсап пайдаланып шалқыған,
Майдай жағып суйеклери балқыған,
Жердинг майын шомишпенен қалпыған,
Сутхорларға сонша азап берермен.

Брини ант ишип екиге сатып,
Аяғын қаусырып, уйинде жатып,
Ҳарамнан жинаған дуньяға батып,
Журген залымларға азап берермен.

Озь алдында топалангдай шангғытып,
Кесе турсанг қу қабақтай қангғытып,
Басып отип, озин судай шалқытып,
Азап бергенлерге азап берермен.

## ГУЛМУРАТ

Гулмурат—XIX асирде жасаған шаир. Онынг "Кайда бараман", "Қайрауда жалғыз ғаз" қосықлары халқтынг аур турмысын хамь онынг темир қурсауынан шғып кетуге талпынуын суретлейди.

Қайрауда жалғыз ғаз

Котерилип қос қанатын қағады,
Корген уақта ҳауадағы ғазларды,
Топарыма қосылсам деп жануар,
Қапталына шақырмақшы болады.

Шақырған дауысын еситип олар,
Сол ҳауада журип қанаты талар,
Қайрылмай кетуге козлери қимай,
Ахыры айланып қасына қонар.

Бир—брине уйкелесип мойынын,
Баслағанда қуанышлы ойынын,
Атуға қолайлап оны сур мерген,
Гезеде жасырып турады бойын.

Бир-брине қосылғанда интизар,
Ғангқылдасып отырғанда жануар,
Орынсыз би гуна жас жанын қиып,
Сур бетли мергенлер ортасын бузар.

Кайрауда бир ғаз тур қанатын қағып,
Ғангқылдайды еки козден қан ағып,
Аяқтағы жипти шайнап жануар,
Озь еркиме кетсем дейди ылағып.

Дегенменен шешилмейди аяғы,
Бул мақсеттинг бри питпей ойдағы,
Кеулдеги коп қайғынынг дартинен,
Қара жерге қарыс кирди тырнағы.

Қайда бараман

Балларға тамақ жоқ енди берерге,
Бир адам жоқ бул ҳалымды корерге,
Жол соқпақ таппадым барып журерге,
Ойлан кеулим, енди қайда бараман.

Ағалар, сорасанг кеулимде арьман,
Ашлықтан кетип тур дзеден дарьман,
Балларға берерге жоқты унемим,
Бул журистен енди қайда бараман.

Бул журис мендейди зар-грияй етти,
Айралықтынг қысмети жаныма отти,
Тенгизге ау салсам салменен кетти,
Оған қашан сапар айлеп бараман.

Қашан мен корермен жақсы даурди,
Шғарайын айтып иштен ҳауирди,
Бирнеше кун сала билмей сауирди
Қайғыланып енди жлап бараман.

Ағалар, оншама жек корменг мени,
Жек кореме енди басқалар сени,
Сау болса балларым ағангнынг дени,
Қорқпа баллар, колге кетип бараман.

Бул дартлерден куйип ғана жанаман,
Ғаплеттемен ҳарып, шаршап таламан,
Бул ғаплетте дарть кобейип соламан,
Енди жлап кетип елге бараман.

Қолымда бақаным таяу қылмаға,
Колде балық бар-ма бизлер алмаға,
Баратырман жалғыз ауды салмаға,
Кол жағалап ҳайран болып бараман.

Коллинг бойы қамыс пенен урықты,
Жаздынг куни тартар еллер порықты,
Аштан бзинг уйлер бугин тарықты,
Колге сапар етип кетип бараман.

"Аштынг ауы журмес" деген нақыл бар,
Улкеннен, кшиден сондай ақыл бар,
Қырды ексек онер ҳарбир дақыл бар,
Ол қолда жоқ, соннан кетип бараман.

Колге келдим ауды салдым азанда,
Зомбыпатыр шабақ пенен сазан-да,
Ертенг қайнарсанг-да деп мен қазанда,
Ишимнен қуанып кетип бараман.

Алла бизге балық бере коргейсенг,
Қзыр Ильяс жлауымда жургейсенг,
Бул гапимди менинг барьжай еткейсенг,
Азанғы ауыма кетип бараман.

Бардым-да усладым аудынг қулағын,
Ызаланып келип турды жлағым,
Арман қулағына барған уағымда,

Алдым бир қылтанақ жане шортанын.

Қуанып буған-да салыма салдым,
Бир шабақ, бир шортан, бир сазан алдым,
Сойтип уйге қарай қайтарман болдым,
Енди уйге талап қлып бараман.

Бир уақта шғыстан котерди дауыл,
Кормегим гуманда болдылар аул,
Бир дауыл емес, жаудылар жауын,
Енди бул дауылда қайда бараман.

Қамыстынг басларын дауыл жапырып,
Бламықтай келип турғой сапырып,
Қараспан жер толып, дунья қапылып,
Арьманменен ҳайран болып бараман.

Мен ҳайран болмайын дослар нетейин,
Бул тенгизде, мен қаяққа кетейин,
Коринер жағаға тезден жетейин,
Қарсы алдымнан шамал соғып бараман.

Мен олермен, яки шғып кетермен,
Отирик айтып, жалғаншыда нетермен,
Бул дуньяда енди афған етермен
Толқын басып, толғап кетип бараман.

Ойла Бердимурат шғарсанг қырға,
Сорлысанг, ушырадынг озингнен зорга,
Қудайым тусирди бизлерди торға,
Арьманменен енди кетип бараман.

Толқын урып тула бойым қурысты,

Ашшы суға денем абден трысты,
Кормедим дуньяда бундай қрысты,
Арьманда дуньядан кетип бараман.

Бергейда қудайым дауыл тындырып,
Мна куннинг ырайларын сындырып,
Мен отырман сол тенгизде болдырып,
Омирим бағы қазан урып бараман.

Казан урды, гулим сап болды менинг,
Айтқан ҳарь созлерим лап болды менинг,
Толқын урып ҳалым сап болды менинг,
Арьманменен елден кетип бараман.

Енди қалай уилеримди корермен,
Ата-анама барып салем берермен,
Ол болмаса, арьманменен олермен,
Бағрым грияни болып кетип бараман.

Қудайым бергейсенг даулет-бағымды,
Хош қларман аман шықсам уағымды,
Ашна еткей, бир қудайым халқымды,
Арьманда дуньядан кетип бараман.

Кол копирди, дауыл қатты болып тур,
Кеулим қайғы, ҳасиретке толып тур,
Уактым жетип таза гулим солып тур,
Арьман блен жлап кетип бараман.

Жорға шапсам, жорғам жонсиз суринди,
Бул дуньянынг туби уайран коринди,
Басыма жететуғын тенгиз коринди,
Жалған емес, енди кетип бараман.

Балларым келер деп қарап жолыма,
Айланалмай мен-де түрман солыма,
Талабым баспады барьҳа онгына,
Кеулим таспай ҳайран болып бараман.

Бул дуньянынг опасы жоқ бизлерге,
Қулақ салынг дослар айтқан созлерге,
Шғарғай жаратқан бизди жузлерге,
Арьманменен енди кетип бараман.

## ҚУЛМУРАТ

Қулмурат-XIX асирдинг ахырында XX асирдинг басында жасаған шаир. Онынг шғармаларынан бизге белгилиси—"Он тоғыз". Бул қосығында шаир волостьлық системадағы сайлаудынг адилсизлигин созь етеди.

### Онтоғыз[4]

Жол ортада дилгир мутаж болсангыз,
Бунда белли дарькар уаждинг қымбаты,
Дауметпенен бенде зиндан болсангыз,
Бунда белли елде ҳаздинг лаззети.

Англамай ладанға ашна болсангыз,
Жақсы емес ол, созь астында қалсангыз,
Дус келип ладанға миман болсангыз,
Сонда белли ғош жгиттинг хызмети.

---

[4] Сайлауда Кулен болысқа қарсы шыққаны ушын 19 адамды патша хамелдарлары тутқынға алып, айдауға жберген. Бул қосық сол туралы жазылған.

Шеп айланып бул палектинг гардиши,
Би гуна қатланып он тоғыз кси,
Жыл-жылдан балентдур залым ташуиши,
Солардынг басында қайғы гулпати.

Он тоғыз адамда қайғы ҳамь гулпат,
Оны жазған қалеминде карамат,
Хат корип, ғаныз етип келди музапат,
Алды гезерменнен тоғыз солдатты.

Солдат алып ози болыпты аньжам,
Шақырып тут деди он тоққыз адам,
Корген адам кози жаста, кеули ғам,
Хамме ҳайран болды бул не ҳикмети.

Шуласып жлады ул ҳамь қыз-жуан,
Сол уақта тускенди қарангғы думан,
Магер болдыма деп ол ахыр заман,
Халайық коп шекти қайғы қысмети.

Откен кун жеткени Қусқана тауы,
Туркстаннан келгендеги жайлауы,
Халқы қала Қзыл озек аяғы,
Барып ҳамь Сапардынг елинде жатты.

Арыз етпеге ози жоқ екен Сапар,
Ози болса гаппи қандай мухтебар,

Ошақ аруағыны тлегин етти.

Бул ошақта абройменен даулет бар,
Арзы—Ерназар бул еккиси барабар,
Айдос блан қатар баласы Ҳайдар,

Буларды кеш демек кимлердинг ҳадди.

Есен таз-да Пазыл менен Пайзылла,
Ата уғыл ғошшақ жгит Муртаза,
Нурда Тлеумырат таз-да Насрулла,
Он тоққыздынғ бри Хидай Исмети.

Алланазар Шарип бул ҳамь бир улпет,
Молла тенгел Қалек бул енди суҳбат,
Арап мақсым, Тлеу, Икрам, Муҳаммет,
Азелден деп турған молла Ахмети.

Қалған бес жгиттинг атын билмедим,
Я еситип озлерини кормедим,
Қалай болдынгыз деп ҳалын сормадым,
Ким иске шатылсын бардур ғайраты.

## САРЫБАЙ

Сарыбай XIX асирде жасаған шаир. Қосықларынынг тикарғы темасы—халқтынг аур турмысы. Ол қарақалпақ поэзиясында мсал (басня) жанрын баслаған шаир. Бул идеялар ҳамь қасиетлер онынг "Айтарман", "Жарғанатпенен айтысу" ҳамь "Қурысын жасым, қурысын" шғармаларында орын алған.

### Айтарман

С а р ы б а й:
Палапанынг қзыл шақа,
Қара торғай тық-тық сенинг,

Айтқанымды есит менинг,
Мегзес сизлерге қурбақа.

Бул не заман, не пасент,
Сенлерге не болды кесент,
Мен берейин енди псент,
Сойле еки қзыл шақа.

Ш ы м ш ы қ:
Етимди шақты сур жлан,
Менде сендей жабир улан,
Булар миде болған шаян,
Сорасанг жуап айтарман.

С а р ы б а й:
Қалай қлажақ ниетинг,
Олгенге мегзер келбетинг,
Қып-қзыл шақадур етинг,
Сонынг ушын айтарман.

Ш ы м ш ы қ:
Қалай сзинг ҳалларынгыз,
Сзинг қарықпа қолларынгыз,
Мендей уйде балларынгыз,
Басқа созь айт айтарман.

С а р ы б а й:
Ондай болса қара шымшық,
Қасынгдағы жане тық-тық,
Айтар болсанг бермаған шық,
Бул гапти саған айтарман.

Ш ы м ш ы қ:
Қайсы жерден сорадынг созь,
Корип тур ғой бизлерди коз,
Турпатымнан гудерингди узь,
Зарымды енди айтарман.

С а р ы б а й:
Еки қанатлы таризинг бар,
Бир уяда бир озинг бар,
Зар айтып не ғарезинг бар,
Сенде сорай ғой айтаман.

Ш ы м ш ы қ:
Жақсы созимди тынглап кор.
Тынглаған емес, англап кор,
Биз аш болдық, дань акеп бер,
Зарымды саған айтарман.

С а р ы б а й:
Бар шғар кепек қауығы,
Табыларма екен уағы,
Мен-де тарысы пискеннинг тауығы,
Дань жонин қалай қларман.

Ш ы м ш ық:
Қуры айтқанынг созь екен,
Раҳберли бзинг екен,
Қзыл шақа озинг екен,
Дань табалмасанг Сарыбай.

С а р ы б а й:
Аз айтарман, мол айтарман,
Бунынг илажын қайтермен,

Сонлықтан саған айтарман,
Илажым жоқ ғой сизлерге,

Жарғанат пенен айтысу

С а р ы б а й;
Қарап турсам келбетинге,
Сын сымбат ҳамь-де қалпинге,
Не бале келди паринге,
Жардағы турған жарғанат.

Ж а р ғ а н а т:
Басынгда жаман малақай,
Сойлеген созинг бул қалай,
Сын тағасанг маған қалай,
Абайлап сойле адамзат.

С а р ы б а й:
Макан етип улкен ойда,
Қандай таптынг буннан пайда,
Гуллан паринг қалды қайда,
Жарда турған жарғанат?

Ж а р ғ а н а т:
Жуап берсем усы созге,
Макан жайым айтсам сизге,
Қсым еткен патша бизге,
Сонлықтан жоқ болды парим.

С а р ы б а й:
Кунлердинг жузи думанда,
Патшангыз бар-ма буманда,
Ис сорады қай заманда,

Жардағы турған жарғанаг?

Ж а р ғ а н а т:
Бир қудайға мен жлайман,
Бизге бурын қсым қылған,
Патшанынг аты Сулайман,
Сонлықтан жоқ болды парим.

С а р ы б а й:
Сулайман екен патшангыз,
Жоқ ҳамь қуйрық, қанатынгыз,
Патшаға қандай гунангыз,
Болып еди жарғанатым?

Ж а р ғ а н а т:
Патша қусларды жинаған,
Шбын жанларын қинаған,
Алдыменен бизди жулған,
Сонлықтан жоқ болды парим.

С а р ы б а й:
Не себеп патша жулдырды,
Жас жанынгды солдырды,
Парингди не қылдырды,
Хабар бер буннан жарғанат?

Ж а р ғ а н а т:
Мен айтсам патша тлегин,
Котерген қайқы иегин,
Ҳамме қуслардынг суйегин,
Жинамақ болды адамзат,

С а р ы б а й:

Сонша қусты қырдырғанша,
Жас жанларды қинағанша,
Қус суйегин не қылмақшы,
Болған екен айт жарғанат?

Ж а р ғ а н ат:
Қустынг суйегин жидырып,
Хаммесин жерге уйдирип,
Кул қлып барин куйдирип,
Жоқ қылмақ патша адамзат.

С а р ы б а й:
Арқа жаққа ауыстым,
Бул жерге зордан қуыстым,
Айтып созимди тауыстым,
Жолынг болғай жарғанатым.

Қурысын жасым, қурысын

Еки кем жетписке келдим,
Қурысын жасым, курысын.
Шғып дуньяда не кордим,
Қурысын жасым, қурысын.

Тенгселген жорға минбедим,
Жайнатып киим кимедим,
Жоқлықтан басқа кормедим,
Қурысын жасым, қурысын.

Ақпушта етик киеалмай,
Тосекли жерде жаталмай,
Бир жайнап, жаснап журеалмай,

Отти ғой бугин омирим.

Коз жасым қабыл болмады,
Созиме қулақ салмады,
Кейнимде перзент қалмады,
Қурысын жасым, қурысын.

Болмады елге қадирим,
Белимнен кетти мадерим,
Арьманда отти омирим,
Қурысын жасым, қурысын,

## АЯПБЕРГЕН МУСАЕВ
*(1880-1936)*

Аяпберген Мусаев—советлик адебиятымызда белгили орын иелейтуғын бизге малим бринши шаир. Ол қарақалпақ совет адебиятынынг даслепки дауринде теренг идеялы шғармалар доретти. Қарақалпақ халқынынг откендеги турмысында, жанга социалистлик турмысында озь козименен корген шаир.

Аяпбергеннинг шғармалары революцияға шекемде халқ арасында кенг таралды. Октябрь революциясынынг женгислерин, партиянынг сиясатын ҳешқандай тайсалмастан, шын журектен қабыл алды. Сонынгменен бирге, ол бул жанга турмыстынг жаршысы болып, бринши рет косықлар дорете баслады. Бринши болып жанга турмыс хаққында жангаша жырлап Аяпберген қарақалпақ совет адебиятынынг ири баслаушыларынан бри болды. "Бола баслады", "Ленин", "Мойнақ",

"Яранлар", хамь т. б,— шаирдынг корнекли шғармалары.

## Бола баслады

Тарих бир мынг ушь жузь отыз ушинде,
Заман ҳарь тарепке доне баслады.
Журт жласып Николайдынг тусында,
Ҳартурли ҳукимге коне баслады.

"Солдат бер" деп мусылману, орысқа,
Губернатор буйрық берди болысқа,
Жети уйден бир адам айдап урысқа,
Гедей жлап, байлар куле баслады.

Бир куни Николай тахтынан тусти,
Озинен озгеге жетпеди пушты,
Альҳасыл жоқ болды, куллери ушты,
Ахыры озь басына жете баслады,

Журт жлатқан залым патша жоқ болды,
Салғырт салып, пухараны жеп болды,
Заманында урыс-жанжел коп болды,
Оннан сонг ҳуррият бола баслады.

Октябрьде болды ҳуррият заман,
Кетти басымыздан қайғы-ғам думан,
Заманымыз енди болды абадан,
Кеммағалға наубет жете баслады.

Келди айналып минеткештинг наубети,
Бирликпенен мажлис ашқан саубети,
Искендер-Зулқарнайын жери даулети,

Ҳукимет қолына кре баслады.

Бул азатлық бирден болған емести,
Қан тогилмей ангсат алған емести,
Бул созимнинг бри жалған емести,
Уллы журттынг кеули пте баслады.

Альҳасыл толдылар дуньянынг жузи,
Кормеди, кор болды душпаннынг кози,
Би итибар болды байлардыиг сози,
Гедейлер озь исин қла баслады.

Жасасын ҳукимет енди ҳарьқалай,
Исшилерден доклад алып айма-ай,
Уақты менен мажлис қлып қуралтай,
Ким жақсы, ким жаман бле баслады.

Ҳукимет сорамында жузь мынг шаҳарь азим,
Ҳарь журттынг озине берип лауазим,
Ташкент сорамында—бзинг Хорезм,
Хиуа марказ болып тура баслады.

Харь миллеттинг уакили жайлы жайында,
Жабирлик, устемлик жоқдур жарлыда,
Москванынг Бесинши қуралтайында,
Миллет маселеси шешиле баслады.

Миллет маселеси ашылған кунлер,
Съезде қатнасқан ҳамме уакиллер,
Бари-де халқтынг тағдирин сойлер,
Озь алдына область бола баслады.

Ҳарь уакилдинг қолларында хаты бар,

Туркмен, озбек ҳарь миллеттинг аты бар,
Съезде созлери болып итибар,
Ҳарь миллет область бола баслады,

Миллет боп саналып, аталып аты,
Сойлеген созлери шекерден татлы,
Еркин қарақалпақ мухтариятлы [5],
Деген созь ҳарь жерден шға баслады.

Тортеу болды бул областьтынг уаязы,
Айта берсек копдур создинг баязы,
Конгратқа айланып келди қағазы,
Душпан жлап, дослар куле баслады.

Қазақ, қарақалпақ, озбек жиналды,
Дослары шад болып, душпан қиналды,
Халқ жиналып исполкомлар сайлады,
Алты болыс хызмет қла баслады.

Ғарип айтар, бурын не болды ҳалым,
Кимеге тоным жоқ, жемеге наным,
Кемтарлықта қсылып журген кунлерим,
Кем-кемнен ол умыт бола баслады.

Атым Аяпберген, қырқ тортте жасым,
Атам молла Муса, жоқдур ғардашым,
Кемликтен ағарды сақалу, шашым.
Ҳкаятым тамам бола баслады.

---

[5] Ыхтиярлы манисииде.

## Ленин

Апу етинг, жолдаслар, болса хатеси,
Дуньяға бир келди ози Ленинннинг.
Ленин еди минеткештинг атасы,
Козге сурме басқан изи Ленинннинг.

Булттан шыққан он торть кунлик ай болып,
Зулымға жол бермей, гедей бай болып,
Бай, залымлар басыменен ғай болып,
Тасларды еритти сози Ленинннинг.

Ленин шғып, таза жоллар ашылды,
Жер жузине турли жемис шашылды,
Гедей атқа мнип, байлар басылды,
Бирдей болды қсы-жазы Ленинннинг.

Мажлис қурды халқ инанды созине,
Минеткешлер шықты ерип изине,
Таза жол шғарып дунья жузине,
Байларға оқ атты ози Ленинннинг.

Жоқ болды залымлар—ишан менен бай,
Жарлылар жасарды осип айма-ай,
Жетим жесир езилген болса ҳамь гедей,
Сол болды коруге кози Ленинннинг.

Ози алым занг-законға саз болды,
Хат жазып, хат оқып блимпаз болды,
Гедейлердинг қыс кунлери жаз болды,
Туры келди айтқан сози Ленинннинг.

Залымлар аш болды, гедейлер тойып,

Бурынғы ески жол—адетти қойып,
Жуан қурсақ бай ҳамь ишанды жойып,
Гедейди қутқарды жолы Ленинниng.

Алдындағы совет жолын ойланып,
Гедей ушын танде жаны қиналып,
Хесап алып жердинг жузин айналып,
Қолында планы болды Ленинниng.

Белге қлыш байлап, моҳир услаған,
Гедейлерге қамшы урып қыстаған,
Қеммаҳалды қул орнына жумсаған,
Сумларды жоқ қылды жолы Ленинниng.

Бул кунлери кетти илими артып,
Мсал алсақ, қу ағашты жасартып,
Гедей, диқанлардынг қолынан тартып,
Қатарға қостырды зангы Ленинниng.

Манггилик сози бар жазылған хатта,
Гедейлерди жеткерди маденияtқа,
Макария[6], Москва, Ленинградта,
Магар болса откен жери Ленинниng.

Гедейге жем болды байлардынг малы,
Ишпей, жемей жимақ еди қиялы,
Бузылды, жоқ болды байдынг қуралы,
Жер жузине жетти қолы Ленинниng.

Бир залым оқ атып, болыпты қасте,
Бирнеше кун журген екен шкасте,

---

6 Макария—ҳазирги  Горький қаласы.

Дуньядан отипти елли торть жаста,
Қалғанларға нақыл сози Лениннинг.

Ленин еди жаҳаннынг ашылған гули,
Сайрап турған адамзаттынг булбили,
Олди деп айтуға болмайды три,
Орнында ким турса ози Лениннинг.

Ленин олди деди, халқ жласты,
Қой-қозыдай шулап козинде жасы,
Дуньянынг жузине болып жолбасшы,
Ози кетип, иси қалды Лениннинг.

Нақыл бар: "Мынг қойды бир серке баслар"
Изинде жеткиншек партия жаслар,
Исин алға бастырып қалған жолдаслар,
Жазған орнек жолын алды Лениннинг.

Аса блим, шаирлық жоқ озимде,
Коп кемислер, қалды айтқан созимде,
Занг-законы қалып тарих жузинде,
Айтқан сози бир-бир келди Лениннинг.

## Мойнақ

Мойнақ районын мсалға алсақ,
Куннен-кунге алға басып барады,
Халқынынг турмысын биз тарип қылсақ,
Жасарған гуллердей осип барады.

Бир мынг тоғыз жузь отыз ушинде,
Жол баслаған партиянынг кушинде,
Область сорамында район ишинде,

Дарьянынг суындай тасып барады.

Партиядур ҳукиметтинг Қорғаны,
Гедейлер ат мнип сурер жорғаны,
Жол корсетип ис басында турғаны,
Советтинг нзамын тутып барады.

Коммунистлер минеткешке болып бас,
Ҳарбир жерден келсе бир аш-жалангаш,
Қай миллеттен болсадағы ол қаллаш,
Қатардан жай берип, қосып барады.

Бул районнынг еки жерден қолы бар,
Диқанға жер, балықшыға коли бар,
Тутқан партиянынг туры жолы бар,
Жарлыны гедейди қоллап барады.

Мойнақта бардур партия басы,
Аш пенен арыққа тусип қуяшы,
Бир гедей жласа козининг жасы—
Кеулин алып, шара корип барады.

Колхозшылар, менинг қаранг созиме,
Колхоз болып атын берер дзимге,
Қадем басып уллы социализмге,
Жарыспенен планы осип барады.

Колхозлары куннен-кунге жанланып.
Кун-куннен баратыр иси онгалып,
Ботен районлардан кеин қуралып,
Кобининг алдына тусип барады.

Кун-куннен жасарып кун менен айлар,

Районға салынды жангадан жайлар,
Бурынғы езилген қаллаш диқанлар,
Шадлығы артып, кеули осип барады.

## Бринши май

Май байрамы келди, нуры шашылды
Кел, жолдаслар, қутлы болсын айтайық,
Дунья жузи гулдей болып ашылды,
Кел, жолдаслар, қутлы болсын айтайық,

Партия бас болып жарлыны қоллар,
Корсетти наданға ҳамь туры жоллар,
Диқан, созь қошшы ҳамь комсомоллар,
Кел, жолдаслар, қутлы болсын айтайық.

Опат болды байдынг уйи жайлары,
Бизлерге буйырды жиған маллары,
Батрақ, қара табан, гедей баллары,
Кел, жолдаслар, қутлы болсын айтайық.

Кеулде тутынгыз май байрам атын,
Жамь болып келипсиз қыз бенен қатын,
Тусинбеген жарлы халқты оятынг,
Кел, жолдаслар, қутлы болсын айтайық.

Қзыл туынг қолларынга жарасар,
Қыз-келинлер ҳайран болып қарасар,
Кем-кемнен тусинип онери асар,
Бизлер буған қутлы болсын айтайық.

Аталық, билердинг аты жойылған,
Жауызлардынг еки кози ойылған,

Кеше олар бизди қанап, тойынған,
Душпанларға нағлетнама айтайық.

Ҳай душпан, сен қай тарепке қашасанг,
Енди алалмассанг коздинг тасасын,
Азат қылған коммунистлер жасасын,
Бул тенгликке қутлы болсын айтайық.

* * *

Партиянынг ураны бар,
Таптынг жгин ашу деген.
Ауқам қлып қаллаш тапты,
Тап муддесин шешу деген.

Ишан, байды қуып топтан,
Келтирмеске жарлы сапқа,
Қол усласып бару деген.

Берегорменг

Ҳукимет, бизден бир ишан,
Ози халқтан шыққан душпан,
Хуқуқын берменг ҳешқашан,
Ҳасла ҳуқуқын берегорменг
Атасыдур Бекмурза ишан.

Насиҳат

Иним Алламурат, укем Қалмурат,
Мен айтсам сизлерге енди насиҳат,
Буйырған хызметти ислеп атпа-ат,
Хызметинге туры турмақ керекдур.
Ҳарь иске буйырса бармағынг керек,

Барине тап-таяр турмағынг керек.
Кенг дуньяда сайыр қылмағынг керек,
Ҳукимет қадирин билмек керекдур.

Хош, аман бол, та коргенше инилерим,
Мен наданман, менинг копдур минлерим,
Насиҳатым отсин шадлы кунлеринг,
Ел қадирин барьҳа билмек керекдур.

Ҳарким онер билсе балентдур қолы,
Бир емес, еки емес, журтпенен толы,
Ҳаммеге тенг, еркли ҳукимет жолы,
Халқты мангги жаудан сақлау керекдур.

Буннан кетсенг тоқталарсанг Чимбайда,
Аскерлик нзамын уйрен сол жайда,
Сау болсанг келерсенг бир еки жылда,
Хош айтысып енди қалмақ керекдур.

Жгит жгирмада толып тасқанда,
Жгирма бесте балент таудан асқанда,
Жылдан жылға алға қадем басқанда,
Қандай ис буйырса ислеу керекдур.

Елимиз бағ, мсал, уллы бир дарақ,
Шақасы кеткендур ҳарь жерге тарап,
Жедик биз миуасын ҳамь палын жалап,
Ҳарким онынг қадирин билмек керекдур.

## АББАЗ ДАБЫЛОВ
(1898-жлы туылған)

Халқ шаиры Аббаз Дабылов жас уақтынан баслап аузеки халқ творчествосыменен қзықсына баслады, ози-де жастан қосық жазуға кристи. Шаирдынг адеби творчествосынынг рауажланауына Октябрь социалистлик революциясынынг женгиси, совет власты кенг жол ашты Ол 1927—1928-жыллардан баслап туысқан партияға, уллы Ленинге арнап, колхозластыру темасында шғармалар жазды.

Шаирдынг "Неге дарькар", "Бибисанем", "Мавзолей", "Корип келдим" сияқлы коплеген қосықлары республика минеткешлери арасында оғада кенг таралған.

Аббаз Дабыловтынг қарақалпақ тлинде бирнеше қосықлар топламы басылып шықты. Онынг "Баҳадыр" дасьтаныда халқтынг суйип оқитуғын шғармасына айналды

А. Дабыловтынг айрым қосықлары рус хамь озбек тиллерине аударылған.

### Корип келдим

Қулақ салынг жан досларым,
Москваны корип келдим.
Еситсенгиз яр досларым,
Корип мирим қанып келдим.

Коше аралап жургенимди,
Козим менен коргенимди,
Озь кеулиме билгенимди,
Мен сизлерге алып келдим.

Барғанша темир жол екен,
Олмесенг омир мол екен,
Москва улкен нур екен,
Зейним танып, блип келдим.

Араладым кошелерин,
Козим корди нешелерин,
Биик-биик текшелердинг,
Мен басына шғып келдим.

Ортасынан кун шғып тур,
Кун қасынан нур шғып тур.
Бағы-бостан гул шғып тур,
Барин бирдей корип келдим.

Ортасында жатыр косем,
Ленин три—олди, десем,
Жатыр екен барып корсем,
Олген жоқ деп йошып келдим.

Миллион адам барады екен,
Кунде барып кореди екен,
Очередь жетпей турады екен,
Коп асығып зорға илдим.

Кордим неше жайды биик,
Брининг устине брин уйип,
Тур-ма деп аспанға тиип,
Соған шад боп кулип келдим.

Кордим жайлар нешше-нешше,
Ишине кирсенг текше-текше,

Ойналып тур кунде пьеса,
Тамашасын корип келдим.

Бир уакытлары томен кеттик,
Бир-еки текшеден оттик,
Бир азырақ поезд куттик,
Жер астында мнип келдим.

Саррас екен темир жолы,
Метрода адам толы,
Отыз тиын билет пулы,
Ҳарь мингенде берип келдим

Жердинг астын ойған екен,
Кола менен қуйған екен,
Шамды жағып қойған екен,
Коп аралап корип келдим.

Жердинг асты ожире-ожире,
Барин кордим журе-журе,
Айта берсем коп шежире,
Созь табалмай қойып келдим.

Сырт формасы қзыл-жасыл,
Бари гауҳар, бари ҳасыл,
Бари-де сондай альҳасыл,
Коргенимди айтып келдим.

Алға қарай журмекликти,
Коп уйренсенг орнекликти,
Шад турмысты, келешекти,
Халққа файда блип келдим.

Басымызға келген даурь,
Корип шғардым иштен ҳаурь,
Болсақ деп кун-куннен таурь,
Соған кеул берип келдим.

Москва улкен куш екен,
Зият шадлы турмыс екен.
Жер жүзининг бейиши екен,
Мен ишине крип келдим.
*1939-жыл.*

## Мавзолей

Зияратқа келдим кун шғыс жақтан,
Гулленген баҳытлы қарақалпақтан.
Жеримиз ашылып таза бахыттан,
Шадлықта шадланып келдим косемим.

Узақ жерден келдим Сизди кормеге,
Козимменен корип салем бермеге,
Қадем басып мавзолейге кирмеге,
Коргенше асықтым сизди косемим.

Қарангғыдан аттырып енг тангымды,
Ашып единг қусырылған жағымды,
Мумкин болса берер едим жанымды,
Азатлыққа алып шыққан косемим.

Олгенингди еситип, кетти дарьманым,
Трингде кормедим жалғыз арьманым,
Уйқыда жатыр деп отти гуманым,
Мавзолейге кирген уақта косемим.

Азапты коп корген жүан жудырықтан,
Қарақалпақ едик азғантай улттан,
Азат етип сондай тунглик қуллықтан,
Қуаныш бахытты берген косемим.

Душпанлардынг жанған отын сондирип,
Шолистанға миуалы бағ қондырып.
Бахыт нуры халқ кеулин қандырып,
Шоллегенге сусын болған косемим.

Халқымыз гулленди шадлы турмыста,
Хауиж алды социалистлик қурылыста,
Иссизлик жоқ болды хамме жумыста,
Ҳаммеге ис берген дана косемим.

Ленин Сизди олди деуге болмайды,
Жолынг три манггиликке жасайды,
Партия барқулла алға баслайды,
Сызған туры жолынгменен косемим.

## Намарть жгит неге дарькар

Халқ ушын белин бумаса,
Жгитте намыс болмаса,
Уатан ушын туылмаса,
Ондай жгит неге дарькар?

Халқ ҳурметин козге илмеген,
Уят-намысты билмеген,
Уатан ушын жан бермеген,
Қорқақ жгит неге дарькар.

Озине жаман ат тағып,

Қашып журген басын бағып,
Озь бетине куйе жағып,
Журген жгит неге дарькар.

Пута тубине тғылған,
Ҳешнарсе кормей жғылған,
Бас тартып кеин шегинген,
Жалқау жгит неге дарькар.

Алмастан қайтқан полаттай,
Порсанг аяқ жаман аттай,
Жарықтағы жарғанаттай,
Болған жгит неге дарькар?

Душпанына оқ атпаған,
Халқ ушын жанын қимаған,
Хешжерге басы симаған,
Тайғақ жгит неге дарькар?

Уатан ушын ойланбаған,
Халқы ушын қиналмаған,
Жарақ алып сайланбаған,
Намарть жгит неге дарькар?

Кулашлап тоқпақ урғандай,
Душпаннынг мойнын жулғандай,
Қайтпас табанда турғандай,
Марть жгитлер бизге дарькар.

Арыслан кби блеклери,
Халқ бирлиги тлеклери.
Қап тауындай журеклери,
Батыр жгит бизге дарькар.

*1943-жыл.*

Женгген жақсы

Жолынг болсын бар азамат,
Барып жауды женгген жақсы,
Бизге ислеген хиянат,
Душпан оты сонген жақсы.

Қайырлы болсын қадеминг,
Коп ойлангыз халқтынг ғамын,
Исинен ҳарбир адамнынг,
Бир натиже онген жақсы.

Туры жол менен журь толық,
Болмасын ҳеш намартшилик,
Уатан ушын қиыншылық,
Басқа келсе конген жақсы.

Жауды женгу ерлерменен,
Ҳасыл оним терлерменен,
Хамь тилменен ҳамь қол менен,
Қайтпас уаде берген жақсы.

Душпан келсе СССР ға,
Қолын салса бзинг қорға,
Жауларды тусирип торға,
Қара жерге комген жақсы.

Табаққа қол салдырғанша,
Жалғыз тиын алдырғанша,

Душпанларға жол бергенше,
Уатан ушын олген жақсы.

Душпанлар ҳаддинен асса,
Журер жолынан адасса,
Бзинг жерге аяқ басса,
Табанынан тилген жақсы.

Душпаннан зорлық коргеннен,
Қайғылы дауран сургеннен.
Бир табан жерди бергеннен,
Қара жерге кирген жақсы.

Душпанларды женгип шғып,
Окпесине найза суғып,
Нур жайнаған жазға шғып,
Минсиз дауран сурген жақсы.

Салып мнаккас жайларды,
Кенгнен тутып сарайларды,
Қой устинде торғайларды,
Жумалатып журген жақсы.

Анжир, алма, анар, бадам,
Бағда сайратып дембе-дем,
Озь миуесин ҳарбир адам,
Бағ ишинде терген жақсы,
*1943-жыл.*

Баҳадыр
*(Поэманынг екинши болиминен узинди)*

Уатан ушын, халқ ушын,

Корсетпесенг бир хызмет,
Керек емес жгитке,
Озь исине мақтану.
Уллы адеп укитте,
Мақтанудан сақлану.
Озингнен бурын созингди,
Шеберлер айтып мақтасын.
Сарп етилген кушингди,
Геройлық қылған мергенлер,
Рахмет айтып бақласын.
Болар-болмас нарсеге,
Озингди-озинг котерип,
Мақтанған менен болар-ма?
Қолынгызға мен берсем,
Қалған жағын питкерип,
Шеберлер бар, жуйрик бар,
Илтифатқа алар ма?
Менде жоқ деп айтпайман,
Коринип тур мнимиз.
Кеширим сорап сизлерден,
Тайын турмыз мне биз,
Бермесенгиз кеширим,
Бир ағангыз қартайған,
Алпыста жасы тоқтасқан,
Коргеним-де коп емес,
Билгеним аз сизлерден.
Щынграуда жатқан алтынды,
Ким алады қазбастан.
Ҳаллас урмай журеги,
Булкилдемей буйреги,
Ашықты ашық табар-ма?
Жуламай арқа қозбастан.
Исти баржай келтирмес,

Ҳадал минет устинде,
Асығып аяқ тез басқан,
Бир мақсетке жетеди,
Коп ойланып, коп ислеп,
Еки аяқты саз басқан.
Табысынг болса ҳадалдан,
Боласанг қашық малелден,
Араға адам салмастан.
Ауелден пейлинг кенг болса,
Уатанға, халққа тенг болса,
Исте аброй табасанг,
Қартайсанг-да шабасанг,
Аш озегинг талмастан,
Дау болса-да душпанынг,
Шалқасына саласанг,
Қайтармай-ақ жанбастан.
Толық болса жардемим,
Сол уақыттынг созининг,
Мағызлысын табайын.
Қағазға салып тынбастан,
Умтылып алға жазайын,
Мен қатардан қалмастан,
Баҳадырға арналған,
Дасьтанды дауам етип мен,
Қалемди қолға алайын,
Еки козим талмастан.
Тусейин бунынг жолына,
Арысланнынг ҳадал улына,
Созь тауып откир алмастан.
Кешиктирмей питкерип,
Беруге халқтынг қолына,
Болейин кеул жазбастан.
Қолымнан келген хызметти,

Неге аяйын ҳурметти,
Уатанын, халқын қорғаған,
Жауын женгген шын достан.
Атлап отип жылма-жыл,
Баҳадыр бала класстан.
Ашық кеул ширин тил.
"Отлично" болып қатнасқан,
Қатнай берсин кунбе-кун,
Балалар менен жарысып,
Сабағына тынбастан.

Азат, Арыслан, Нуралы,
Жиналысты ашуға,
Дана Ленин созлерин,
Таратып халққа шашуға,
Шақырып жарды урады.
Қырмызы менен Шнаргул,
Тулек қустай таранып,
Дурдана менен Шайдагул,
Жиланған уақта қалынг ел,
Булар-да келип турады.
Азатлық алған айдында,
Бас қоспа клып жамлесип,
Жалаулы кзыл майданда,
Жангалық созди памлесип,
Халқына дуры қарады,
Президиумда Арыслан,
Сойледи жанга табыстан.
Тусингенлер шадланып,
Тусинбеген тангланып,
Бир-бринен сорады,
Азатлықтынг толқыны,
Жангартты халқтынг омирин

Алып берген қолына,
Езилген елдинг озь еркин.
Еки таптынг парқына,
Тусиндирип халқына,
Халқ ушын шыққан кранды,
Таратып халқын билейди
Лениннен шыққан уранды,
Арыслан палуан сойледи:

Натижесиз минетлеринг артылып,
Бурында куллықта басынг сатылып,
Қол созылмай шғанағынг тартылып,
Ҳамише бармағы тислеули ҳалқым.

Неше заман отти миринг қанбай-ақ,
Аяқ бассанг жар жағасы тарбаяқ,
Балки тайын турған бидай нандай-ақ,
Коринген азуда тислеули халқым.

Аждарьҳа иелеп саға, орингди,
Талай заялады манглай терингди,
Таслап кошип, минет сингген жерингди,
Қалған жоқпа жеринг ислеули халқым.

Халқты езгенлердинг жоқ еткен барин,
Бизге айландырған заманнынг кенгин,
Суйикли қосемим Ульянов Ленин
Бзинг бахтымызға иследи ҳалқым.

Бир жанга заманды бизге баслады,
Онбир болды Москвада составы,
Бай қулақты арамызға қоспады,
Енди бизге заман айланды халқым.

Қуллықта қутылып гриядан оттинг,
Тегисбасып табанынгды беркиттинг,
Тумсығы тырнағы снып буркиттинг,
Қанат кағу жолы байланды халқым.

Тусинген халқ хақиқатка қуанды,
Қуанғанлар қолға қзыл ту алды,
Қан ишер қасқырды мойны жуанды,
Дзимге влуға сайланды халқым.

Биз кристик тазалауға араны,
Кетируге жуып ақтан қараны,
Кимлер қарсы биз қолланамыз шараны,
Соған мажлис ашып жиналды халқым.

Заманды аударып қайта тонгкерген,
Кетти бизден қара бултлар тунерген,
Айтты Арыслан азатлықты жберген,
Жолдас Ленин айтып пайдангды халқым

Сойлейди енди Қырмызы,
Шым қара қас астында,
Донггеленип еки кози,
Қалынг булттынг астынан,
Шыққан куннинг нурындай,
Ашылып турып гул жузи,
Олип кеткен аналарын,
Торть қатын устине тиип,
Көрген жабир жапаларын,
Жарғақтан женг, женгсе киип,
Болған қайғы қапаларын
Тар заманда тарлықпенен,

Коз жасы тогилген қызды,
Жаны шғып зорлықпенен,
Дарларға шекилген қызды,
Қан ишерлердинг қолында,
Алқымнан шалынған кызды,
Хақиқатлықтынг жолында
Есапқа алынған қызды
Хиуа ханнынг қол астында
Зарлап жлап дар астында
Олип кеткен женггелерин,
Ант беремен тлимнен деп,
Қутқараман олимнен деп,
Алдап алған тенггелерин,
Қырмызы айтты, айтқанменен
Бул мажилисте ада болмас,
Олгенлердинг онггелерин,
Деп бир созь деди:

Сум заман сарғайтты сумбил шашлыны,
Қатарына қоспай кара қаслыны,
Козим корди кози қанлы жаслыны,
Аҳу-зары азатлықты сағынған.

Сумырайлар суықлап дослық араны.
Аузын ашып талап етти параны,
Сулупан, Арухан қасы қараны.
Шалға берип ат-тон, сарпай жамылған.

Жлатты кеулине салып жараны,
Қатша, Парша, Айша, Бибисараны,
Суйгенине қосылуға араны,
Жаузлар толтырған жанған жалыннан.

Бибизада, Бибисанем, Палсанем,
Шасенем, Кунсанем, Айгул, Айсанем,
Сум заманда кулип қетти қай санем,
Жлап-жлап суйкимсизге тангылған.

Еки ашық бир қосылып журеалмай,
Айралықтан брин-бри кореалмай,
Синелесип шалқып дауран суреалмай,
Арзын айтып "геренглерге" жалынған.

Неше қызлар отти арзын айталмай,
Олип кетти уадесинен қайталмай,
Алдаған коп болды қызды шайтандай,
Напси ушын бес тиллаға бағынған.

Қызлар мен айтайын арзы-ауҳалым,
Коринг ескен азатлықтынг шамалын,
Енди кимди суйсенг сол—сауер ярынг,
Баста еркинг, жолынг кенгнен ашылған.

Артықтан қутылдым жанымнан кешип.
Азатлықтынг нуры жузиме тусип,
Шыннан суйип Арысланға бас қосып,
Қырмызыман уадесинен табылған.

## САДЫҚ НУРЫМБЕТОВ

(1900-жлы туылған)

Халқ шаиры Садық Нурымбетовтынг творчествосы 1919-жыллардан басланды. Бул уақытқа шекем кунделикли турмысқа байланыслы темаларда майда қосықлар жазып журген шаир, усы

жылдан баслап социаллық темаларды созь ететуғын шғармалар жазуға кристи. Шаирдынг адеби творчествосы айрықша Қарақалпақстанда колхозласу басланған даурлерде кушли мазмунменен козге корине баслады. Ози бринши болып колхозға кирген шаир барлық диқанларды колхозға

бирлесуге, колхоз ондирисин беккемлеуге шақыратуғын, ис жақпас жалқауларды критикалайтуғын шғармалар жазды.

1939 -жлы Садық Нурымбеговтынг "Бзинг Уатан" деген бринши қосықлар topламы басылып шықты.

Шаир 1941-1945-жылларда, Уллы Уатандарлық урыс дауиринде озининг енг жақсы патриот- лық қосықларын доретти. Урыстан сонгғы жыллары Садық шаир "Бахтияр" деген дасьтан жазып питкерди. Бул дасьтан пахтакешлердинг фдакерлик минетин, Озбекстан ҳамь Қарақалпақстан пахтакешлерининг туысқанлық байланысын корсетуге арналған

Буннан басқа С. Нурымбетовтынг "Бердақ", "Қамар" деген поэмалары бар.

Усы уақытқа шекем Садық шаирдынг ушь қосықлар топламы басылып шықты.

Бзинг Уатан

Дунья алтыға болинген,
Бир болими бзинг Уатан,
Олшеуде аур коринген,
Нғайған ел—бзинг Уатан.

Аур келген олшеу тасы,

Елдд қорғау муддаасы,
Таяр турған ғарры-жасы,
Бирлескен ел—бзинг Уатан.

Кун санап оркенлеп осип,
Ҳамме елден алға тусип,
Дунья досларын бир қосып.
Гуллендирмек бзинг Уатан.

Бахытлы ел колхозласқан,
Бирликпенен алға басқан,
Хожалығы қурғынласқан,
Табысы мол бзинг Уатан.

Бағлары бар миуеленген,
Жаслар оқып блим алған,
Илимменен қуралланған,
Тажрибели бзинг Уатан,

Кадрларынг тапты канди,
Кенг жеримнен байлық онди,
СССР мангги гулленди,
Бахытлы ел бзинг Уатан.

*1940-жыл, Кегейли.*

## Порқанлар

"Бисмилла" деп созь ауелин баслаған,
Ктап ашып жалған қорра таслаған,
Коширме деп мал семизин услаған,
Халқларды коп алдаған порқанлар.

Талим алып ишан менен молладан,

Жадигойлер қуры тлин жаллаған,
Қулықпенен қатынларды алдаған,
Сондай қиянатты қылған порқанлар.

Қолына шынжырлы қамшысын алған,
Напси ушын шарият деп зор салған,
Алдаушылық бурын солардан қалған,
Ҳазир жол жоқ унинг ошти порқанлар.

Халқты алдап отириктен алымлар,
Наданлықтан пайдаланған залымлар,
Бундай сумырайлардан аман болынглар,
Айдарҳадай аузын ашқан порқанлар.

Коширме деп саулық малын сойдырып,
Бир мушесин озь уйине қойдырып,
Ҳилеменен адамларды жидырып
Ортасында мадде қурған порқанлар,

Сойған малдынг суйеклерин жинадынг,
Напсинг ушын ширин жанды қинадынг,
Сандырақлап бир аузынгды тимадынг,
Озь пейлингнен қарап болдынг порқанлар.

Зкир салып озь-озинен қутырып,
Сулу қатын корсенг мудам жутынып,
Срын билген уақта қашар кутинип
Алдап журтты бузып журген порқанлар.

Жин шақырып аузына от толтырып,
Минеткеш халқты сойтип булдирип,
Туйедей бурқырап уйин сындырып,
Журген жерин қарап еткен порқанлар.

Коширме деп алып кеткен далаға,
Ҳаялын корсетпей киеу балала,
Ул бердим деп жетеклеген қораға,
Жалғаншылық етип журген порқанлар.

Елимди алдаған сағал-тулкилер,
Илми ғайып созди айтқан кулкилер,
Бай, молла, ишаннан алып улгилер,
Халқларды теспей сорған порқанлар.

Аруақтынг жолы деп коп затын алып,
Напси ушын ҳарамзада жол салып,
Қияметлик қзымсанг деп қол салып,
Қос анарын услап журген порқанлар,

*1939-жыл, Кегейли.*

Женгимпаз халқ

СССР тимес ҳеш елге,
Тиген жауды комер жерге,
Жардемлесер батыр ерге,
Бриккен куш Уатан халқы.

Жауға қарсы танкистлерим,
Кушейтип ҳужим ислерин.
Қиратып жаудынг кушлерин,
Алға бастынг Уатан халқы.

Летчиклерим кокке ушқан,
Бирликпенен жауды қысқан,
Шдай алмай қашты душпан,
Қудынг жауды Уатан халқы.

Халкым суйген ел қорғауды,
Тажрибели куш топлауды,
Душпаннынг жолын саплауды,
Мақсет қылған Уатан халқы.

Гозлеген халқтынг тнышын,
Қолға алып мартлер жумысын,
Фашистлерди қүрту ушын,
Бел байлаған Уатан халқы.

Мақтанған жаудынг сазасын,
Таптырып тезден қазасын,
Душпаннынг аур жазасын,
Кеширмейди Уатан халқы.

Жер жузинде бзинг дослар,
Азатлық деп кеулин хошлар,
Бир тлекте қарындаслар,
Досларынг коп Уатан халқы.

Нғайған куш ғарры жаста,
Батыр туған озал баста,
Бағы бостан нур қуяшта,
Женгис таптынг Уатан халқы.

Флотымыз тенгиздеги,
Уллы куш олар биздеги,
Таярлық қурал издеги,
Есабы жоқ Уатан халқы.

Қуртпасақ улы жланды,
Келтирер бир кун зиянды,

Фашизм қанхор душпанды,
Жоқ қлады Уатан халқы.
*1942-жы, Чимбай.*

**Перзентим**

Халқ ушын туылып камалға келдинг,
Жаунгер жаслары бахытлы елдинг,
Уатанынга бугин уаденгди бердинг,
Уазипангды орынлап кел перзентим.

Гулленген турмыста шад болып остинг,
Мне солдат қатарына илестинг,
Натижесин блип уллы гурестинг,
Чапаевтай баҳадыр бол перзентим.

Туған елдинг арь-намысын алып кел,
Душпаннынг басына сауда салып кел,
Женгистинг намасын тезден шалып кел,
Менинг саған тапсырмам сол перзентим.

Алдынгнан фашистлер қарсы келгенде,
Арысландай айбатлы бол коргенде,
Жолбасшы маршалынг буйрық бергенде,
Залымларды аяусыз қыр перзентим.

Сауаш майданында қараманг изге,
Талап айленг онлап шаншып бир жузге,
Халқ ушын ылайық гуреслер сизге,
Жолынг болсын уаденгди бер перзентим.

Душпаннынг ызасын шғармай ядтан,
Фашистлерди қиратып кел фронттан,

Жаралғандай кушинг гауҳар полаттан,
Туған елдинг қорғаны бол перзентим.

Шықтынгыз толысып онсенгиз жасқа,
Айтарлық жоқ балам женгистен басқа,
Қолынгды бер шын ҳақиқат жолдасқа,
Душпанынга миримсиз бол перзентим.

Улгили исленгиз кундизде, қеште,
Ерлигинг турады манггилик есте,
Озингди танытып уллы гуресте,
Наградланып, қуанып кел перзентим.

Женгистен шғады турли жемислер,
Озлери келмейди балам женгислер,
Басқыншылық еткен бизге фашистлер,
Сен, оларды қиратып кел перзентим.

Комсомол жаслардынг брисенг озинг,
Залым жауға бастырмағыл жер жузин,
Беккем тут атангнынг тапсырған созин,
Талабынгды орынлап кел перзентим.

Кушлеринг мнасип қадди-бойынга,
Жасларым тез жетер мақсет ойына,
Таярландық балам женгис тойынга,
Аброй алып ер болып кел перзентим.

Алдынгда устазынг—ғамхор панамыз,
Тарбиялап жол баслап журь данамыз,
Алпешлеп осирген ата-анангыз,
Женгисингди кутип отыр перзентим.

Атландынг фронтқа дарьманым балам,
Кеулингде қалмайды арьманынг балам,
Басынгнан кетпейди дауранынг балам,
Гуреслерде тартипли бол перзентим.
*1943-жыл, Нокис.*

Канал тойында

Октябрь нур берген бахытлы тангда,
Енг кушли армия бзинг Уатанда,
Каналлар дуздирип орайлық жерден,
Умытылмастай атақ алдынг жаҳанда.

Тасларды буздырып теренг ойдырған,
Сағасына кушли қурал қойдырған,
Бир уллы той берип жанга каналда
Қырқ мынг аламанды оған жидырған.

Бахытлы уатанда улгили арна,
Топрақлар шғарып неше мынг тонна,
Озлерин корсеткен ғайраткерлер бар,
Женгилмес байрағын котерген қолға.

Кескир полат белин қолға алғанлар,
Жамиетлик иске ғайрат салғанлар,
Ол тойда ҳурметли силықлар алды,
Кунделик нормасын бурын болғанлар,

Қонграт сегизинши аул ғарры Байназар,
Исин корсенг жас жгиттен коп қазар,
Озь жумысын бурын болып каналда,
Комек берип жан-жағына қол созар.

Бизде коп сонынгдай минетке батыр,
Неше азаматлар айтылмай жатыр,
Ударниклер шғып аул-колхоздан,
Табыслар тенгиздей тасып баратыр.

Мол табыслар СССР-дынг жеринде,
Кунде той тамаша совет елинде,
Жангадан қазылған орайлық канал,
Шаирлар аянбас болса тлинде.

Халқ ушын корсетип озин сайлаған,
Ел қорғау исине белин байлаған,
Улкен улес қосып канал тойында,
Советтинг қызлары шалқып ойнаған.

Мартлер қазу қазды турли сазбенен,
Қзыл-жасыл донип саруи назбенен,
Қзықлы ис болды жанга каналда,
Музыка шертилип ойынпазбенен.

Сағасын ашқансонг Аму дарьядан,
Гулистан сулары шапшып арнадан,
Қураған жерлерим абадан болып,
Қонды халқым жайлауына жангадан.

Қырқыншы жыл ушинши апрель он еки саат
Ашылған сонг канал артты зураат,
Минеткешлер ие болды жерине,
Жангадан ел болып корди раҳат.

Кун сайын коркейип аул-қалалар,
Қуанды коркине ғарры, балалар,
Палдай суы кокке шапшып каналдынг,

Аққан сонг гулленди ашық далалар.
*1940-жыл, Хожели.*

Амударья

Ғазине-бойынгда қалынг тоғайлар,
Сулу шрайынга ҳамме қаридар,
Абы-замь-замь янглы ширин суынг бар
Уатан жерин абат еткен дарьясанг.

Кок жиекли айдын шалқар коллеринг,
Шаменге айналған сусыз шоллеринг,
Шадланған бойынгда колхоз-еллеринг,
Хожалығын гуллендирген дарьясанг.

Ақ алтынлар онген ширин суынгнан,
Кокте лаззет алып турған пуынгнан,
Халқым файдаланып ордек қуынгнан,
Жузь альуан жемислер берген дарьясанг.

Толқынларынг таудан қайтпас қуатлы,
Сары сазанларынг барды қымбатлы,
Кобиклеринг майдай, суынгыз татлы,
Ишкенлерди йошландырған дарьясанг.

Амудынг гулленген еки жағасы,
Суынгыз мазалы раҳат дауасы,
Халққа пайыз берген салқын ҳауасы,
Адамлардынг зейнин ашқан дарьясанг.

Бағы бостан болды қзыл қиялар,
Баҳар алып оскен турли гиялар,
Тарихынгды жазған алтын сиялар,

Қарауынгды тамин еткен дарьясанг.

Хинжи-маржанлар бар айдынларынгда,
Ҳасыл топрақлар бар қайрларынгда,
Пиллердинг куши бар жайынларынгда,
Бир жерде турмастай асау дарьясанг.

Ҳеш уақта суынгыз ақпас тунжырап,
Тотқынлап шапшисанг аспанға қарап,
Ийрим тартып кобиклеринг бүрқырап,
Талай гузарынгнан қашқан дарьясанг.

Бурқасынлап ағар суынгыз тасып,
Қайнауытып йошар тауларды басып,
Аяғынгыз қуяр тенгизге қашып,
Гейуақта олшеусиз тасқан дарьясанг.

Тарихынгда Жайҳун деген атынг бар,
Байлықтынг канисенг турли затынг бар,
Коп жерлерге зиян берген дартинг бар,
Неше аулларды алған дарьясанг.

*1948-жыл. Нокис.*

## ХОЖАМЕТ АХМЕТОВ

(1908-1932)

Хожамет Ахметов—қарақалпақ совет жазушыларынынг даслепки талантлы уакиллеринен саналады. Ол озининг гуресшенг қосықларыменен, барлық жалынлы, партиялық творчествосыменен Қарақалпақстанда советлестиру, коллективлестиру, социалистлик қурылыс, бринши бесжыллық планды

амелге асыру жылларында улкен ҳамь аҳмиетли жамиетлик роль атқарды Сонынгменен бирге шаир жанга туылып, калиплесип киятырған қарақалпақ совет адебиятын беккемлеуге, рауажландыруға актив қатнасып қарақалпақ совет адебиятынынг баслаушыларынынг бри болды.

Сияси лирика—шаирдынг творчествосынынг тикарғы жанры.

Жол берменг

Қаллаш қулағынга салар бир нарсе,
Елде бар жемхорлар хамь-де ақсалле,
Булардынг барининг дедиги бирге,
Кенгес сайлауында буған жол берменг.

Устингде жанып тур жақты шамшырақ,
Дос болманг байларға, журинглер жрақ,
Кенгеске қатнаспа, кеткил,—деп аулақ,
Жанған шамшырақтан байға жол берменг.

Бай бурын не қылған қаллаш, бул белли,
Жоқ ет арангыздан қанхор, жемхорды,
Коммунист партия сизге ғамхорды,
Ғамхордан ис уйрен, байға жол берменг.

Қаллаш, батрақ, сенинг кенгес сайлауынг,
Жас улкенге кимди қойсанг, қалеуннг,
Саған душпан байлар табы зор жауынг,
Кенгес сайлауында жауға жол берменг.

*1928-жыл.*

Бул миннетинг

Аулда бар турли ислер,
Ултшыл, урушыл ксилер,
Жаслар, жойынг буны сизлер,
Жойынг, жаслар, бул миннетинг.

Аулда бар атқа мнер,
Бирнешелер жлап журер,
Соны азат қлынг сизлер
Жаслар, сенинг бул миннетинг.

Аулда бар би, катқуда,
Сатылып журь қызлар малға,
Сол қызлардынг ғамын ойла,
Ойла жаслар, бул миннетинг.

Аулда бар ески мектеп,
Оқып журь жаслар дирдеклеп,
Соны аранга тартынг еплеп,
Тартынг жаслар, бул миннетинг.

Аулда бар молла, ишан,
Елди алдауда корсенг қашан,
Қуртар деген умит жастан,
Қуртынг жаслар, бул миннетинг.

Аулда бар гоне адет,
Қызды сату малға балеп,
Буны жойынг, жаслар тежеп,
Жойынг жаслар, бул миннетинг.

*1928-ж.*

Дурыс болинг

"Ким жақсы коп— Ислесе ис,
Сол ғурлақым ҳақы алсын.
Ким ҳешнарсе— Ислемесе,
Сол онимнен бос қалсын".
Жиын-терим, Питти енди,
Келди оним болису.

Оним иске—
Тенг болинсе,
Болмас онынг кемиси.
Берилген ис, Сарп болған куш,
Иске ҳақы берилсин.
Мылқау, сылқау,
Жалқаулар-да,
Болис уақта корилсин.
Колхозда бар,
Тусине турып,
Алапаға ат шапқан.
Иске десе—
Жумыс жақпас,
Тилге шешен дым шыққан.
Колхозда бар,
Жыл он еки ай,
Бир журмеген атызда.
Ескен желдей—
Гу-гу шауқым
"Бир пайман" дер атызға.
Колхозда бар:
Жан кинамас,
Машқул болған уйқыға.

Куни, туни Саске тусу,
Барьҳа жатқан уйқыда.
Бул қусаған—
Ис қошжақпас.
Пай алмасын табыстан.
Ким минетти—
Коп сңгирсе,
Коп алсын сол табыстан.
Олай болса —
Дурыс болинсин
Иске қарап, болмай жик.
Минет етип,
Коп ҳақы алу,
Жалқауларға болсын дық.
Сол ҳақы алсын,
Коп ҳақы алсын,
Иске таяр тақ турған.
Озин санап,
Ударникке,
Уазипасын атқарған.
Минет еткен,
Минет токкен
Минет бай-ғой жолдасынг.
Исин кормей,
"Ҳаял ғой" деп,
Ҳақы аз беру болмасын.
Дау болмасын,
Минет еткен,
Ҳақысына батырдынг,
Туел алып,
Минет ҳақын
Сурсин дауран, шалқысын.
Кушке болип,

Бар онимди,
Кушсиз босқа қалмасын,
Нормаменен
Ауқат алсын,
Нормада дау болмасын.
Минет ҳақын
Дурыс болген
Корсин колхоз ҳаллансын.
Алты ай жазлай,
Минет етип,
Корген минет шғынын,
Исти коринг,
Дурыс болинг,
Онген минет шғымын.

*1931-жыл, декабрь.*

Менинг суйген минетим

Минеткешпен, минет ушын туғанман,
Минет ушын белди мықлап буғанман,
Ағам, апам туысқаным—минеткеш,
Шын дедигим мен-де соны қуғанман.

Гуллан истинг бари минет тетиги,
Минетли истинг болмас ҳаслан кемтиги,
Блим, онер, қандай бир ис бари-де,
Алсанг болар—ол минеттинг тетиги.

Минет—қуат менингменен туысқан,
Мен таймайман минет ушын турыстан,
Минетпенен бирге дауран суремен,
Ақса—ақсын терли суым тум-тустан.

Минет, минет, менинг суйген минетим,
Минеткештинг бирге қосу минетин,
Завод, фабрик, карханаы кушейтип,
Алға орлеу минетпенен ниетим.
*1931-жыл.*

## Октябрьдинг саулаты

Ел болдық минеткеш отауды тгип,
Бул ис бизде Октябрьдинг саулаты.
Аулда ис ислеп ҳамь бетти бурып,
Журдик, бул-да Октябрьдинг саулаты.

Қаллаш-батраклардынг котерип ангын,
Колхоз етип ҳарбир аулдынг мангын,
Социаллық жолда ылғаллы адым,
Урғанымыз Октябрьдинг саулаты.

Октябрьден бурынғы бул аул-ма?
Кун санап озгерис крип аулға,
Машинменен жерди айдап аулда,
Жургенимиз Октябрьдинг саулаты.

Хожалықты салып саррас жолына,
Мудигарсиз болып байдынг қолына,
Блим берип минеткештинг тобына,
Турғанымыз Октябрьдинг саулаты.

Жолға қойып социаллық жарысты,
Ылғаллылықпенен ислеп ҳарьисти,
Онимди кобейтип машинлы кушти,
Жолға қойған Октябрьдинг саулаты.

Машинаменен жерди айдап ҳамь сурип,
Кенгестинг жерине ҳасыл пахта егип,
Каруан-каруан етип заводқа тогип,
Турғанымыз Октябрьдинг саулаты.

Байдынг алып жери суын ҳамь мулкин,
Берип минеткешке деп "сенинг мулкинг",
Мектеп ашып аул сайын ҳарь дуркин,
Бул да Уллы Октябрьдинг саулаты.

Аулда гужитип жамай гуресин,
Қостық минеткештинг бирлик дзесин,
Байлардынг қашырып ҳадди-ҳурресин,
Жургенимиз Октябрьдинг саулаты.

Минеткеш жамайы бугин марьдана,
Салып завод, ашып уллы кархана,
Кархანаға болдынг ата ҳамь ана,
Бул ислер-де Октябрьдинг саулаты.
*1930-жыл.*

Хабаршылар

Тусирежак айнаға елди,
Жамай ушын буған белди,
Елде орнатар таза жолды,
— Булар кимлер?
— Хабаршылар.

Ел ауҳалын билдирежақ,
Минеткешти кулдирежақ,
Байды жерге сингдирежақ,
— Булар кимлер?

— Хабаршылар.

Егер бреу қзын сатса,
Бреу пара алыпатса,
Сол туралы жазатуғын
Булар кимлер?
— Хабаршылар.

Бир ис жатса ақсангқырап,
Ислемесе қрын қарап,
Дузейтуғын оны сазлап,
— Булар кимлер?
— Хабаршылар.

Жақсы, жаман гуллан исти,
Корсетер ол салып кушти,
Қалем найза, откир тилли,
— Булар кимлер?
— Хабаршылар.

*1929-жыл.*

## Кел, қурдаслар

Кел, қурдаслар—
Алға басынг,
Бизге Октябрь жол берди.
Бурын журсенг,
Мал орнына,
Енди адамға тенггерди.
Кел, қурдаслар —
Аукамласып,
Оқып блим алайық,
Неке, талақ—

Қалынг малға,
Сойтип ойран салайық.
Кел, қурдаслар—
Биз журейик,
Компартия изинен.
Дини алет,
Қалынг малды,
Жоқ қлайық тубинен.
Кел, қурдаслар—
Жамлесейик,
Бир жағадан бас қосып,
Партиянынг,
Туры изинен,
Журейик бизлер йошып.

*1928-жыл.*

Қозғал ерте, егисинге таярлан

Тамин ет егисти тогин келтирип,
Қозғал ерте егисинге таярлан.
Атын шелди шауып, шобин олтирип,
Пахта жерди сазла, ерте таярлан.

Патли ғайратпенен крисип иске,
Большевиклик биз ушинши егисте,
Қалмасын қатнаспай бир жан бул иске
Қозғал ерте, егисинге таярлан.

Артсын оним, тақ тур пайлы исинге,
Сал ғайратты шек келтирмей кушинге,
Қозғал ерте пахта егис исине,
Диқан егисинге ерте таярлан.

Егисингде ҳешбир кемис болмасын,
Таярлықсыз питпей жумыс қалмасын,
Жерингди сурь,жаптынг қазып салмасын,
Қозғал ерте, егисинге таярлан.

Таяр болсын гуллан исинг—қуралынг,
Дузет—сазла ерте егис қуралын,
Жойбарды толтыру болсын суренинг,
Бежер, жойбарынгды ерте таярлан.

Егис тамин болсын гуллан жағынан,
Онсин оним ҳасыл қулхоз бағынан,
Жойбар толсын тек пахтанынг ағынан,
Қозғал ерте, егисинге таярлан.

Майла тракторды, гунде малангды,
Гулистан қыл, пахта егип далангды,
Сазлап арба, шғыр ашып салангды,
Қозғал ерте, егисинге таярлан.

Егиске шық, қос атынгды арбаға,
Патке ендир исти байрақ алмаға,
Комсомол, пионер барсын ҳармасынға,
Қозғал ерте, егисинге таярлан.

Ек пахтаны жеми, суын саз берип,
Жинап ал онимин қалдырмай терип,
Улги алсын басқалар исингди корип,
Қозғал ерте, егисинге таярлан.

Журтқа улги болсын ислеген исинг,
Сарп болсын егиске ғайратынг, кушинг,
Жоқ қыл бай-қулақтынг сындырып тсин,

Қозғал ерте, егисинге таярлан.

Аул, колхоз иши болсын гулистан,
Жарқырап коринсин пахта алыстан
Ал байрақты озып социаллық[7] жарыстан
Қозғал ерте, егисинге таярлан.

Шақыр иске атызда ис қайнасын,
Кушингди қос кушке қуат талмасын,
Ақ алтыннынг зурнати жайнасын,
Қозғал ерте, егисинге таярлан.

Гуллан куш жумсалсын 65 мынгға[8]
Орынлансын толық 65 мынг-да,
Пахта ушын фабрик жетсин мынг-мынгға,
Қозғал ерте, егисинге таярлан.

*1932-жыл.*

---

[7] Социаллық—социалистлик деген мағанада.
[8] 65 минг -1932-жылғы область бойынша пахта егис планы.

# АЙТБАЙ МАТЬЯКУБОВ
(1909—1932)

Айтбай Матьякубов—қарақалпақ совет адебиятынынг даслепки уакиллерииинг бри. Ол рабочий семьясында туылған Озь творчествосын-советлестиру, коллективлестиру социалистлик қурылыс исименен, жанга омир ушын қызғын гуреспенен тғыз байланыстыра билген шаир.

А. Матьякубов озининг жамиетлик, шолкемлестирушилик хызмети ҳамь адеби творчествосыменен жас қарақалпақ социалистлик адебиятынынг рауажлануына улкен улес қосты.

## ҲАРМАСЫН

Тоқ-тоқ еткен ходлы завод,
Ходқа мнинг енди кушле.
Куни-туни хызмет еткен,
Харма исши, ҳарма сен-де.

Кушти қосып ылғал урған,
Бир жамайлы[9] ҳарма исши,
Мадeният майданына,
Айдын аштынг ҳарма исши.

Жарлы елди қорғайтуғын,
Қзу журек ҳарма аскер.
Душпан десе қайтпайтуғын,
Қзыл блек ҳарма аскер.

---

[9] Жамай—класс

Дасьмадар дауирине,
Оғын атқан ҳарма аскер,
Жарлы-жамай халқ ушын
Жанын қиған ҳарма аскер.

Сауатсызды саплайтуғын,
Муғаллимлер ҳарма сен-де.
Жарлы елди ағартуға,
Белди буынг, ҳарма сен-де.

Ленин атам уасиятын,
Ядқа алдынг ҳарма сен-де.
Жат жамайды ашып таслап,
Танг ағарттынг ҳарма сен-де.

Атыз сайын егин еккен,
Ҳарма диқан, ҳарма сен-де.
Жангалықтан блим алып
Машиналас! Ҳарма сен-де.

Бадрақ ҳамь жарлы қаллаш,
Қалайсызлар, ҳарма сен-де.
Шаршамай қыл ҳарбир исти,
Коллектив бол, ҳарма сен-де.

Жуан қарын залымлардынг,
Срын ашқан ҳарма тилши.
Терис ойлы ағымлардынг,
Жамин бузған ҳарма тилши.

Қалемлерин қолға алып,
Созь шағлатқан ҳарма тилши.

Не ис болса жазып турған
Ел мунгласы ҳарма тилши.

Партиянынг жеткиншеги,
Иске кошкен ҳарма жаслар,
Жанга турмыс жумысына
Қолын созған ҳарма жаслар.

Ленин атам балалары,
Жас пионер ҳарма сен-де.
Жангалықтан тарбия алған,
Жас коммунист ҳарма сен-де.

Барингиз-де келинг бери,
Жиналайық, той тойлайық.
Бес жыллық той мне келди[10]
Бас аяқты, қозғалайық!

Бир еки, ушь ал басладым,
Келинг бери мнекей той.
Қарақалпақтынг бесжыллығын,
Байрамлайық мнау тур-ғой!

Тоғыз мынг бел

Қолға алған откир белди,
Ур тақырға сыр алдырмай,
Қазудағы минетингди,
Жина ҳешбир ел қалдырмай.

Қолдынг куши зая болмас,

---

[10] Бес жыллық—Қарақалпақтынг бесжыллык тойын айтады.

Қазу болмай қабынг толмас,
Пать жинаса қолынг талмас,
Шегингди ал, бол қалдырмай.

"Атызымда егиним" деп,
Қапаланба, комекши коп,
Пахталарынг болды топ-топ,
Ал шегингди қипақламай.

Ғыжнаған куш тоғыз мынг жан,
Қазу болса пседи нан,
Демди алсанг уақтынг кань,
Бол қазуды кун арттырмай.

Қазуда боп билер мурап,
Дем алдырмай урды орап,
Матиби боп согип турып,
Дем бермейди жер қақтырмай.

Ҳазирги кун олай емес,
Урып согу қолай емес,
Еркинликке тегис кенгес,
Бас адымды жол алдырмай.

Кепшенг қызғын, шарлатып қой,
Қазуынгды ҳарлатып қой,
Жарысқа тусь, оздырып қой,
Байрағынга қол урдырмай.

Кушингди қос ҳар-ҳарлатып,
Ҳауазды қос тенг сарлатып,
Кепшенгди қой ҳамь шарлатып
Қиқуланынг ис қалдырмай.

Қазу болса исинг птер,
Қурылған ис марге кетер,
Қиынлықлар бастан отер,
Ҳалынгды жый шек тайдырмай.

Хожалықтынг марли иси,
Бесжыллықтынг серли иси,
Хожалықтынг орлеп куши,
Бассын алға ҳал айырмай.

## АСАН БЕГИМОВ

(1907-жлы туылған)

Асан Бегимов адеби жумыспенен 1924-жылдан шуғыллана баслады.

Уллы Уатандарлық урысқа шекем жазушынынг бринши қосықлар топламы басылып шықты. "Бул ким", "Хорлықтан азат" пьесалары сахнада қойылды.

1939-жлы онынг "Сапура" деген поэмасы озбек тлинде "Адебият ҳамь санаат" журналында басылды.

А. Бегимовтынг 1949-жлы "Суйингиз" деген екинши қосықлар топламы, 1956-жлы "Туған жер" деген ушинши қосықлар топламы басылып шықты. Бул толламда шаирдынг "Омир" поэмасы менен бирқанша гуррингլери-де кирди.

Сонгғы уақытта жазушы "Балықшынынг қзы" деген роман устинде ислеп, бринши ктабын питкерди.

**Шинель**

(Совет Армиясындағы балам Полатқа)

Балам! Балам!
Устинге шинель киген батыр адам,
Шинелинг дым жарасқан сулу қандай,
Жағымлы козге ысық маған сондай.
Қуйылып донггеленип тур шинелинг,
Қамары белбеу буған беккем белинг.
Шинелди ағанг бурын киген еди,
Сап тартып қатарда коп журген еди,
Сол кунде маған жолдас болған шинель,
Душпанға қарсы кеше шыққанда ел.
Устиме кисем киим болған шинель,
Дастансам дастық болып турған шинель,
Жамылсам маған корпе болған шинель,
Сер салсам екен балам сол бир шинель,
Ал, бизде шинель киген ҳарбир адам,
Азатлық жолын ойлап журер мудам.
Шинелди киген балам дана Ленин,
Окопта киип жатқан батыр ерим,
Ленин менен басшылардынг кигени усы,
Мақпалдай жуп-жумсақ сурғылт туси.
Кок майса шопке мегзер жаз айында,
Қар жауса қарға усар қыс уағында.
Қақаман боран болса ҳамь тонгдырмайды,
Окпенгди суыққа ҳеш алдырмайды,
Шинелди киген Чапай тайсалмады,
Душпанын женгип Клим гул жайнады.
Буденный, Фрунзе-де киген шинель,
Олардынг-да ерлигин бледи ел.
Солардынг кигенлерин кидинг балам,
Туыскан уллы рус улкен ағанг,

Бахытлы, нурлы кунде туған балам,
Жалынлы салем хатты жаздым саған.
Ҳарь қашан сен ядынгда сақла балам,
Ер журек қаҳарман бол қайтпай балам,
Қамысты бос усласанг қолды қияр,
Душпанды босанг тутсанг козди ояр.
Сол ушын ҳеш аяма жауды балам,
Жланды, уын жаймай олтир балам,
Бир маҳаль келген душпан отты салды,
Бигуна атып, қырды балаларды.
Сол олген балалар арын алынг деди,
Аямай фашистлерди қрынг деди.
Буйрығын уллы Уатаннынг орынладық,
Жауларды озь жеринде биз жайпадық,
Куш топлап кеин қайтпай бастық алға.
Тусирмей женгис түын туттық қолға.
Берлиннинг тобесинде Қзыл байрақ,
Желбиреп кун нурындай турды жайнап.
Жарғанат тунде ушқан куннен қашар,
Жайнаған куннинг нурын суймес олар.
Саткерим корингендей болса жарық,
Тғады басын тунге ол апарып.
Туси жоқ, апшери жоқ, сондай ози,
Жайнаған жарық кунди кормес кози,
Қарангғы тунге омирин бағыш еткен,

Жарғанат сондай мақлуқ балам, билсенг.
Урыспаздынг ойлары иске аспайды,
Аупилдеп урип бизге келе алмайды.
Қатарда журсенг балам болма аланг,
Тнышлық солдатысанг бугин балам.
Сен қайтсанг инилеринг бар шинель киер,
Урынса жауға сенименен бирге тиер.

Тнышлық солдатысанг жаным балам,
Тарбия берген бизге Компартиям,
Жолына жаным фда бле билсенг,
Биз аман, сен-де балам аман журсенг,
Қарақалпақ бугин қандай марапатта,
Омирде ошпес аты бар тарихта.
Салем айт досларынга балам бизден,
Гулленген қарақалпақ елимизден.

Омир
(Су ҳаққында баллада)

Қалемим қолымда отырман уйде,
Хиял шарлап, ой ойлаған бир куйде,
Бул хиялым ҳаужленип оседи,
Қалем шауып жел маядай еседи.
Кел-кел шаир жырла деген дасьтанды,
Кокке алып сайран етти бостанды.
Сонынг ушын қалем алдым жазбаға,
Бул дасьтанды ақ қағазға сызбаға.
Бул ҳадисе буннан бурын болғанды,
Бир паранынг ядларында турғанды.
Умытсангыз есингизге салайын,
Ҳадисенинг баслыларын алайын.
Балки улу яки жлан жыл шғар,
Кун коринбей басты аспанды бултлар.
Мне сол бир жыллардынг нақ гезинде,
Ажайып ис болды қумнынг ишинде,
Кенг салалы жатқан усы Қарақум,
Болған бунда нешше адам кара гум.
Танг самалы елпип ескен уағында,
Нурын жайып кун шапағын жайғанда,—
Тентиреклеп еки адам келеди.

Қандай ҳаллар боларын ким бледи.
Бир адымды басып алға атлайды,
Қум-да жылжып бир орында жатпайды.
Омир ушын алға аяқ басады,
Қумлар жылжып алдыларын тосады.
Куннинг кози шыққан уақта жарқырап,
Кетти қумлар самалменен бурқырап.
Ыссы самал беттен жалап алады,
Жurген сайын нур жузлери солады.
Журген сайын минетлери артады.
Отырғандай болса устин басады.
Тау-тау қлып қумларды акеп қосады;
Сонынг ушын алға қадем урады.
Коз алдында тобе қумлар турады.
Брин услап, бри алға журеди,
Коз алдына олим-омир келеди.
Кимди-ким женгерин олар билмейди,
Омир десе, олим деп қум сойлейди.
Тобеден кун, жерден қумлар шыжғырды,
Кептирип танглайын естен тандырды.
Самалменен шғар қумлар аспанға,
Балпанады талас омир бостанға.
— Қанатларын куйдиргенмен қуслардынг,
Жандырганман туяқларын атлардынг.
Меннен асып қайда сизлер барасыз,
Қурт-қумырсқа қусқа азық боларсыз.
Билсенг мени Қарақум —деп атайды.
Қандай кушли болсам маған батпайды.
Ким келсе-де аямайман кушим бар,
Турған жерде саплайтуғын патим бар.
Ҳешбир адам маған жолдас болаалмас,
Қаҳарленип келип жамбас салаалмас.
Ҳеш адамнынг айтқанына болмайман,

Тиллер қатып, олсенг-де тил алмайман.
Қане, сизлер нағып журген бендесиз,
Қуры айтеур турған бунда геудесиз,
Дегендей қум усти-устине есирди,
Басларына хауп акелип тусирди.
Сол жерлерде екеуинен шықты ҳауаз,
Омир женгер олимди деп шерткен саз.

* * *

Сол заманда қандай ислер болған жоқ,
Ким тенгиреп, кимлер жолда қалған жоқ.
Бир нешшелер айрылды ул-баладан,
Қыз айрылды туған ата-анадан.
Кимди байлар сондай сарсан етпеди,
Онынг иси еле естен кетпеди.
Жау қолына тускен Кемал, Periza,
Бир бостанлық ушын шықты жазира.
Жау алыста қалды, майдан коп ара,
Булар шғып кетти жолдан саҳара,—
Алға таман аяқларын басады,
Бир қараны корсе журек тасады.
Кимде болса жанын қимас олимге,
Жетсем дейди бир жақсылық журимге.
Булар аяқ басып кушлер жинайды.
Тобеде кун, жерде қумлар шыжлайды.
Нусер қуйып гейде қумлар борайды,
Тас-талқан қып жер жаҳанды орайды,
Шалды кози алда турған қурайды,
Жете алмай бишаралар зарлайды.
Алға атлап журерине дарьман жоқ,
Ешкемерден басқа мақлуқ корген жоқ,
Куте-куте тап сағынып коргендей
Қайда журсенг менинг асым дегендей,

Қарсы турып булкилдейди тамағы,
Жау усы деп жнгылдайды қулағы.
Оннан отсе тур алдында жапалақ,
Сағымланып коринеди бир булақ.
Қайда булақ, қайда сулар билмейди,
Созди туйип қулағына илмейди.
Атқан адым кеин қарап басады,
Зордан-зорға бир тобеден асады.
Оннан отсе алдында тур қарақус,
Тарпа басып жегендей бать қаратусь,
Коргеннен сонг буны тури қашады,
Қаны қашып урқанаты ушады.
Солай болсам жақын барып су дейди
—Су деген не, мен беремен у дейди.
Мен излеген су емес, бир жем дейди,
Олсенгизлер жейтуғынғой мен дейди,
Барған сайын буынлары босайды,
Денелерин гоне киим басады.
Шеш дегендей ойлы хиял баслады,
Ахырында сырт киимин таслады,
Тағы-да усти аурлаған усайды,
Дингке кетип, аяқ-қолы босайды,
Тула бойда қалған сырға, блезик,
Коринеди Перизаға аур жук.
—Адра қалғыр сен жанымды алдынг-ғой
Басқа аур заулимди сен салдынгғой.
Хау блезик сен-де аур тидинг-ғой,
Қолымдағы тамырларды қидынг-ғой,
Деди-де ол блезикти алып таслады,
Молдиреген қара козин жаслады,
Бул гезлерде бала шырлап жлайды,
Козднинг жасын сел-сел қлып булайды.
Гей уақытта асте иек қағады,

Булкилдеген тек журеги соғады.
Қақ айрылып қатып қалған қу лабин,
Тамсанады таппаған сонг илажын,
Ақ суйектей улпилдеген бармағын,
Аузына сап булкилдетер тамағын,
Бир мезгилде апа "ымма" бер—дейди.
Жан қозынгнынг ҳаль дарьманын кор—дейди.
Оған қайда су беретуғын жан ана,
Ҳаль-дарьманы кетип турғой парьмана.
Не илаж бар қу шандырды салады,
Сорып-сорып астен бала талады.
Су дегендей шоплер қурап сулайды,
Перизадан дарьман кетип қулайды,
Қапталында Кемал турып жлайды,
Басын сипап коздинг жасын булайды.
"Туршы жаным алға қарай барайық,
Тағы журип су керек деп сорайық",
"Туралмайман мен-де ҳешбир дарьман жоқ
Топа-тустан маған келди ажел оқ,
Енг болмаса, болса еди бир жутым,
Кетти енди триликтен умитим,
Деген маҳаль кози оттай жанады,
Моншақ-моншак козинен жас ағады.
Козден аққан жасы томен туседи,
Лабке тисе тағы бер деп ишеди.
Онынгменен басалмайды ҳаурин,
Табалмады жаннынг ҳазлик таурин.
Барған сайын булдырады козлери,
Лаби қурап сарғаюда жузлери.
Қанша азап қиын ҳалда болса-да,
Екеуинде тасламады далада.
Га котерип, га арқалап журеди,
Туршы жаным су жақын дей береди,

"Бунынг сози жалған ҳешбир нанбашыз,
Алдап айтқан созге қулақ салмангыз.
Су деген не, оны ҳеште кормейсенг,
Онгинг туе тусингде ҳамь билмейсенг."
Дегендей боп ғарқылдайды қарғалар,
Шырлап ушар тас тобеден пощалар.
Буны еситип Перизада жлайды,
Бул созбенен коздинг жасын булайды.
"Омирлигим Кемал созди сен тынгла,
Айтқан создинг ҳақиқатын бир англа,
Айталмайман туел саған созимди,
Тасламағыл улынг менен озимди.
Қара, ане бир қус маған қарап тур,
Гош излеген козине қан тарап тур.
Кордингбе ане ешкемерде қарайды,
Ол-да меннен бир тислем гош сорайды.
Деген созбен ол орнынан турады,
Котералмай басын қумға урады.
Усы гезде бир саз жаҳан жанглатты,
Зарлы қыздынг мунгын шертип зарлатты.
Безилдеди жолға салған зарлы қыз,
Бринен сонг бри келди избе-из.
"Зарлы заман зар енгреп оттинг-бе,
Сорлы қыздынг басына сен жеттинг бе.
Аспанда кун кулип неге йошпайсанг.
Бир тамшы суды берин қушнайсанг.
Куанасанг булт астынан шыққанда,
Не қлады носерингди қуйғанда."
Деген уақта жердинг жузи жанглады,
Бул ҳауазды путкил мақлуқ тынглады.
Ушқан қуспен журген англар шдамай,
Тум-тусынан алды олар қоршалай.
Жлаған сонг мунгын айтып оларға,

Шоп-те шар-да қосты зарын буларға.
— Япырмай жан, бир жутым су бермеди,
Бул дуньянынг жузи маған тармеди?
— Қайда болсын бир жутым су Периза,
Қалған суды ишти қашан Қалмырза.
Не қларын билмей, сам-саз болады,
Журекте шер, ғамға кеули толады.
Отыр Кемал қолда бала шыр чайды,
Шырлайды-да тным таппай жлайды.
Бала жақсы—ата-ананымг треги,
Омиринде айрылмайтуғын журеги.
Жас баласын Кемал суйип алады,
Ана байгус аузына емшек салады.
Бир орыннан турмай мойнын созады,
Еспе қумды қақ айырып сзады.
Мумкин бунннан бизге жардем болар деп,
Дартке дауа, бир ишарат салар деп,
Бишаралар салқын қумнан алады,
Манглайына басып ғам-гин болады.
Жарымайды жардем болып бул қумнан,
Қсындырды қайта буып алқымнан.
Периза ҳамь Кемал турып зарлайды,
Апа-аға су деп бала шырлайды.
Қайғыланнан қара думан дастинде,
Болды гриян Қара қумнынг ишинде.
Козлерининг алды тнып, булдырар,
Тум-тусынан кесирткелер умтылар,
Қасына кеп сақ-сақ тышқан турады,
Шақ-шақ етип танглайын ол қағады.
Ғарқылдаған қарға келип қасына,
Ҳакке келип шқылықлар басына,
Узақ кетпей жапалақ-та жалпылдар,
Қанат урып қара қуста шақылдар.

Олимтикке уймелеген қарғадай.
Алды ушеуин бари бирдей қоршалай,
Аяғандай болып поща шырлайды,
Қанат қағып аль аспанда пырлайды.
Бул ҳалларды корип Кемал болды лал,
Ажел келип жетти деп ойлап бул Кемал.
Япырмай-ау сум паймана толдынг-ба?
Науше дейн кзыл гуллер солдынг-ба?
Мирими жоқ раҳимсиз Қарақум,
Еткенингбе енди бизди қарагум.
Бир мириминг туспеди ғой балаға.
Оны туған Перизадай анаға.
Тпырлады қанасында жан балам,
Жарық дунья коремен деп ол мудам.
Бикар болды қана бузын шыққаны,
Бикар болды бизге алданып болғаны.
Усығанда мирimingди салмадынг,
Ата-ананынг созин еске алмадынг.
Деген созди айтып алға қарады,
Бир кок тенгиз коз алдында турады.
Буны корип журеги аттай тулады,
Бул қалай деп тула бойы жулады.
Оркеш-оркеш болып тенгиз шабады,
Ғайып болып кетип, қайта шғады,
Бул бир қайдан келген тенгиз дегендей,
Коз жберсе болады оны коргендей.
Булдыр-булдыр сағымланған кок тенгиз,
Қумнынг ишин алып кетти теп-тегис.
—Ане-ане, келди бизге шын омир,
Назер салып алдынгдағы суды кор,
Журь тезирек барып ишип қанайық,
Демди алып бойларында қонайық.
Деген созбенен тик алдына қараса,

Ҳеш бир су жоқ сағымлар тур жараса.
Қарағанда козин тгип армаған,
Коринди шанг киятырған бермаған.
Шанг астына қарағанда коз тгип,
Кетти путкил денелери туршигип.
Бул бале шанг қасқыр шғар киятқан
Билген екен бизди жуда узақтан.
Енди шыннан ит, қусқа жем болармыз,
Елге жетпей Қарақумда қалармыз.
Қасқыр деген жаман нарсе, аямас.
Адам қанын ишип ҳеш уақта тоймас.
Келсе егер шап береди озинге,
Келип тикке асылады козинге.
Сум қасқырдынг жаман исин блермен,
Оны кормей Перизажан олермен.
Корме сум коз, турли-турли балени,
Жасыр Кемал қолынгдағы баланы.
Айтып аузын жиғанынша-да болмады,
Дусирлеген ат туяғын англады.
Сол уақытта козин салып қараса,
Корди коп ат ту услаған жараса,
Шанг астында желбирейди Қзыл ту,
Кун нурынан берилгендей алтын пу.
Қайғыланған қара думан серпилип,
Ашылды коз қара қумлар косилип.
Нурын жайып қуяш кулип жайнады.
Поща торғай аспанда ушып ойнады,
Журек шад боп қуанады тасады,
Атлыларды корип кеул йошады.
Шақыруға дарьманы жоқ жлайды,
Орамалын Периза алып былғайды.
Буны корип олар ҳайран қалады,
Шауып келип қоршаласып алады.

Сойлеуге ҳеш дарьманы жоқ, су дейди,
Аянгызлар бир жутым су бер дейди.
Аттан тусти секирип ер Степан.
Флягинан берди суды сол заман.
Периза ҳамь Кемал козин ашады,
Бир бреуин қуанысып қушады
Қасындағы Степанды қушақлап.
Суйип-суйип алды жасы моншақлап.
Астен-астен тамсанады Қалмыр -а,
Болғандай боп коринеди шын ырза.
Оннан сонг қуанады шад болып
Иди емшек қалған жу тас болып,
Периза алып жан баласын суйеди,
Емшеги усти-устине иеди.
Булақ кози ашылғандай болады,
Қуанғаннан тағы жлап алады.
Тум-тусынан анталаған адамлар,
Аты-жонин сорап билди коп ҳаллар,
Балангыздынг атын айтынг бизлерге,
Хайырқомбыз бизлер журген сизлерге.
Мнау байрақ женгислеряинг байрағы,
Келди енди азатлықтынг сайраны.
Жау қолынан енди сизлер азатсыз,
Бул уатанда шадлықненен жасайсыз.
Кзыл қран бизлер жаудан қайтпаймыз,
Коринсе жау тас-талқанлап унтаймыз
Халқ жауын жержузинен айдаймыз,
Улдынг атын айтынг сизден сораймыз.
Бала атын айта алмай турады,
Ерли зайып бир-брине қарады.
Коп ишинен бреу жақсы ул деди,
Аты Омир болсын енди шын деди.
Басқа атын енди бизлер билмеймиз,

Омир деген атын мақул коремиз.
Усы мақул деген созлер тум-тустан,
Адам туе еситилди ҳамь қустан.
Бул маҳалде узақ омир жаса деп,
Болсын атынг енди Омир бала деп.
Ҳарь кайсысы қолда алып суйеди,
Омир атлы бала қолда куледи.
Сум олимди женгди деген бир ҳауаз,
Кетти жанглап дунья жузин шерткен саз.
Ертеректе болған бул бир ҳадисе,
Бугин тусти дослар шаир есине.
Отти бастан қайғылы кун қара тунь,
Корсенгизлер енди бизге ашық кун.
Тынгла созди қулақ салып сен қзым,
Бахытлысанг манггиликке жулдызым.
Неге десенг бзинг турмыс гулистан,
Лалазар боп кетти бугин шолистан.
Елим азат бизлер оскен, жер абад,
Басымыздан кетти қара мусаллат.
Байлығы мол, Уатаным кенг, шад далам.
Жер қулпырып елим болды абадан.
Торть тулик мал семизликтен шайлаған,
Кенг даланы еркин осип жайлаған,
Корсенг бугин ел арасы дым сулу,
Бағы бостан болған бзинг жер сулу.
Ойын, кулки шады-қоррам колхозда,
Сазын шертип қосық айтар бақсы-да,
Сары алтын пашшайыдай кенг дала
Қырман-кырман пахта бзинг кенг сала.
Омир-де журь усы майдан ишинде,
Жайнап оскен ақ алтыннынг канинде.
Ақлық, шаулық суйген Кемал уйинде,
Шадман болып отыр уйдинг торинде.

Паласпенен глемге лық толған
Булбил ушып гул бағында сайраған.
Бурынғыдай зару емес ол суға,
Откен кунин гурринг етер ул-қызға.
Салмалардан су ағады сарқырап.
Ашылғандай булақ кози бурқырап.
Бир уағында майданда сес жанглады,
Оркестрлер шадлы нама ойнады.
Мен-де оған нама қосып сайрадым,
Женгис жрын айтып бугин жырладым.
Жаз қалемим шадлы қосық жангласын,
Шад омирде шалқып халқым тынгласын.
Алға басты женгиспенен заманым
Уят болар буннан сенинг қалғанынг.
Шадлы қосықпенен елим жайнаған,
Қуаныштa қойны толып ойнаған.
Коз тартады ақ пахталар атызда,
Неше турли жемис пискен бағларда.
Коркем дала сауле нурға безелип,
Кетти хиял тум-тусларға тербенип,
Жерде жулдыз, кокте жулдыз жайнады.
Бурқып ағып Аму суы қайнады,
Кокте ойнап жмынглаған жулдызлар,
Бул қалай деп бир-брине сбырлар.
Талуас етип урар Омир журеги,
Турмысы шад табылады кереги.
Кемал жетти бугин нурлы турмысқа
Комеклесер атыздағы жумысқа.
Усы еди бир ойлаған тлеги,
Питкен ғайрат талмайтуғын блеги.
Кемал биик дарья жарында турып,
Кеули тасып кетти ҳалласлар урып.
Қасында тур келин менен Периза,

Енди жери емес онынг жазира,
Еки ақлық баласы-да келеди,
Беттен суйип аймаласып куледи.

*1951 Нокис.*

## ЖОЛМУРЗА АИМУРЗАЕВ

(1910-жлы туылған.)

Жолмурза Аймурзаевтынг творчествосы шаир ҳамь драматург спатында қарақалпақ совет адебиятында улкен орын тутады.

Ол 1927-жыллардан баслап жаза баслады.

Ж. Аймурзаев онлаған қосықлар топламынынг, "Гурес", "Гуресте женгдик", "Хабаршынынг ғайраты", "Жумагуль", "Ербай батыр", "Айдын жол", "Жайлауда", "Дангқлы дослар" сияқлы бирнеше поэмалардынг авторы. Онынг коплеген қосықлары—қосық (песня) туринде-де кенг таралған.

Қарақалпақ совет адебиятындағы корнекли драматурглерден бри спатында онынг қалемине "Озь таяғы озине", "Ҳакислилер", "Айгул-Абат", "Бердақ", "Аму дарья бойында", "Арал қзы", "Лейтенант Елмуратов", "Раушан" сияқлы пьесалар-да тиисли.

Айрықша онынг "Айгул-Абат" пьесасы қарақалпақ совет драматургиясынынг енг жақсы шғармаларынан бреуи болып есапланады.

1955-жлы Қарақалпақ Мамлекет баспасы тарепинен "Айдын жолда" деген атпенен шаирдынг тангламалы қосықлары ҳамь поэмалары басылып шықты.

**Жабдилестиру зураат кунине**

Дара-дара журип азап шеккенше,
Колхозласып исти барьжай келтиринг,
Ҳарь шунгқырға азлап егин еккенше,
Колхозласып егин исин птиринг.

Усы уақтан болжа алдағы исингди,
Терис угитке ерме, жина есингди,
Қолайлас, артельге салынг кушингди,
Артельлесер минеткешлер уақ келди.

Памлеменг бул гапти женгилден-желпи,
Артельлескен ислер талаптынг корки,
Қолынга мол тиер, талаптынг ерки,
Жангалыққа кошер уағынгыз келди.

Жалқау болманг, ислерингди удетинг,
Билгенингиз билмегенге уйретинг,
Жауды жексен етинг, мақсетке жетинг,
Гурести гужитер уағынгыз келди.

Артель болып гуллан исти ондирип,
Қиынлықты минетинге кондирип,
Ескиликтинг отын толық сондирип,
Жангалыққа атлар уағынгыз келди.
*15-октябрь, 1930 -жыл.*

Улым тынгла!

Улым тынгла! Журмен майдан ишинде,
Иинимде бар жарқыраған жау-жарақ,
Егер жауды жексен етип бармасам,

Сен есапла, оннан олим жақсырақ.

Улым тынгла! Бабалардынг сози бар,
Макангынга кирген жауды айдап шық,
Жаулар ушын ҳасла мирим болмасын,
Козлерин ой, журегине найза тық.

Улым тынгла!Бул женгиске жоллама,
Журегимде ыза кеги қайнаған,
Мен блемен жерди басып жатыр жау,
Қанға қумар қасқыр, канға тоймаған.

Улым тынгла! Қасқыр, қозы душпаны,
Сен қозымсанг сенинг ушын мен қурбан,
Уатанымнан қумақ ушын душпанды,
Ырза болма оққа болмасам қалқан.

Улым тынгла! Коктен жауар қорғасын,
Қлышлардан сел-сел болып ағар қан,
Халқым ушын, бахтым ушын, сен ушын,
Фда болсын жан акенгнен ширин жан.

Улым тынгла! Жауды женгип барғанда,
Женгис силық дермен алып қойнымнан,
Қара козим, перзентим деп суйгенде,
Еркелерсенг—қушақларсанг мойнымнан.
*1942-жыл.*

## Гурес

Кремльден—Москвадан нур шашып,
Уллы Уатанда жақты қуяш жайнайды.
Жулдызлар жмынглап кулгендей болып,

Бултты болип жер бетине қарайды,
Гия шоплер самалменен тербелип,
Жапрақларын бойларына орайды.
Котерген бақшанынг ҳамь-де коклердинг,—
Шақасында ҳасыл гуллер жайнайды.
Жас баладай шақасында шайқалып,
Саз-намада булбил қуслар сайрайды.
Сынгқ-сынгқ кулип сулар жапты толтырып,
Толқынланып, булқылдайды, қайнайды.
Су бетинде жузип уйрек ҳамь ғазлар,
Бир - бреуин қуып ойнап тынбайды.
Су астында шабандоздай шренип,
Бир-бреуин қуып балық ойнайды.
От-жеп болып, жатып жане дем алып,
Мулгимеген бреуи-де қалмайды.
Танг атқаннан талуас етип жумысқа,
Колхозшылар тракторлар айдайды.
Тракторлар ҳасыл жердинг устинде,
Тухым шашып маусиминде тынбайды.
Минеттинг майданы қзып патленип,
Социалистлик жарыспенен далада,
Зураатли ис қзады, қайнайды.
Ис батыры блеклерин туринип,
Ис устинде ҳеш жалқаулык қылмайды.
Кун-кун санап қурылыслар қуралып,
Алға қарап журип ҳешбир тынбайды,
Бзинг бул жумысты корип халқ жауы,
Иши куйип бизге тсин қайрайды
Жасырынып крип алып араға,
Қолдан келсе, олар жолды байлайды,
Мне, бул жаулыққа ҳешбир жол қоймай,
Минет ерлери иске кушин жинайды,
Ҳауиж алған ҳауижленген гуресте,

Батыр ердинг блек куши талмайды.
Мне, усы ҳауижленген гурести,
Қалемлерим жазып, тлим сайрайды.

I

Адым атып ярым туннинг ишинде,
Басын тгип душпанлықтынг исине,
Халқ жауы Толепберген, Торенияз,
Қарасады бир-брининг тусине.

Жонсиз шыққан бир сесте жоқ тым-трыс,
Турмысқа тикарлы бул-да бир тныс,
Тунь ишинде урген иттинг дауысы,
Ол-да тунге коринеди болып тыс.

Аул иши крип татлы уйқыға,
Жанлы мақлуқ барлығы-да уйқыда,
Жазлау, қыслау тнышлыққа боленип,
Қарсылық қылғандай қуры қиқуға,

Титиркенип, тула-бойы туршигип,
Суық демин алып, аур гурсинип,
Абайлап бир атлап жап ҳамь салмадан,
Киятыр жасырынып базда иркилип.

Туси бузық қабақлары уюли,
Шапан киген, белбеулери туюли,
Сыптай болып женгил-желпи киинген,
Қолайланган женглери-де турли.

Ойласады, сбырласып сойлейди.
Табанлары топрақты илейди,
Турып қалып, буғып ғана отырып,

Жан-жағына қарап болып буй дейди:

— Торенияз шаққан болғыл сен иске,
Олсек-те бул сапар шғайық устке,
Бзинг турмыс жоқ болудынг алдында,
Хуқуқтан айрылып, болып конфиске.

—Дурыс айтасанг, Толепберген жан торем
Бул ислерди талай корген мен торенг,
Қан жутаман орынлауға мақсетти,
Беккемленсин я қуласын қос орем.

Жанга билдим бақ-дауллеттинг қайтқанын,
Барлық исим ҳакисине тартқанын,
Тунь ишинде Толепберген жан аға,
Ҳеш умытпа молламыздынг айтқанын.

Деп қос қасқыр адымларын атлады,
Жасырынды тула бойын сақлады,
Туннинг табиғаты тупирип қарап,
Қос қасқырды қсу ушын қаплады.

Жақын қалды ане колхоз қорасы,
Масаладай жанып коздинг шрасы,
Адым сайын қора бетке жақынлап
Хақиқат коринди ағы-қарасы.

Толепберген жан-жағына қарады,
Тум-тусларын еки козге орады,
 —Мне, ҳазир Атахан-да бармекен?—
Деп ахырын Торенияздан сорады.

—Ол Атахан бар болуға миннетли,

Сонынг ушын мойнына алды минетти,
Ахырынлап туппа-туры барайық,
Гуллан ис келисер болып келбетли.

Корқып турман, қалтырайды журегим,
Ажеп таур уйығандай блегим,
"Аллатала жақсылыққа" жол салып,
Орынланғай бри қалмай тлегим.

—Ане бала, Атахан-да коринди,
Ол-да корди, таныл алды туримди,
Толепберген қорқпа аға, беккем бол,
Мен блемен туры барар жеримди.

—Шақырайық, астен дбыс берейик,
—Тоқта ауел, ҳақиқатлап корейик,
—Ондай болса коп турмайық булманда,
Ал, абайлап ахырынлап журейик.

Деди журип келди қора қасына,
Коп қарады келип қора қасында,
—Атаханжан бизлер келдик—дегенде,
Атахан-да тез-ақ келди қасына.

—Иркилмейик Атаханжан булманда,
Бреу келер шептен, тыстан булманға,
Қораны аш, малды алып кетейик,
Азанда айтарсанг барып Қулманға.

—Қулман "аға" ҳазир колхоз баслығы,
Колхозшынынг Қулманға коп қаслығы,
Сонлықтан-да ҳешбир адам билмесин,
Жумыстынг-да ҳеш болмасын бослығы,

— Мне, ҳазир қора аузын ашаман,
Бреу келсе қанын судай шашаман,
Сегиз огиз, сегиз сиыр алынглар,
Қоркпангызлар изин озим басаман.

II

Ҳақиқатлап бир-брине танылып,
Туннинг тонын бойларына жамылып,
Аузы-бети қимылдайды, гуйсейди,
Жуни жылтыр ҳаукелери салынып.

Ынгырсиды, бир-брине қарайды,
Тлименен мурынларын жалайды,
Жутып туннинг ҳасыл ескен самалын,
Тағы-тағы есе бер деп сорайды.

Баз брининг аяқлары косилип,
Қуйрықлары ширатылып есилип,
Мазь-майрам ҳамь шады-қоррам масликте,
Жатырыпты жатқандай-ақ шешинип.

Анықлап ангғарып қарап тум-тусын,
Ҳарамлық жайлады қоранынг ишин,
Зиян берип зиянкеслер булдирди,
Туннинг усы татлы дамли уйқысын.

Мне танг атуға аз уақыт қалды,
Малдынг бас жбине қолларын салды,
Ахырынлап шешип алып қорадан,
Бирден оналты мал сайлады алды.

Оналты мал тусип уры қолына,

Козлери жайнады уры қолында,
Ахырынлап жыллы жерден шғарып,
Айдады, жасырынып журди жолына.

Оналтысы қысқы менен топланып,
Баслары байланып торттен жупланып,
Жолға салып Атахан-да хошласты,
—Қалмангызлар—деди,—ҳешбир тоқталып,

Азғана жол журип кирди тоғайға,
Маллар қарасады ҳарь уақ жубайға,
Қуанады Толепберген, Торенияз,
— Сонгын бергей бул бир тусти онгайға,

III

Танг атты нур тогип дунья жузине,
Жақты берип жанлы мақлуқ козине,
Атахан-да келип Қулман қасына,
Ахырынлап кирди "сулу" созине.

—Алып кетти олар ҳешким корген жоқ,
Кормек туе, ҳешбир адам билген жоқ.
Тунь ишинде "уйқыменен оли тенг,"
Ҳешбир адам қулағын-да турген жоқ.

Не-де болса қарын молдан тояды,
Айтқан созь бар бир сиырын сояды,
Қалғанларын сатып тағы пул етип,
Билмегендей пулын туйип қояды.

Не қлайын енди аға Қулманым,
Айтып жбер кенгес берип булманын,
Бир жумысты сылтау етип қашуға,

Сазлайын-ба аттынг ери-турманын.

—Атаханжан қашпа ҳешбир булинбе,
Бар ақылым ҳеш адамға блинбе,
Ундеместен бар-да ҳазир жата қал,
Ахырынлап билдирип қой келинге.

Бир заманнан бреу келсе уйинге,
Дарру жуап берсин келин тусине,
"Еки куннен берли жатыр ауырып",
Деп жуап қайтарсын қарап жуйине.

—Олай болса аға ҳазир қайтаман,
Отириктен ауру болып жатаман,
Сонгын ала усы жумыс блинсе...
"Ҳеш билмеймен, аурдым деп" айтаман.

IV

Жане-де жайнады атқан кун нуры,
Ашылды гул шешек қалмастан бри,
Бағ, тоғайлар кун нурына боленип,
Жангғыртып сайрады қусы-булбли.

Қанат жайды кенг далада кок шоплер,
Шел басын толтырды гулден пашеклер,
Қбырлаған барлық адам оянып,
Қалмастан жиылды корпе-тосеклер.

Тургелди Қарабай, алды таяғын,
Ҳақиқатлап қарап ояқ буяғын,
Қорадағы малды кокке бағуға,
Журип кетти ишип болып тамағын.

Астен ернегин ашты қоранынг,
Маллар турди кундегидей қулағын,
Қадағалап барлық малын Қарабай,
Дарру билди бир баленинг болғанын.

Ақыл-ойлар ҳарь тарепке тарады,
Хақиқатлап барлық малын санады,
Сегиз огиз, сегиз сиыр бирден жоқ,
Кози аларып жан-жағына қарады.

Дарьҳал шықты қора аузын бекитти.
Дуздирсем-бе екен хаткерге актти,
Я болмаса айтсам бекен баслыққа?!
Тундеги қараул қаяққа кетти?..

Не кларын билмей коп уақ ойланды,
Ой ойланды, иске пухта жиналды,
Еки жонын бирден балта шапқандай,
Тула бойын зил басқандай қиналды.

Қиналып Қарабай кзара бортип,
Бар ақылын алып, бармаққа шертип,
Қарабай жуырды Қулман уйине,
Азангғы самалды изине ертип.

—Жаным аға, Қулман, уйде бармысанг?!
Турдынгба орнынгнан сен ояумысанг?!
Деген сеске уйден сауал соралды,
— Албырама, малшы Қарабаймысанг?

—Ауа аға, Қарабайман мен келген
Бир арзам бар, айтсам болар-ма тилден,
Малларды бағуға барып қарасам,

Сегиз огиз, сегиз сиыр жоқ бирден.

—Неге исингди жаманлыққа тартасанг,
Қаяқтағы болмас исти айтасанг,
Ертеменен алма менинг мазамды,
Басқалардан сора, ҳазир қайтасанг,

Ертеменен журттынг қинама жанын,
Болмас иске иштен шықпас жалын,
Сеннен басқа ҳешбир адам алмайды,
Қорадағы турған колхоздынг малын.

Хазир сени жаптыраман тюрьмеге
Интизар боларсанг кунди кормеге,
Жоғалған малларды ҳазир табасанг,
Таппасанг шрисенг жатып тюрьмеде,

Карабайдынг қабырғасы қайрылды,
Ақылы кетти, барлык естен айрылды,
Қулақ—қасқыр бул Қулманнынг созлери,
Жас ақыллы Қарабайды майырды.

Аур соз астында мии айланып,
Қайғырды бир истинг болғанын блип,
Не -қларын билмей лал боп ойланып,
Қарабай патленди есикке келип,

Кенг даланынг самалларын қушақлап,
Озь-озине созлер айтты усақлап,
Иеги қимылдап, титиреп дене,
Қозлеринен жаслар ақты моншақлап.

Қаплады коп ойлар ойды ойлады,

Барлық ойды ол миине жинады,
"Не-де болса Бекмуратқа айтайын",
Деп адым атлады жолға симады.

—Уйингде бармысанг аға Бекмурат,
Ағажаным маған жузингди қарат,
Журегим дурсилдеп қорқып баратыр,
Илинди мойынға аур жаман ат.

—Не болды, не қылды, ҳеш албырама,
Албыраған созлер мииге қона-ма,
Дурысынан айтып жбер Қарабай,
Журттынг айтқан созлерине қарама.

—Анау қора қараулсыз қалыпты,
Қораға жау келип қолын салыпты,
Сегиз огиз, сегиз сиыр жоқ болды,
Бугин тунде келип уры алыпты.

Кемис оналты мал корип санасам,
Бақырады айтып Қулманға барсам,
"Сеннен басқа ҳешбир адам алмайды,—
Дейди—бугин озинг урлап алғансанг".

—Дарру шақыр келсин Атамуратты,
Ерлесин беккемлеп торы ала атты,
Барлығы-да бул ислердинг баслықтан,
Колхоз мулкин пайдасына жаратты.

Сбыр-сбыр созлер копке жайылды,
Ҳарбир созлер ҳарь нарсеге сайылды,
Копшилик жиналып маслаҳат етип,
Ат белине беккем буды айылды.

Баслық "батыр" Қулман қолын силтеди.
"Дарру тутынг" уры душпан ортеди,
Ким ҳақылы колхоз малын алуға,
Тексеринглер малшы сози келтеди.

—Ҳазир алты жгит тезден из кессин,
Бреу политотдел барсын, арза етсин,
Деп Бекмурат ертип алты жгитти,
Деди,—тағы бреу қалаға кетсин.

Алтысынынг бир жгити Қарабай,
Копшиликке козин тикти аралай,
Отириктен шыр-пыр болып Қулман тур,
Не қларын билмей, туси шдамай.

Қулман қызды, тула бойы қзарды,
Коп сойледи кенгирдеги узарды,
—Тапсангыз олтиринг малды алғанды —
Деп сойледи, бети-аузы бозарды.

Алты адам шықты жолға жиналып,
Атларынынг куйрық жалы доланып,
Тағы бир жгит-те шаққанлықпенен,
Журди арзаларын беккем қолға алып.

"Батыр" Қулман тағы бақырды топқа,
—Козимнинг алдында таранг ҳарь жаққа,
Анықлап жоқ болса колхоздынг малы,
Куйемен жанаман парлап не ҳаққа.

V

Кун нурына айналары жалтырап,

Жаққандай-ақ ҳасыл куштен шам-шрақ.
Ане.
Анау политотдел кенгсеси,
Коз шағылысар, жайы ажжедей аппақ.

Жан-жағына гул ендирген кенг дала,
Коринеди ҳасыл жерди айнала,
Қуанысып аул ишин толтырып,
Шад кеулли ойнасып журь жас бала.

Жердинг бети ҳасыл гулге малынып,
Мынг қубылып миуелери салынып,
Жанга макан беккем куштен салынған,
Турыпты ашық кун нурын жамылып.

Кенг даланы болип созылған кенг жол,
Жайнаған жарасқан гулден онглы сол,
Коз ушында жалғыз атлы келатыр,
Алыстан коринип силтегендей қол.

Торы аттынг терлеп тоси, сауыры,
(Ҳеш блинбей Аймураттынг ауыры)
Шар тарепти гозлеп журип келатыр,
Ғыжнағандай болып оттынг ҳауири.

Туяқлары топрақты суырып,
Журген сайын жер танабын қуырып,
Ҳазир политотдел журип жетсем деп,
Жан-жағына ҳеш қарамай бурылып.

Қуяш тусип жақынласып енгсеге,
Кун-де котерилип келди саскеге,
Аттан тусип атын байлап Аймурат,

Салем берип крип келди кенгсеге.

—Аман-ба Аймурат қалай ислеринг,
Иске қосылды-ма барлық кушлеринг?
Деп сорады политотдел баслығы,
—Уры уайран қылды қора ишлерин.

Не урланды, не жоқ, не ауҳал болды,
Қорадағы сақшы қаяқта қалды?
—Сақшы уйқлап қалған туннинг ишинде,
Сегиз огиз, сегиз сиыр урланды.

—Бригадир баслық активлер қайда?
 —Баслық-та "бишара" уйқлаған жайда,
Бул исти ҳаммемиз азанда блип,
Ғалаба кристик малды қарауға.

Бреуден-бреуге хабарлар жетти,
Баслық Қулман турып бадабат етти,
Алты жгит бирден атқа ер салып,
Жоғалған малларды излеуге кетти.

Толық тикарына тусинип истинг,
Колхоздағы болған зиянкесликтинг,
Тезликпенен Бисенбайды, шақырды,
Анығын ашуға болған қылмыстынг.

Келип билди барлық исти Бисенбай,
Елесленди коз алдында барлық жай,
Далқ жауынынг созсиз исин бузамыз,
Деген жуап шықты кушке болып сай.

— Тезликпенен исти колға алайық,

Тексерейик колхоз исин қарайык,
Балки бул ислерге баслық айыплы,
Колхоздынг ислерин қайта қурайық.

—Мен колхозға, тезден сен бар қалаға,
Тиисли жерлерге сойлес қалада,
Ҳазир қолланайық тексеру исин,
Хақиқи ис ашылмастан тура-ма?

Аймуратты ертип алып Бисенбай,
Ғайратлы ер журек болып иске сай,
Атқа ерли салып политотдел-де,
Журип кетти аул ишин аралай.

VI

Шыжғырған шангқай тусь, жазғы ыссы қун,
Сона, губелеклер берип сесли унь,
Баз уақта сылдырлап жасыл жапрақлар,
Сондай самал есип турды алып тын.

Тереклер тербенип, қимылдап шақа,
Когине боленген болмастай қапа,
Қалынг шырмауықлар букке оралып,
Дуть тоғайдай болып оскен айнала.

Ушып-қонып кши қуслар сайрасып,
Бри қашып, бри қуып ойнасып,
Тоғайдынг танглаулы тасирли тури,
Келбети келисип турған жарасып.

Шешек атып, гуллер гулленип осип,
Минет салмасынынг суларын ишип,
Буралып, ширалып, кунге қарасқан,

Салланып кигендей қырмызы ишип.

Усы ширатылған гуллер ишинде,
Хақиқи ҳамь аҳмиетли исинде,
Қуғыншы колхоздынг батыр ерлери,
Келатыр кешикпей аттынг устинде.

Пшық мурны батпас шырмалған тоғай,
"Урыға тоғайды паналау онгай",
Деп қамшы урып атын жургизди,
Кенгес берип жас уллыға Қарабай.

Турып бир жгити деди—абайла,
Ҳазир биз кремиз қалынг тоғайға,
Олар басқа ҳеш жерге-де бармайды,
Усы бугин олар қонар тоғайда.

Беккемлеп котерип тғызлап бойды,
Шынлық иске жардемлестирип ойды,
Дуть тоғайды, қалынг букти айырып,
Алтауы бес жақтан бирден ат қойды.

Аралап ойы ҳамь бииктинг басын,
Қолменен котерип терек шақасын,
Думаланып оскен атлар дойнағы,
Қағып ушырады терек жангқасын.

Ашықты аралап қалынгға крип,
Бир-брине алыс кетсе сес берип,
Алға-алға деип базда кол былғап,
Бир-брине ымласады коринип.

Ыссы ҳауир тоғай иши тынғандай,

Турли қуслар дем алысқа қонғандай,
Базбир жерлер ҳеш бир изди кормеген,
Бети тегис ылайы саз жонғандай.

Коз жберип аралады жан жақты,
Коре келе кенепаттай из тапты,
Жолдасларға қолын былғап Қарабай,
Биикленген думпешикке ат шапты.

Қумарланып қулип қуана басып,
Таудан аққан судай толқынлап тасып,
Шақырды жанглаған жанлы созбенен,
Қос қолын котерип, қушағын ашып.

Букти болип, терeклерди тенгселтип,
Отлескендей неше откелден отип,
Зеинменен қулақ қойып даусқа,
Барлығы-да келди сол уақыт жетип.

Қуды-қуды, еситпеди ҳеш шуды,
Ой ойланды, ой устине ой туды,
Сонша уақыт қуып келген сол излер,
Бетлерине жапты балшықлы суды.

Судынг шети кок шоппенен ажырық,
Из блинбес журилсе-де қазылып,
Шубатылып коп жерлерди ораған,
Жаудырап жайнаған гуллер жазылып.

Шакқанласып ҳарь тарепке қарады,
Откир козге шар тарепти орады,
Ахырын ымласып, иркилместен тез,
Аққан судынг атрапына тарады.

Дузетиптағы-да беккемлеп сапты,
Судан кешип, жане атлатып атты,
Излеуменен коп уақытлар болғанда,
Жоғалған излерди ахыры тапты.

Озгерилди шрайлары онгланды,
Барлығы бригип алға жолланды,
"Усы изди жоғалтпайық, жойтпайық",—
Деген шартли созди берк қолланды.

Қуслар сайрап тоғай ишин жанглатты,
Кун қимылдап мсал қолын узатты,
Бултты болген туннинг сарғылт сағымы,
Кун батуын улумаға англатты.

Алтындай сарғайып кун нурын шашты,
Палуандай керилип қушағын ашты,
Уялғандай жер бетинен жасырынып,
Уясына крип, бетин-де басты,

Кун батқансонг басты жер бетин гунггирт,
Сайраған сансыз қус болдылар жым-жырт,
Там басына тары жайғандай болып,
Шағырайып шықты жулдызлар жылт-жылт.

Алем жузин тунь пердеси қаплады,
Куғыншылар тунде изди жоқлады,
Барлығы қосылып бирге ойласып,
"Жатайық булманда"—деди тоқтады.

Жатуға жақсы ылайық жер тапты,
Аттан тусип бри азлап от жақты,

Бесеуи дем алып бри гезекке,
Қарауыллап жане атларды бақты»

Ҳарбир мақлуқ мутаж исине зирек,
Мутажлы ол исине табылса трек,
Зар қақсаған, зарреси ушқан снырға,
Қорасында қалған бузауы керек.

Ала сиыр мунгланады, монгрейди,
Монгренеди, жланады—енгрейди,
Булкилдетип сутин емген бузауы,
Ядқа тусип ҳеш тнышлық бермейди.

Сутке тойып қақсап ашып буйени,
Ауызы копирип, ағып слеми,
Жан-жағына қарай алмай лал болды,
Бет-аузына жаққандай-ақ куйени.

Жалт-жалт қарап Толепберген миқыға,
Ҳеш кетпейди еки кози уйқыға,
Торенияз жатыр олип қалғандай,
Ҳешнарсе сезбейди қатты уйқыда.

Басқа маллар турды басы байлаулы,
Ерксиз тапқандай болып жайлауды,
Келген куни бир огизше сойылып,
Етлери тғылған қапқа жинаулы.

Жақынлап киятыр туннинг-де жарпы,
Маллардынг қамаулы алды ҳамь арты,
Шырпынып монгреген ала сиырдынг,
Еситилди қуғыншыға сес зарпы.

Сиырдынг даусын еситип дузден,
Малдынг барлық тусин откерди козден,
Жолдасларын қалдырмастан оятты,
Қуанышлы хабар, "коркем" созбенен.

Барлығы тургелди бирге шадланды,
Ойласықлы ислер мииде сақланды.
—Созсиз қарақшыны ҳазир услаймыз,
Деп жгитлер ғайратланып атланды.

Туннинг қарангғысын екиге болип,
Келеатыр бир-брине созь берип,
Патли журип аз-маз уақыт ишинде,
Турдылар ойласып шоқатқа келип.

Шоқатқа миндилер, қарады жерди,
Шуқырға байланған малларды корди,
—Ане анау жатыр,—деди Қалмурат,
Сбырлады созь артына созь ерди.

Алтауы тайсалмай толық қамады,
Урыларға қашарға жер қалмады,
"Туль ишинде уйқыменен оли тенг",
Деген созлер озь басларын жалмады.

Анықлап уйқлаған ашып қушағын,
Тусте корип қушақлады қосағын,
Келгенлерин ҳеш бреуи сезген жоқ,
Оятпастан алып қойды пшағын.

Барлық жолын беклеп, астен оятты,
Ушып турды, қорқып козин жайнатты,
Тангнынг-да танглаулы самалы есип,

Булбил қуслар сулу сесин сайратты.

VIII

Су бурқырап ағып кобиклер ығып,
Толқынлар толқып тур ернекги жғып,
Шағрайған шангқай тустинг уағында,
Сайрады торғайлар аспанға шғып.

Жер бети жпектен кесте тиккендей,
Атыз арық қатар тгис буккендей,
Шырматылып, гуллеп оскен шырмауық,
Коринеди нар туйелер шоккендей.

Шиpатылып коклер осип қулпырып,
Қызғыш берип кзыл гулдей қулдырап.
Мауытыдай мынг қубылып оскен кок,
Коз ушынан коз тартады жаудырап.

Шар тарепти шолып коздинг шарасы,
Сондай коркем жердинг ойы—саласы,
Шашау емес макан басып бир қонған,
Жайнаған, жарасқан аул арасы.

Уй алдында бир-еки ат байлаулы,
Жупыны емес ер-сайманы сайлаулы,
Қадағалау иси журип колхозға,
Ҳарким бир жумысты теренг ойлаулы.

Қулман қалтырайды сойлеп қзарып,
Гейде ҳиле етип, гейде бозарып,
Жаны-танименен гурринг козғайды,
Хешбир нарсе билмегендей қозғалып.

Тексерилди ис теренгнен қазылды,
Табақ-табақ тахта қағаз жазылды,
Толық жумақ коринген жоқ солай-да,
Сауал жуапненен links созылды.

Сақшы Атахан-да қалтырап турып,
Жуап берди тексеруде созь бурып,
Ахырында албырауға қарады,
Мойнына беккем тускендей қурық.

—Кай уақытта қораға мал топладынг,
Қай уақытта қалай малды сақладынг,
Мойнынгдағы уазипаны умытып,
Қай уақытта неге, жатып уйқладынг.

Ҳеш нарседен жоқ-па еди хабарынг,
Хеш еситпединг-бе уры хабарын,
Хақиқатын сойле анық блесенг,
Умытпа алдасанг нзамнынг барын.

Деген сауалларга жуап бермеди,
Қылған исин отириктен билмеди,
Қанша жасырса-да сры белгили,
Жузь қзарды, қолын қуры сермеди.

IX

Тусип тур кун нуры жер бети жайнап,
Гул-гул донип, коклер гулменен жайрап,
Топарланып коп тамаша етпеге,
Уй алдында коп балалар журь ойнап.

Тым-трыс далалық тынғандай жауын,
Ангшылар тоғайға қурғандай ауын,

Кулип, қуанысып баллар ҳазлесип,
Топрақтан ислеп ойнады қауын.

Кзығып баллардынг қылған исине,
Қуанышлы ренг берип тусине,
Қүлымбет қорадан қарап отырды,
Балалықты елеслетип есине.

Ойыннынг оғада қызған бир уағы,
Баллардынг ойынға қзыққан шағы,
Бир қауынды бузды билмей Баймурат,
Англамастан тиип кетип аяғы.

Баймуратты дарру Шақан услады,
Услауменен тек қоймады, қыстады,
Билмесликтен болды, тиди аяғым,
Деди-де Баймурат ҳешбир урыспады.

Блемен билқастан буздынг ойынды,
Маған етпе терисленген ойынгды.
Деди урды Баймураттынг басына,
Жаманлығынг ушын усы сиынгды.

Урысты, мушласты турып екеуи,
Айырды оларды қалған бесеуи,
Жети бала еки жаққа болинип,
Сес котерди бирден турып тортеуи.

Урысын-да корип турды Қулымбет,
Баймуратқа қарсыласты бетпе-бет,
"Саған корсетемен" деген ксидей,
Шақан шағаладай ушып шықты шет.

—Бир туйир малы жоқ сенинг ағангнынг,
Кол бетте малы коп Қулман ағамнынг,
Сиырлар туғанда қатық ишемиз,
Сен сорасанг толған крин жағангнынг.

Дайым тунде алып кетти сегиз мал,
Бреуин сат деди—сойтип ғунан ал,
Суть майынан саған дым-да бермеймен,
Малы жоқ бишара акенг ғарры шал.—

Деди Шақан журди адым атлады,
Баллар анг-танг қалды созин сақлады,
"Рас балалы уйдынг жатпас урлығы"
Деп Қулымбет барлық ойын топлады.

Коп балалар бир брине қарасты,
(Ким жасырар ҳақиқатта расты),
Мауаса болып тобелестинг кейнинен,
Барлығы-да уйлерине тарасты.

Тургелди Қулымбет—
—Мен-де қайтайын,
Тексеруге бир усыныс тартайын,
Шыр-пыр болып айтқан Шақаннынг созин,
Хақиқатлап комиссияға айтайын.

Тургелди-де журди шықты қорадан,
Дузеди шаршысын басқа ораған,
Коринди бир топар адам козине,
Алангнан асырылып ойға қулаған.

Тағы-да қарады ҳақиқат корди,
Қуғыншы екенин анықлап билди,

"Жгитлер урыны услап- келатыр",
Деген созди айтып уйге-де кирди.

Дарру қозғалысты турып адамлар,
—Жақсы қарсы алып беккем қаранглар,
Берик болынг шериклери қашпасын,
Коз жберинг жан-жақларға таранглар.

Масайрап кун кулип ашық далада,
Барлық адам тезден шықты далаға,
Жуырысып келип жан-жақтан адам,
Уйлер алды толды ҳаял балаға,

Биз айтамыз рахмет оларға,
Сонынг арасында келди олар-да,
—Қашқын урыларды, мне усладық,
Деп қуанды козин салды буларға.

—Урыларға қашарға жер қалмады,
Сонша тасил ойласа-да болмады,
Ахырында жолға тусти "Батырлар",
Деди-де апарып жайға қамады.

Ала сиыр жолды баслап мантанглап,
Еки кози жан-жағына жалтанглап,
Онторть малды ертип кирди қораға,
Бузауын жалады буғақ жалпанглап.

Корди урыларды ҳамме танг қалды,
Гуллан адам билди толық ауҳалды,
Тағы уйге крип гуллан адамлар,
Кадағалау исин тағы қолға алды.

—Жолдас Политотдел отинишим бар,
Копке айтатуғын арыз исим бар,
Мумкин болса созь беринглер бизлерге,
Ҳақиқат шынлықтан айтар созим бар.

—Берейик копшилик тынглайық созди,
Раҳмет сизге таптынгыз бизди,
Олар бизди аямады жгитлер,
Сонлықтан ҳеш терис бурманглар жузди.

Ғужырланып ушып турып Қарабай,
Жайнаған коз копшиликти аралай,
—Мне, ҳазир барлығымыз отырмыз,
Сыр ашайық бетпе-бетке қарамай.

Мнау Қулман бизге атайы душпан,
Ози-де бай, бай-қулаққа бас қосқан,
Услаған урыға басшылық етип,
Мал урлауға урыларға жол ашқан.

Колхоздынг жумысын қастан қулатты,
Сойып жеди ешкименен ылақты,
Ахырында кордик жаулық белгисин,
Колхозды бузуға малын урлатты.

Сонлықтан-да. Қулман ҳазир қамалсын,
Колхоз иши душпанлардан тазарсын,
Туры ҳамь тикарлы кенгес нзамы,
— Бойынша жуапқа тарту соралсын.

— Ҳақиқат айтады жолдас Қарабай,
Қулманнынг ишинен отти бзинг пай,
Барьқулла колхоздынг малын сояды,

Хешбир колхозшыдан кенгес сорамай.

Политотдел, аулсовет шрағым,
Хақиқат еситти мнау қулағым,
Шақан балларменен ойнап жургенде,
Айтты ҳақиқатлап гаптинг турағын.

Ағамнынг малы бар деди балларға,
Анг-танг болды созь еситип балларда,
Шақырынгыз балки айтып береди,
Соннан кеин тусинерсиз жағдайға.

Қарақшы ҳамь уры бизге қас Қулман,
Колхозға барьқулла жаманлық қылған,
Кунинде майырып колхоздынг исин,
Душпанлық дузағын бизге нық қурған.

Шақанды шақырды Баймурат барып,
Қушақлап мойнына қолларын салып,
Копшиликке бирге ертип акелди,
Ойнап қушақласып Шақанды алып.

Қалай Шақан балам, турмыс ҳалынгыз,
Палау псиресиз-бе, бар-ма салынгыз?
Бизди қашан шақырасыз қонаққа,
Қатығынгыз коп-бе, бар-ма малынгыз?

—Гуриш-те, майда бар, уйге барынгыз,
Комип қойған бар тарымыз, салымыз,
Коп мал берди анау ағам дайыма,
Тағы-да колде бар сиыр малымыз.

—Дайынгнынг аты ким? —Аты Торенияз,

Мендей ғана баласы бар Алланияз,
Анау куни бирге Қазақбай менен,
Малларды акетти кулип етип ҳазь.

Қулман қалды ҳеш бир қимылдай алмай,
Крип жасырынуға тесик таба алмай,
Иини тусип иркинеште ойлары,
Сасып мии басларына сиялмай.

Қолға тусти.
Қол котерди копшилик:
—Жоқ болсын колхоздан Қулмандай шрик,
Деген сурен беккем қолға алынып,
Қулман уйге тусти аузы илик.

Партком, аулсовет, политотделден,
Комсомол тағы-да жамиет шолкемнен,
Шолкемлесип комиссия дузилип,
Қарады жумысты анықлап кенгнен.

Исти шешип кенгнен жинақ шақырды,
Копшиликке салды шешкен ақылды.
Копшилик қосылып котерди сурен,
—Душпанлардан биз алайық дақылды.

Жумақлады қурғақ созди туарды,
Колхоздан байларды айдап шғарды,
Советтинг нзамлы адил судынан,
Миримсиз жуапқа тарту соралды.

Қызды гурес, журекте кек қайнады,
Копшилик қосылып ислер ойлады,
Большевикше беккемлеуге колхозды,

Қарабайды баслық етип сайлады.

—Табысқа тикарлы жумыстынг сазы,
Бос отпесин баҳарь, қыс, гуз ҳамь жазы,
Кушлер ҳауиж алып колхозлар болсын,
Тоқ хожалық нық большевик колхозы.

Атызда айқынлап минеттинг сесин,
Есаплап жумыстынг ертели кешин,
Ислемеушилерге бермengизлер жол,
Ким ислесе, ис жемисин сол жесин.

Деди политотдел—иске шғынглар,
Ғайратланып исти қолға алынглар,
Шынлықпенен шауып ҳешбир шаршамай,
Минеттинг тартибин жолға қойынглар.

—Жол қоймангыз қастиян ҳамь жаманға,
Ис ислеймиз ғайратланып майданда,
—Артығынан орынлаймыз планды,
Ғалаба атланды шықты майданға.

X

Қыс-та, қарда кетти барлық жауыны,
Аспан ашық куннинг-де жоқ дауылы,
Қуанышлы бугин куткендей бир ис,
Масайрап коринер колхоз ауылы.

Коклер шғып жер бетине оралып,
Ширатылған қыз шашындай буралып,
Алем жузи жайнап жаудыряған гул,
Бир-бринен жақтыланып нур алып.

Толқынлап, желбиреп тгилген байрақ
Мектептинг алдында баллар журь ойнап,
Сымменен созылған радиолар,
Сазбенен сойлеп тур булбилдей сайрап.

Жиналып, топланып қимылдаған жан,
Ойнап-кулип тамаша еткен аламан,
Селтенг етпей радио сесине,
Жерден ушырғысы келмейдилер шанг.

Қыз-жгитлер аппақ болып жуынып,
Таза киим киип, белин буынып,
Ширин тилден басқыласып сойлейди,
Қамырлардан қыл тартқандай суырып.

Қыз ҳамь келиншеклер киинип жпек,
Жамылып басына ҳасыл орайпек,
Ески турмыс салтанатын қуртпаға,
Тақпастан таслаған сырға, аребек.

Ҳарбир уйде тамаша етип қонақлар,
Кулкименен жиылмайдылар жақлар,
Бри басқы тауып, бри кулисип,
Басқынынг астына тусти олақлар.

Бурынғыдай қурғақ емес басқысы,
Созге алынып жалқаулардынг "жақсысы",
Шертилип дутарлар ойналып сазлар,
Сес котерип айтты тойдынг бақсысы.

Басқыласып "уаҳа-ҳалап" куледи,
Басқы сайын олақ, жалқау буледи,
Кимнинг қалай ислегенин копшилик,

Ис устинде ислеп журип бледи.

Активлерди жинап баслық Қарабай,
Жузлери қзарып, жузлери ойнай,
—Той алдынан откерейик бир жинақ,
Қуансын копшилик табысты тынглай.

Халқты жинады бари ойласып,
Жиналған халқ отырдылар ойнасып,
Ғарры, жгит, бала, келиншек, қызлар,
Жиналдылар қара козлер жайнасып.

Қуанып Қарабай ортаға шықты,
Шеп қолын ол еркин қалтаға тықты,
Шыққаннан-ақ аузын ашып ортаға,
Озине қарата билди халқты,

—Ҳауиж алып социалистлик жарысы,
Ғайратланып бриккен куш барысы,
Қуанышлы бугинги той тамаша,
Сол жарыстынг, сол шабыстынг табысы.

Талуас еттик исти барьжай етуге,
Ғайрат еттик алдағыға жетуге,
Той алдынан копшиликтен сорайман,
Жетискен табысты айтып отуге.

Котерилди куннен кунге бзинг ҳал,
Мектеп салып атрапына ектик тал,
Сазлап куш-коликти ҳамь-де қуатты,
Алты жузге жетти ири, майда мал.

Мектеп салдық билдик блим санасын,

Таныдық турмыстынг ағы-қарасын,
Ушь жерден балалар яслисин дузип,
Босаттық жумысқа барлық анасын.

Ҳасыл етип алтын пахтаны тердик,
Планды арттырып заводқа бердик,
Тағы қалған уазипалы templates ислерди,
Толық орынладық, нықлап бежердик.

Сойтип орынладық, пахта планды,
Ғаллеге толтырдық кенгнен қамбарды,
"Қурғын колхоз, тоқ хожалық-болуға,
Жағдай-да котерди, молдан қол барды.

Сутке толып, губи-шелек шайқалып,
Қазан-шомиш қатықпенен шайқалып,
Бурын бизде отыз сиыр бар еди,
Тағы сиыр алды бир жузь хожалық.

Қулман бурын қурса колхозға желле,
Жасырынып кисе моллалық салле,
Ҳазир бзинг колхозшылар қурғынлы,
Телекте толып тур орталық ғалле.

Радио қурдық таза турменен,
Мал отын жинадық силос, сурменен,
Егисликте таза усыл қолланып,
Барлық жерди сурдик тракторменен.

Ат орнына барьҳа трактор жектик,
Пахта шгитлерин машинмен септик,
Бурын ҳешбир уйли жайлы болмаған,
Қырқ бес хожалыққа жанга уй тиктик.

Колхозда бар 350 блек куш,
Барлығыда жақсы турмыс жақсы тусь,
Қараматтай қуанышлы коринис,
Мне, бир жыл ишиндеги бзинг ис.

Бул бзинг жумысты корип зулым жау,
Иши куйип, қурмақ бизге дузақ-ау,
Компартия жолбасшымыз, биз таяр,
Қайтпастай кушлер бар, ғайратлы сап-сау.

Сонлықтан-да котеремиз даусты,
Қосамыз табысқа орнек табысты,
Жасанг минеткешлер, колхозшы ерлер,
Деп Қарабай докладын тауысты.

Хурметли қол қағу қосылды сеслер,
Бақырыс:
Жасасын бриккен кушлер,
Қурғын колхоз, тоқ хожалық боламыз,
Жетемиз бул иске биз минеткешлер.—

Деген уаде ҳақиқатлап қолланып,
Тиянақлы сеслер шғып талланып,
Мектеп иши мадениятлы турменен,
Боленди, бриккен сеслер ҳалланып.

Қуанышлы ҳал киргизип бойына,
Уақыт хошлық ислер алып ойына,
Жиналған копшилик қуана турып,
Сап тутып шықтылар колхоз тойына.

Табыспенен халқ алға барады,

Бул той баҳарь тойы мангги турады,
Халқ тойлап коммунизм баҳарин—
Жер жузинде дослық омир қурады!
*1934—1935 жыл, Москва.*

## МЫРЗАҒАЛИ ДАРИБАЕВ
(1909-1942-жыллар)

М. Дарибаевтынг адеби творчествосы 1926-жылдан басланады. Онынг 1926-жлы жазған "Талабым" деген бринши қосығы 1934-жлы Ташкентте шыққан "Жас жазушылардынг жинағында басылды.

Дарибаевтынг творчествосынынг осип гулленген жыллары 1935—1941-жыллар болды Бул жыллардынг ишинде Мырзағали Дарибаев адебияттынг ҳарьтурли жанрлары бойынша ислеп, бирқанша лирикалық қосықлармененен қатар "Айымжамал", "Қонграт қорғаны", "Айпара", "Шекарада", сияқлы поэмалар, повесть, пьесалар доретти.

Жазушынынг "Мынглардынг бри" деген повести, "Коклен батыр', "Арьман*, "Жанга адамлар", "Еки той" ҳамь басқа пьесалары қарақалпақ совет адебиятында улкен орын тутады.

Уллы Уатандарлық урыс дауринде шаирдынг "Гуреске" деген косықлар топламы басылып шықты.

Қарақалпақ мамлекет баспасы 1955-жлы шаирдынг "Тангламалы шғармаларын" шғарды.

# Кок кол

Бир кол кордим Азербайжан жеринде,
Турдым онынг шишедей кок шегинде,
Корген колим, коркем колим "Кок колим"
Умытпаспан кеткенде-де олимге.
Оркеш-оркеш айлана тау жағасы,
Қулпы донгген жпек жапрақ ағашы,
Тауы, тасы, ағаш, булты қас кирпик,
Молдир суы мсал коздинг қарасы.
Жери қандай ғалы глем жайғандай,
Қзыл гулди қызлар егип қойғандай,
Курорт болса егер "Кок кол" Союзда
Паллы суы дартке дауа болғандай.
Коз жасындай молдир суы жарқырап,
Кок шишедей козге тусер жарқырап.
Самал соқса толқын урар бурқаныып,
Қозғалады шайқалады қалтырап.
Биик тауы қолын созар аспанға,
Бултты услап бауырына басқанда,
Тағыда бир қош уақыт куш берер,
Қзу журек қуанышлы жас жанға.
Барлық жерлер ондай сулу болмайды,
Енг сулуын журек ҳамь коз танглайды,
Ақыл ойым, жас журегим танглаған
Совет коли "Кок кол" естен қалмайды.
Жан жолдасым Далименен барғаным,
"Кок кол" суын ишип абден қанғаным.
Естен шыкпай омиринше қалсын деп,
Бул қосықты естеликке жазғаным.

*"Кок кол" 8-1Х-35 жыл, Азербайжан.*

Айпара

Ай кулип аспанда жмынглап жулдыз,
Тунь еди онерден болғандай кундиз.
Биз сонда бағ гезип, жамылып жапрақ
Дем алып отырдық қасымда бир қыз.
Ол сулу бир тарап жпектей шашын,
Жмиып бир қағып қундыздай қасын
Сулу қыз сойледи: "тынгла деп шаир"
"Ана" деп баслап ол созининг басын.
— Анам бар 50 динг устинде турған,
Ол ози гуллани бес бала туған,
Тортеуи олардынг ул бала болып,
Мен екен жалғыз тек туғаны қыздан.
— "Енг сонгғы туғаным жалғызым Генже,
Мнау чай, мнау нан сен иште, сен же,
Адам бол қуатым адули ойлы,—
Жайылсын жақсы атынг Генжегул елге;"
Дейтуғын ол мени алдына алып,
Апа деп мендағы еркелеп барып,
Алдына отырып созлерин тынглап
Шад болып қалар ем миирим қаныб.
Бир куни ол айтып жанга бир созин,
Жаспенен бир жуды сипалап козин,
Ананынг козининг жасларын корип,
Селк етип секирди мендеги сезим.
— Коргенинг кута аз жассангғой балам,
Нелерди кормеди бул "сорлы ананг,
Олмедим басқанынг баринде кордим,
Егерде коргенди айтсам мен саған",
Дедиде жлады кемсенглеп ана
Коз жасын кобейтип тағы-да жане,
Хазирде деди ол: бахытлы сизлер

Бурын биз жас едик манглайы қара.
Откен бир ауҳал ядыма тусти.
Ол ауҳал денемди темирдей қысты,
Ол кунде турмыстан тепкилер корип,
Сорлы ананг коз жасын су қлып ишти.
Козиме жас келди ҳазирде соған,
Коп болды қарағым Генжежан балам.
Уҳ, деп дем алып баслады созин,
Улкен бир тарихқа есаплап озин.
Коп болды деди-де Генжежан оған,
Аҳырын сипады жас аққан козин.
Мналар сондағы анамнынг сози,
Бул созди айтады еле-де ози,
Деди-де баслады томенги созди,
"Блай деп анангнынг бахытсыз гези."

II

Кок жузин қара булт қамалап басқан,
Бултпенен тунжырап жланып аспан.
Бултлардынг астында ай, жулдыз қалып.
Тунь еди дымда жоқ зеинди ашқан.
Ел жатқан уақ еди уйқыға крип,
Ҳарыған адамлар дем алып тнып.
Тек ғана—қой, сиыр қайырған гуйис,
Жақлары жбырлап қорада турып.
Сол маҳаль тақылдап атылды мылтық,
Қорадан мал қашты даусынан уркип,
Қара жер шайқалып турғандай болып,
Қойғандай қолынан қаттырақ силкип.
Оқлардан сиркиреп жауды бир жауын,
Булинди бир минутта бир топар қаум.
Коз жасы халқтынг тасқынлап ақты.
Ериген Амудай Памирдинг тауы.

Шағалдай шуласып жлады бала,
Таба алмай паналар басына пана.
Унь қосып ишлерин тартқандай еди,
Турғандай қайғырып сол маҳаль дала,
Оқлары қуйылды буршақтай жауып,
Ол келген баспашы аулға шауып,
Браз мал-мулк алды-да кетти,
Ҳамь жане бес-алты ҳаял-қыз алып.
Мен сорлы сол кыздынг бреуи болып,
Ишиме ортенип—ҳасирет толып,
Жесир боп жаулардынг қолында кеттим,
Нурлы жузь сарғайып палектей солып,
"Атжол", "Ақ шунггил" тауынан асып,
Кормеген, билмеген жолларды басып,
Байлауда матауда кеттим-де бардым,
Ҳеш имкан таба алмай кетпеге қашып.

III

Кун отти, тунь отти шабысқан аттай,
Тек журдим журекке ас-ауқат батпай,
Жлайман, енгреймен, молдиреп козим,
Кундиз-тунь бир майдан уйқлап-та жатпай.
Атамды, анамды сағынып жлап,
Коз жасым мсалы, гонда бир буақ,
"Қапеске қамалған булбилдей болдым,
Қашуға-баруға кута жол жрақ.
Кунде қул болып ислеймен жумыс,
Бир минут алалмай дем алыс"—тныс,
Суйекке етлерим жабысып қатты,
Бул иси жаулардынг озине дурыс.
Иследи бир душпан ҳайуанлық жумыс,
Ядынгнан шықпайды омирде бул ис.
— Айтқанды етпесенг олесенг қул деп,

Бир тунде қнаптан суырды қлыш.
"Аға" деп жалынып жладым сонда,
— Жас едим "аға" жан зарымды тынгла,
Мен ғарип мусапир, мунглы бир жанман,
Тордағы торғайдай турыппан мунда.
— Сойлемей тезирек жумысты бежер,
Бежермей сойлесенг олесенг егер.
Олтирсем ерким бар қолымда менинг,
Кминг бар бул жерде исенер-сененг,
Қлышты алмақ боп жабыстым қолға,
Жалма-жан куш жиып озине олда
Жықтыда "қлыш" деп ишиме тепти
Қайтейин тап болдым озимнен зорға.
Ол маҳаль жас едим онбеске жеткен,
Шашларым жалбырап козиме тускен,
Ит жаудынг ислери ядымда еле,
Жасымда аямай ҳайуанлық еткен.
Не керек ҳайуанлық ислерин қылды,
Слейтип таяқлап сабады урды.
Есимнен талдырып далаға суйреп,
Жургенде етимди ткенлер жырды.
Кесел боп жаттымда еки кун сонда,
Басымды котердим жазылып зорға.
Жумысын иследим тағы-да тынбай,
Тнышлық берместен бул "шбын жанға".
Тутқын боп айдалып кеткенде сонда,
Айдалған Қарабай дейтуғын олда,
Таяқты коп жеди азаплар корип,
Брақта олмеди бишара жолда.
Апарып зулымлар жумысқа салды.
Қарабай сонда қул болды-да қалды.
Аш журип дым аур жумыслар қлып,
Бишара Қарабай қинады жанды.

Бир куни Қарабай қасыма келип,
Деди ол: "қаламыз бул манда олип,
Атаны, ананы, туғанды кормей—
Су сепкен ортенгдей қалармыз сонип.
Айтты-да Қарабай кемсенглеп жлап,
Қарады маған ол бир ақыл сорап,
Турғансонг Қарабай онынгдай болып,
Мендагы турмадым дать тутып шдап.
Сол маҳаль мендағы жбердим енгреп,
— Билмедим ағажан састымғой мен деп,
Коз жасым молдиреп бетимди жуды,
Қияға коз жасым бир айдын кол боп.
Ахырын сойледим жланып менде:
— Зарлаған мунглыман, мунглысанг сенде,
Мунгланып зарланып, жургеннен мунда.
Бир тунде ағажан қашайык елге.
Деди ол: "қатайық бир куни тунде,
Ҳешкимге билдирме тек озинг билде.
Таулардан, тоғайдан, қумлардан асып,
Қосылып кетейик екеумиз бирге.
"Мақул" деп мендағы созимди бердим,
Жақсы деп мен оған путкиллей сендим,
Қайтпастан зулымнынг қолында журип,
Қсылып, хорланып ҳарь кунде олдим.
Жургеннен мундай боп қашайық елге,
Гез болып олсекте тоғай, тау, шолге,
Олейик жақынлап дедик биз сонда
Туылып, оскен "адули" жерге.
Ертенг тунь дедикте кетемиз қашып,
Қуандық, шадландық кеулимиз тасып
Соиттикте екеумиз айрылып кеттик,
Астелеп аяқты ахырын басып.

IV

Қашамыз деген кун жатырмыз уйде,
Ҳарь нарсе дзилип келеди миигe,
Теренг ой тулаған тенгиздей болып
Тнышлық бермеди сол туни бирде.
Жургенсонг уйқламай қабағым қатып.
Уйқлайын дедимде азырақ жатып,
Брақта ҳарь нарсе ойымнан отип
Уйқламай жатырман хиялға батып,
Козиме елеслеп ҳарь нарсе келди,
Хиялдынг қуйыны қамалап донди;
Бир есе умитим тасқынлап осип,
Бир есе умитим жалындай сонди.
Қуандым бресе журегим тасып,
Қорықгым бресе урейим қашып,
Бул не деп баз уак карангғы уйге
Қарайман аларып козимди ашып.
Қашпаға откен кун уаделер болған,
Қутылмақ болып ек зулымлық қолдан,
Маған бул бресе қуаныш берсе,
Қорқаман тағы-да алдағы жолдан.
Қарабай тез келип бригип қашсақ,
Қонгратқа пияда жаяулап ассақ,
Жолы жоқ, изи жоқ жоллардан журип
Жолдағы "Шоманай" тоғайын бассақ.
Ойлайман қашып биз тезирек кетсек,
Зулымнан қутылып мақсетке жетсек,
Атаны, ананы қуантып дымнан,
Кеулин олардынг хош уақ етсек.
Брақта Қарабай келмеди шаққан,
Ким билсин тағы ол не бале тапқан?
Тез келип, қосылып қашуды брақ,
Отинип соранып жатырман "ҳақтан".

Қарабай келмеди уйкымда келди,
"Бугин ол булманға келмес деп енди"
Қиландым, ойландым гудерди узип,
Келер деп ойлаған умитим сонди.
Уйқламақ болдым-да козимди жумып,
Шдамай тек жаттым ишимнен тнып,
"Қалдық-ау кете алмай бугинде жане"
Деп жатсам киятыр астелеп журип.
Келди-де Қарабай сипалап мени:
— Тезирек журе-ғой, кеш қалдық деди.
Қуаныш қуйыны козиме келип,
Дедим мен: "коп куттим Қарабай сени".
Асығып-қыстанып далаға шықтық,
Иттенде сақланып енгкейдик-буқтық.
"Аулға аман сау жеткере кор" деп
Жалынып, соранып "қудайдан" куттик.
Қап-қара қара тунь қарасын кииип,
Тунжырап тур екен кабағын уйип.
Жалынып, қайғырып турғандай ойда —
Ортенип лапылдап бауры куйип.
Сол туннинг екеумиз қойнына кирдик,
Жуырып журмек боп етекти турдик.
Баладай атыздан урлаған қауын
Тзилип екеумиз жуырып журдик.
Танг еле атқан жоқ келемиз қашып,
Албырап қыстандық дым жаман сасып,
Шогирди-шонггени тынгламай журип—
Оманнан-буманнан аглаймыз басып.
Урпек бас ҳарь жерде шоқланған жынгғыл
Карайды урпейип дегендей: "ким бул",
Бреуи шайқалып қозғайды басын—
Дегендей! "қалайсыз барсызба қурғын?"
Жуырып басамыз аяқты алға,

Тағы-да туспейик деймизде қолға,
Қарабай алдымда баратып озып,
— "Тезирек журь дейди узақлап қалмай!"
Бастағы шаршыны белиме байлап,
Изинде келемен жуырып айдап,
Екеумиз алғанбыз кеспелтек таяқ—
Таяқтынг жардеми болар деп ойлап.
Қулласы сонынгдай жоллардан журип,
Етекти котерип жоқары турип,
Сол кун, ертенг кун тынбастан қаштық
Деймизде зулымлар жетпесин қуып".
Нан питсе қиын деп алдағы кунлер
Ойлады теренгнен бастағы миилер.
Козлерден елеслеп бир-бирлеп отти,
Тамағы, чайы бар алдағы уйлер.
Асықтық-қыстандық жетпеге соған,
Брақта киятқан жолымыз жаман.
Богеуге, уруға гез болмай жолда,
Жетсек деп ойлаймыз аулға аман.
Ҳаркимлер созь етип бул жолды бурын,
Сойлейди оғада жаман деп турин,
Солардынг созинен еситип мунынг—
Тауир-ақ билгенмен жасырын срын.
— "Бориси дым жаман адамды жейди,
Ол бетке барғанлар келмейди" дейди,
Ойлаймыз келемиз мнаны айтып:
—"Коре алмай олермиз аулды, уйди"
Ҳал кетип биздағы шаршадық енди;
Кундағы сол маҳаль намазшам болды.
Узақта коринди бир болек тоғай
Солманға тез жетип конғымыз келди.
Журемиз-журеми! онбейди брақ,
Бизлерден ол тоғай оғада жрақ,

Ҳал қурып, журмеге дарьман-да питти,
Сонда-да журемиз брақта шдап.

V

Бир маҳаль бурылсам изиме қарап,
Бир бори киятыр козлерин қадап,
Бир нарсе айтпаға аузым-да бармай [4]
Жбердим тек ғана бакырып жлап.
Алдымда баратқан Қарабай сонда,
"Ҳа, не?" деп бақырды бурылып ол-да.
Сол гезде булдағы борини корди
Қулағы тгилип киятқан жолда.
Қулағы тгилип кеинде журип,
Жберди бориде кынгсылап улып
Бир маҳаль топрақты аспанға шашты,
Озинше гужилдеп айбатлар қлып.
Тоғайға жетейик тезирек журип,
Дедикте жуырдық етекти турип,
Ойлаймыз тезирек тоғаиға жетип,
Алайық бииклеу ағашқа мнип,
Сойткенше тағы бир бори-де келди,
Зрилдеп қорықтық жанеде енди.
Кеш болды, жол узақ жетису қиын
Ағашқа баруда уайым болды.
Жиылып жанеде 5—6 бори,
Жақынлап келисти гуллани бери.
Боритып барлығы топрақлар шашып,
Қарайды дегендей: "Биз жеймиз сени".
Баленииг болғанын кордик ҳамь билдик,
Сонлықтан екеумиз бригип журдик,
"Олежақ болдықпа туғинды кормей"
Деп ойлап оғада уайым қылдық.
Қиынға айналды кутылмақ енди,

Усы ғой деген созь: "бори жеп олди"
Деп ойлап сол маҳаль дарьманым питти
Ерксиз козиме жас қаплап келди.
Бир маҳаль Қарабай Айпара деди:
— "Жейтуғын болды ғой мени ҳамь сени
Адастым ақылдан, айналды басым,
Не болар бориден кутылу жолы".
Олимнинг қамалап келгенин блип,
Козимнинг жаслары молдиреп турып,
Ахырын кеулсиз мнаны айттым.
— "От болса корейин бирденге қлып",
Нетесенг оны деп турмастан сорап:
Қарабай жалма-жан ксесин қарап,
Шашылған шырпынынг тортеуин алып
Аперди "болғаны усы" деп санап.
Жынгғыллық бир жерге жетип-те қалдық,
Наҳан бир жынгғылдынг тубине бардық.
Кукиртти бир тартып, от жатып сонда,
Жынгғылды сындырып отқа-да салдық.
Бурынғы шуласып, улысқан бори,
Қорықты жақынлап келмеге бери,
Улысып, шуласып топрақлар шашып.
Азырақ серпилип кетейин деди.
Отырдық бирталай сонынгдай етип.
Брақта борилер қалмады кетип,
Гезеди қум шашып, гуллани шулап,
Бир блай—бир блай колбеклеп отип.
Азғана нанымыз птип-те болған,
Тек ғана шеректен азырақ қалған.
Сол наннынг жартысын қамыр кып шайнап,
Мнадай бир нарсе иследик ойлап:
Камырлы жуқалап боректей қлып,
Ишине жынгғылдынг шоғынан тғып,

Тасладық бориге жесин деп муны
Жейғойса бир ойқан боларын блип.
Бир бори сол замат қағыбақ алды,
Басқалар- жиылып таласып қалды,
Таласып-тармасып жургенде бори
Қарамай қамырлы қарынға салды.
Борилер таласып жатқанда сонда,
Тезлетти Қарабай кимылдап ол-да,
Таласқан бориге зынгғытты турып
Шогы бар жынгғылды алды-да қолға.
Олдағы барды-да тумсықка тиди,
Барулан қап-қара тумсығы куйди.
Брининг тумсығы брининг иши
Ортенип борилер алды-да сыйды,
Сол маҳаль жарқырап тангдағы атты,
Жмынглап, жылтылдап жүлдызлар батты,
Корпеси серпилип карангғы туннинг
Нурлатты санленип кирди-де жақты.
Сол маҳаль жангғырды тоғайдынг иши,
Алҳа-ал, баеа-бас деп журген кси.
Ат шауып жургени коринди бизге
Бар екен тазысы мылтығы қусы,
Сонлықтан тарқасып борилер кетти,
Атлылар шабысып бизлерге жетти.
Бес алты аушы екен тоғайға қонып
Ертерек тоғайды қарайық депти.
Қашқын боп жаулардан киятыр едик,
— Қарын аш ағалар нан беринг—дедик
Бишара деп олар аясып бизди
Нан берди солманда отырып жедик.
Журмек боп хошласып орыннан турдық,
Турдық-та илгери тағыда журдик,
Жол қиын сонынгдай журмеге жаман

Бир жери тоғайлық, бир жери қумлық.

VI

Қус қонбаған кула майдан шоллерден,
Қалынг тоғай, қанлы асу беллерден,
Тынбай атып қорқа-қорқа жол журдик
Олим козге елеслеген жерлерден.
Кун бар екен коретуғын елди-де,
Туып оскен адам болған жерди-де,
Уйрек хамь-де аққу ушып, ғаз қонған
Кун бар екен коретуғын колди-де.
Аманғана жетистикте аулға,
Користик-ау ата-ана баурға.
Мен барғанда апам шғып алдымнан,
Қсып-қсып суйди басып баурға.
— "Иштен шыққан журек, бауыр қулыным,
Омыртқамды тутастырған жулыным,
Аман-есен кутылдынгба зулымнан.
Сен кеткели болмады бир тнымым".
"Коретуғын кун бар екен жан балам", —
Деп алдымнан жлап шғып сорлы анам,
Бетлеримнен гезек-гезек суйди ол,
(Суйедиғой балаларын ҳарь адам).
Сойтип ғана жеттикдағы аулға,
Аман есен қуыстықта баурға
Дем-пем алдық бир неше кун ес жинап
Биз чай ишип тойындықта қаунға.
Соны менен алле неше кун отти,
Жыл артынан жыл айланып жыл отти,
Озь уйимде жумыс ислеп журдим мен
Ал, Қарабай жалланып ол ис етти.
Онынг менен тағы қайта таныстық,
"Созим бир" деп суйисип қол алыстық.

Узақ уақыт жолдас болып журмекке
Сырды ашып ортамызға салыстық.
Қарабайға бермек болды атамда,
Муны кута мақул корди апамда,
Менде дымнан қуанаман ишимнен
"Қосылдым" деп озим тенглес қатарға.
Кунлер отти тағы-тағы тағыда,
Жылдынг кетти қсы-гузи, жазыда,
Ғангқылдасып келип кетип турдылар
Ҳарь маусимнинг уйрек, тырна ғазыда.
Аулда биз сонынгдай боп жургенде,
Ярым менен бир аз омир сургенде,
Жер жаҳанда нахан урыс басланып.
Адам алмақ болды гуллан жерденде.
Жаман не бар жер жаханда урыстан?
Не жақсылық қан тогисип қрыстан?
Урыс деген дуньядағы жаман созь,
Қан тогилу, бас кесилу-гористан.
Сол урысқа алмақ болды коп адам,
Жазды патша халққа ол бир парьман,
Жауға қарсы урысу ушын баруға,
Жиналды адам барлық елден тум-тустан.
Сол урысқа Қарабай кетти-де қалды,
Ишиме жане-де қайғы отларын салды,
Куйиклер кушейип етимди ортеп,
Баурым, журегим комирдей жанды.

VII

Тартып келип зағараға қарықты,
Ийрдимде жаман гоне шарықты,
Бир кунлери қосық айтып отырдым
Иш қысқанда ермек етип шарықты.
Мунглы қосық, зарлы нама басладым,

Дастелентип атып созди тасладым.
Ҳарь созимде бир атылып булақтай,
Молдиреттим қара коздинг жасларын,
Ҳеш хабар жоқ Қарабайдан кеткели,
Ол кеткели мне ушь ай откени,
Уайымлап басым қатып қайғырып,
Ажим енип қашты етлер беттеги.
Жау журек батырақ суйискен ярым,
Сени ойлап қайнайды бойдағы қаным.
Коп болды кормедим сағындым кута
Жақсыма ашығым ауҳалынг қалай?
Еки козим барьҳа сенинг жолынгда,
Сен болсанг жатсам, турсам ойымда,
Бугин жане зор уайым қосылды,
Ол-да болса—мен мунглынынг сорымда.
Анау куни Бекбан ғарры алмақ боп,
Жас жанымды жанған отқа салмақ боп,
Кетип еди атамларға мал берип
Қайғыраман муны жане ойлап коп.
Ол ғаррынынг жасы мне жетписте,
Аз-ақ қалған жасы жетип олуге,
Тури-жаман, апшери жоқ басы таз,
Анық адам жеркенеди коруге.
Уйинде бар тағы еки ҳаялы,
Мен мунглыны ушинши ету хиялы,
Малды жинап, ала берсем ҳаял деп,
Мази ғана бала сылтау қлады.
Оған барсам ис қларман қулындай,
Билгенлерин етер ғарры зулым бай,
Коз жасларым қойныма сорғалар,
Таудан аққан тас булақтынг суындай.
Бай болғанда кереги не малынынг,
Жасартама малы жасын ғаррынынг,

Малға сенип жас қыз алмақ болады,
Қарамастан қурығанын ҳалынынг.
Бир тарентен Қарабайды ойласам,
Куйип жанып еттей псип қайнасам,
Екинши мналарды тағы ойлап,
Тис отпейди жеуге нанды шайнасам.
Сойтип ғана отырғанда жланып,
Олим бер—деп жанга олим соранып,
Апам келди кулимсиреп жуырып,
Қарабайдан хат келди—деп қуанып.
Дым қуандым Қарабайым келгендей,
Хатын емес, онынг озин коргендей,
Алып ушып жас журегим хаулирди,
Ошкен гулим қайта шғып донгендей.
Келе қалды Даулет деген бир бала,
Оқитуғын ол кунлерде моллаға,
Соған бердим оқып бер деп хатымды,
Шдай алмай иба сақлап турмаға.
Ашық ярым узақтағы Қарабай,
Сағынғаннан иши жанып шдамай,
Бир адамға хат жаздырып салыпты,
Хатындағы айтқан сози мнадай:
"Оскен жерди, ашық ярды, сағынып,
Бир коре алмай кундиз туни зарығып,
Бир кунлери хат жаздырдым бреуге
Бирнеше рет айтып коймай жалынып.
Бидай ренг, алма бетли, қара қас,
Кайқы кирпик, донггелек коз, сумбил шаш,
Ашық ярым еске тускен Айпара,
Тал бойыма тарамайды ишкен ас.
Кун коп болды жан ашығым кормедим,
Три, олингди мне ушь ай билмедим,
Брақтағы коз алдыма бир елес,

Сени суйип ойнап, кулип жургеним.
Онер менен қзық болып жаралған,
От арбаға мнип бизлер Аралдан [11]
Булк-булк етип алға қарап аспанда,
Толқын менен хош айтысып оралған.
Ыс-ыс етип алға журип булкилдеп,
Шыр айналып донггелеги дурсилдеп,
Қақырғанда тутин шашып паравоз,
Жоткереди жол бойында гуркилдеп,
Кенг сахара қазақтынг сар даласын,
Биик Орал тауларынынг арасын,
Кесип отип бир иркилмей от арба,
Ақ Едилдинг сипап журди даласын,
Басып журип Самар, Рязань қаласын,
Жақын етип ҳарь қаланынг арасын,
Ҳамь де кордик жлап журген халқты",
Патша алып аскерликке баласын.
Россиянынг неше жерин аралап,
Ҳарь қаланы поездбенен жағалап,
Москваға бир кунлери жеттик-ау,
Озимизше ҳарь қаланы баҳалап,
Биик жайлар аспанменен таласып,
Тас гербишлер қиюласып қаласып,
Электрден маржан тағып басына,
Бир-брине турғандай коз қарасып.
Трамвайы, автобусы донггелеп,
Донггелеклер бир-брине минбелеп,
Енг алданы мен боламан дегендей,
Донггелейди брин-бри кимелеп.
Тутин қусып заводынынг моржасы,
Ушқын шашып пролетардынг турбасы.

---

[11] *Арал*—Арал стансиясынан—деген М. Д.

Ондириси бирде ислеп кетсе-де,
Базда турып кемип атыр олжасы.
Москванынг кошелерин коргенде,
Трамвайға бир азғана мингенде,
Козим тусти улкен-улкен жайларға,
Трамвайда коше бойлап жургенде.
Коп турмадық Москвада Айпара.
Кордик қзық бул калада, гейпара,
Келип едик жане ҳазир кетемиз,
Хош айтысып бизден қалар бул қала.
Хош суйген яр, бер колынгды узақтан,
Корисейик ниетпенен жрақтан
Аман ғана қосылуды тлей бер,
Тез барарман аман болсам бул жақтан.
Тынгла Айпара усы бизден бир хабар,
Бир жақсылық болар деген ызынг бар,
Залым патша қулатылып тағынан,
Бай-зулымлар тез арада жоқ болар.
Бизлерге жасырын большевик келип,
Журипти кенг турде тусиник берип,
Большевик ер журек, ақ ниет екен.
Қиланып аяды бизлерди корип.
Аулда, қалада тусиник берип,
Шақырып журипти алмаға ерик,
Сонлыктан:
Заводта,
Аулда ҳазир,
Турыпты кун сайын козғалыс болып.
Узамас Николай жғылар тахтан
Айрылар енди ол патшалық бахтан,
Большевик баслаған минеткеш халқ,
Алады ыхтияр тезлетип шаққан.
Ыхтияр аларсыз сол кунде сизде,

Сау болсақ барармыз сол маҳаль бизде,
Қайр хош, ата-ана туылған жерим,
Тлеклес болынгыз сизлерде бизге".
Бул созди еситип туралмай шдап,
Жбердим қуанып дауслап жлап,
Журегим лупилдеп шадландым сонда,
Сауер яр Қарабай келгендей жанга.
Коп уақыт кун кордим байларда журип,
Кеш жатып ис қлып саҳарден турып.
Байбише тнышлык бермейди ҳасла,
Куни-тун ислеген ислерди блип.
Сойтип мен жургенде қайғырып мудам.
Партия ыхтияр аперип маған,
Жонь силтеп,
Жол баслап,
Қолымнан тартып.
Жақтына шғарып етти сол адам,
Мен емес жалғыз тек хорлықлар корген,
Байлардынг қолында қул болып журген.
Мендей ғой минеткеш кызлардынг коби.
Хорлығын, тенглигин мнау коз корген.
Балам сен, бахытлы мунынгдай болған,
Партия Октябрь бахытлы қылған,
Бизлердинг кунимиз жоқарғы еди,
Деп кемпир созлерин айтып-та болған.
Дурыс-ғой шнында кемпирдинг сози,
Айтқан ғой ол кемпир коргенин кози.
Бреудинг хорлығын корип тек қойма,
Басынан кетирген сорлынынг ози.
Копшилик бахытлы заманға жетти,
Басынан қайғылы қара кун отти,
Гул турмыс Нур турмыс,
Қурысып олар.

Ескиге аяусыз бердилер тепки.
*1935-1936-жыллар*

## ДАЛИ НАЗБЕРГЕНОВ
(1913 - 1942)

Дали Назбергенов—қарақалпақ совет адебиятында лирик шаир спатынаа орын алады. 1936- жлы шаирдынг "Бахыт жры" атлы бринши қосықлар топламы, 1940-жлы екинши қосықлар топламы, 1942 жлы "Биз женгемиз" атлы ушинши қосықлар топламы шықты.

Қарақалпақ мамлекет баспасы тарепинен 1952-жлы ҳамь 1955-жлы шаирдынг тангламалы шғармалары басылып шықты.

Лирик шаир болуменен бирге, Назбергенов бирқанша позмалар да, гурринг, очерклер, фелье-тонлар да жазды.

Онынг Уллы Уатандарлық урысқа қарақалпақ халқынынг қатнасын суретлейтуғын "Еки батыр" поэмасы 1942-жлы озь алдына ктап болып басылды, ал Қарақалпақстанда совет властынынг орнауы ҳамь беккемленуин корсетуге арналған "Жиен" поэмасы 1955-жлы шыққан шаирдынг "Тангламалы шғармалары" топламында дағазаланды.

### Қосығым

Жанға жай, журекке жалын киргизип,
Арттыр оқығаннынг кушин қосығым;
Қозғалтып денени, тамыр жургизип,
Корсет алдағынынг исин қосығым.

Жансызға жан берип, киргизип сезим,
Иске жгерлендир ҳарь ауз созим,
Сулулығынг тартып коргеннинг козин,
Суйсиндирсин форманг сенинг қосығым.

Маржанын диз создинг ойыма алған,
Комегингди корсет, уағымда толған,
Досларды алға тарт, кеинлеп қалған,
Қиялды шарықлат менинг қосығым.

Танг нурынынг қушағында қуанып,
Қолына женгистинг байрағын алып,
Алда журген ердинг ғайратты салып,
Женгисли ислерин корсет, қосығым.

Сен ушын уақтымнынг коби отеди,
Ой менен он бармақ хызмет етеди,
Сия, қалем, қағаз, ҳурмет етеди,
Халқым ушын хызмет атқар қосығым.

*1936-жыл.*

## С С С Р

СССР—бахыттынг, бостаннынг ели,
Бирликте кеуилин қосқаннынг ели,
СССР—Уатаны еркин халқлардынг,
Бул Уатан—шад болып тасқаннынг ели!

Дуньяда дарья, кол, тенгиз кешсенг-де,
Жер шарынынг барин шолып отсенг-де,
Турли-турли ел корерсенг, брақ-та,
Ел таппайсанг СССР-дай ҳеш жерде.

Теренг, тнық, молдир СССР суы,
Кенгес жерге беккем орналған туы,
Завод пенен фабрикалары пать алған,
Даланы қулпыртып, жайнаған гули.

Сансыз женгис СССР-да кун сайын,
Корсетеди билген ерлер ис жайын,
Жер жузинде дарья, тенгиз кешсенг-де,
Таппайсанг ҳеш СССР-дай ел байын.

Қызғын журек, енг қуатлы қолымыз,
Дослықтамыз! Журсек ашық жолымыз,
СССР-да — баримиз бир семья.
Ҳеш уақытта умытпаймыз оны—биз.

Гуллан халқ ағайин ҳамь-де туысқан,
Бир мақсетке бекинип, бел буысқан,
Жер шарынынг барин ушып отсенг-де—
Ел таппайсанг биздей тату-туысқан.

Бзинг женгис байрағымыз желбирер,
Бзинг халқ—бар миллет тлинде сойлер,
Бзинг елдинг қуяслары алтыннан,
Жарқырап алемге нурларын себер.

Бзинг жулдыз жақты тунь ҳамь думанда,
Кориnеди не болса-да дуньяда,
Жер жузинде дарья, тенгиз кешсенг-де,
Ел таппайсанг бизден жақты жаҳанда.

Уллы Ленин уасиятын атқардық,
Ленинннинг жолында турмыста шадлық,

Беккемлеймиз елди Ленин айтқандай,
Қуртамыз душпанды қоймастан барлық.

Мейли душпан шекарада англысын,
Ангын тауып, аскер бермек тамбисин,
Оте алмай жау шғыс пенен батыстан,
Соққы жейди корип ерлердинг кушин.

Қорғау ушын Уатаннынг бар халқы сақ.
Алған партиядан барьҳа куш—ғайрат.
Жер шарынынг барин ушып отсенг-де,
Ҳешбир елде бизден асар жоқ қуат,
Биз қорғаймыз елимизди турып тақ!
*Январь, 1939-жыл.*

## Москва

Жер устине тангнынг нурын таратқан,
Кундей коркем, адам суйип жаратқан,
Уатанымнынг журегисенг Москва
Сенинг дененг қайтпайтуғын полаттан.

Шам-шрағынг жақты берип алемге,
Мақтанылды сенинг санинг бар елде,
Козди тартып, қзықтырды коринисинг,
Еситилди дангқынг ҳатте геренгге.

Қуяш нурын жақтырмаған жарғанат,
Қарангғыда тмискенген анталап
Заҳарь шашып солдырмаға гулингди,
Урынуда аш қасқырлар қанталап.

Урлеп ошируге шам-шрағынгды,

Тунь етуге нур жайнаған тангынгды,
Жумсауда жау барлық кушин озининг,
Сындырғысы келип сенинг сағынгды.

Козлеримнинг қарашығы—Москвам,
Уатанымнынг жарасығы—Москвам,
Сенинг ушын қурал алдым қолыма,
Туысқаным, жан ашырым—Москвам.

Коркимсенг сен, козди тартқан алыстан,
Шадлықпенен сайран етер бағыстан,
Жулдызларынг шуғласынынг устинде,
Табияттынг кунименен жарысқан.

Жарғанат—фашисттинг кеулин тастырмай
Берман қарап бир қадем-де бастырмай,
Тости тосеп Москваны қорғаймыз,
Ифласларды қуртпағанша тынбаймыз.
Қуртамыз орнында аузын аштырмай!
*Декабрь, 1941-жыл.*

Пушкин

Ким билмейди, сенинг уллы атынгды!
Кимлер оқымаған жазған хатынгды!
Қзыл қумда—Аму дарья бойында,
Қарақалпақ—бул-да билди дангқынгды.

Ойламаған единг тек озь мапингди,
Халқынг ушын ҳауижлеттинг патингди,
Душпанынга қарсы болып удайы,
Қосықпенен айттынг откир гапингди.

Шаир единг созь ҳасылын сайлаған,
Патша биге қарсы тисти қайраған,
Копшиликтинг пкиринен созь айтып,
Халқынг ушын азатлықты ойлаған.

Сен ашығы единг жанга омирдинг,
Талпынып енг ҳаллас урып кеуилинг,
Брақ сонда қара журек залымлар,
Ерк бермеди дегенине ойынгнынг,

Патша сорап отырғанда елингди,
Қозғасанг-да жазалмадынг белингди,
Саған қарсы сумлық ойлап жаузлар,
Ылайық тапты ахырында олимди.

Сен—данышпан, суйген ул енг елинге,
Ақыл менен ойды жиған кеулинге,
Сенинг созинг журегинде халқтынг—
Ядқа айтады қосығынгды бари-де.

Ким умытсын, Пушкин сенинг атынгды!
Ким оқымас, ҳасыл—алтын хатынгды!
Қарақалпақ улы—мен-де ескерип,
Озь елимде котеремен дангқынгды.

*1937-жыл.*

Амударъя бойында.

Аспанда қалқып ушқан аэроплан,
Зырғады кок жузинде қустай қран,
Жер бетине бурылып козди шарлап,
Кабинде летчикпенен мен отырман.

Рульди беккем тутып, салып жонге,
Дегендей: "бар билигинг сенинг мен-де",
Самолетқа тез ушу ходын берип,
Жолдасым-да коз салып отыр жерге.

Биз уштық Амударья бойымен,
Етуге колхоз жерин корип серуен,
Баратырмыз бой балқып, кеул шалқып,
Желпинип, тасирленип жазғы желден.

Аму жатыр кенг жерди еки болип.
Булқынып буырқанып, кушке мнип,
Амудинг айбатынан қорқып, сасып,—
Қара тау жарылғандай еки болик...

Амуди емип-сорып балалары,
Жер бетин айырып таралады,
Анадан шын тойынған бала болса,
Журген жерден орнын таба алады.

Жер бети жасыл глем тоселгендей,
Байрамға бағышланып безелгендей,
Қзыл гул, бойын жазып, кокке орлеп,
Жасыл жер тағы турли санленгендей.

Тереклер тенгселисип, жасыл донип,
Қол былғаған сияқлы бизди корип,
Дегендей: — "биз кутемиз ықласпенен,
Тусингиз, қонақ болынг бизге келип".

Тамашалап, коз салып барине-де
Колхоздынг ерине-де, жерине-де,
Қарадым зеинменен шоқ-шоқ қонған—

Қаладай санли орнасқан елине-де.

Жарқырап коринеди небир жайлар,
Қасында қбырласып журген жанлар,
"Бул не екен" деп козимди тағы салдым,
Коринди ктабы бар гил жас баллар.

Жиылып, жбырласып бари бирден,
Усады улкен жайға бари кирген,
"Мектеп, клуб бир жерде екен-ау" деп—
Уйғардым козимди алмай тағы елден.

Ел корки козди тартып, санленип тур,
Орнасқан жерлерине сань берип тур,
Ақ жайлар электрдей жарқ-журқ етип,
Кун нурына шағылысып, турленип тур.

Коринди Амуди емген улкен бала,
Онбес қапы —коп қоллы кенг бир сала,
Қарап едим коз салып алабына,
Таминленген усыннан шексиз дала.

"Қыз кеткен" —бунынг аты, дангқы кушли,
Алыстан-ақ жарқырап козге түсти,
Бойына, сымбатына, келбетине—
Суйсиндим. Тағы шолдым тумлы-тусты.

Еки бойын жайлаған колхоз ели,
Қулпырып, жасыл донип жатыр жери,
Кок мақпал, қзыл жпек, мауытыдан—
Теп-тегис киинипти ҳаял-ери.

Сусыны қанып халқтынг, болған абад,

(Бул жерде бес район жайған қанат),
Минетке шын берилген жанга адамлар,
Жмынглайды суйинип бизге қарап.

Амудинг бир баласы кута кушли—
Дарьянынг туслигинде козге тусли,
Озининг зор турпаты, корк пшими,
Ерксиз танг қалдырып, тартты бизди.

Бунынг аты—"Суенли—Ленин жабы",
Жангарған жанга аул еки жағы,
Ийримленип Амуден тартады су,
Тасқын су колхоз жерин қандырады.

Толқынлайды каналдынг тасқын суы,
Коз тартар устиндеги шыққан пуы,
Жарқырап шағылысады алтын кунге,
Мол судынг қаныып оскен қалынг нуы.

Каналдынг суын жузген неще мынг қус,
Қарасанг, танг қаларлық қзық коринис,
Сайрайды ҳауаз қосып, етип сайран,
Ойына крип шықпай аязлы қыс.

Ленин жаптынг суында алтын балық,
Қашаннан суенин жеп журген халқ,
"Суенли" деп қойыпты онынг атын,
Бул аты кеткен бурын кенг таралып.

Су ашып, жерлерине егин еккен,
Ерлерим тракторды иске жеккен,
Қахарман колхозшылар оним ушын —
Аянбай кушин салып хызмет еткен.

Жағалап Аму бойын кеттик ары,
Коринди қзық ислер талай тағы,
Қарасақ, адам ие бар нарсеге,
Адамға мойынсынған заттынг бари.
*1940-жыл.*

## Жолдас

"Жолдас" деген созь қымбатлы,
Егер, уқса ҳамме мендей;
Жолдас ушын жан қиясанг,
Суйсе ол-да нағыз сендей.

Шын берилген жолдас болса,
Брин-бри алдамайды;
Шыннан суйген жаслық кеул,
Сулулықты тангламайды.

Жолдас болса шын берилген,
Ол да суйсин сен суйгенди;
Аямасын, соққы берсин,
Қуртсын халқын жек коргенди.

Ким Уатанға шын берилсе,
Мен соны шын жолдас деймен,
Ким табансыз, тайғақ болса,
Ондайлардан қол уземен.

Турақсыздан жақсылық жоқ,
Жолдасына ҳамь озине;
Ҳадал жолдас куш қосады,
Жауға қарсы гуресуде.

*1938-жыл.*

## Сауле

Звенода сен бир озинг,
Баринен озып шықтынг Сауле;
Звенода улги созинг,
Истен жумақ куттинг Сауле.

Колхоздынг бригадири,
Ишинде бар жас ҳамь ири,
Алдағы звенонынг бри,—
Болып, баринен оздынг Сауле.

Еттинг қызғынлы ҳарекет,
Теримингде бар берекет,
Тергенинг ҳасыл зураат.
Минет қзы болдынг Сауле.

Аппақ алтын ашты аузын,
Суырып тарттынг сен мангызын,
Тердинг алтыннынг бразын,
Ғайратлы қыз болдынг Сауле.

Ҳаркун нормадан отирип,
Сексен килоға жетирип,
Анық олшеп, дурыс берип,
Мухиятлы болдынг Сауле.

Алтын жинау тур ядынгда,
Ылғаллылық тур бадынгда,
Журдинг копшилик алдында,
Ылғаллы қыз болдынг Сауле.

Кетпединг жонсиз коп ойнап,
Журдинг зирек болып ойлап,
Блимге-де жуздинг бойлап,
Ислеп, оқып оздынг Сауле.

Мне, болдынг блимли адам,
Жангалыққа бастынг қадем,
Сен талпындынг алға мудам,
Минетпенен остинг Сауле.

Исингди копке корсеттинг,
Ис устинде ғайрат еттинг,
Сапасы ушын гурестинг
Сен алдында болдынг Сауле.

Кеинлеп қалды бразлар,
Жалқауланып Пирниязлар,
Қара тахтада турыпты олар,
Сен алдына тустинг Сауле.

Ҳешқашан-да болмағыл бос,
Қара тахта—сылбырға дос,
Жанга женгистинг жолларын тос,
Ҳауижлендир исти Сауле!

Арттағыға таселле бер,
Котермелеп, алға жбер,
Озинг басла, қолынгды бер,
Гул жайнат исингди Сауле!

Ендир патти еле иске,
Кунлик исти қойма туске,

Бизде—ҳурмет—минеткешке,
Герой болып атан Сауле!
*21/X-1934-ж.*

## ТАЖИАХМЕТ СЕЙТМАМҮТОВ

(1905-жлы туылған)

Шаир Т. Сейтмамутов драматургия, проза тарауында-да, шуғылланады. Ол "Қабыл қаллаш", "Даме"(1933-жыл) "Азат қыз" (1939-жлы) ҳ. т. б бирқанша пьесалар жазды. "Гулсара", "Аршын мал алан" ҳ. т. б. пьесаларды қарақалпақ тлине аударды. 1950-жлы онынг "Бзинг заманнынг жанга адамлары" деген гурринг ҳамь очерклер топламы шықты.

Онынг енг кобирек шуғылланатуғыны—поэзия жанры. 1932-жлы "Октябрь саулаты", 1938 -жлы "Қаракол", 1946-жлы "Қахарман", 1954-жлы "Силық" атлы қосықпар топламы басылып шықты. Бул топламларға шаирдынг "Жетимнен жетилген", "Бесжап", "Қаракол", "Қаҳарман" сияқлы поэмаларыда кирген.

### Д а н г қ

Отырып қарасанг қоз салып кокке,
Хиялынг айланар жер жузин шарлап.
Шетине жетиспей паминг аспаннынг,
Отеди ҳарь нарсе алдынгнан зулап.

Журсенг, сайран етсенг, атласанг адым,
Зейнингди ашады ҳауа ширин пал.

Коз алдында турған турли гиянынг,
Денесин қтықлап турғандай шамал.

Коз жуйрик келешек узаққа қарап,
Жол излеп табыстан табуға камал.
Влимсиз узаққа жетпесин блип,
Кеул талуас етер блимге дарьҳал.

Блим—дарья, журсенг қайығын тауып,
Толқынлар жол берер жан-жаққа тарап.
Жетесенг мудирмей узаққа шауып,
Жетесенг женгистен-женгиске шағлап.

Келинг дослар, келинг жаслар, келинглер,
Оқиық-оқиық блимде дарьман.
Блим—бахыт, блим қурал, блим—дангқ,
Блимнен гулленер барқ урып Уатан.
*1950-жыл.*

## Жарасар

Псип жатқан алма, жузим, анары
Табыстынг таусылмас биик мнары.
Партия бағманы, уллы ғамхоры,
Уатаным дуньянынг бағына усар.

Кушине исенген баҳадыр палуан,
Бахытты манггиге қолына алған.
Буркиттей жерлерге панжелер салған,
Колхозларға минет ери жарасар.

Табысты беккемлеп биик услаған,
Табыстан табысқа жолды баслаған,

Кенг бахытқа жетип кеулин хошлаған,
Ғошшақларға минет ислеу жарасар.

Айрықша озине миннет алғанда,
Пухта ислеп исин жолға салғанда,
Алдағы корнекли искер палуанға,
Минеттинг геройы болған жарасар.

Ерте турған, етек-женги жиылған,
Басып откен не бир турли қиыннан.
Орын алған мерекеде жиыннан,
Минеттинг батыры ерлер жарасар.

Ғаздай қатарласып, астында аспан,
Бултларды қақ жарып қуслардай ушқан,
Шерингди тарқатып зейнингди ашқан,
Кенг ҳауаға самолетлар жарасар.

Басын томен иип жерге бугилген,
Миуелери туплерине тогилген,
Қатар-қатар қиябанлап егилген,
Аулларға миуели бағ жарасар.

Ғамхор болып сая тусирген басқа,
Ыссыда куйдирмей аптап-қуясқа,
Шақалап тум-тусқа оскен ағашқа,
Маржандай дзилген жапрақ жарасар,

Клубларда турли ойын ойнаған,
Коргенлердинг корип миири қанбаған,
Той-тамаша қыз-жгитлер тойлаған,
Кино менен театрлар жарасар.

Толған табыс тумлы-тусым айналам,
Табыстан гулленген аул ҳамь қалам.
Халқым совет—бахыт ол, ата-анам,
Манггиге бул бахыт бизге жарасар.

Козиме гул-гул донген кенг дала,
Гуллерге боленген аул ҳамь қала.
Отыз ушь жылда табысымыз марьдана,
Қанша айтсақ мақтануға жарасар.
*1950-жыл.*

### Суйемен

Перзент солмас гул, козлерге ысық,
Ауилден кулгенде кеулинг шад болар.
Перзент баур ети деген нақыл бар,
Перзентлининг бауры бахыттан толар.

Ким-де болсанг қашанда,
Перзент керек сонынгдай,
Егер болсанг шын адам,
Перзентти суй жанынгдай,

Аспанда коринген ай менен жулдыз,
Қарағанда қандай шадлы кеулли,
Жарқырап коринген турлери сулу,
Гуллан жерде котереди кеулди.

Дуньяда ширин деп санасанг нени,
Перзенттен мазалы болмайды нарсе.
Қуанасанг, океандай тасасанг,
Талтанглап ғаз турып сойлесе, кулсе.
*1949-жыл.*

## АМЕТ ШАМУРАТОВ
(1912-1953)

Амет Шамуратовтынг творчествосы қарақалпақ совет адебиятынынг барлық жанрларында-да белгили орын иелейди.

Ол коплеген қосықлардынг: "Бахытлы заман", "Айманшолпан" сияқлы колемли поэмалардынг авторы болуменен бирге, онынг қалемине балалар ушын жазылған. "Ески мектепте" деген повесть. Менинг жолбарысларменен ушырасуым" деген гурринглер топламы тиисли. Сондай-ақ ол "Ески мектепте" деген пьеса, атақлы "Кырқ қыз" эпосынынг мотиви бойынша усы атпенен торть актлы алты картиналы муздрама, жазушы Ж. Аймурзаев пенен бирге "Арал қзы" деген пьеса жазды.

А. Шамуратовтынг ушь қосықлар топламы басылып шықты.

1954-жлы Қарақалпақ мамлекет баспасы тарепинен жазушынынг "Тангламалы шғармалары" басып шғарылды.

### С у й

Заманнынг раушаны — ашылған гули,
Жасларға қарайман кеуилим toймай,
Ғошшақ жгит, қызлар, сизлерге арнап
Созь маржанын тапсам деймен ҳеш қоймай.

Колхоз, совхоз, ондиристе, қалада,

Қайда барсам жаслар козим жайнатар,
Еркин пискен миуа янглы бағларда
Зейнди ашар, қуандырар, балқытар.

Бир мен емес миллион ата-аналар
Ози осирген ул, қзына қуанар,
Бул бахытлы уақты хошлы дауранда
Балки қартлар жасаруды ойланар.

— Менинг бир улым бар Аму-дарьяда,
Ол капитан, параходта жузеди;
Уллы қурылыстынг жуклерин тасып,
Баржалардан зор каруанлар дузеди.

Қзым муғаллим колхоз аулында,
Жас ауладқа илим-блим береди;
Ортаншы улым летчик, ҳауаны гезген,
Ушу десе ол жанындай кореди.

Генжетайым биыл алды аттестат,
Тау ииженери болмақлықтынг ғамында,
Жанга қосылғандай бизлер кемпир-карт,
Қайда ҳазлик—биз баллардынг тойында.

Дейди муртын таулап Ерназар аға,
Козлери ойнақшыр жангарып сана,
Нақ усындай ҳаммелерде ул, қыз бар,
Ол заман сани ғой—дартлерге дауа.

Кимменен сырлассанг, узақ жол журсенг,
Жасларсыз болмайды тою-тамаша;
Гигант қурылыслар, батырлық, мартлик,
Женгисли болмайды жаслар болмаса.

Келешек умиттинг дереги жаслар,
Бзинг дауримиздинг—треги жаслар,
Уллы партиянынг таусылмас бағы
БАЙРАҚЛЫ КОМСОМОЛ жасларды баслар.

Қане шаир, тынбай жасларға қара,
Жаслардан айрылма, мудам алға бас!
Алтын заманнынг раушаны жаслар,
Оларды суй, мудам жырла—нурынг шаш!
*Август, 1951-жыл,*

Айшолпан—Палман
(Поэмадан узинди)

Бугин корсенг озге Қазақ дарьяны,
Жасанған Турленген аул-аймағы,
Бунынгдай мереке ҳеш болған емес,
Қазақ дарья болып атын алғалы.
Желпип есер жаздынг қонгыр самалы,
Ескен сайын зейинди ашар жамалы.
Тенгиз асте толқып, балық ойнаған.
Жер шадлығын шешкендейин саналы,
Жаз жарқырап, қуслар ушып ҳауада,
Қлықлары, сайрағаны зияда.
Осимликлер ырғалысып жайнайды,
Салемин бергендей бугинги тойға.
Киинген, безенген қыз-жгит жаулан,
Танца ойнар, қосық айтар, жузь альуан.
Бари-де колхоздынг батыр ерлери,
Озлерин корсеткен минетте палуан.
Неге қуанбасын колхоз бугинги кун?!
Неге шғармасын бугин шадлы унь?!

Жау женгип киятыр батыр арысланлар,
Сол себеп жарқырар бугин куни-тунь.
Уйлер таза дастурханлар жаюлы,
Шмылдыққа сулу нағыс оюлы,
Батыр Кызлар қзыл гулдей турленген,
Женгисли ярына бари арнаулы.
Колхозшылар кутиседи мартлерди,
Тарқатажақ мартлерменен дартлерди.
Коз айырмай қарар онынг жолына,
Бугин еске алажақ айтқан сертлерди,
Бугин муҳаббатлар орбип-оскендей.
Яр сую дегенди жанга билгендей,
Айшолпан битақат кутеди ярын,
Ҳарь минутты бир жыл янглы сезгендей.
Апақ-шапақ корсенг онынг баллары,
Ағасы келерин блер жанлары,
Екеуи-де секирип тусип ойнайды,
Кеул хошы апасынынг паллары.
Қайта-қайта Шолпан суйип балларын,
Суюменен басар журек даурығын,
Коринер деп кок тенгизге қарайды,
Қаранг онынг шдай алмай турғанын!
Бир маҳалде теплоходлар алыста,
Коринди жылтылдап шаққан шабыста,
Суда шайқауылып атлыққан жорға,
Қақ жарып тенгизди келер жарыста.
Ҳа дегенше келип жетти жағысқа,
Ҳаммелер умтылды фронтшы досқа,
Қолына котерди жерге бастырмай,
Деди:—мартлерге дангқ!—кеулди хошла!
Гулден толды бул мартлердинг қушағы,
Ата—улын, қызлар — ярын қушады.
Марть Палман балларын суйди қушақлап,

Суйип Айшолпанын зейин ашады.
— Адули ата, ана, ини, қарындас,
Суйиклим Айшолпан сен маған сырлас,
Тынгланг, корисинглер,—деди марть Палмап,
— Мне Ваня достым туысқан жолдас;
Бунынгменен фронтларда журдик биз,
Уатан ушын ҳаммесине кондик биз
Мнау Тоня ҳамь маған-да қарындас,
Ушеумиз-де бирге елге келдик биз.
Оннан бетер шадлық дарьядай тасты,
Ваняны, Тоняны суйди ҳамь қушты,
— Хош келдингиз бзинг батырларымыз.
Деп тордеги орынға халқлар жол ашты.
Улкен-кши бари жанындай корди,
Қол ушқа котерди улындай корди,
Тоня болса қушағында қызлардынг,
Сағынып кориcкен достай коринди.
Шертилди саз, турли ойын басланды,
Женгимпаз мартлердинг кеули йошланды,
Бир маҳалде созь сорады марть Ваня,
Қутлықлап айтпақшы досты, туғанды:
— Дослар биз ырзамыз бугин шадлыққа,
Уллы женгислерге, енг биик дангққа,
Бизди бул женгиске баслап акелген,
Партиямыз паруанадур халққа.
Биз: партия!—дедик жапырдық жауды,
Қиынлыққа кондик биз алға бастық,
Талқанладық биз фашистлик буғауды.
Тазаладық Уатан жерин жалладтан,
Фашист жабайысы жегили қурттан.
Партиянынг басшылығы астында,
Биз корғадық Европаны апаттан.
Женгди бул урыста халқлар дослығы,

Патриотизм, бойға питкен йошлығы.
Қарангғыда езилуден шын азат,
Еркин минет еткен кеул хошлығы.
Бул женгис бизлерге тегин келмеди,
Женгис ушын қоплер жанларын берди,
Биз оларды умытпаймыз ҳеш уақта,
Олар шын перзентлер дангқы олмейди.
Совет халқы тнышлықты қоллаймыз,
Биз дуньяға тнышлық деп туғанбыз.
Енди дослар еркин минет етейик,
Қоммунизм дузуге бел буғанбыз.
Ата-ана қутлы болсын айтаман,
Ел-елатлар шадлы жасанглар аман,
Келинг дослар жангғыртып саз шертейик,
Енди тныш жасау ушын ҳарь заман!
*1946-жыл.*

## Ана

Эй анажан, ана қымбатлысанг сен,
Сен болмасанг дуньяға келер-ме едим мен,
Сен басқан топрақтынг баҳасы жоқ,
Сен болмасанг дуньяға келер-ме едим мен.

Есимдесенг журсем, турсам жан-анам,
Умытпайды ҳеш уақ қадирдан баланг,
Бир мен емес ҳурмет етер анаға,
Анадан туылған баршелли адам.

Кешеги откен қара басқан заманда,
Сен мени туыпсанг қиын ауҳалда,
Ақ суть берип осирипсенг алпешлеп,
Қангғырысқан посқыншылық болса-да.

Жанга бес жасыма қадем урғанда,
Палапан кептердей ушып қонғанда,
Омиринде қуаныппан бирден-бир
Уллы Октябрь маған нурын салғанда.

Остим, полат кушим бойымда менинг,
Ананынг лаззети ойымда менинг,
Адам болдым онг-солымды англадым,
Мудам уақты хошлық тойымда менинг.

Миннетдарман ақ сутингди ақлайман,
Ана—Уатан жерин мангги сақлайман,
Октябрьдинг мен осирген баласы,
Сенинг ушын жан берсем-де жоқ арьман.
*1952-жыл*

## НАУРЫЗ ЖАПАҚОВ
(1914-жлы, туылған)

Н. Жапақовтынг адеби творчествосы 1931-жыллардан басланады. Усы жылдан баслап ол рес- публикалық газеталарда, партия ҳамь совет органларында жуаплы басшы хызметлерде ислеп киятыр.

Шаир Н. Жапақовтынг "Кун", "Бахытлы заман", "Уллы рус халқына", "Бахарь" атлы қосықлар топламлары басылып шықты.

Сондай-ақ ол шаир Ж. Аймурзаев пенен бирге "Шаир сози", шаир Х. Сеитов пенен бирге "Алыстағы жайлауда", "Гулленген аул" поэмаларын жазды. Рус

ҳамь озбек тиллеринде коп ғана қосықлары ҳамь айрым топламлары басылды.

Уллы рус халқына

Блемиз бурында,
Аму бойында,
Қарақалпақ халқы еди уйқы-да,
Хан ҳамь байлар езди,
Сарғайтты жузди,
Асирлер бойына болды қайғыда.

Козге алып жасты,
Қайғы ҳасирет басты,
Минеткеш халқымнынг ақыл-ойларын,
Жгит ҳамь қызлар.
Ата-аналар,
Еркин жазып журе алмады бойларын.

Турмыстан қсылды,
Козлери тынды,
Брақ, халқ омирден умит узбеди.
Азаплар шеккен Қара тунектен,
Қутылудынг жолын барьҳа гозледи.

Неше асир қамықты,
Кормей жарықты,
Сонда-да халқ тынбай бахыт изледи.
Рус халқына ерип,
Куш-қуат енип,
Қуллықтынг ксенин уземиз деди.

Орнынгнан тур,
Деп, сеуип нур,
Баслады алға, уллы рус ағамыз.
Барлық халқ оянып,
Ҳамь-де қуанып,
Деди,—уллы рус халқы панамыз.

Октябрь туды,
Нурменен жуды,
Партия бас болып азат болды ел,
Ел куши тасты,
Ҳамь алға басты,
Нурланды бзинг жер, ҳамь-де алтын кол.

Баслап уллы исти,
Гозлеп женгисти,
Деди,—туысқанлар берингиз қолды,
Берилди қол,
Бахтымыз ол,
Женгиспенен омир жолы салынды.

Дузип жанга омир,
Жақтылы дауир,
Қарақалпақ халқын мангги азат етти,
Ҳамме халқ бир болып,
Кушке—куш толып,
Ағасы арқалы мақсетке жетти.

2.

Аму асау еди,
Жуенсиз еди,
Онер, блимменен жуенлеп бердинг.
Сулар жеткерип,

Бағлар котерип,
Сен аштынг бахтын елдинг ҳамь жердинг.

Турмыс абадан,
Шадлы ҳамме адам,
Бизди қуандырған уллы рус халқы,
Халқлар меҳрибаны,
Журеги тани,
Баҳадыр бул халқтынг жайылсын дангқы.

Сен ашып козди, Жайнатып жузди,
Хақиқатлық исти уйреттинг бизге,
Биз орнек алдық,
Ол Советти дузди,
Мангги шағладық
Мынг-мынг рахмет айтамыз Сизге.

Турмысты озгерттинг,
Улги корсеттинг,
Ҳамь берип, дуньяға Ленинди дана,
Тунекти бузды,
Компартияны дузген тек Ленин ғана.

Мангги азат болынг,
Бул жақты жолынг,
Деп, бердинг елиме ленинизмди,
Жету ушын дангққа,
Дедингиз халққа:
Ленинизмнен ашынг козингди.

Оқып уйренип,
Гурес жолын блип,
Ленинизм,—батпас кун болды,

Ленин жолында,
Байрақ қолында,
Женгисли халқ кеули шадлыққа толды.

Халқлар данасы,
Ленин идеясы,
Мииге беккем орнап, журекке сингди,
Ол қурал гуреске.
Ҳамь-де женгиске,
Ленинизм гуллан гуресте женгди.

Нғайтып бирликти,
Корсеткен ерликти,
Гурестинг жолларын уйретип бизге,
Жайылған дангқы,
Уллы рус халқы,
Мынг-мынг рахмет айтамыз Сизге.

Блим берип,
Женгиске жетип,
Тнышлық байрағын котерген қолға,
Уллы рус аға,
Сенсенг марьдана,
Коммунизмге, бизди баслаған алға,

Қос терек ҳаққында баллада

*I.*

Жапрақ жайып қос терек,
Кок озектинг бойында,
Козди тартып турыпты,
Жаздынг гоззал айында.

Узақтан корсенг шақасы,
Даль аспанга жеткендей,
Тармақланған тамыры,
Жерге тарап кеткендей.

Бурын буны кормеген,
Адамлар танг қалады,
Отаудай болған турпаты,
Откенди ядқа салады.

Жузь жылдан-да кобирек,
Жасаған шғар бул терек,
Тарихын коплер билмейди,
—Егилген мумкин ертерек.

Қос теректинг атрапына,
Тазадан бағлар егилген,
Миуаларға сырғып,
Козге ысық коринген.

Жери гулдей лалазар,
Жан-жағы кенг далалар,
Бағ ишинде сайранлап,
Ойнап журь жас балалар.

Ойлайсанг, неге бул жерге,
Балалар сонша жиналған?!
— Бул жер пионер лагери,
Жазда жайлы дем алған.

Дем алған жас Азат-та,
Терекке кунде қарайды.
Тарихын блип алуға,

Қзықсынып сорайды.

Тли болса теректинг,
Сорар едим озинен.—
Деп теректинг турпатын,
Айырмайды козинен.

Теректе, жерде, тау, кокте,
Сыр бар-ма ҳазир жасырар.
Асықпа Азат уақтында,
Теректинг сры ашылар.

II

Айлар отти, жыл отти,
Азат оқып ер жетти.
Бир куни барды қумартып,
Коруге қос теректи.

Барса отыр бир ғарры,
Қос теректинг қасында,
Аузында тси қалмаған,
Магер сексен жасында.

Отырып ғарры сол жерде,
Коз жберди омирге,
Не айтар екен дегендей,
Ойланып Азат тур бирге.

Қараса ғарры терекке,
Солғын тартты жузлери,
Кемсенглеп жас баладай,
Жас алды сонда козлери.

Деди Азат шдамай:
— Қамықтынг ата сен неге?
Келиппединг узақтан,
Қос теректи кормеге?

Козининг жасын суртти-де,
Шаршысын алып қолына,
— Сер салсанг сыр бар деди ол,
Откен омир жолында.

Кормегенди корсем деп,
Жаслар ҳауес етеди,
Билмегенди тез блип,
Мақсетине жетеди...

Харбир жерding ҳамь елдинг.
Тарихы бар, иси бар.
Откен исти омирди,
Блетуғын кси бар...

Қос теректинг озине,
Ылайықлы сры бар.
Керек болса қарағым,
Мен айтайын блип ал.

Кемтарлық корип откенмен,
Мнау кок озек бойында,
Диқан болдым коп жлап,
Нурлыбайдынг қолында.

Жумыс ислеп жасында,
Балам-да журди қасымда,
Тапқаным жетпей тамаққа,

Ерк болмады басымда.

Кериз қазып шғырдан,
Су шғарды жерлерге.
Толғандай болды жап-салма,
Манглайдан аққан терлерге.

Қанша минет етсек-те,
Бизге раҳат болмады.
Нурлыбайдынг аш кози,
Ҳеш нарсеге тоймады.

Гулжан деген жас қыздынг,
Басына салып бай ғауға,
Есерсоқ улы Нурымға,
Айттырды зорлап алуға,

Есерсоқ бай баласын,
Қыз журеги суймеди.
Зорласа-да қаншелли,
Алдында бас имеди.

Суйген екен сол қызды,
Менинг балам Бекжан-да,
Суйгенине қосылу,—
Қиынғой откен заманда.

Нурлыбайдынг баласы,
Кейнинен қыздынг қалмаған,
Бекжанды жоқ етуге,
Турли хиле ойлаған.

Қыз бенен Бекжан шғырдынг,

Отырған келип басында.
Керизде тунде жасырынып,
Нурым-да турған тусында.

Бай баласы билдирмей,
Бекжанға балта урады.
Уры, геззап жалатай,
"Мартке" қусап турады.

Басынан қан атлығып,
Талыпты қызды қушақлап,
Кыз-да ойлаған Нурымды,
Олтируди пшақлап.

Эх... геззап деп! Жан балам,
Сылқ етип жерге қулаған.
Қыз қалдырмай Бекжанды,
Қушақлап тунде жлаған.

Бекжаннынг алып пшағын,
Нурымнынг барған қасына.
Албырақлап ол залым,
Асылған қыздынг шашына.

Шаққанлық етип батыр қыя,
Исенип кекли кушине,
Пшақ урған Нурымнынг,
Қайта-қайта ишине.

Есерсоқ Нурым қансырап,
Жғылған дарьман қалмай ҳеш,
Балтасы менен басына,
Бир урып қыз-да алған ошь,

Буны еситип Нурлыбай.
Бир сумлықис баслады.
Қызды урып ҳамь шалып,
Керизге атып таслады.

Бекжан менен сол қыздынг,
Кериз толды қанына.
Апармады бизлерди,
Перзентининг жанына.

Еки жастынг жазықсыз,
Бир тунде унин ошири,
"Киели" деп ол жерден,
Шғырын-да коширди.

Менг-зенг болып басымыз,
Козден ағып жасымыз,
Бир неше кун зарландық,
Тамақтан отпей асымыз,

Ким назер салсын бизлердей,
Сорлынынг коз жасына,
Жаслардынг, тиктик қостерек,
— Естелик етип басына.

Азап корип хорланған,
Перзентинен айрылған,
Биздей талай адамнынг,
Журегине кек толған.

Ким шдар, бундай қайғылы,
Ислер туссе ойына.

Шдамай кеттик арланып.
Аралдынг арғы бойына.

Езилгенге меҳрибан,
Ленин атам берди қол,
Жаузға қарсы гуреске,
Баслады алға силтеп жол.

Халқ бригип куш қосса,
Алмастай қандай қамал бар?!
Гурессе халқ саналы,
Бахыттынг жолы ашылар.

III

Рус халқы баҳадыр,
Даналарды доретти.
Партиямыз бас болып,
Гурестинг жолын уйретти.

Уйқлағанды оятып,
Жлағанды жубатып,
Бахытқа бизди жеткерди,
Октябрь тангын орнатып.

Бахыт орнап басына,
Келдик бизде айналып.
Дедиде ғарры, тағы-да,
Қапаланды ойланып.

Азмаздан кеин ғаррынынг,
Жузине шадлық турь енди.
Атрапқа коз салып,
Орнынан асте тургелди.

Қоршап алды ғаррыны,
Демалып журген балалар.
Колхоз аулы қуантты,
Ҳамь пахталы далалар.

Балаларды корди ол,
Озь улындай, жанындай.
Жайнай берди жузлери,
Бахыттынг нурлы тангындай.

Жер-де, кол-де, тау, кок-те,
Сыр бар-ма мангги жасырар,
Турмыстынг толы сырлары,
Уақты менен ашылар.

Қаратенгиз

Абхаз жери, Таулы, бағлы
Раҳатли жанға жаққан.
Сол жағында —
Қара тенгиз
Тағы таудан булақ аққан.

Тау жеринде,
Гул жеринде,
Дем алуға келдим мен.
Туысқан жер,
Қарсы алады,
"Қайдан келдинг—демес—сен"

Жағасында
Турман қарап,

Қара тенгиз тулайды,
Меннен сауал
Тур-ма сорап
Неге тныш турмайды?

Бир толқынды
Бри қуып,
Жарға акелип урады,
Сонынг менен
Озь тлинде
Сойлескендей болады.

Гейде шулап,
Гейде тулап,
Гейде нама шерткендей.
Базда ысқырып,
Қатты гулеп,
Срын баян еткендей.

Базда шалқып,
Кобик қалқып,
Жарға тикке урады.
Базда кеин,
Ишин тартып,
Кушин жинап турады.

Не демекши,
Не сры бар,
Қандай хабар айтпақшы?
Қандай сырда,
Не нарседе
Мени озине тартпақшы?...

Я айтама,
Кун Батыста
Гулеп оттынг жанғанын.
Я айта-ма,
Жанған отта,
Миллион адам қалғанын.

Я болмаса,
Исендиреме,
"Ушқын туспес—деп—маған
Егер туссе,
Сондиремен,
Жол берместен—деп—оған"

Я болмаса,
Шапшып толқын,
Корсете-ме турмысты.
Биздей шалқып,
Толқып, тасып,
Исле дей-ме жумысты.

Мнау буйра
Биик толқын,
Шаиршылық тауы-ма?
Шық-дей-ме ол,
Усы биик
Шаиршылық тауына...

Бир арьманым—
Қара тенгиз,
Блеалмадым тлингди.
Жазғанымдай
Болса ойынг,

Қостым мен-де унимди.
*Гагры. 1940-жыл, июль.*

## ХОЖАМУРАТ ТАЖИМУРАТОВ
(1910-жлы туылған)

Х. Тажимуратов 1934-жылдан баслап коркем адебият исименен шуғылланды. Даслеп республикалық газеталарда, сонгынан адебият журналында бирнеше қосықлары басылды. 1945-жлы "Бзинг бахадыр" поэмасын жазды.

1949-жлы шаирдынг "Биз осемиз" атлы қосықлар топламы, 1952-жлы "Уқыплы бала" поэмасы басылып шықты. Сонгғы жыллары "Ушь дос", "Аузында созь турмайтуғын кемпир", "Солекет" мергенлер менен "Бахадыр шопан", "Мияу деген қайсысы?" поэмаларын жазды. Шаир кобинше балалар адебиятыменен шуғылланады. Балалар адебиятын доретуде шаир қарақалпақ совет адебиятында белгили орын алады.

### Егиз бала

Еки бирдей егиз ул,
Бойлары тенг, туси бир,
Азат пенен Полаттынг,
Шашлары буйра, бир пкир.

Айдан аппақ жузлери,
Сулу қара козлери,
Торсық шеке, ақ манглай;
Кута қзық созлери.

Коргенлер танг қалғандай,
Турли ойын болдырған.
Той, тамаша ҳарь куни,
Қзыққа уйди толтырған.

Дос турады екеуи,
Бирлесип ис қлады.
Мнезлери дым жақсы
Копти тангландырады.

Екеуи-де бир турден,
Киим киип журеди.
Атасы менен анасы,
Екеуин тенгдей кореди.

Айыру қиын ҳазирше,
Кми улкен кишкене.
Екеуи-де бес жаста,
Кеулинде жоқ ҳештенге.

Екеуин зорға айырады,
Ғарры кемпир мамасы.
Ара-тура жангылсады,
Озлерин туған анасы.

Жапалақлап жауып қар,
Аппақ етти жер устин.
Азат қардан дузетти,
Аяз баба келбетин.

Топтай етип қар алып,
Ылақтырып жберди.

Азаттынг бул исин Полат,
Қарап айнектен корди.

Буннан кеин жас, бала,
Крип келди уйине,
Тобын тауып ойнады,
Зыр жуырып торинде.

Ылақтырған бир тобы,
Кесеге тиди барып.
Майдаланып сынғансонг,
Кесе қалды унталып.

— Ким сындырды кесени?
Деп, атасы бақырды,
— Айт ырасын, қанекей!
Деп Азатты шақырды.

Сазға қосып қосықты,
Уйдинг ишин жанглатты.
Жағымлы қосық айтылған,
Тынглағанларды танглатты.

Жас баланынг талабы,
Айтып ада болмастай.
Қосықшы еди Азаты,
Жарыста ҳеш қалмастай.

Алма гезек еки бала,
Танда ойнап қосық айтты.
Полаттан кори Азаттынг,
Таланты дым кута артты.

Ортаға тусип анасы,
Азатты ол жақлады.
— Азат емес, Полат—деп,
Ол баланы ақлады.

Жанга жылда қдырып,
Дайыларына барады.
Танца ойнап, қосық айтып,
Еки ул ойын салады.

Дайысынынг уй-иши,
Алғыс айтты Азатқа.
— Уйренесенг,—дейди ҳарь исти
Жетесенг сен муратқа!

—Силайын,—деп Азатты,
Дайысы алып бир атты.
Беремен деп Азатқа,
Полатқа ол узатты.
— Қосықты айтқан мен едим,
Неге бердинг Полатқа?
— Кешир,—деди дайысы,—
Қалып қойдым уятқа!

Базарлық деп алмадан,
Балларға берди ағасы,
Полат алып еки рет,
Азат бос қалды, қарашы!

Азат, Полат екеуи,
Келип жетти детсадқа,
Азат алып халатты,
Берилмеди Полатқа.

— Тарбияшы апажан,
Азатқа берип халатты,
Кеулингизге унайма,
Бос қойғанынг Полатты.

Отинди коп жас Полат,
— Халатты мен алмадым.
Азатқа бердинг халат,
Маған назер салмадынг!

Жуды жақсы Азатты.
Бет-қолынынг куйесин.
Етти таза мусиндей,
Келтирип истинг жуйесин.

Келди жетип тағы ол,
Бети кир-кир масқара.
Тарбияшы танг қалды.
— "Қайдай ози, булбала!"

— "Жангағы ол Азатқой,
Бурын алған халатты.
Танымайды екенсиз,
— Апа баланг Полатты."

Тарбияшы тусинди,
Баланынг бул созине,
Егиз екен екеуи,
Тенг коринген козине.

Полат, Азат туысқан,
Тенгдей жане унлери.

Алдыруға шашларын
Келди баҳарь кунлери.

— Алынгыз!—деп шашымды,
Отырды Полат стулға,
Алды пухта шаштараз,
Отырғызып стулда.

Кута таза бас болды,
Тап қарбызға уқсаған.
Полат турып кеткенсонг,
Қалды стул босаған.

Стулға келип отырды,
Бир жас бала жангадан.
Айырмасы жоқ еди,
Жангағы келген баладан.

Ҳайран болды шаштараз,
— "Буған мен не қламан?
Откен жоқ еле он минут,
Тағы шашын аламан!"

Илажы не шаштараз,
Тағы алды шашты ол.
Билдирмей буны балалар,
Уйине қарай тартты жол.

Бекбергеннинг Абаты,
Тынбастан коп ойнайды.
Аул ишин қдырып,
Ойынға ҳеш тоймайды.

Онынг жасы сегизде,
Озин улкен санайды,
Кишкенени менсинбей,
—"Мен кушли"—деп қарайды.

Бар тапқанын тенг болисип,
Ушь дос бала бирге жеди.
Ҳеш бреуин айырмастан,
Брин-бри тенгдей корди.

Туылғандай бир анадан,
Ушеуи тату турады.
Кшилерди улкенАбат,
Гейде алдап қояды...

Егиз улға емпенглеп,
Жетип келди бир куни.
— Жуырысайық!—деп еди,
Қаттылау шықты уни.

— "Ким бурын барар екен,
Анау коринген тамға.
Жалқау деп ат қоямыз,
Кростан кеин қалғанға!"

Жуырысуды барқулла,
Абат жақсы кореди.
Кишкенеден озарын,
Ози жақсы бледи.

— Кел жуырсанг! деди ол,
Жарысқа қосылып Азат.
Тенгдей жуырысып кетти,

Жарысқан еки азамат.

Азат ҳамь Абат жуырып,
Алға шапқылап кетти.
Полат бир ақыл ойлап,
Даруазаға келип жетти.

Абат ентигип киятыр,
Еки иининен демин алып,
Кишкенеге кози тусти,
Даруазаға турған барып.

Буған Абат ҳайран қалды,
— Меннен бурын келген нағып
Мен алға тусип кеткенде,
Қойған еди изде қалып!

— "Сен астен жуырасанг,
Шаршасанг демингди алып.
Аяқларынг қағылысады,
Брин-бри шалып қалып.

Мен хеш тынбайман жолда,
Тағы жуырысып ойнайман,
Жуыру адисин билдим,
Сеннен озбай қоймайман.

— Кел—деди, қайтадан Абат,
Маримиз боясын анау жер!
Жуырысып кетти жарысып,
Алға қарап еки ер.

Абат кенгнен адым атып,

Зыр жуырып қустай ушты.
Жаз айынынг жағымталлы,
Жарқыраған нурын қушты.

Қулперени шғып Абат,
Белгиленген жерге жетти.
Оны кутип отыр Азат,
Жуырғанын бир пул етти.

Кишкенеден коп панть жеген,
Абат енди қайтып кетти.
Арадан еки жыл отип,
Егиз ул жетиге жетти.

Бир куни келди жетип,
Еки достына Абат.
— Журинглер —деди мектепке,
Болайық оқып азамат!

Илим ушын ушь дос бала
Мектепке кетти жол тартып.
— Бизлер илимпаз боламыз,—
Дейди олар шадлығы артып.
*Москва. 1955-жыл.*

Ғазлар

Ғалим-ғалим ғазларым,
Ғангқылдасып келе-ғой.
Аслауынга дань салдым,
Кел тезирек коре-ғой!

Балпанг-балпанг етесенг,

Балпанглап қашан жетесенг?
Саған салған данлерди,
Ғарға жеп қойса нетесенг?

Ғазым ось—онь турге кир,
Балпангламай тез-тез журь.
Семиз болып жетисип,
Колхозыма ендир турь.

Қус осиру колхозда,
Халқым ушын файдалы.
Халқым болса ғурғынлы
Коп береди файданы.

## Ёлка қосығы

Ойын баслаушы:
—Ақ жпек шапан жамылып,
Ҳасыл зат коймай тағынып,
Аяз ата келипти узақтан,
Бизлерди кута сағынып.
Ха! Балалар, балалар,
Атаға салем берейик,
Гул жайнаған ажары,
Атаны бизлер корейик.
Атамыз бизге коп таныс,
Ҳарь жлы бизге келеди,
Ёлкамызға қатнасып,
Коп тамаша береди.
Биыл тағы келипти,
Ёлкамызды кормеге,
Жанга жылды қутлықлап,
Қосық айтып бермеге.

Аязата:
—Айдан аппақ ул-қзым,
Омиринг гулдей жайнаған.
Сиз бахытлы балалар,
Шад кеулли сайраған.
Мен бир атанг сизлердинг,
Саулықларынг ойлаған.
"Отлично" оқынг оқуды,
Шықсын дангқынг жайнаған!
Келинглер мени қушақлап,
Ортангызға алынгыз,
Донггеленип ёлкангызда
Намангызды салынгыз!

Балалар:
—Бетинг қзыл, кииминг қардай.
Хош келдингиз атамыз,
Жайнаған ёлка кутип тур,
Журингиз, қосық айтамыз!
Жанга жылдынг тойын биз,
Табыспенен тойлаймыз,
Ҳазирде ҳамь-де ер жетип
Уатан ғамын ойлаймыз.
Уатан—ана панамыз,
Алпешлеп бизди осирген,
Коммунистлик партиям,
Бул мақсетке жетирген.
Бизлер осип жетисип,
КПСС-қа ағза боламыз,
Табжылмастан сол жолда,
Уатанға хызмет қламыз!

## ХОЖАБЕК СЕИТОВ
(1917-жлы туылған)

Шаир Хожабек Сеитовтынг шғармалары 1940-жыллардан дағазаланып киятыр.

Шаирдынг 1944—1954-жыллары "Женгис ушын алға", "Бахытлы турмыс" "Омир тангы", "Коммунизм жры" деген 4 (торть) қосықлар топламы басылып шықты. 1955-1956 жыллары озбек ҳамь рус тлинде топламлары басылды.

Жазушынынг бирқанша прозалық шғармалары-да озь алдына ктап болып басыльш шықты. "Агроном— председатель" повестининг бринши ктабы шықты.

Х. Сеитовтынг булардан басқа "Жарысқан жаслар", "Партизаннынг баласы", "Журек муҳаббаты" шаир Н. Жапақовпенен бирликте жазған "Бахыт", "Узақтағы жайлауда" поэмалары бар.

### Компартия

Мангги азат болып боленген нурға,
Лениннинг байрағын берк услап қолға.
Дангққа боленген қаҳарман халқты,
Партия баслауда, женгиске, алға.

Нақыраты:
Омиримиз, соққан журек, қанымыз,
Саулатымыз, мангги атқан тангымыз.
Партия, батыр халқ, жанажан Уатан,
Бахытымыз, трегимиз, жанымыз.

Кеулимиз шад, турмысымыз абадан.
Бирликке, ерликке баслаған мудам,
Ленин дузген коммунистлик партия,
Минеткеш халққа сенсенг меҳрибан.

Нақыраты:
Партия омиримиз, ақыл-санамыз,
Уллы рус ғамхорымыз, панамыз,
СССР халқлары бриккен мангги,
Елимизде коммунизм қурамыз.

## Қарақалпақстан

Октябрьде алып еркинлик-бостан,
Маканым нур жайнап, болған гулистан.
Кенгнен қулаш жайып, осип ер жетип,
Гулленип баруда Қарақалпақстан.

Нақыраты:
Жеткерди Ленин
Бизди тенгликке
Партия баслауда
Женгиске, ерликке.

Қарақалпақстаным,
Сен етип талуас
Коммунизмге қарай—
Алға, алға бас!

Бағ бақшалы етип санграу дузлерди,
Нурға болеп, жетилдирген бизлерди.
Компартия ҳамь уллы рус халқына,
Халқымыз айтады алғыс созлерди.

Қарақалпақстан кенгнен жай қулаш,
Москва журегинг, Кремль қуяш,
Партия баслауда женгиске, бирликке,
Гулленип осе бер алға, алға бас!

Муҳаббат сры
(Қысқартылған варианты)

I.

Гуз айы.
Тунь иши.
Ай суттей жарық.
Маратты фронтқа шғарып салып,
Гулистаннынг уйине кеп дослары,
"Жоллығын" бер деди ортаға алып.

Айнадан коз тгип кокте жулдызға,
Теренг ойға шомып отырған қызға,
Дослары кулимлеп бирден қарады,
Қыздынг мнезине болғандай ырза.

Брақта Гулистан ҳеш сыр бермеди,
Қапа-ма, шадлы-ма ҳеш ким билмеди,
Дым индемей узақ уақыт отырып,
Басқалардынг ой-пкирин серледи.

Гулжамила есикти ашып келди-де,
Жан қурдасы Гулистанды корди-де,
Қушақ ашып, қуанысып, суйисип,
Бир созь айтты достынг срын билди-де.

— Гулистан дос, қапалыққа берилме,

Қайғы мирас емес бзинг омирге.
Шадлықпенен уллы Уатанға ис етип,
Табысқа жетемиз, жасаймыз бирге.

Уатан қорғау ер жгитке муратты,
Кунде табыс пенен ядқа ал Маратты,
"Минет фронтында корсет озингди"
Деп Марат қалдырды мна бир хатты.

— Қане достым хатты оқып корейин,
Ҳарбир созин ядқа алып журейин,
Тылда турып фронттағы ярыма,
Женгис, жардемменен қолды берейин.

Гулжамила, жақын келши жаныма,
Марат жазған хатты берши қолыма,
Жаслар ушын жарасықлы муҳаббат,
Ер жеткенсонг сингген журек қаныма.

Хатты ашып оқып Мараттынг созин,
Гулистан қыз кулди жайнатып жузин,
Мараттынг суретин коргенде шалқып,
Қарады коп уақыт айырмай козин.

Жайнаған жузлери уқсаған тангға,
Кулимсиреп сонда Айжамал ана:
— Ул-қызларым,—деди,—бермаған қара,
Ҳарь иске бел байланг, болынг марьдана.

Иске таяр туру—азаматлық ис,
Марть болсанг ел ушын жумсанг жгер — куш,
Еткен ислерингнен орнек корсетип,
Коп алдында табыспенен козге тусь.

Ул ҳамь қызларына болған меҳрибан,
Ананынг ақылын аламыз мудам,
Бизди гуреслерге, иске шақырған,
Жан ана созинг дурыс,— деди—ҳамме адам.

Отырыспа қызды кеуллер йошты,
Ҳаммеси ҳурметлеп Мараттай досты,
"Ел қорғаған баҳадырлар сау болсын!
Душпанлар олсин"
Деп бари тик турып котерди тосты.

II

Гулистан қыз ерте турып орнынан,
Лаззетленип тангнынг таза нурынан,
Пахта атызына қарай киятыр,
Иске ерте шғу—адет бурыннан.

Ҳарь куни шыққанда колхоз исине,
"Мен сенликпен" деп айтқан созь есине,
Келип тусип қосық айтып қумартып,
Нама қосар бағда булбил сесине.

Танг саҳарде турып, кун нурын қушып,
Ақ пахтаны корсе қиялы йошып,
Танг нурындай тарап, онынг ҳауазы—
Ҳарь куни мнадай айтады қосық:

"Биз котерткен бағлар миуа береди,
Минет еткен раҳатин кореди,
Мен еркин граждан, атым Гулистан,
Шад заманда жасай бергим келеди.

Кози қзып бзинг уллы табысқа,
Ылайсангды салған тныш турмысқа,
Фашистлерди қурту ушын Маратты,
Мен-де атландырдым уллы урысқа."

Усы қосықты айтып атызға келди,
Пахтаны теруге байлады белди,
Тез-тез терип, бармақларын ойнатып,—
Минет етип токти манглайдан терди.

Қосық айтқан қыз ҳауазын еситип,
Баймурат-та келди атызға жетип,
— Ҳарма қарындасым —деди-де қызға,
Коз тгип қарады, ол қумар етип.

— Аға созингизге кеулим толмады.
Ҳарығандай еле ҳешнарсе болмады,
Азанменен ҳармасынға келгенсонг—
"Бар бол аға!"—деуге тлим бармады.

Оннан басқа созь айтқысы келмеди,
Баймурат-та не ислерин билмеди,
Ойланды-да,—деди ози-озине:
"Орынсыз айтқан созь уят,
Ҳаққынгнанды Баймурат"...
Уялғаннан кози жерди кормеди.

III

Сапардынг уйине келип Баймурат
Ауқатланды.
Созь баслады, кеули шад,
Пахта терген қыздынг турь ҳамь келбети,
Коз алдында, елеследи сол замат.

Шыннан кеткен екен қызға ықласы,
Оны ойласа менг-зенг болады басы,
Созь айталмай ебин тауып қызға ол,
Сапарға пкирин айтты қулласы:

— Жалғаннан ҳеш уақта созь қозғап болмас,
Сапар, сен дос единг бурыннан сырлас,
Колхозынгда корип гоззал бир қызды,
Ойладым ишимнен болуға "жолдас".

Бринши рет танг саҳарде коргенде,
Азғана айыпты иследим мен-де,
Ал, оннан сонг танысуға талпынып,
Сол қызға қатнап журиппен кунде,

Бир неше рет жолықсамда атызда,
Сырларымды айта алмадым ол қызға,
Сол қызбенен таныстыршы, жан достым,
Абройлы бригадирсенг колхозда.

Озингде блесенг "Қулы кол" жақта,
Ағарып, жаудырап ашылған пахта,
Ақ пахтаны теру ушын ол гоззал,—
Кунде иске шыққан танг саҳарь уақта.

Кештеги исти қалдырмаған азанға,
Кши пеил, алипайым адамға,
Келбети келискен сулу қыз екен,
Ылайықлы болып оскен заманға.

Керме кас, қара коз, аузы оймақтай,
Қыр мурын, ҳинжи тис, ерни қаймақтай,

Сумбил шаш, ақ тамақ, жузи раушан,
Қыз екен келбетли арьманы жоқтай.

Болса-да қаншелли сабырым берк,
Қыз десе жгиттен кетпей-ме ерк,
Билмей қалдым барғанымды қасына,
Пахта терип журген гоззалды корип.

"Уатаннынг бағында жетилип оскен,
Козге ысық кориндинг алмадай пискен,
Соншелли шадланып журсенг қарындас,
Бир қзық кординг-бе шықпастай естен".

Деп едим, қыз бир тгилип қарады,
Айтқан сози жанға жағып барады,
Брақта, ол Марат дейме, бреуди...
Блайынша мақтап ядқа алады:

"Сақлаған елимнинг намысын арын,
Фронтта журипти суйикли ярым,
Мен шадланбай, ким шадлансын заманлас,
Еситип турыппан ерлик хабарын.

Жанга ғана суйгенимнен хат алдым,
Батырлық исине қуанып қалдым,
Мен қуанбай, ким қуансын заманлас,
Озим-де алдағы болып аталдым."

Деди-де жас сулу пахтасын терди,
Сойлеген созлери маған йош берди,
Созине, исине мен-де қумартып,
Жаслық журегимнен бердим кеулди.

— Тусиндим...ол қыздынг аты Гулистан,
Жан достым Баймурат, ғам жеме ҳаслан,
Максетинг птеди оған гуман жоқ...
Ойткени, ол жақын жиеним туысқан.

Не жетеди суйсенг тауып тенгингди,
Оған жолдас болып бассанг кеулингди,
Сенде арьман болмас, қоссам мен саған,
Гулистанды, жақсы корген жиенимди.

— Бул исимиз еситилип елатқа,
Бос созь болып, қап журмейик уятқа,
Қуры қалсақ томен болып жузимиз,
Масқара болып озимиз,
Гриптар боламыз енг жаман атқа.

— Эй, достым, айтқан созинг есимде,
Исинг птер усы ҳаптенинг ишинде,
Қыз сеники, қосыларсанг болып шад,
Ол қызды Марат
Кореалмайды онгы туе, тусинде.

IV.

Атыздағы минетине суйине,
Пахта терип келгенинде уйине,
Сапар айтып Баймураттынг мақсетин,
Гулистаннынг "қурт" боп тусти миине.

Сапар журди арада коп ат шауып,
Гейде -атызда-да аулағын тауып,
Жалынды, алдады, қыз ҳеш конбеди,
Баймурат-та журди ангсары ауып.

Сумлықлы исин Сапар сра қоймады,
Окпеси исип қанасына симады.
Тунь ишинде қызды уйине шақырып,
Баймуратқа зорлау жолын ойлады.

Деди: сен қарағым енг жақын адам,
Келешек омирингди ойлайман мудам,
Кеште уйге бар, женггенг қалды ауырып,
Егерде туысқан жиен болсанг маған.

Гулистан қыз инанды-да созине,
Кулимсиреп қарады-да жузине,
Корермиз деп бир қарады тгилип,
Журегинде исеним мол озине.

* * *

Кеш болды. Сапардынг уйине барды,
Корди хызмет етип журген Гулзарды,
Деди ишинен: "Сау ҳаялын ауру" деп,
Неге тарқатады жалған хабарды.

Қыз барудан Гулзар турып орнынан,
Деди: "торги жайға кирши, бикеш жан,
Озь қолынгнан чай қуйып бер қонаққа,
Сени кутип отыр, ҳурметли миман.

Бул создинг ол торкинине тусинди,
Алданып келгенге қатты исинди,
— Женгге, —деди,—озинг барып жанына,
Ҳурметлеп куте бер "миман" ксингди.

Тусиндим мен турғанынга не айтып,
Айтпайын басқа созь, гапти улғайтып,

Мен ушын, қонақты озинг куте бер,—
Деди-де Гулистан кетти тез қайтып.

Уялғаннан жузи бурыштай қзарып,
Денеси жуылдап, туси бозарып,
Не ислерин билмей Гулзар ҳаулықты,
Журеги тықты.
Озь орнында турып қалды сазарып.

V.

Еки жылдан артық журген фронтта,
Суйгенин Гулистан алды-да ядқа,
Мараттынг суретин корди-де тағы,
Жеткен янглы болды мақсет—муратқа.

Бир минутта шғармаған ядынан,
Коп уақ болды хат келмеди ярынан,
Оны ойласа тынбай отип турғандай,
Яр жамалы елеслеп коз алдынан.

Сол маҳаль бир адам есикти қақты,
Почтальон кирди хош болып уақты,
Мараттан хат алып шадланған қыздынг,
Қуанышлы жузин жайнатты жақты.

Ислерде арттыру ушын ғайратын,
Ҳурметлеп адули ярынынг атын.
Откир теренг келте, ҳасыл созбенен,
Блайша ықшамлап жазыпты хатын:

"Ҳарь истинг тетиги беккем дослықта,
Откерген қзықлы кунлер жаслықта,
Сен сау журсенг мен-де аман журиппен,

Шад болып ислей бер уақты хошлықта.

Турмыс раҳатин коремен десем,
Бағдан еркин миуа теремен десем,
Болдырмайман душпанлардынг мақсетин,
Уатанымда шағлап журемен десем.

Комсомол ағзасы, истинг палуаны,
Колхоз атызынынг корки жауланы,
Орынласа тапсырмасын ярынынг,
Кеулинде қалмайды зарре арьманы".

— Халқтынг улы, ел қорғаған азамат,
Айтқан созинг журегимде тур Марат,
Омир ҳамь исимиз арналсын елге,
Деп Гулистан қыз-да жазды салем хат:

"Коз коргеним, созь бергеним, суйгеним,
Крандай боп жауға қарсы тигенинг.
Малим болды тек мен емес ҳаммеге,
Фашистлерге қатты соққы бергенинг.

Турмыс раҳатин коремен десенг,
Халқымменен шағлап журемен десенг,
Қарсыласқан жауды аямай қрып кел,
Кутип отыр соны ел,
Ел наказы—парызлы ис, сен билсенг!

Суйгеним бойынгда тассын куш-ғайрат,
Мен боламан барьҳа саған қол-қанат,
Жауды қрып сау келгейсенг урыстан!"
Деп шадланып Гулистан,
Маратқа-да жазып салды салем хат.

VI.

Толқып аққан Амударья бойында,
Оскен гин қры менен ойында,
Гулистан қыз шар тарепке коз салды,
Ойланды-да алле нелер жайында.

Сапар келип Гулистаннынг қасына,
Салем берип еки қолын усына,
Томен қарап, сумирейип отырды,
Қапаланып ис тускендей басына.

Бир жаман зат корингендей козине,
Карағысы келмей онынг жузине,
Қыз отырды браз уақыт ундемей,
Гине етип айтқан жалған созине.

Солған жапырақтай жузи сарғайып,
Қулық етип, Сапар отыр мунгайып,
Гулистанға деди:—кешир жан жиеним,
Алдынгызда ислеп алдым бир айып.

Созлериме қапа болма Гулистан,
Екеумиздинг тубимиз бир туысқан,
Келисиксиз созлер айтып салыппан,
Алдағыны болжай алмай алыстан.

— Сапар дайы, артта қапсанг турмыстан
Мени алдап болалмайсанг сум масьтан
Жаслайымда суйген достым Маратты,
Дединг-бе сен қайтып келмес урыстан

Сапар отыр унине су қуйғандай,

Ундемеди тлин жулып алғандай,
Томен қарап котермеди басында,
Енгсесинде зил қара тас турғандай.

Зорға ғана турды Сапар орнынан,
Бир тушкирди... суы ағып мурнынан,
Сумирейип суға тускен тышқандай,
Қайтты изине ози келген жолынан.

Баймураттынг уйине тез кеп жетти,
Айтылған созлерди ол баян етти,
Гулистаннынг бул айтылған созлери,
Найзадай туйрелип журектен отти.

— Қанық болдым қыздынг барлық срына
Барлық ис айланды достым қрына,
Тусинбестен онынг мнез қулқына,
Қол созғандай боппыз куннинғ нурына.

Такаппыр қыз: жоқ басқаға, саған-да,
Қиын болды арадағы маған-да,
Маратқа берилген, тани, жаны-да,
Журеги, сры-да, кеули-де сонда.

Баймураттынг тобе шашы тик турды,
Сапарға жалт қарап мойнын бурды,
Денеси жулады басы зенг болып,
Журеги ҳаулирип қаттырақ урды.

Сапардынг созлерин зорға тынглады,
Қолайсыз созлерге иши ғымлады,
Узақтан ызалы сес кеп турғандай,
Кози аларып, қулақлары жынглады.

"Шату керек қызды баслық Аметке—
Кушти корсетемиз ондай ожетке",
Деди-де Сапарға тапсырма берди,
Екеуин бир тусируге суретке.

Айтқанынг бугин-ақ болады таяр,
Жекке-жекке тускен суретлери бар,
Бир қосып тусиру оғада ангсат,
Деп қужынглап кулди жадигой Сапар.

Баймурат-та сонда қосылып кулди,
Сапардынг сырларын анықлап билди,
Деди:—Достым Гулистанды ап-ангсат,
Қолға тусирудинг маҳали келди.

Суретлерин тезден қалаға апар,
Айтынгыз екеуин бир қойсын қатар,
Ол суретти алса Марат егерде,
Ауырмай турмыстынг зардабын тартар.

Айра салып екеуининг арасын,
Бир-брининг корсетпеуге қарасын,
Бул сурет береди бизге коп пайда.
Сонг блерсенг бул созимнинг ырасын.

Мен-де ойланып, тез бараман қалаға,
Буны айтпа ҳаттеки жас балаға,
Биз олардынг енгбегин еш етемиз,
Гапке тусиндинг-бе Сапар, жан аға!

"Болжағандай" турмыстағы болғанды,
Корермиз деп екеуи-де толғанды,

Қужынг-қужынг етип, далаға шғып,
Сапар жоги қалаға тез жолланды.

Турли-турли хиял келип басына,
Жақынлады қаланынг-да қасына,
Айтек суретшиге барып тезирек,
Исимди птирсем,— деди асыға.

Барса отыр суретши-де жайында,
Тусте ҳазге қашып баҳарь айында,
Еки куннен сурет тайын болады—
Деди Айтек ҳеш нарсе жоқ ойында.

VII.

Сурет питти. Тағы олар ойласты,
Сонша ҳиле ойлап кимде бар қасты,
Гуллан ҳарекети Гулистан қыздан,
Тезирек айырмақ Мараттай жасты.

Тусти-де олар ғарремликтинг жолына,
"Ойнап кел!" деп қызларына, улына,
Иштен илип, коп ойласып отырып,
Хатты жазды қалем алып қолына.

Томен ету ушын Мараттынг жузин,
Енг жақын досты етип корсетип озин,
Инанарлық етип, ықшамлап ғана,
Баймурат баслады блайша созин:

"Достым Марат! Салемимди қабыл ал,
Хатты оқып созлериме қулақ сал,
Усы хатты оқығанда ойланып,
Маған аз-маз окпелеуинг итимал.

Гулистан қыз шопь салған сонг козинге,
Илажсыздан жазып салдым озинге,
Суретлерин қоса салып жбердим,
Инанбас деп жазған қуры созиме.

Жан достым деп, журуши единг Аметти,
Ол саған жасырын хиянат етти,
Баслыққа кеуили берилген сондай,
Гулистан қыз Сизди умытып кетти.

Болған исти жасыруға болмайды,
Той-тамаша болса олар қалмайды,
Тунь ишинде қолтықласып жургени,
Сени сра ядына-да алмайды.

Орынланып ойға алған тлеги,
Бир қосылып кетти олардынг журеги,
Шдамастан жаздым, брақ жоқ еди,—
Бул ҳаққында айтудынг-да кереги...

Отип кеткен иске окинип болмас,
Марть жгит откенди ядына алмас...
Қапаланба, Марат достым, сау болсанг,
Сағанда табылар омирлик жолдас.

Шда, қиыншылық болса-да қандай,
Гейде ушырасады ислер бунынгдай,
Бул хатты жазушы Т. М. достынгыз,
Бурыннан коруши сизди жанындай!"

Т. М. деп ықшамлап қойды-да қолды,
Ҳилекерлер тапты бир сумлық жолды,

Конвертке салып, почтаға барып,
Жберди госпитальда жатқан Маратқа.
Исенерме... хатқа,
Қане кутингизлер кейни не болды!

VIII.

Жаз айы. Гулистан қумартып гулге,
Кеули толып, санли шаукетли елге,
Тусирди ойға фронттағы суйгенин,
Жас уақтында шағлап ойнаған бирге.

Хат келмесе ҳеш тақатым болмайды,
Не ис болды деймен, заррем қалмайды,
Аман болса я уйине, я маған,
Не себептен хатлар жазып салмайды?

Неге хат жазбайды, кеули қалды-ма,
Арамызда бир ҳадисе болды-ма,
Я болмаса ебин табып шуғыллар,
Арамызға айралық от салды-ма.

Еледе бар гейбир шуғыл ксилер,
Пкири бузық, оған ҳамме тусинер,
Хақ журекли адамлардынг ислери
Ахырында дурыслыққа шешилер.

Ойға батып отырғанда саяда,
Жетип келди Гулжамила, Зияда,
— Гулистан дос, қане ойна, тез ойна,
Марат аман, бахытлысанг дуньяда!

— Хатты берши ашып оқып корейин,
Қайтараман достынг табан крейин,

Ишинде жазылса жақсылық хабар,
Не тлесенг соны саған берейин.

— Несиеге туратуғын биз емес,
Баҳалы заты бар адам ғам жемес.
Магар болса бул хат, арнап жазылған—
Маратынг ҳаққында саған омирлес.

Гулистан қыз бир жмиып кулди-де,
Далкеклесип турғанларын билди-де,
— Жан досларым бирге оқиық хатты деп,
Тезден ашты қолына алып корди-де.

Қайдан екен деп озинше ойлады,
Хатты бастан оқып жузи жайнады,
Сонгын ала қыздынг туси бузылып,
Журеги ҳаулирип, қаны қайнады.

— Усылай деп ойлап едим озимде,
Деген уақта қан қалмады жузинде,
— Ҳа, қурдас, бул не ози я Марат—
Турмағанба саған берген созинде?

— Олай емес Марат болған жарадар,
Олай болса қорқыптурсанг сен бикар,
Госпитальға барып жетсе болғаны,
Жаралары тез-ақ кунде жазылар.

Енг аур жарадар еткен Маратты,
Урыстынг зардабы жаныма батты,
Алты ай бойы госпитальда жатыр—деп,
Назаренко досты жазған бул хатты.

Бундай иске кимнинг қаны қызбайды,
Журек суйген дослық сра тозбайды,
Омирлик дос Марат қиын ауҳалда,
Болса керек хатта ашық жазбайды.

Омир дарьясында, жузип айдында,
Не ис болса мен корермен алдымда,
Барып кору ушын Марат жанымды—
Адресин билдим госпитальдынг-да.

Деди-де қыз еки козге жас алды.
Денеси жуылдап ҳалсиреп талды,
Сонгғы уақыттағы жазылған хатлар,
Бунша неге қинай берди жас жанды,
Кызлар ойланды...
Отырып ҳаммеси анг-танг боп қалды.

IX.

Тнық ҳауа, кун жадырап ашылған,
Нур саулеси жер жузине шашылған,
Раҳатли гуз айынынг басында,
Кенгсе бетке баратырса Гулистан,
Кутпестен ҳаслан,
Аметти-де ушыратты тосыннан.

Корди-де оны Амет жмиып кулди,
Гулистаннынг ишки сырларын билди,
"Сағынып сарғайып қапсанг қарындас"!
Деп оны жайғана созбенен илди.

Сағынсанг бес куннен келеди ярынг,
Мен бугин азанда билдим хабарын,
Нокиске тез барып, қайтып тойынга,

Таярлан ҳамь жумса қолынгда барын.

Аметтинг созине қыз анг-танг болды,
Кеули алып-ушып шадлыққа толды.
Машинадан тусип гоззал Гулистан,
— Хош бол, деп Аметке узатты қолды.

Ярынг аман келеди деп фронттан,
Аметке ырза ол, досша қуантқан,
Қалай қарсы алуды қыз ойланды,
Еле-де сырлар коп ашылмай жатқан.

Коргенше асығып яры Маратты,
Суюшилик сезимлерин оятты,
Марат қандай ҳалда,
Қандай хиялда,
Не сыр бар онда,
Ол жақлары қызға жумбақ боп жатты.

X.

Маратты дослары асығып кутти,
Санаулы кунлер-де арадан отти,
Айтқан куни келип жетти уйине,
Жолдаслары корип коп ҳурмет етти.

Куни-туни алып журген ядына,
Гулистан қыз ҳурмет етип ярына,
Мауқын басу ушын бирге отырып,
Кулимсиреп жақынлады жанына.

Атып, шаншып, фашистлерди қулатқан,
Озь қанларын озлерине жалатқан,
Қос орденли марть жгитти коргенде,

Сияқланды онг жағынан танг атқан.

Брақ Марат қызға назер салмады,
Берген салеминде дурыс алмады,
Ҳақ журекли Гулистан қыз тнышланып,
Отыруға ҳеш тақаты болмады.

Жузлери қуарып, қанлары қашты,
— "Ҳау, Марат!.. деди-де қушағын ашты.
Брақ Марат ундемеди тил қатып,
Саусыз-ба дегендей тек ийип басты.

Сағынған журекти усынсам келип,
Неге мени қарсы алмайды ол кулип,
Деди-де қыз ишки срын ақтарды,
Мараттынг пкирин алуга блип:

— Озь уадесин умытқанға не шара,
Ахыры айрылар ақ пенен қара,
Қарсы алмай қапа етип суйгеним,
Суттен ақ кеулиме салдынг ғой жара.

Баалеметлеп тукирсенг-де жузиме,
Намарть жгит коринбейди козиме,
Сенинг менен тек минетти суйемен,
Мейлинг инан я инанба созиме!

— Айтқан созинг қулақ қуршын қандырды,
Коз қарасынг журегимди талдырды.
Ой, Гулистан билмейсенг бе, қанлы урыс
Омирликке денемде дақ қалдырды.

Арамызға тускен екен Амет-те,

Ол колхозда баслық, ие "ҳурметке",
Коз алдымда егер қосылсангызда
Оған-да, саған-да менде жоқ окпе.

— Уатан ушын хызмет еткен палуаным,
Ярымсанг болса егер, геуденгде жанынг,
Бир созимде олгенимше тураман,
Ойткени, сен елди, мени қорғадынг.

— Гулистан-ау сен қанымды қыздырма,
Дартти қозғап, тныш денемди қоздырма,
Аметтен ҳақ болсанг мна суретти,
Қадирле сен, жырттырма, ҳеш тоздырма!

Ипласлап маған деген журекти,
Мен сау уақта суйген қызсанг Аметти,
Госпитальда алып суретлерингди,
Қапалық зардабы жаныма отти.

Жақынлап турғанда женгистинг куни,
Фашистлер айырды аяқтан мени,
Ал, сен салдынг журегиме жараны,
Қалайша суйемен яр етип сени.

Шдай алмай Мараттынг қыз созине,
Қапаланып жас алды еки козине,
"Амет пенен тустим қашан суретке"?
Деп ойланып сауал берди озине.

Козин тгип бир қарады Маратқа,
Даслепки уадесин тусирди ядқа,
Даслеп суйип балеметлеп сонгында,
Айрылсуы шнында уят елатқа.

Ғарремликтинг алдында бас игендей,
Жалын тусип иши бауры күйгендей,
Уйден асте шға сала қулады,
Жалған созлер журекке оқ боп тигендей.

XI

Мараттынг уйинде лық толы алам,
Бизде бир-бреуди ҳурметлеу мудам,
Барлығы шад, брақ Марат кулмейди,
Ол неликтен басқа адамлар билмейди,
Хат суретти корсетпей,
Женгиллик етпей,
Сабырлылық етип, беруде шдам.

Онда бир жасырын сырды билди-де.
Асте миық тартын Амет кулди-де,
Неге ундемей отырыпсанг,
Марат дос,
Деди онынг қасына тез келди-де.

Бир ауллас,
Бир баурлас, заманлас,
Марат достым, ис еттик-пе жарамас?
Дослары келгенде баҳадыр жгит —
Кайғы қапалықты ядына алмас.

— "Сезикли секирер" деген бар нақыл,
Озинг дурыс жгиттей берсенг ақыл,
Достына хиянат еткен бурында,—
Сенингдей жуқылдақ молла Аннақул.

Ақылынгды озь басынга шайнап жақ.

Сени дос деп журуши едим ҳамме уақ,
Жалған екен... Қара, мна суретке...
Срынг малим... Меннен енди журь аулақ.

Мараттынг созлери батты Аметке,
Ҳайран болып жалт-жалт қарады копке,
Шдай алмай деди: — Бул жалған нарсе...
Бизлер бирге тускен жоқпыз суретке.

Сапар крип, келип шықты-да торге,
"Гулистан — Аметтинг отырып бирге",
Тускен суретлерин корип лал болып,
Басын томен алып унгилди жерге.

Сол маҳаль бир адам есикти ашты,
Оны корип Сапар албырап састы,
Ал, Айтек жайласып отырған уақта,
Сапардынг бетинен қанлары қашты.

Айтек салем берсе Сапар ундемей,
Сусланды-да қалды ауқатын жемей,
Болған уақияаны кем-кемнен англап,
Суретша Айтек созь баслады кулимлей.

Айтек асте бир қозғалып орнынан,
— Марат иним, исен деди сен маған,
Амет ҳамь Гулистан усылай суретке,
Бирге тусти деген пкирлер жалған.

Ҳарь истинг белгили себеби барды,
Дос деп санайсанг-ба мнау Сапарды,
Екеуин бир қосып қайта тусир деп,
Маған еки кши сурет апарды.

Неге тусирткенин қалдым ангғармай,
Арамызда сумлар бар-ау япырмай...
Мен годек ҳеш уақта ойлаған жоқпан,
Билмедим ҳадисе боларын бундай.

Марат-та орнынан асте қозғалып,
Қойын қалтасынан бир хатты алып,
— Мнау кимнинг жазғаны?—деп Сапардан,
Сорады ол, Сапар қалды бозарып.

Отырғанлар жиеркенди Сапардан,
— Сенде белги бар ма намыстан-ардан,
Эй, сум... Бети қара!—деди копшилик,
Ал, Сапар шықты уйден суйрелип зордан.

Қол жазбасын оқып Баймураттынг-да,
Амет срын ашып берди хаттынг-да,
Қсынба Гулистан сен келши мында;
Ашылады сры гуллан заттынг-да.

Жумбақ болған сырлар ашылды бастан,
Муҳаббат сры деп аталды дасьтан,
Айнымаған жас журеги шаукилдеп,
Уйге крип келди, кулип Гулистан.

Сол уақта Марат-та қушағын ашты,
Қушақлап журегин журекке басты,
Сүйискенде сағынысып еки жас.
Қуаныш толқыны дарьядай тасты.

*1945 - 1956-жыл.*

## БАЙНИЯЗ ҚАИПНАЗАРОВ

(1916-жлы туылған)

Б. Каипназаровтынг творчествосы тутасыменен поэзиялық шғармалардан ибарат. Шаирдынг творчосвосы 1935-жыллардан басланып, ол кобирек Уллы Уатандарлық урыстан кеин танылды.

Шаирдынг бринши "қосықлар топламы 1940-жлы, "Халққа хызмет қламан" деген екинши қо- сықлар топламы 1947-жлы, "Алтын гуз" атлы ушинши қосықлар топламы 1950-жлы. "Қуанышлы қосықлар" атлы тортинши топламы 1952-жлы, "Бозжап бойында" деген бесинши қосықлар топламы 1955-жлы шықты. Бул топламларла онынг "Палуанбек" поэмасы-да басылды. 1956-жлы "Кок емен" атлы алтыншы қосықлар топламы басылып шықты. Сонгғы уақытта шаир "Бир колхозда" деген поэма жазды.

### Тобел торы

Ғаз мойын, аршын тось, жорға, жуйрик ат,
Қыз шашындай сулу жаллы ханазат,
Суйген ярым жауға мнип шапсын деп,
Колхоз қзы бақкан Тобел торы ат.

Торы аттынг жалы таза қундыздай,
Еки кози мсал шолпан жулдыздай,
Тек дизгинин қағынгқырап жберсенг,
Оқтай атлығады қамшы урғызбай.

Менинг атым болса—дейсенг коргенде,
Кокиректе шер қалмайды мингенде,

Аспандағы бултты гозлеп назери,
Жер танабын қуырады жургенде.

Отаудай донггелек, полат туяқлы,
Қамыстай қиылған қайшы қулақлы,
Шабысқанда жылқы туспес алдына,
Чапаевтынг ақ боз аты сияқлы.

Торынынг журиси мне усындай,
Летчиклердинг полат қанат қусындай,
Тасқа тиген дойнағынан шыққан от,
Жау козине коринеди жасылдай.

Торыны сейслеп миндим ойнатып,
Жауға қарсы шаптым сулық шайнатып,
Астымда ат, қолда қлыш жарқылдап,
Жеткен жерде жауды шаптым қиратып.
*1942-жыл*

## Жыр арнасы

Науайы—ол жыр арнасы
Сағасы таусылмас булақ.
Қымбатлы ширин созлерин,
Тынглаудан жалықпас қулақ.
Ҳауес еттирип созине,
Тынглаушынынг кеулин бурды.
Ой тенгизининг орине,
Уллы талант қулаш урды.
Хиял дарьясында жузди,
Заманында бахтын снап.
Созден сулу марьжан дизди,
Қалды мирас халққа унап.

Адебият майданында,
Ойы дарья кби ақты.
Теренг ойлы дана шаир,
Хиялы қус, қанат қақты.
Ушты балент шынгды гозлеп,
Кокте кунге талуас етти.
Толқынланған океандай,
Кеулинде йош фаруаз етти.
Шаирлық шнгына шғып,
Тилден ҳасыл дурлер шашты:
Қиынлық богетин жғып,
Наупир жырға саға ашты.
Ада болмас ағыслы жыр,
Тынбай аралап ел ишин,
Бзинг кунге келип жетти,
Созь ҳинжиси жойтпай кушин.
Халқ умытпай сақлап келди,
Коркем созь марьжанын танып.
"Фарҳад ҳамь Ширин" қыссасын,
Мен оқыдым мирим қанып.
Дасьтанларын кеулим суйип,
Оқығанда йош артады.
Сондай сулу жазылған созь,
Ерксиз озине тартады.
Науайы — ол жыр арнасы,
Сағасы таусылмас булақ.
Қымбатлы, ширин созлерин,
Тынглаудан жалықпас қулақ,
*1948-жыл.*

Минет ет

Кемтарлық жоқ Уатанымда,

Халқ абадан, ел азат,
Оқуға ҳамь-де ислеуге,
Ықтиярлы адамзат,
Жаҳанға тарипи тускен,
Кушлери бар карамат,
Менинг гулистан елимде,
Дауран сурген азамат,
Адули ана—Уатанға,
Шын кеулден ҳурмет ет.

Халқ ушын туылған ерсенг,
Ел қадирин билсенг ер,
Шадлық маканында журсенг,
Зауқы-сапа сурсенг ер,
Нур заманда оскениме,
Ыразыман дерсенг ер,
Жанымнан азиз анам деп,
Хурь Уатанды суйсенг ер,
Қудретли кушлерингди,
Корсет халққа хызмет ет.

Суй Уатанды, суй елингди,
Сила халқты куш берер,
Халқ хызметин бежергендей
Азаматқа ис берер,
Уллы исти қолға алсанг,
Жумса кушти, сал жгер,
Минеттинг палуаны болсанг,
Исте танылған егер,
Ерлик дангқына мнасып,
Ис ислеуди адет ет.

Шоллерде бағлар доретип,

Сайран етип журмеге,
Душпаннынг ишин куйдирип,
Шадлы омир сурмеге,
Жерлердинг баурын идирип,
Мол зураат уймеге.
Ислесенг манглай терлетип,
Ҳамь раҳат кормеге,
Тлесенг қурғын жасауды,
Исле талап, минет ет.

*1948-жыл.*

## Кок емен

Қырқ ушинши жыл. Жаунлы гуз,
Уатан ушын сауашта журмиз,
Ызылдаған оқлар ишинде,
Ушь жаз отти. Тағы келди гуз.

Шинельлер су. Журдик илгери,
Олимди-де псент қылмадық,
Басқыншылар ҳужимге отти,
Биз-де аттық. Аттық тынбадық.

Оққа ушқан оликлерине,
Қарамастан басып келеди.
Олмегени шегинер емес,
Бар қуралдан атып келеди.

Ғазаппенен қарап душпанға,
Кекли солдаттай тур кок емен.
Шақаларын шырпысы-да оқ,
Тип-тик қаддин имейди томен!

Теренг урып тамырын беккем,
Оскен уллы рус жеринде.
Шдамлылық бойына сингген,
Танг қалғандай куш бар озинде.

Биик бойын кокке котерип,
Женгиске исенип турды ол.
Жаундай жауған оқтынг астында
Қайтпай турдым кок емендей сол.

Уатаным қуатлы трегим,
Сонынг ушын суйген журекти—
Бердим. Оннан ҳеш аямадым,
Жау оғына туттым кокректи.

Барлық солдат солай иследи,
Кок емен тур сержанттай қатып.
Бизге буйрық берип, ози-де,
Коринеди турғандай атып.

Ҳақ ис ушын гурес жургизген,
Биз атқанда бетлей алмас жау.
Қуртаман деп топылған душпан,
Биз атқанда олмей қалмас сау.

Солай болды. Брақ-та маған,
Оқ тигенде тиди еменге.
Менинг қолым, онынг шақасы
Сынды. Ал, мен қуладым жерге.

Ол еле тикке тур. Ашулы.
Жау алдында иилген емес.
Оны зорлап, кушпенен ҳаргиз,

Иилдиру ҳеш мумкин емес.

Шуылдаған снаряд тиди,
Жулып кетти улкен шақасын.
Жаралы жатсам-да фашистти,—
Аттым, тусти жайып қулашын.

Сол уақта медсестра Зоя
Жуырып келип суйеп алды,
Мени кеин алып шықты ол,
Ал, кок емен тик турып қалды...

Отип кетти сауашлы кунлер,
Питти қолым саль-паль қисайып.
Жолым тусип еменди кордим,
Ол-да оскен шақасын жайып.

Даслеп оны танымай қалдым,
Жасарыпты оқ тиген ағаш.
Коринбейди сынған шақалар,
Болмағандай бул жерде сауаш

Таныдым тек қалынг қабығын,
Жрып откен оқтынг изинен.
Елеследи козиме Зоя,
Алып шыққан онынг ишинен.

Парахат кунлерде гезлесип,
Отырдым-да емен тубинде.
Миирбан қыз қайда екен деп,
Коп ойладым Зоя жонинде.

Сонда маған шамал сбырлап,

Ол қыз аман дегендей болды.
Жапрақлар турды штырлап
Зоя кулип келгендей болды.
*1954-жыл.*

## ЖОЛДАС СЕЙТНАЗАРОВ
(1918-жлы туылған)

Жазушы Жолдас Сейтназаровтынг адеби творчествосы 1937—1938-жыллардан басланды. Даслепки жазған қосықлары, очерк ҳамь гурринглери республикалық газеталар менен журналларда басылып турды.

Жолдас Сейтназаровтынг адеби творчествосынынг рауажланып осуи—асресе уллы Уатандарлық урыстан кеинги жыллар болды. Онынг 1949-жлы "Ерназар", 1953-жлы "Ерлик" деген қосықлар топламы басылды. Сондай-ақ, 1954-жлы кши жастағы балаларға арнап жазған "Айсулу" деген очерк ҳамь гурринглер топламы, 1956-жлы "Журек сози" деген қосықлар топламы басылып шықты.

Жазушы булардан басқа-да шегара турмысынан "Қрағылық" деген поэмасын ҳамь озининг туылып оскен ауылынынг турмысынан жазған "Қара кол қойнында" деген қосықлар циклин жазып тамамлады.

### Ленин жолы

Ленин салды коммунизмге ирге,
Ленин журь сань берип жанга омирге
Ленинди олди деп айта алмайман,

Ленин three, журь ол бизбенен бирге.

Жаз, баҳарь, гуз ҳамь қыстынг кунинде,
Аман қорғап елди кундиз-тунинде,
Жаунгер моряклар шықса тенгизге,—
Жетсе олар ислеринде женгиске,—
Ленин жырланады откир унинде.

Елимиз бай, таудан булақ тур ағып,
Дарья тасып, суы кеулге жағып,
Жақты берген Ленин тангы дуньяға,
Жаратылған сонбес болып дуньяда,
Ленин три, шад турмыста зияда,
Ленин жолы — орлеп осер озимиз,
Ленин жолы—алдан корер-козимиз.
Ленин жолы—елимизге нуршашар,
Ленин жолы—женгислерге жол ашар,
Ленин жолы—бзинг мангги созимиз.

Украина

Гуресте бекип шныққан, байқап корсем белингди,
Сайран етип аралап, қдырып корсем елингди.

Туседи даслеп козиме, байлығы мол жерлеринг,
Дангқы шыққан уқыплы, иске шебер ерлеринг.

Гурес пенен тапқанбыз, озимизге зор бахыт,
Бизлер досбыз, туысқан-ажыралмас ҳеш уақыт.

Рус, озбек ҳамь қазақ —баримиз бир туысқан,
Туысқанлық дослыққа қол бергенбиз тум-тустан.

Тлегимиз шын дослық, мақсетимиз алдағы,
Коммунизм орнату, женгисти қорғап қолдағы.

Дослығымыз нғайып, қатарымыз артпақта,
Дослыққа дослық уласып, копти озине тартпақта.

Женгислерин беккемлеп, алға журип халқымыз,
Уатан ушын иследи, артты барьҳа дангқымыз.

Себебй: бизге партия, басшылық етти мудамы,
Сонынг ушын қрағы, Советтинг барлық адамы.

— Атлан халқым женгиске! Ура! деп алға басқанбыз,
Бир адамдай атланып, неше қырдан асқанбыз.

Сорағанбыз дослардан:—Киевке душпан тиип-пе?
Тиипти душпан дегенсонг, жетип бардық Киевке,

Кордик қанхор душпаннынг, қан ишуге келгенин,
Азап берип халққа, ислемек болып билгенин.

Қала ишин булдирип, жонсиз урыс ашыпты,
Жберуге қул етип, тутатып от шашыпты.

Дослық пенен тапқанды, тенгдей болип таттық биз,
Жолын тосып душпаннынг, окоп қазып жаттық биз.

Уллы рус ағамыз, женгислерге баслады,
Туысқанлық бирлик куш, душпанды женшип
таслады.

Жетти аброй ҳамь дангққа, елимиздинг ерлери,
Минет етти сол ушын ағып манглай терлери.

Шрайланып турленди аул менен далангыз,
Кундей болып гулленди, коркемленип қалангыз.

Шаирлар срын ҳамь жрын халқымызға бағышлап,
"Кесте" ойды ҳасемлеп, "жпекке" тор нағышлап.

Менинг "кесте" дегеним, мазмуны теренг жыр-ғой саз,
Менинг "жпек" дегеним, ақ мамықтай ақ қағаз.

Сыр дегеним, жыр деген, жыр дегеним ширин созь,
Ширин созден дорелди, талай дасьтан корди коз.

Арымыз бир, намыс бир, туысқан—дос Украина,
Бузылмас уллы ауқамда манггиликке нур жайна!
*1954-жыл.*

Оскен ел Озбекстаным

Минетке суйсинип болинген ойынг,
Ис пенен шнығып, нғайған бойынг.
Октябрьде толық азат болған сонг,
Отти барьҳа қзық женгисли тойынг.
Партия ғамхоршы, басшы болғансонг,
Дангқынг котерилип, артты абройынг.
— Халқтынг мапи—деп, ғайрат салғансонг,
Ости мынглап туйе, қус, мал, ҳамь қойынг,
Байлығынг мол, оскен ел Озбекстаным!

Файдаланып полат, алтын ҳамь мыстан,
Байлықты асырып, ислеп тум-тустан,
Минеттинг жемиси—женгис коргенинг,

Буған биз-де қуанамыз туысқан,
Адым сайын табыс тауып жургенинг,
Қолынга киргизип ҳарбир жумыстан,
Партия изине қалмай ергенинг,—
Уйренгенинг улги алып турмыстан,
Жолынг айдын, жайна Озбекстаным!

Сенде коп таусылмас коркемли кенлер,
Сенде коп сулары гумистей коллер,
Бағ болып гулленди колхоз даласы,
Нурстанға донди шангғытқан шоллер.
Ҳасыл жерге гуллер егилип жақсы,
Ишин еркин гезген сайрап булбиллер.
Женгисингди жырлап жрау ҳамь бақсы,
Қзығып тынглаған баурман еллер,
Еллерге суйкимли Озбекстаным!

Партиянынг исенимин ақлайсанг,
Женгистинг байрағын қорғап сақлайсанг.
—Тынышлық жасасын!—дейсенг сен демек,
Онынг ушын барлық кушти тақлайсанг.
Тынышлық!—дегенде соқбас қай журек,
Сезсенг кемшиликти дарьҳал саплайсанг.
Қудретли, кушли Озбекстаным!

Жырласам тарихынг болады дасьтан,
Жерлеринг ҳасылдар, бағларынг бостан
Коксингде куледи бахыт нурлары,
Тунде-де жарқырап жер менен аспан.
— Бизге бахыт коммунизм жоллары!
Усы созь шғады ҳарбир жолдастан.
Минет суйер озбектинг қыз ҳамь уллары.
Бир адамдай бзинг менен туысқан,

Осебер оскен ел, Озбекстаным!
*1954-жыл.*

## Солдат қосығы жанглайды

Жпектей кештинг ҳауасы,
Жанга дым жағымлы болды.
Бир кун кеште гарнизонда,
Жиналған солдатқа толды.
Солдат Шурин гармонын алып,
Шадлық намасына тартты.
Қарап турған зеин салып,
Солдатларда шадлық артты.
Гармон тартқан Шурин тағы,
Котерилип, қзып кетти.
Тынглап турған алдындағы,
Шурикке ол тасир етти.
Ол орнынан ушып турып,
Тикледи-де дене бойын,
Ықласпенен кеул қойып,
Шықты ортаға, Етти ойын.
Бул ойыннан кеин солдат,
Гармон даусына қосып,
Досларын кута етти шад,
Хош кеулли айтып қосық:
—"Жаса!
Жаса ҳур Уатан!
Гулленген гулистан Уатан!
Мен улынгман шын патриот.
Саған барьҳа миннетдарман!
Жау жаман ой атына алса,
Мен алдында қарсы турман.
Батыр болып оскен жастан,

Менде кушли намыс ҳамь ар.
Санама снгирген жастан,
Суйикли муҳаббатынг бар.
Октябрьдинг саулатыман,
Рухланған сонбес нурдан.
Лениннинг шын ауладыман,
Шегараны қорғап турған.
Журегимдей сақлап аман,
Журмен кушиме куш қосып,
Жырлайман шалқып мудам,
Женгислерди йошып-йошып.
Бизди уллы партиямыз,
Коммунизмге жоллайды,
Биз—кеулли армиямыз,
Бизди халқымыз қоллайды"!
Деп жас Шурик айтты қосық,
Солдатларға кетти жағып.
Барлық солдат ҳауаз қосып,
Қарсы алды шаппат қағып.
Қосықты оқыған адам,
Белгили мани англайды.
Женислерди жырлап мудам,
Солдат қосығы жанглайды.

*1955-жыл.*

Ктап дуканы

Кейнингде бреу жоқ-па?—деп,
Тресип иин жақын кеп,
Алпыстан аслам адам тур,
Брине бри салмай еп.

Умтыла бермей қуыстан,

Тартипли, тату туысқан,
Солдатлардай сапта тур,
Бақырыспай тум тустан.

Бул не ози, той-ма екен,
Машғул-ма екен тойменен,
Дедим-де бардым мен оған,
Корейин деген ойменен.

— Қзым Айзада бери ал,
Корсетши алып, қай журнал?
"Капитан қзын" бере-ғой,—
Дейди сорап Айжамал.

— Айзада қурдас, мнаны,
Берингиз маған, "Ана"ны,
Деп Айсанем алып тур,
Екен бул ктап дуканы.

## ҚАРМЫС ДОСАНОВ

(1922-жлы туылған)

Кармыс Досановтынг адеби хызмети 1938-жыллардан басланды. Шаирдынг 1949-жлы "Минет кзы" атлы очерки, 1960-жлы "Қзыл байрақ" атлы қосықлар топламы, 1953-жлы озбек тлинде "Сауға" деген қосықлар топламы, 1954-жлы "Шаир хауазы" деген қосықлар топламы басылып шықты.

Ол СССР халқларынынг дослығын суретлеуге арналған "Дослар", шаруалар турмысынан—"Шо пан" деген поэмаларын жазды.

Сонггы жылларда Уллы Уатандарлық урыс темасынан алып "Бринши салют" деген повесть жазып журь.

Ручка

Москва.
Ленин музейинде,
Тегис диуалда,
Барсангыз ручка бар ренги жасыл.
Ол ағаштан исленген,
Брақ ол қадирли, алтыннан ҳасыл.

Ол кута апуайы,
Оған уқсасты—
Ҳарбир окушыдан коруге мумкин.
Перосы-да таныс қадимги перо,
Оны корип, кордим омирдинг гилтин.

Оны корип,—айрықша кулимлеп,
Кирпик қақпай козлер узақ қарайды.
Соққан журегининг жии сеслерин
Ҳарбир адам кута анық санайды.

Ол ручкаменен данышпан Ленин
Октябрь женгисин бринши рет,—
Жазды биз дореткен жанга тарихқа,
Ол женгис—енг тунгғыш бзинг декрет.

Ол декрет халқларға парахатшылық
Ҳамь манггилик файдалан деп жер берди.
Ленинизм не екенин жер жузи.
Сол бзинг қадемнен тағы-да корди.

Ол жалғыз бизге емес, барлық адамға
Енг жақын, суйикли, кута қадирдан,
Ол Ленин ойларын қағазға жазды,
Ол ойлар кир баспай барьқа жангарған.

Ол Ленин ручкасы, уллы адамнынг,
Етти хызметлерин, жолдасы болды.
Ол жазған даслепки суйикли созлер
Дуньяға таныттты биз тутқан жолды.

Коммунист ҳаққында баллада
(КПСС-тынг XX съездине арнайман)

Ол уақта жас едим,
Брақ есимде,
Есимде акемнинг ауру жатқаны.
Гоне корпешеде тныш жаталмай,
Онынг жамбасына жерding батқаны.
Акем ынгқылдаса козим илинбей
Есимде бозарып тангнынг атқаны.

Озимиздей жарлы қонгсы диқанлар,
Ҳал сорап акемди коруши еди.
Кми нан,
Кми дань,
Кми салым дуз
Қолда бар комегин беруши еди.
Қолы жуқа болып дым таппағаны
Жыллы созлер алып келуши еди.

Бзинг ылашыққа желге тербелген—
Аш козли бай билмес еди соқпақты.

Ақ саллели ишан, ҳасалы молла
Қайыр закатсыз деп бизге мин тақты.
Биз қайдан табамыз, сорайды олар—
Сақалын сипаса қозы, ылақты.

Акем узақ жатты ушь жылға жақын,
Кем-кем томенледи аурудынг ҳалы.
Ауру, жоқшылықтан отыз бир жаста
Ағарды акемнинг шашы, сақалы,
Жгирма уштеги жап-жас анамнынг
Қалмады жузинде жарасар қалы,

Кун сайын қорқамыз: бзинг есиктен
Сорамастан қайғы крип келер деп;
Акемди келмеске қолтықлап шықса,
Бзинг ылашықтынг куни сонер деп;
Қорқамыз: бизлерди жетим қалдырып,
Козден жасымызды селдей тогер деп.

Тағы баҳарь келди.
Жра, сайларда
Қарлар ерип, жылғадан су жуырды.
Март самалы жерди уйқыдан оятып,
Қыстынг изин баҳарь еринбей жуды.
Шақмақ шағып гулдирмама жотелип
Булт булттан қашты, бултты булт қуды.

Бир куни азанда чайдынг алдында,
Ауру акем сезип баҳардинг лебин
Сойледи, созлерди шопшектей терип,
Зорға-зорға алып иининен демин:
"Еситермекенмен атшоктинг сестин
Ҳамь корермекенмен баҳардинг когин".

Анам, албетте деп жуап берсе-де,
Акем сезип аурудынг бағытын
Ойланушы еди... Ауру панжеси
Оны жаздырмады, жаздырмады дым.
Жасырынып жлаған анамнынг жасы
Таниме батушы еди сезилип шым-шым.

Қун батқаннан танг атқанша сонбеди
Ошақтынг басында шутик шрамыз.
Акем қсылғанда кута ҳаулығып
Не ислеуге билмей қорқып қаламыз.
Есимде кемпирлер сбырласқан созь:
"Аурудынг аузына суық чай тамыз..."

Усындай қиын кунде бир кун азанда,
Бзинг ылашыққа еки адам келди,
Бри Ещан аға—акеме ини,
Бри рус жгити битаныс еди.
— Салем!—деп танысып рус жгити—
Ауруды емлеуши даригермен деди.

Кундиз тныш кормей, тунде уйқламай,
Емледи ол менинг ауру акемди.
Хапте, бир ай отти...
Акем аузына
Қасықты апарып жутты бир дамди,
Аурудынг бринши дариси—ауқат,
Акем бери қарап кушине енди.
Ушь айдан сонг акем басын котерип,
Ози крип шғар болды есиктен.
Акемди гор аузынан кеин қайтарған
Ҳасла умытпайман туысқанды мен.

О, рус жгити меҳрибан козли,
Баҳасыз жақсылық исединг ғой сен.

Коп узамай билдик; рус жгити,
Петро—Александровскте турады екен.
Алыс Россиядан Аму бойына,
Патшалық сургинн оны жберген.
Касиби даригерлик,
Адули иси —
Партиямыз тапсырмасын бежерген.

Болыпты ол Хожелиде, Қыпшақта
Болыпты ол ҳатте Чимбай жақта-да.

2

Бул ҳадисе бирдей менинг есимде,
Буны умытуым мумкин емес ҳеш!
Акем атыз беттен уйге оралды,
Истен қайтар уақыт болған еди кеш,
Еле қулағымнан кетпейди менинг
Акем мени суйип:
Балам деген сес.

Анам чай қайнатып, дастурхан жайып,
Алдымызға тек зағара қойғаны,
Салемсиз, ҳурметсиз крип келди бай
Изине ертип ҳаса тутқан молланы.
Биз-де ундемедик, брақ лал болып
Коп туруға барма байдынг шдамы.

Айтты ол:
— Турман мен испенен келип,

Торть батпан жуери аласымды бер,
Тап ҳазир, нақ етип қапқа сал озинг,
Таппасанг, салмасанг коресенг егер.
(Акемменен қашқан қыз уақта анам
Бай пантъ жеген, сол пантъ емес гонерер)

Акем жуап берди:
— Ол неткен тортеу?
Бир батпан жуери алған қарызым.
Шапанына салып акелди Ещан—
Уйингнен олгенде бес жасар қзым.
Щурт мнез бай ашуланып бақырды:
— Торть жыл куттим, сол ғой менинг жазығым
Ауру деп аядым... Қанша болады,
Қарыз жылда бир батпаннан оскенде?
Уақтында соратпай бермединг озинг,
Уақтында бермединг бар айып сенде!
Байдынг ҳакислигин тусинип бирден:
— Мумкин болса, кут азырақ тағыда,
Ауру кута ҳалсиретип таслады...
— Кутпеймен!—деп бақырды бай тағыда
Жетеди куткеним, енди кутпеймен!
Берсенг қолдан, бил бермесенг жолынгнан
Пантъ бердинг, ошимди алмай кетпеймен.
Бос боп қайтар болса акелген қабым
Хаялынг болады кши ҳаялым!

Созге араласты ҳасалы молла:
— Биссимилладан, байдынг талабы дурыс.
Қарызын бермесенг, ҳаялынгды алса,
Бул исти шариат демейди надурыс.
— Жоқ! —деп акем узил-кесил созь айтты,
Қушағына басып азиз анамды.

Шғынглар есиктен, бирнарсе кормей,
Ойнама отпенен, қыздырма қанды!
Айтты бай есикке жақындай беринг,
— Жаланг аяқ, жетер бақырма енди!
Азанда келемиз алып кетуге,
Умытпа, я ҳаялынгды, я жуеримди!

Душпан кетти тағы бзинг ылашық
Айрылды, айрылды тнышлығынан.
Енди не қламыз?
Қайда барамыз?
Қонгсылар-да кун корип журь тек зордан,
Устимизге қулағандай Қара тау
Бул тунь енг аур тунь, болдық биз ҳайран:

Бул тунь бизге уйқы несип болмады,
Озь уйимиз озимизге болды тар.
Мени зорлап жатырса-да корпенинг—
Астынан сғалап козим жалтырар.
Акем менен анам ойласып браз:
Қане, иске крисейик!—деди олар.

Ундемей жатырман барлығын корип:
Анам тамби басып есикти жауып
Бантьетти, кишкене ағаш есиктинг—
Изинен илдирди, ушь қулып тауып.
Акем қайрап отыр улкен балтаны
Келсе бай итлери таслайжақ шауып.

Ойлайман озимше: не болар екен?
Азанменен келсе душпан шуласып.
Қамшы силтеп узын таяқ котерип,
Қатты теуип кирсе есикти ашып;

Аржағын ойламай қатты қорқаман,
Корқаман қолменен козимди басып.

Тунь асте серпилди,
Шғыс бозарып
Танг атып киятыр торғайлар шырлап.
Аул шырт уйқыда, қарангғы еле,
Бир маҳаль ит, кушик тум-тустан шулап
Урди, еситилди туяқлар сести
Кем-кем бизге киятырған жақынлап.

Акем менен анам сести еситип
Иркилместен айнек бетке барады.
Анам еки козин акемнен алмай
Акем откир балтасына қарады.
Мен-де турдым, отыз тисли орақты
Асығыста назик қолым қармады.

Брақ қорқаман мен: ошиккен қасқыр
Гленг жырткышларды ертип келер деп;
Анамды суйреп шғып, акемнинг қанын
Алақшын басына селдей тогер деп.
— Қайт кеининге!
Жетим қалғым келмейди!
Демекшимен тлим ҳеш гурмелмейди.

Екеуи-де қаҳарленип зорға тур.
Акем женгин турди, белин байлады.
Қорғану керек ғой қасқыр урынса,
Анам-да гуреске озин сайлады.
Кимнинг қаны тогилери белгисиз
Екеуи-де аянбауды ойлады.

Атлылардынг алды келип тоқтады,
Еситилди сес сойлеген губирлеп.
Баримиз-де куттик ҳазир есикти
Байдынг жиллилери келип тебер деп;
Брақ душпан емес, кеп жетти дослар,
Дауслаған:
— Есикти ашып жбер!—деп.

Крип келди таныс рус жгити
Бзинг ушын туысқаннан қадирли,
Акем қушақласты, анам қуанып
Жлады, ол дарьҳал ауҳалды билди
Мени қолға алып, баурына басып
Анама: жлама, жлама!—деди
—Енди коз жас керек емес, жлама!
Халқлар азат болды, арьманға жетти
Ленин штрумға Россияны—
Баслап, буржуаны жер жексен етти.
Еристинг Ленинниng даналығынан
Қарақалпақ халқы азат болуға.
Бизлер қурал алдық, атқа ер салдық
Хан, байларды елимизден кууға!

Келди ол, изинде бзинг батырлар
Желбиретип Қзыл байрақ услаған.
Акем сол саатта қураласынып
Қосылды отрядқа досты баслаған.
Отрядта таныс адам коп екен,
Бар екен ишинде ҳамь Ещан ағам,
Сол танг бзинг тек жоқтан бар аулға
Бринши рет бахыт кулип қарады.
Ал бай, молла мсал қорқақ қояндай
Аттенг, колге қашып бойын урлады.

Отряд соларды излеп жол журди,
Анам батырларға қолын былғады.

3.

Соннан берли ертели кеш аулда,
Кун сайын дерлик биз ушыратып оны.
Турамыз, диқанлар арасында ол
Сойлесип отырар, компейип тоны.
Жиналыс шақырып жетим шопанды
Оқуға жберди корди козимиз.

Аулда енг даслеп медпункт ашты,
Коруге, аурмай-ақ бардық озимиз.
Қулақларды ашкаралап айтыста
Жас колхозды қалай қорғап қалғаны,
Есимде копшиликтен берекет тап деп
Неше-неше онынг алғыс алғаны.
Мектеп салдық, коз алдыма келеди
Гейде келип онынг гербиш қойғаны.
Районда партиялық жумыстынг,
Барлығын басқарды ҳаруды билмей.
Ол суйеди халқты, халқ суйди оны.
Оны улкен кши силады бирдей.
Оннан орнек алып халқ алдына,
Коммунист боп хызмет етип журуге—
Акем менен анам екеуи бир кун
Арза берди партияға круге.

4.

Ноябрь. Кырқ бринши жыл.
Жауынлы гузде,
Уатанды қорғауға фронтқа бардым,
Старая Русса тубинде болып

Жаттым окопларда астында қардынг.
Ловать дарьясына паяпыл салып
Оттим неше, иштим суына қандым.
Сол жлы гуз салқын, қыс суық болды
Болды қасқа крау қатқан уақытлар
Женгдим аяз ҳамь қақаман суықты
Қойнымда тонгдырмас парт билетим бар.
Фашисттинг оғынан сақлаған мени
Халқымнынг муҳаббети, жаунгер дослар!
Қыстынг айсыз тунин Н. қаласына
Шоссе беттен бзинг полк топылды.
Екинши полк арқа жақтан айналып
Сол туни душпанды қоршамақ болды
Пулеметтен оқ жаудырып буршақтай,
Куш салып қорғады фашистлер жолды,
"Юнкерист" лер бомба таслап есапсыз
Ирке алмады, бастық жгерли алға.
Танг алдында кирдик қала шетине
Коше отип турды тез қолдан қолға.
Ҳилекер душпанды кушин майырып
Илдирдик қақпаға, тусирдик торға.
Душпан қарсыласты таслим болмады,
Болды ҳарь жай ушын ғажжа-ғаж сауаш.
Қала жанды. Тутин, жалын атлықты,
Қулады гербишлер, сынды коп ағаш.
Топлар гуркиреди, атлар киснеди,
Оққа ушты комдив жайып кенг қулаш—
Қулады ол аппақ қардынг устине,
Боялды қанына ол киген плаш.
Жанга комдив келип сауаш уақтында,
Тез басқарып кетти қызғын сауашты.
Ушь қзыл ракета атылды кокке,
Бзинг полк уралап тез алға басты.

Басланды штрум—шешуши сауаш,
Тум-тустан ураға ура уласты.
Коп узамай душпан қолын котерди,
Қуралын аяқтынг астына таслап.
Жанга комдив бзинг полкқа келди
Батырларды женгис пенен қутлықлап
Корип полковникти—жанга комдивти
Қуандым, журегим кетти ҳалласлап.

Қуандым, жуырып қасына бардым,
Ол-да мени таниғойды коруден. —
Улым!—деди ашты таныс қушағын,
Кирдим қушағына жуырып бирден.
Мени суйген уақта, қуанып ҳатте
Сес берди кокрегинде дзилген орден.
Онынгменен болдым неше сауашта,
Кордим неше умтылмас ерлигин.
Азат еттик неше халқты, еллерди,
Фашизмнен азат болды ҳамь Берлин.
Барьҳа сауашларда куш берди маған.

Дослар! Балладамды тамамлайман мен,
Тағы бирде бул темаға оралып,
Суйикли коммунисттинг толық образын —
Берермен жыр менен қағазға салып.
Улкен ктап керек, неше мынг бетли,
Жазу ушын ол ислеген хызметти,
Хазирде кун сайын коремен оны
Енг керекли жерде минет басында
Кута апуайы, кута меҳрибан
Еле сондай; қандай болса жасында,
Тек азғана манглайында ажим бар,
Азлап ақ бар (уштен бри) шашында.

Кордим мектеплерде,
Кордим мен онынг,
Алыс ферма жайлауларға барғанын.
Газета акелип, бирге чай ишип,
Шопанлар қосында қонақ болғанын
Кордим тракторшы азаматларға
Клубта лекция оқып турғанын.
Қайда барсам онынг жыллы шрайы,
Коз алдыма елес-елес келеди.
Пахта ексем, бирге журип атызда
Уйретеди, улкен комек береди.

Дангқлы партиямнынг мне усындай.
Халқ мақтаған миллион азаматы бар.
Олар елдинг корки, Женгиске басшы —
Оларға арналсын енг жақсы жырлар
Адейи геройдынг атын айтпадым
Ойткени коммунист деген уллы созь,
Дослардынг тлинде айрықша жанглар!

**МАРЬЯМ ҚАСИМОВА**
(1916-жлы туылған)

Шаир Марьям Қасимова 1934-жылдан бери адебиятпенен шуғылланады, шғармалары сол жыллардан баслап республикалық газеталарда, журналларда ҳамь адеби альманахларда басылып киятыр. 1955-жлы шаирдынг бринши қосықлар топламы басылып шықты.

Ҳаяллардынг еки омири

Хей ҳаяллар, откен омир
Қара еди, мсал комир.
Баста ерк жоқ, козимизден
Жаслар ақты молдир-молдир.

Бай, билердинг малын бақтық,
Молла-ишаннынг отын жақтық.
Устимизде қамшы ойнап,
Ерте турып ҳамь кеш жаттық.

Гулдей қызды малға сатып,
Хорлады байлар жлатып.
Мақсетлерге қоллар жетпей,
Журдик триликке налып.

II.

Октябрьдинг тангы атты,
Жузимизди гул жайнатты,
Еркин болдық бахыт таптық,
Партиям берди муратты.

Оқысақ тур мектеп таяр,
Минеттен ҳурмет табылар.
Дем аламыз, шадланамыз,
Алға орлеген бахтымыз бар,

Онер-блимге умтылдық,
Осип кушимиз болды нық,
Елге хызмет етип журмиз,
Ҳамь жолымыз айдын ашық.

Компартия бизге пана,
Ақыллы ҳамь коргиш дана.
Бахтымызға кир жуқтырмай
Қорғап отыр барьҳама.

Кел бахытлы ҳаял-қызлар,
Қосық айтып жанглатайық.
Партияға бахыт берген,
Мангги алғыс биз айтайық.

Биз Уатан қзымыз

Меҳирибан данамыз Ленин жолында,
Партия халқты алға баслады.
Ескиликти туль-тамырдан қиратып,
Қарангғылық торын жулып таслады.

Ифлас душпанларды етип тас-талқан,
Қираттылар теп-тенг етип жерменен.
Бойымызда тасып жгерли дарьман,
Ҳаял-қызлар теп-тенг болдық ерменен.

Қатарға қосылып, болдық бахытлы,
Денемизде душпанға кек қайнады.
Ҳазир биз жасаймыз еркин ҳамь шадлы,
Бзинг омиримиз гулдей жайнады.

Уақтымыз хош, турмысымыз гулистан,
Ерлерменен бирдей кристик иске.
Минетке палуан боп оскенсонг жастан,
Барлық ислерде-де жеттик женгиске.

Мектепте оқыдық, биз алдық блим,

Жетисти толық ақыл-санамыз,
Блип, техниканы, уйрендик илим,
Гулленди маужырап Уатан—анамыз.

Тынбай ислеп колхоз бенен совхозда,
Халқ исенимин дурыс ақладық.
Қайда ис болса-да журип енг алда,
Адамшылық намысымызды сақладық.

Нурдай гул жайнатып коркем турмысты,
Елимизди ету ушын абадан,
Саналы ислеуге барлық жумысты,
Куш саламыз рухланып жангадан.

Биз Уатан қзымыз, женгис тлеги,
Халқ ушын тынбай хызмет етемиз.
Биз Уатан қзымыз, кушли блеги,
Минет етип, мақсетимизге жетемиз.

Келинг дослар иске ғайрат салайық,
Пахталарға тарбияны қлайык,
Қанша минет етсек, сонша ҳасыл аламыз,
Минетимиз болсын бизге ылайық.

## БАБАШ ИСМАИЛОВ

(1926-жлы туылған).

Бабаш Исмаиловтынг қосықлары 1944-жылдан баслап газеталарда адеби альманахларда дағазаланып киятыр. Онынг бринши қосықлар топламы Гуллен республикам" деген атпенен 1954-жлы басылып шықты.

Ол 1947-жылдан баслап адебият бойынша илим-изертлеу жумысыменен-де шуғылланып киятыр. Басқа илими хызметкерлерименен бирликте орта мектеплер ушын адебияттан бирқанша сабақлықлар, қарақалпақ класик адебиятынынг ҳамь қарақалпақ совет адебиятынынг маселелерине арналған адеби шғармалар, критикалық мақалалар жазды.

Шаирдынг еки омири

Қайсы шаир хызмет етсе халқына,
Умытылмас қосығы-да, аты-да.

Шаир гезер кеули толы ащы мунг,
Журегинде халқы, туған елаты.
Журегинде кеги ыза —қайғынынг,
Тлинде қосығы—қайтпас полаты.
Журегинде арьманлары халқынынг,
Онынг жаны, қуанышы, қуаты.
Хаупли емес оған ҳешким. ҳешнарсе,
Хан қуғыны яки заман зулматы.
Себеп онынг мыклы бели, куши бар.
Оны—халқ суйеди, ол —ози халқты.

Шаир тозған гоне дуньяны корди,
Аралады Амударья жағасын.
Қаплағаи қарангғы думанды корди
Перделеген халқтан омир қуяшын
Ханды, биди—улы жланды корди,
Халққа қарай атқан зулымлық тасын;
Аты—адам, заты—ҳайуанды корди.
Халқты сорып, сел-сел еткен коз жасын;

Бир-бринен ерксиз айырғанды корди
Атасы баладан, достан жолдасын;
Айралыққа айдап салғанды корди
Азаматты—елден, кыздан—сырласын;
Аяқ асты болған Уатанды корди
Куткен қутқарушысын—батыр баласын.
Брақ, халқ диз букпеди, зор шдам берди,
Зулымлық алдында имеди басын.
Шаир корди Амангелди, ерлерди,
Халқ хызметине тиккен озь басын.
Корди орап алған марть перзентлерди
Халқтынг жгерин, ҳурмет—ықласын.
Шаир кеули толып исенимлерге
Айтты косықларын, шертти намасын.

Бердақтан халқ озь мунгынынг жыршысын,
Халқтан Бердақ кушли трегин тапты,
Халқ кеулиндеги кек аралас мунг,
Шаирға жгер берди, қалем услатты;
Омирин арнап езилген ел ерки ушын
Душпанларға созден откир оқ атты.
Шаир сози оятты халқ намысын,
Қуат берди, жлағанды жубатты.
Кунлер, тунлер жазды тарих ҳукимин:
Жойылсын деп елден ханды—апатты.

Партия жақтыртқан кенг айдын жолда
Иске асты асирлик халқтынг арьманы.
Халқыменен бирге, трилди шаир—
Атқанда елинде бахыттынг тангы.

Шаир гезер туған ана топрақты
Кеулинде шадлығы Кавказ тенги бар,

Елин бахыт, абаданлық орапты,
Бағлары бар, булбли бар, гули бар;
Ески омир жолдасы—коз жас қурапты,
Каналы бар, дарьясы бар, коли бар.
Қуыпты қайғылы тунекги жақты
Кундизи бар, қуяшы бар, нуры бар.
Амударья бойы гулдей жайнапты,
Елдинг корки, салтанаты сани бар;
Кеулге йош берер салсанг қулақты—
Кулкиси бар, намасы бар, жры бар;
Елдинг аты жер-жаҳанға тарапты,
Дангқы шыққан улы, қзы—ери бар.
Тил жеткисиз ошпес бахыт орнапты,
Манггиликке нурын сепкен куни бар.

Шаир гезер туысқан, дос халқлардынг
Гулленген аул ҳамь қалаларында:
Жры жанглар барлық жерде бар тилде,
200 миллонлы ел намаларында,
Туркмен айдымында, қазақ анинде,
Туысқан озбектинг яллаларында,
Алтын шашлы қыз айтады қосығын
Ана Россиянынг далаларында,
Жрын айтар литвин, латын, эстонлар.
Балтық тенгизининг жағаларында.

Шаир гезер туған ана топрақты,
Кеулинде шадлығы Кавказ янглы бар.
Козлеринде жанар қуаныш нуры
Биз ауладлар жаққан жақты шам мсал.

*1949-жыл.*

## Пенза тоғайлары

Достым, Пенза тоғайларын коргенинг бар-ма?
Қосық жазбай қала алмайсанг бир корсенг.
Коркем қала, жасыл тоғай айнала
Қарағанда жыр қуйылар журектен.

Егисликти орап жатқан қарағай,
Барлығы-да қолдан арнап тиккендей,
Тоғай иши толып турған сулулық,
Менде қонақ бол деп мират еткендей.

Мауж урып ағып жатқан молдир су,
Муҳаббаттынг шарабындай мсалы,
Гул кестеси жауып жатқан жер бетин
Сулу тоғай коркине корк қосады.

Егисликке болеп алып етегин,
Тауы жатыр бойын созып аспанға,
Барқыттай қубылған қара топраққа,
Жас баладай аунап-аунап алсанг-да!

Гудок даусы, будақ-будақ кок тутин,
Қосықлары шадлы омир, минеттинг.
Ғаз қатар жай, кундей кулген электр,
Тағы арттырар кенг тоғайдынг зинетин.

Пенза тоғайларын коргенинг бар-ма?
Қосық жазбай қала алмайсанг бир корсенг,
Суретши болсанг-да, сол тоғайлардынг
Сулу суретлерин салсанг-да журсенг!...

*19-май, 1953-жыл.*
*Пенза—Москва.*

## ИБРАГИМ ЮСУПОВ
(1929-жлы туылған).

И. Юсуповтынг қосығы республикалық газеталарда бринши рет 1946-жлы шықты. 1949-жлы шаирдынг қарақалпақ совет ингеллигенциясынынг пайда болу ҳамь осуин корсетуге арналған "Жолдас муғаллим" поэмасы. 1933-жлы республика минеткешлерининг табиятты озгерту жо- лындағы гуреслерин суретлеуге арналған "Акация гуллеген жерде" поэмасы. 1955-жлы "Бахыт лирикасы" атлы бринши қосықлар топламы басылып шықты.

Ол М. Ю. Лермонтовтынг "Муыри", В. Маяковскиидинг "Владимир Ильич Ленин" поэмаларын қарақалпақ, тлине аударды.

### Кавказ

"Уатанымнынг татлы жрындай корип,
Суйемен Кавказ"
М. ЛЕРМОНТОВ.

Кавказ, салем, жасыл таулардынг себи,
Салем жер қундызы, гулге безенген!
Уатан ышқыменен суйемен сени,
Тау жырларын суйген журегимменен.
Жаслық жытларымда мен сени кордим
Бетлеринде Пушкин жазған ктаптынг,
Лермонтов қалеминен тоқылған жырдынг
Харбир қатарында сен шешек аттынг.

Сонда тербеп ақыл-ҳушымды алған
Шаирлық музасындай сендеги шрай,
Шаир жырларына илесип, саған—
Балалық хиялларым ушқанды талай.

Ана бесигинде ширин тусь корип,
Тамсанған бахытлы нарeсте қусап,
Баурынгнынг жабайы гуллерин терип
Журмен бир улынгдай қойнынгда жасап.
Жоқ, мен даул узген жапрақ емеспен,
Жрым да, озим-де бахтияр ҳамь шад,
Сен-де сургиндеги шаир жрындай
Қайғылы емессенг, омиринг абат.
Мне, ингкар қылған қойнынгда турман,
Эй, гоззалы бзинг бахтияр елдинг!
Ақ алтын спининг далаларынан,
Шалқыған Амудинг жағаларынан,
Пахтакеш халқымнан салем акелдим,
Салем Қаратаудан акелдим саған.

Тангда Ольховканы орлеп екеумиз—
Шықтық шынг басына сени коргели.
Баслап алып журди альпинист бир қыз,
Ой, сонда коркинге бантъ еттинг мени:
Қиятас астынан унггип жол салып,
Шабар сайды қуып бурқынан сулар,
Жылтыр кол тасларды қушаққа алып.
Жасыл жағалардан ентигип зулар
Ҳамь қулар тик жардан томенге ҳарлап
Зауқлы орь тасқынынынг сарқырамасы...
Алып қашты сонда ойымды урлап
Ол жерден басланған таулар ҳалқасы.

Тауға ормелеген айланба жолда,
Барар жуйрик "газик" тоғайға крип,
Жасыл онгирде ҳамь отлақ жылғада
Ызғыған "альпинист қойлар" журь орип.
Тоғай артындағы шынгды айланып,
Мне бунда шықты сол "газик" зулап
Шофер дастан сонгны почтаны алып
Қалды шопан жгит кеулли қунақ...
Қзыл черепицялы ақ жайды нусқап
Альпинист жолдасым тил қатты маған:
"Бунда миллион қойлы совхоз тур жасап,
Дангқлы шопанлар бар тауды жайлаған.
Олар—мал осиру исине маман
Олар—ҳамь альпинист, шынг ҳукимдары,
Бунда сай жоқ олар соқпақ салмаған
Ҳамь олар баспаған тау жоталары.
Бизлер-де олардынг силтеуименен
Музлы қыснақлардан отип адаспай,
Тосин булт аймалап, буркит бекинген
Шынглар шоққысына мингенбиз талай"—
Деген-де, жолда сым нусқаған туста
Коринди Эльбурс қос оркеш, думан,
Қарлы шынг, Кавказдынг бугинги дангқын
Баянлап турғандай туйылды маған.

Сарқырама жанында иркилип қарап
Созин дауам етти альпинист тағы:
Бзинг қарсымызда турды булдырап
Тау бауырында қызған қурылыс ошағы.
Тнышлық минеттен ҳауж алған жумыс,
Дауь машиналар журь тасларды гуреп,
Балки, бунда бугин басланған қурылыс
Ертенгги бир ГЭС тен бергендей дерек.

Қуандым Кавказдынг жанга омирине,
Қуан альпинист қыз, сен-дағы қуан!
Буннан-да Эльбурс коринер ане,
Ел дангқын баянлап турғандай мудам!

Гул тоселген шалғын алапты бойлап,
Қайтып жеттик мне қала қасына,
Алма ағашларын аралап жайлап,
Жасыл тобелердинг миндик басына.
Коркем қала жатқан етекте бунда,
Қайнар булақлардан молдир су шашар.
Қулпырған кориниси курорт тангында
Уйқыдан оянған арудай мсал.
Хиялым қала устинде тныс алғандай
Суйсине коз салып турғанда оған,
Бахытлы омир дангқын баян қылғандай
Буннан-да Эльбурс коринди маған.

Кавказ!
        Мақтан,
                Қуан, боленип санге,
Қадирдан тау ели, туысқан улкем!
Омиринг бахтияр шад, абадан ҳамь-де
Совет адамынынг жанындай коркем.
Сени бир гезлери буып қинаған
Ҳазир жоқ сол тилсиз, жабайы қудрет,
Қойнынгды абадан еллер жайлаған,
Мангги бауыр басқан дослық ҳамь ҳурмет,
Сенде омир сурген черкес, грузин.

Бари—бари маған туысқан, жолдас,
Табыстырған бизди астында нурдынг
Рус аспанында балқыған қуяш.

Елимнинг шексиз ҳамь гоззаллығына
Шынглардынг басында турдым суйсинип,
Буркит парьуазындай йош келип сонда,
Сездим Эльбурстай бахтымды биик!

Хош бол корискенше, жасыл тау ели!
Сен-де хош альпинист қара козли қыз!
Қаратау баурында жургенде сени
Ҳамь Кавказды мақтап журермен созсиз.
*Арқа Кавказ 1952-жыл.*

**Туған қала жонинде ойлар**

Нокис! Биз туылған уллы Уатаннынг
Тазадан қаланған кошесисенг сен.
Сенинг ҳарь тасынгды қойған адамнынг
Ықлас, манглай тери бойынга сингген.

Екинши бесжыллықтынг жауланыменен
Парахат қурылыслар қайнаған кунде,
Уатан картасында пайда болдынг сен
Саҳралар устинен тиклеп қаддингди.

Совет инженери фундамент қойып.
Даслепки гербишинг қаланған кунде,
Сени "жансын" деди ылақтырды от
Батыста қутырған фашист гезенде.

Батыр қалалардынг марть генералы—
Атланды Москва берип команда.
Севостопольменен қолға қол берип,

Душпаннан қорғадынг азиз Уатанды.

Уллы Уатанымнынг қорғаны етип,
Мартлерди узаттынг майдан таманға.
Сонда жайлар салып, жоллар дузетип,
Гуресте жеткердик сени камалға.

Сенде камал тапқан ҳарь завод, ҳарь жай—
Бесжыллықлар перзенти, бахтияр адым.
Коммунистлик қоллар келтирер барьжай,
Совет қаласынынг қурылыс планын.

Қашан, уни ошип фашистлер себил,
Аққанда дарьялар тазарып қаннан.
Елде кулди тағы парахат омир,
Қайтып коммунистлер қанлы майданнан.

Жане қушағынгда қайнап қурылыс,
Жанга кошелердинг қойылды атлары.
Токтынг журисиндей маужирип турмыс,
Қызды ондиристинг комбинатлары.

Бағларынгды бахыт самалы желпип,
Қүтлықтан Москвадан қарады қуяш.
Тнышлық баҳаринде ҳамь жарды буртик
Маркс кошесинде егилген ағаш.

Бесжыллыктынг тунгыш перзенти сенде—
Институт қойнында ауладынг мынгсан,
Лениннинг томларын, Пушкинди ҳамь-де
Тоқыр санасына, уйренер оннан.

Блим ышқысында, ашылған гулдей,

Сенде гуллегенде жаслығым менинг,
Қурылыс кунлеринде шаршауды билмей
Қаладық бизлер ҳамь тасынгды сенинг.

Жаслық ықлас данин сеуип жеринге,
Жане гулленсин деп келеси маҳаль
Келешек атынан кошелеринге
Субботниклер жасап отырғыздық тал.

Жанга турмыс қайнаған кошенгнен журип,
Қушағынгда блим алдым, ер жеттим.
Озим еккен дарақларда саялап,
Сенде енг бахытлы жырлар дореттим.

Ой, суйикли қалам! Аму суларын
Тартып Қыз-Кеткенде йошқан ағыслар,
Гул омиринг ҳамь шадлы музыкаларынг
Бари, бари маған зауқлар бағышлар.

Июль ақшамы. Мен балконда турып:
Мне, жас тулғанға тикпектемен коз.
Откен коринислерден қалмапты ншан,
(Бул жерлер шангғытқан боз еди бир гез).

Ильич шрақлары тал арасында
Жулдыз шоғырындай нурланар балқып.
Асфальт кошелердинг сым гузарында
Женгил машиналар барады қалқып.

Кокке мойын созған салтанат қурып,
Заулим трубалардан будақлар тутин.
Онда "тоқ-тоқ" еткен завод тур журип,
Тасқын шаирлықтынг йошығой бул унь.

Ҳукимет уйининг алдынан баслап,
Қайтпас ҳамь айбатлы қадемлер таслап,
Рабочийларынг отер...буларды корип,
Кеулимде қуаныш ойнар ҳалласлап.

Суйдим олар айтқан жаунгер жырдан
Манггиге жанглауын омир қушағы.
Суйемен ҳарбир станогынгнан
Шашраған гауҳардай ушқынды тағы;

Суйемен, ҳарь бир кварталынгда,
Питкен ҳамь басланған жанга жайынгды.
Курылыс кунлеринде танг қушағында
Жумысқа асыққан адамларынгды.

Суйемен пайтахтым Москвадан келген
Поезд қышқырығын тынглауды сенде.
Байрақлар астында, сапта кошенгнен,
Байрам кунлеринде отуди ҳамь-де.

Қарапайым рабочий онер корсеткен,
"Женгис" паркынынг сол эстрадасын,
Суйемен айнангнан тынглауды кеште
Ҳамь Чайковскийдинг симфониясын...

Аму бойын нурға абадан етип,
Танглларда тауланып шыққанда қуяш
Жасыл жапрақлардан жилуа корсетип,
Безелген коркинге козлерим тоймас.

Бул уллы Уатаннынг шғыс коксинде,
Жангадан каланған кошесисенг сен,

Бахыттынг қуяш нурларындай раушан,
Келешек талайын жане-де коркем.

Ой, қадирдан қала! Аспанынг бойлап,
Аэродромынгнан ушқым келеди,
Москвадан кунди қушқым келеди,
Тилде жыр, журекте қуаныш қайнап.

Айтшы қурылысшы достым жас рус,
Коргенинг бар-ма еди бул жерде сра —
Квартал бойлаған қызғын қурылыс,
Жасыл кошели бир бахтияр қала!

Бул қала Москванынг бир жас аулады,
Тныш минетпенен дослықтан туған,
Шоллерде усындай жас қалаларды
Жарату бахытғой Сиз бенен маған!

Сауир самалындай ерте коклемги
Оятқан жас сарви таллар буртигин,
Коммуна баҳарининг жупарлы леби
Мне, оны желпип осирер бугин.

Тлеймен, мен онда ГЭСлердинг нуры
Қуяштай парласа кешелеринде.
Ондирис арнасы тағыда барқ урып
Троллейбус қатнаса кошелеринде...

"Мен блемен, бағлар оралар гулге,
Мен блемен, қалалар болар,—
Шаир айтқандай-ақ,—совет елинде
Қашан, жасап турса бундай адамлар".

*1952-жыл, Нокис.*

**Арашан**

Менинг елим қандай сулу жерге бай,
Коркин корип, козинг тоймас қарасанг.
Сонынг бри: жасыл қыснақ теренг сай—
Гул тоселген қырғыз жери—Арашан.

Арашан, Арашан!
Естен кетпес сенде корген тамашам!
Тангларынгда думанынгды суйгеним,
Кешлерингде су жағалап жургеним,
Кордим сенде козге ысық тауларды,
Жатырқаған бир-де жанды кормедим.

Қарап турсам тас астында қайнаған,
Ыссы сулы, молдир козли булаққа,
Яр жамалы тур корсетип айнадан,
Сынгқылдаған сести келди қулаққа,
Гуллер мсал кесе тутқандай маған
Балауызын толтырып пал шарапқа,
Сонда шаир журегинде муҳаббат
Қанарынан толып тасты сан рет.

Гузеттеги жылқышыдай қунтыйып,
Ақ қалпағын баса киген шынгларынг,
Талай сапар етегинде ынтығып,
Жас буркиттинг шангқылдысын тынгладым.
"Қолларынгды тигизейин жулдызға,
Ормеле!"—деп сонда мağан ымладынг,
Шынг басына кеттим шғып Арашан,
Коринбединг булт устинен қарасам.

Едирейип маялышлы жасқада,
Тур кииктинг бир ши балтыр ылағы,
Ақ думаны иирилген аспадан,
Сарқырама шулап томен қулады.
Ал томенде ГЭС гурилдеп тнымсыз,
Жанга омирди жырлап ҳаллас урады,—
Сонда шаир журегинде йош артып,
Қырғыз жеринтарип етер қумартып.

Арашан, Арашан!
Естен кетпес сенде корген тамашам!
*Арашан. 1954-жыл.*

## ТЛЕУБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ
(1915-жлы туылған)

Т. Жумамуратов жас уақытларынан баслап адебиятпенен қзықты, ози-де қосықлар жазды. Адеби альманахларда Т. Жумамуратовтынг халқлар дослығына арналған "Украин қзы" поэмасы, аузеки халқ творчествосынынг мотивименен балаларға арнап жазылған "Падашы ғарры, "Ақыллы бала ҳамь қасиетли гаухар хаққында" деген поэмасы басылды.
1966-жлы шаирдынг "Журек муҳаббаты" деген бринши қосықлар топламы басылып шықты.

### Дос

Кун саулеси турғанында тобенгде,
Жарамсыз дос—жалпылдаған коленгке.
Бултлы куни буғып қашар.Сурниксенг,
Қудық қазып итереди теренгге.

Уапалы дос айрылмайды олмесенг.
Қашық кетип, егер озин кормесенг,
Сонда-да ол тағдиринге ортақлас,
Алжаспайман бир журегим—сол десем.

Аҳ урғанда шатылып зор науқасқа,
Қапашылық ушырасса-да бул басқа,
Сен қадирсиз адам болған емессенг
Намыслы дос, ҳақ кеулли жолдасқа!

Сулу

Бреу айтты:
— Қуяш сулу, нур сулу,
Деди бреу:
—Бағда гуллер шын сулу.
Бреу айтты:
—Бети сепкил болса-да,
Ҳарбреуге суйген яры дым сулу!

Критикашыл баслық
(Сатира)

Клубка адам лыққа толды,
Улума жиналыс болды:
Орта бойлы, томпақ кси,
Тапыр тупыр сойлей қалды.

Ол ким десенг баслық Ораз,
Папкасы тур ол-да буаз,
Қурсағына толтырылған
Қабат-қабат жирық қағаз.

Мне, баслық таулап муртын,
Компейтеди еки уртын,
Иште блим азлау екен
Брақ пардозлапты сыртын.

Уҳҳе-уҳҳе!—деп кояды,—
Кокке орлеп тур хиялы,
Журттан озин биик сынап,
Тап қораздай шыррияды.

Гейде асте, гейде қатты,
Дауыслары шғып жатты,
Еки қолын алға сермеп,
Аяқларын тпырлатты.

Сол сойлеуден токтамай ҳеш,
Ушь саат отти, болды кеш,
Сонггы сози мнау еди,
(Шын айтса ол жонсиз емес):

—Абройсыз болмадым мен,
Толмай қалмас план деген,
Сонда-да коп кемшилик бар,
Критика керек екен.

Озим болсам суттен ақпан,
Аяғына салып қақпан—
Критиканы тусай корменг,
Мне соны айтажақпан!

Ис жақсылансын десенгиз,
Колхоздынг ғамын жесенгиз,

Критиканы кушейгинг,
Сонда биз тез-тез осемиз.

Ундемейсиз неше айлап,
Қояберменг тилди байлап,
Критиканынг азлығынан,
Ауырып журмен соны ойлап.—

Деди баслық корсетип "жол",
Браз адам котерди қол.
Соннан кеин тоқтады-да,
Муртын таулап отырды ол.

Коз жберип тумлы-тусқа,
Ози созь берди бир қызға,
Ҳамме тегис жалт қарасты,
Комсомолка Сарбиназға.

—Итибар бермейсиз иске,
Уйқыдан турып тал тусте,
Тағы журтқа дгирлейсиз,
Мнасип-бе озингизге?!

Бари копшиликке аян,
Излейсиз қырғаул-қоян,
Тағы бир талабынгыз бар...
Тунге қарай болып пьян...

Бул созь копке тасир етти,
Ораз баслық шоршып кетти,
Сонда-да қыз қсынбастан,
Критикасын дауам етти:

—Ферма малын саттырдынгыз.
Меншик малды арттырдынгыз,
Папь-пакизе женггей турып,
Уялмай қыз айттырдынгыз...

Буған ҳамме ду кулисти,
Ораз баслық шоршып тусти,
Иште кеги қайнап отыр;
"Корермен;—деп усы қызды".

Аптен шдамады баслық:
—Мнау созинг маған қаслық,
Тлингди тарт, қарындасым,
Бул не деген жарамаслық!

Колхоз малын жегеним жоқ,
Тап соны айт дегеним жоқ,
Сен-ғой жуда баспалаттынг,
Ойтерингди билгеним жоқ.

Енди арғы жағын қазба,
Айтсанг меннен басқа аз-ба?!
Қояғойшы қарындасым,
Гапти басқа жақтан қозға!—

Деп, ол созди бурмақ болды,
Қызға қарсы турмақ болды,
Тула бойы дир-дир етип,
Денесине ашу толды.

Адамлар тағы кулисти,
Еп-ерси корди бул исти,
Сарбиназ айтып болған сонг,

Шамши ата созге кристи:

—Бунынг уят баслық Ораз,
Коппенен сен болма араз,
Адетинге қарағанда,
Критика еле-де аз!

Кеше ғана ушь-торть малды,
Тап ининг базарға салды.
Бир фермадан онбес бузау,
Приходқа отпей қалды.

Соны-да сен алмақшысанг,
Қалай-қалай, алдақшысанг,
Озь басынгнынг ғамын ойлап,
Журтқа тасил салмақшысанг.

Козин бояп болмас коптинг,
Меншикке сонша жер ектинг,
Колхоздынг мапин ойламай,
Озь файданга кошип кеттинг!..

Деп козғады коп фактты,
Жасаған екен актты,
Қалтасынан соны алып,
—Мнекей!—деп алға тутты.

Хеш кормеген бундай жаза—
Баслық болды ажа—пажа,
Соналаған сиырлардай,
Тпыршылап кетти маза.

Нурман айтты:—баслық аға,

Жасырманг деп айттынг жанга,
Созь озинге келгеннен сонг,
Шдамадынг критикаға.

Хателик тегин жатпайды,
Бултақлағанынг жақпайды,
Колхозшылар дым саналы,
Сени ҳасла алдатпайды.

Баслық айтты:—тлинг қшып,
Айтқанменен, ҳуррем ушып,
Ҳеш қорқпайман, сизлерди ким,
Ошиктирген козин қсып...

Мойнына алмады ҳешбир,
Болды критика урҳа-ур,
Бир уақта баслықты корсем:
Урты компейип жлап тур.

Аз тарыс, кушейип кетти,
Ораз копти окпелетти,
"Шғарылсын бул баслық"—деп,
Колхозшылар қарар етти.

Оразға бул қатты тиди,
Жиналыстан сонг бас иди,
Енди бундай хателиктинг,
Қасынан журмеспен!—дейди.

## ХОЖАМУРАТ ТУРУМБЕТОВ

(1922-жлы туылған.)

Хожамурат Турумбетовтынг адеби творчествосы 1940-жыллардан басланды. 1954-жлы , "Гул- стан", 1955-жлы "Бахытлы жаслық" атлы қосықлар топламы басылып шықты. Буннан тысқары, "Бахытлы қыз" атлы сазлы комедиясы Нокисте (қарақалпақ тлинде) ҳамь Москвада (рус тлинде) басылып шықты.

Шаир "Еки дос" деген поэмасын жазып питкерди ҳамь жанга қосықлар жазуда.

### Волга, блесенг-бе?

Волга, туысқаным, блесенг-бе сен,
Кешеги бир уйтқып откен кунлерди?
Блесенг-бе, минут болып мынгға тенг,
Сен менен гузеткен сол бир тунлерди?

Волгам, анажаным, ядынгда бар-ма,
Қайсар толқынынгды кокке атқанынг?
Гитлершил ҳарамы басқыншыларға,
Жол бермей, жолында кесе жатқанынг?

Волгам, қадирданым, бар-ма ядынгда
Сени қорған етип суынг ишкенлер?
Сталинград даруазасы алдында,
Ерликпенен ел тағдирин шешкенлер?

Волгам, блесенг-бе, барлығын-да сен,
Менинг-де сен ушын аққан қанымды?
Тойынып суынға қуат алып мен,

Жангадан жауынга атланғанымды?

Волгам, блесенг-бе, Балға—Орақтынг,
Жаҳанға тнышлық отын жаққанын?
Сенде котерилген женгис байрақтынг,
Берлиннинг устинде желпил қаққанын?

Албетте, блесенг  Блесенг анық!
Жаунгер жолдасым буған жоқ гуман.
Салемимди анау Амуден алып,
Келдим мен тағы-да суйиклим саған.

Бул рет келуим урысқа емес,
Ал, халқпенен тнышлықта туруға.
Бойынгда жангадан канал ҳамь-де ГЭС,
Коммунизм қурылысларын қуруға.

Келдим, дангқлым, уллы рус ағама,
Жардем берип улги алайын дедим.
Жанга Сталинград—батыр қалама,
Тнышлық гербишин қалайын дедим.

Келдим, жаным, мангги саған марҳамат,
Журегимди муҳаббатқа толтырдынг,
Атомнан-да кушли, қайсар, карамат,
Полат экскаваторға отырдым,

## Орамал

Привалда, улкен жолдынг бойында,
Отырыппан орылмаған арпада.
Махорка кисетти алу ойымда,
Қолды суқтым онг тарепки қалтама.

Жетти барып кисетке-де бармағым,
Усладым, суырдым ҳамь алдым дарьҳал.
Таныс кисетим деп менинг алғаным,
Болып шықты ақ жпектен орамал.

Бул орамал қандай ақ болса ози,
Онынг журеги-де, мақсети-де, ақ.
Орамал бетине жазылған сози:
"На запад!" делинген еки-ақ созь, брақ...

Орамалдынг екинши жақ бетинде,
"Таня" деген атты коре аласыз.
Гулге оранған айналажақ шетинде.
Қалеген гулинге назер саласыз.

Откен куни ақшам силықларменен,
Бул орамал бирге қосылып келди,
Жолдасларым тасқан кеуллерменен,
Маған орамалды сый етип берди.

Мне сол орамал турған қолымда,
Билмеймен адресин—кимнен келгенин.
Брақ-та, блемен женгис жолында,—
Жургенлерге арнап жберилгенин.

Таня—мумкин, Зоя болар қаҳарман,
Берк орын алған бзинг санада.
Мумкин, Таня шғар минетте палуан,
Себеби, Таня коп, Татьяна-да.

Бул орамал қандай ақ болса ози,
Онынг ниети-де, журеги-де ақ,

Орамал бетинде жазылған сози: —
Атлан,—дейди бизге,—батысқа қарап.
*Ржев бағыты,*
*Калинин фронты.*

## Комсомол билетим

Биргесенг сен, журегимде отым сен,
Орынланды сенингменен ниетим.
Жузингдеги Ильич портретинен,
Нурлар алдым, комсомоллық билетим.

Ленинши деп маған озинг ат бердинг,
Қурылысларда жгер бердинг, дангқ бердинг,
Қиынлықтынг барин сенменен женгдим,
Адули мандатым болдынг, билетим.

Бахытым, шадлығым, тлим болдынг сен,
Ҳамме уақыт мен тарепте турдынг сен,
Жардем бердинг, мол блимлер алдым мен
Екинши журегим сенсенг, билетим.

Қай жерде болсам-да сенменен журдим,
Комсомол осирди—шад болдым, кулдим,
Бағқа ертип кирдинг, миуалар тердим,
Ленин берген жолға салған, билетим.

Тнышлық жолында хызмет еткенде,
Урынған жауларға қарсы кеткенде,
Жауды женгип, тнышлыққа жеткенде,
Бирликте хызметлер еткен билетим.

Одесса ҳамь Сталинград жеринде,

Тоғайға бай дангқлы Карпат елинде,
Урыс ортасында, оттынг торинде,
Менингменен бирге болдынг, билетим.

Сенменен тау, землянкада жасадым,
Сенменен душпанды жғып таследым,
Партия ҳамь озинг мени басладынг,
Айрылмас жан достым болдынг, билетим.

Жети жыл бир болдым қайда болсам-да,
Бирге болдынг исте, я оқысам-да,
Откенимде дангқлы компартияға,
Сенинг коп жардеминг тиди, билетим.

МАЗМУНЫ

**I. ФОЛЬКЛОР**

Бесик жры
Ҳаужар
Айтыс
Бет ашар
Байит
Жангылтпаш
Жумбақлар
Қазы ишан
Қыз Мнайым
Бармекен
Ақ боз ат
Кеттим арьманлы
Жламайын-ба?

Қырк кыз

## II. ОКТЯБРЬ РЕВОЛЮЦИЯСЫНАН БУРЫНҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫ

ЖИЕН ЖРАУ
Поскан ел

КУНХОЖА (1799—1880)

Жайлауым
Орақшылар
Шопанлар
Умытпаспан
Туйе екенсенг
Елменен
Қамыс
Неге керек
Не болдым

АЖИНИЯЗ (1824-1878)
Бозатау
Айрылса
Керек

БЕРДАҚ (1827—1900)

Халқ ушын
Жақсырақ
Болған емес
Салық
Жаз келерме
Заманда

Ахмақ патша

ОТЕШ

Дарькар
Шерменде
Янглыды
Нуратдин

ОМАР

Не пайда?
Елим
Бибигулжан
Бар екен
Бекпан
Айырша
Кемал
Гулайым
Айтпасам болмас
Берермен

ГУЛМУРАТ

Қайрауда жалғыз ғаз
Қайда бараман

ҚУЛМУРАТ

Он тоғыз

САРЫБАЙ

Айтарман
Жарғанат пенен айтысу
Қурысын жасым, қурысын

## III. ҚАРАҚАЛПАҚ СОВЕТ ПОЭЗИЯСЫ

АЯПБЕРГЕН  МУСАЕВ

Бола баслады
Ленин
Мойнақ
Бринши май
Берегорменг
Насиҳат

АББАЗ ДАБЫЛОВ

Корип келдим
Мавзолей
Намарть жгит неге дарькар
Женгген жақсы
Бахадыр

САДЫҚ НУРУМБЕТОВ

Бзинг Уатан
Порқанлар
Женгимпаз халқ
Перзентим
Канал тойында
Аму дарья

ХОЖАМЕТ АХМЕТОВ

Жол берменг
Бул миннетинг
Дурыс болинг
Менинг суйген минетим
Октябрьдинг саулаты
Хабаршылар
Кел қурдаслар
Қозғал ерте, егисинге таярлан

АЙТБАЙ МАТЬЯКУБОВ

Ҳармасын
Тоғыз мынг бел

АСАН БЕГИМОВ

Шинель
Омир

ЖОЛМУРЗА АЙМУРЗАЕВ

Жабдилестиру зураат кунине
Улым тынгла
Гурес

МЫРЗАҒАЛИ ДАРИБАЕВ

Кок кол
Айпара

ДАЛИ НАЗБЕРГЕНОВ

Қосығым
СССР
Москва
Пушкин
Аму дарья бойында
Жолдас
Сауле

ТАЖИАХМЕТ СЕЙТМАМУТОВ

Дангқ
Жарасар
Суйемен

АМЕТ ШАМУРАТОВ

Суй
Айшолпан—Палман
Ана

НАУРЫЗ ЖАПАҚОВ

Уллы рус халқына
Қос терек хаққында баллада
Қара тенгиз

ХОЖАМУРАТ ТАЖИМУРАТОВ

Егиз бала
Ғазлар
Ёлка қосығы

ХОЖАБЕК СЕИТОВ

Компартия
Қарақалпақстан
Муҳаббат сры

БАЙНИЯЗ ҚАЙПНАЗАРОВ

Тобел торы
Жыр арнасы
Минет ет
Кок емен

ЖОЛДАС СЕЙТНАЗАРОВ

Ленин жолы
Украина
Оскен ел, Озбекстаным .
Солдат қосығы жанглайды
Ктап дуканы

ҚАРМЫС ДОСАНОВ

Ручка
Коммунист хаққында баллада

МАРЬЯМ  ҚАСЫМОВА

Ҳаяллардынг еки омири
Биз уатан қзымыз

БАБАШ ИСМАИЛОВ

Шаирдынг еки омири
Пенза тоғайлары

ИБРАГИМ ЮСУПОВ

Кавказ
Туған қала жонинде ойлар
Арашан

ТЛЕУБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ

Дос
Сулу
Критикашыл баслық

ХОЖАМУРАТ ТУРУМБЕТОВ

Волга, блесенг-бе?
Орамал
Комсомол билетим

На каракалпакском языке

АНТОЛОГИЯ
КАРАКАЛПАКСКОЙ ПОЭЗИИ

СОСТАВИТЕЛИ

**I. ФОЛЬКЛОР**

*Каллы Аймбетов (кандидат филологических наук)*
*Генжемурат Есемуратов (литературовед)*

**II. КАРАКАЛПАКСКАЯ ПОЭЗИЯ**
**ДО ОКТЯБРЬСКОЙ РЕВОЛЮЦИИ**

*Марат Нурмухамедов (кандидат филологических наук)*
*Генжемурат Есемуратов (литературовед)*

**III. КАРАКАЛПАКСКАЯ СОВЕТСКАЯ ПОЭЗИЯ**

*Ходжабек Сеитов (писатель)*
*Бабаш Исмаилов (писатель)*

Оформление художника М. Д. Бугаенко.
Редакторы М. Матназаров, Х. Сеитов.
Техредактор С. Бекназаров.
Корректор Н. Сапарниязов.

Сдано в набор 6/IX-56 г. Подписано к печати 20/XI-56г.
РК 40890. Формат бум. 84x108$^{1/16}$ Физ. п|л. 19,75
Услов. п. л. 32.39. Учетно-изд. л. 29,62 Тираж 7000,
Цена без переплета 18 р. Переплет 3 р.
Каракалпакгиз. Адрес: г. Нукус. ул. К. Маркса, 3.

Нукусский Полиграфкомбинат Управления Полиграфиздата Министерства культуры ККАССР. Заказ № 145